DOCUMENT RESUME

ED 401 713 FL 023 664

AUTHOR	Vilsaint, Fequiere
TITLE	Diksyone Angle Kreyol (English-Kreyol Dictionary).
PUB DATE	91
NOTE	294p.
AVAILABLE FROM	Educa Vision Inc., 7130 Cove Place, Temple Terrace, FL 33617.
PUB TYPE	Reference Materials - Vocabularies/Classifications/Dictionaries (134)
LANGUAGE	English; Haitian Creole
EDRS PRICE	MF01/PC12 Plus Postage.
DESCRIPTORS	Alphabets; Comparative Analysis; English; *Haitian Creole; *Phoneme Grapheme Correspondence; *Pronunciation; Uncommonly Taught Languages; *Vocabulary
IDENTIFIERS	*Bilingual Dictionaries

ABSTRACT

The English-to-Haitian Creole (HC) dictionary defines about 10,000 English words in common usage, and was intended to help improve communication between HC native speakers and the English-speaking community. An introduction, in both English and HC, details the origins and sources for the dictionary. Two additional preliminary sections provide information on HC phonetics and the alphabet and notes on pronunciation. The dictionary entries are arranged alphabetically. (MSE)

****
* Reproductions supplied by EDRS are the best that can be made *
* from the original document. *
****

ED 401 713

DIKSYONÈ

Anglè Kreyòl

English Kreyòl

DICTIONARY

Féquière Vilsaint

EDUCA VISION

FL 023 664

"PERMISSION TO REPRODUCE THIS MATERIAL HAS BEEN GRANTED BY
Vilsaint
TO THE EDUCATIONAL RESOURCES INFORMATION CENTER (ERIC)."

BEST COPY AVAILABLE

U S DEPARTMENT OF EDUCATION
Office of Educational Research and Improvement
EDUCATIONAL RESOURCES INFORMATION CENTER (ERIC)
☑ This document has been reproduced as received from the person or organization originating it
☐ Minor changes have been made to improve reproduction quality
• Points of view or opinions stated in this document do not necessarily represent official OERI position or policy

DIKSYONÈ

Anglè Kreyòl

English Kreyòl

DICTIONARY

Féquière Vilsaint

EDUCA VISION

Copyright © 1991 by Féquière Vilsaint

All rights reserved. No part of this book may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopying, recording or by any informational storage or retrieval system except by a reviewer who may quote brief passages in a review to be printed in a magazine or newspaper without permission in writing from the publisher. For information contact:
Educa Vision, 7130 Cove Place, Temple Terrace, FL. 33617

Library of Congress Catalog Card Number 91-75977

KOUMAN NOU FÈ RIVE LA

An janvye 1986 Adryen Piè Lwi nan travay li ak lavil Nouyòk pou jwenn mwayen kreye plis kominikasyon ant gouvènman lavil-la ak manm gwoup kiltirèl yo fè twa konstatasyon:

a: Nan kominote Ayisyen-an pa gen yon diksyonè ki ekri pou moun ki konn pale enpe Anglè osinon enpe kreyòl, manke yon dokiman tou de gwoup yo ta kab konsilte pou kominike youn ak lòt.

b: Lè moun yo sèvi ak diksyonè ki egziste deja yo, gen dezakò sou sa kèk mo vle di, sou kijan mo yo te dwe ekri; epitou kèk fwa gen kontradiksyon ant yon liv ak yon lòt. Dezakò yo sòti paske moun ki ekri diksyonè yo pa gen okazyon pou verifye mo yo nan peyi Ayiti, osinon yo verifye nan kèk rejyon sèlman.

c: Moun ki ale lekòl, lè y'ap fè devwa lakay, yo pa kapab tradwi panse yo ak eksperyans yo, ni-tou paran-yo pa kapab ede yo avèk anglè, men yo pa genyen yon diksyonè nonplis.

Adryen ak twa lòt Ayisyen etidye senk diksyonè Kreyòl epi diskite ak Ayisyen nan legliz Bouklin sou sa mo sa-yo vle di. Pandan dezan pastè Lizyis Bòjela reyini chak dimanch apre-midi ak fidèl li yo pou diskite sou diksyonè yo. Apre-sa Ayisyen ki rete Ayiti ak Kanada bay kontribisyon yo.

Ak travay sa-yo nou genyen 600 è anrejistre sou odio kasèt. Se premye fwa jan de dokiman odio konsa egziste sou lang kreyòl. Travay-la te long, men li te senp. Moun-yo pran mo ki nan diksyonè, yo diskite sou sa li vle di. Si moun yo dakò yon mo, nou kenbe mo-a. Si yo pa dakò, kèk fwa nou retire'l, lòt fwa nou pwopoze kèk chanjman.

DIKSYONE ANGLE-KREYÒL se yon dokiman anpil moun mete ansanm pou prepare'l. Men se travay tout Ayisyen paske kreyòl se lang tout Ayisyen. Moun ki rete Ayiti (nan Nò, nan Sid, nan Pòtoprens, nan Latibonit), Ozetazini (nan Nouyòk, Myami, Lwiziana, Tanpa), Kanada (Monreal) patisipe nan travay sa-a. Mwen òganize travay sa-yo pou mwen prepare de liv : a)Diksyonè Anglè-Kreyòl. b) Diksyonè Kreyòl-Anglè.

Mwen vie felisite epi tou rekonèt patisipasyon kèk moun pou jan yo te motive nan travay sa-a: Adryen Piè Lwi, Lizyis Bòjela, Andre Sen-Pre, Kawòl Dabouz, Kennet Mousgrav, Ginèt Letend, Jòj Piè, Klodèt Simon, Andrea Pakio, Flobè Bonsi, Maria Fekiè, Mod Simonis, Franklen Okselis, Sintia Olevèdi, Titi Senio, Joslin Andre, Kal Teodò, Katrina Teodò. Tout moun sa-yo patisipe pou anrejistre tep-yo.
Pou nou te kapab fè travay trye 10,000 mo, gen moun ki te ede nou tape san pran souf. Kanta madanm mwen, Mod, li te banm anpil ankourajman. Mwen te kontan anpil lè mwen resewa lèt moun yo ki te okouran de travay-sa-a. Lèt sa-yo te ankouraje-m kontinye.
Moun ki tape diksyonè yo : Mod Etelou, Mari Kala Jozèf, Tisya Piè, Andrena Piè, Jojo Vero, Tisè Toma, Manouchka Adryen, Kala Petrovski.

Diksyonè yo baze sou travay lòt moun te fè anvan nou. Fò nou felisite epitou rekonèt travay Albè Vadman ak ekip li nan Enstiti kreyòl inivèsite Indiana, ki ekri " Haitian Creole-English-French Dictionary", 1981; travay A. Bentolila ak ekip-li ki ekri "Ti diksyonnè Kreyòl-Franse" 1976 ed. Karayib; L. Pèlman ki ekri "Dictionnaire Creole-Francais, 1976 CICM ed., PAP; Pradel Ponpilis ki ekri " Lexique Créole Francais", kòm tèz nan Inivèsite Pari ; Ednè Janti, "Diksyonè Kreyòl" 1989 ed. La Presse Evangélique. Se liv sa yo nou itilize nan anket yo. Nou rekonèt efò tout moun ti patisipe nan verifikasyon yo. Nou di yon mèsi espesyal pou Doktè Valdman, pou pèmisyon li ba-nou pou'n itilize anpil egzanp nan liv li-a.

Kreyòl se lang 6 milion Ayisyen, liv sa-a se pou yo tout. Kominikasyon se kòmansman siksè, liv sa-a fèt pou ede moun ki pale Kreyòl kominike ak moun ki pale angle. Li fèt tou pou moun

ki pale Anglè pou ede yo kominike ak moun ki pale Kreyòl. Si sa fèt nou rive jwenn rèv nou.
Liv sa-a se yon zouti pou moun kap etidye, kap travay, kap ekri. Se pou Ayisyen, moun ki renmen Ayisyen, moun kap travay pou Ayisyen.

Li ta enposib rive la si nou pat gen anpil ankourajman pwofesè Ayisyen tankou Jilbè Ipolit, ak Leons Dewonvil de moun sa-yo gen anpli dèdikas pou ankouraje jènn Ayisyen gen siksè lekòl epi tou vin yon lidè nan kominote yo. Li ta enposib tou si moun tankou J. C. Bèna nan IPN, P. Ponpilis, A. Vadman, Feliks Moriso Lewa, legliz Katolik ak bòn nouvèl, legliz Metodis ak lòt legliz pwotestan yo, ak tandòt, pat fè wout yo te fè yo pou ekri kreyòl.
MESI ANPIL

Nou pran anpil tan pou prepare liv sa-a si gen erè nou ta renmen kòmantè sou yo, nap korije yo. Moun ki nan EDUCA VISION, tampa, Florida ban nou anpil èd nan koreksyon.

F. Vilsen
Tanpa, out 1991

INTRODUCTION

In January 1986 Adrien Pierre-Louis, in a project to identify means for improving or creating links between cultural community and the city of New-York reported several bottlenecks in communication channels. Three of them are relevant to our purpose:

a: In the Haitian Community, there is no reference dictionary designed in such a way that people with limited Creole or limited English could use to access one another.

b: The existing dictionaries sometimes do not agree on spelling, on meaning and occasionally show inconsistencies. These problems are associated with lack oı limited field validation of these documents.

c: Creole speaking students while doing their homework lack the vocabulary to express their thoughts and experience in English; furthermore parents cannot help them. A comprehensive dictionary could therefore fill the void.

Adrien and three colleagues commit themselves to study five dictionaries on hand. They set up to study the entries with Haitians living in New-York . For two years, Pastor Lysius Borgella meets every sunday afternoon with church volunteers to study those entries discuss their meanings and record group conclusions on audio tape. Later on, Haitian living within Haiti and in Montréal, Canada contributed to this effort. It exists now a collection of 600 hours of discussion on audio tape. This is the biggest collection of this kind in Creole. The work was tedious though simple. Entries from different documents were discussed. When there is consensus, we confirm the entries; when there is no agrement, the entries were either deleted or amended.

DIKSYONE ANGLE-KREYÒL is an active effort of several people living in Haiti (North, South, Port-Au-Prince and Artibonite); in the United States (New-York, Miami, Louisiana, Tampa, West Palm); in Canada (Montréal). Above all it is a Haitian collective work, Creole is the language of all Haitians... I organized, funded and coordinate the actions, collect the data and prepare two documents: a) English-Kreyòl dictionary and b) Kreyòl-English dictionary.

The level of participation and motivation was noteworthy, I want therefore to acknowledge the following people: Adrien Pierre-Louis, Lysius Borgella, Andre Saint-Preux, Carole W. Darbouse, Kenneth B. Musgrave, Ginette Lussier-Letendre, Georges Pierre, Claudette T. Simon, Andrea C. Paquiot, Flaubert Boncy, Maria Hernandez-Féquière, Maud L. Simonis, Franklyn Occelus, Cynthia Olivedi, Timothy SaintLot, Jocelyne Andre, Carl Théodore, Kathryna Théodore. Without these people the audio tapes and this document would be unimaginable.

Several previous works inspired and in some cases serve as basis for this dictionary. We recognize the work of:
Albert Valdman et al: "Haitian Creole-English-French Dictionary" 1981, Creole Institute, Indiana University.
Bentolila et al " Ti Diksyonnè Kreyòl-Franse" 1976, ed. Caraibes.
Louis Peleman, "Dictionnaire Créole-Francais", 1976, CICM ed., Bòn Nouvèl, Port-Au-Prince.
Pradel Pompilus, "Lexique Créole Francais" 1958, Thèse de l'Universite de Paris.
Edner Jeanty, "Diksyonè Kreyòl", 1989, La presse Evangélique ed.

These documents are used in most of our surveys. Our thanks go also to the multitude of interviewees. Several example sentenses are extracted from Dr Valdman's book, used here with permission.

Generating and editing 10,000 entries is an intensive task that was possible only with the help of diligent typists, constant encouragement from my wife, Maude and stimulating letters from people that knew about the project.

Several people cooperated to type this document: Maude Heurtelou, Marie Karla Joseph, Andrena Pierre, Jojo R. Vero, Soeurette Thomas, Manouchka Adrien, Karla Petrovsky.

Our thanks also go to several professors in the Haitian Community abroad such as Gilbert Hippolite, Leonce Desronvil for their encouragements . These two people commit themselves to see that our teenagers not only succeed in school but also acquire the tools to become leaders in their community...To old and new pioneers like Pompilus, J.C. Bernard, A. Valdman, Felix Morisseau Leroy, The Catholic Church, in Haiti with Bòn Nouvel, The Methodist Church.

Communication is the first step toward success. We prepare these books to facilitate communication between Creole speaking and English speaking (and the other way around).It should be used by students, workers, leaders, writers etc. It is dedicated to Haitians, their friends and those that are part of Haitian struggles.

It took longer than expected to complete these dictionaries. The people at Educa Vision did a good job of proofreading; If you find any error please let us know, we will correct in coming edition.

The text for this document is prepared and processed with Word Perfect 5.1; the graphics with Corel Draw 2.0 . The master printed on HP LaserJet II

This Dictionary is also available in electronic form, for IMB XT-AT as well as Mac environment. For those who write in Kreyòl, we have a Kreyòl spell checker compatible with Word Perfect 5.0 , 5.1 and Word Perfect for Windows 1.0

Congratulations to you the reader for acquiring this dictionary.

F. Vilsaint
Tampa, aug. 1991

ALFABÈT AK SON KI GENYEN NAN LANG KREYÒL.
KREYÒL ALPHABET AND SOUNDS.

Alfabèt Alphabet	Egzanp kreyòl	English examples
a	leta	father
an	dan	
b	balon	bob
ch	chache	dash
d	dola	dog
e	elve	bail
è	anlè, elèv	bet
en	pen	bend
f	falèz	force
g	gagòt	bag
h	hing-hang	hair
i	imaj	lee
j	jalou	page
k	kako	care
l	lavalas	like
m	madanm	mom
n	nat	none
ng	zing	
o	otan	coat
ò	sòti	saw
on	onz	only
ou	bous	boot
p	ponp	pot
r	ratresi	return
s	dous, sitron	also
t	tomat	tom
v	veye	vision
w	gwo, woule	watt
y	pay	joy
z	zòn	lazy

PRONUNCIATION TIPS

The following are some pointers to help in Kreyòl pronunciation; adapted from a text by Charmant Theodore, Visiting Lecturer of Kreyòl at the University of Florida.

1) a, e and o in combination with "n" give : an, en, on, are nasalized vg **an**két,"enh**an**ce". **en**terèt, p**ongongon**. As nasalized sounds, the letter n is not pronounced. However when these diphthongs are Immediately followed by a vowel each letter is pronounced separately, as In **ani**sèt.

One accent is used in Kreyòl "à, è, ò " (pat, bet, cost). In combination with "n" they yield an open non-nasalized sound, vg: **enè**ve, bek**àn**; Ety**èn**. The combination "in" is always pronounced as in win.

2) Apart from few exceptions, consonant sounds are the same as in English.

a) The letter c is used only in combination with h to give "ch". **ch**ampyon an equivalent English sound is "sh" like in **sh**ock. The letter k replaces both "c" and "qu" as theses formes do not exist in Kreyòl.

b) J is pronounced like In the word beige, Kreyòl uses the combination dj as in djab, djougan, djanni In English as Job, Jack.

c) R Is guttural in Kreyòl, often r and w are Interchangeable.
r guttural: **r**ale, premye; r palatal : prale or pwale.

d) X is replaced by "ks" **eks**plike or "gz" Egzekite; sometimes slmply s: eskize.

A

a, an. : Yon (you, on). det. / M gen yon zanmi ki malad.
abandon ; abandoned. : Abandonnen (bandonnen). v tr/attrib. / Ti Mari abandonnen kay manman-l ak papa-l, yo abandonnen'l tou.
abandon, to drop (socially). : Mete atè ; lage. v phr. / Nèg-sa-a twòp pou mwen, mwen mete'l atè.
abdomen. : vant ; anbativant. n. / vant-mwen ap fè m mal, m gen lè pral gen règ-mwen.
abdominal cramps, colic. : Kolik. n. / Depi m gen règ-mwen, fo'l ban m kolik.
able, can. : Kapab (kap, kab, ka, sa). v aux./ Chwal-la pa kapab mache ankò, li bouke pote chay lou-sa-a.
aboard. : Abò. adv. / Tout moun monte abò, kamyon-an pral pati.
abolish : aboli. v.
abolish ; abolished. : Aboli. v tr/attrib. / Yo aboli afè di lamès an laten-an.
abolishment : Abolisyon. n.
abort, to have an abortion. : Jete pitit. v phr. / Tifi-a te ansent, men li te oblije jete pitit-la paske li pa ta ka okipe'l.
abound. : anpli; fè mikalaw. v phr. / Nan bal-sa-a fanm fè mikalaw.
about to. : Prèt pou (pwèt pou) ; vanse. prep. / Tank li fèb, li prèt pou tonbe.
abroad. : Laba ; lòtbò ; aletranje. adv. / Msye laba kounye-a ; m kwè'l te di m se Nouyòk li te prale.
abscess. : Abse. n. / Abse-a ap fè'm mal, li mi, li prèt pou pete.
absent. : Absan. attrib. / Andre absan, li gen lè malad.
absinthe. : Absent. n. / Yo di absent bay gou bouch, men li anmè kou yon fyèl bèf.
absolutely. : Absoliman. adv. / Eske ou konnen pitit se byen pòv malere? --Absoliman, msyel Men gen de lè se mizè malere tou.
abstain, to keep away. : Asteni. v tr./ mwen te konn jwe avè 'l, kounye-a mwen asteni mwen paske li twò frekan.

absurd. : Blèm (blenm) ; raz. attrib. / Monchè ou pap di anyen la-a,ou blèm.
abundance. : Bondans (abondans) ; pakèt ; kantite. n [occur with yon]. / Ane dènye te gen yon bondans mango toupatou nan peyi-a.
abuse (take advantage). : Abize. v tr. / Monchè, mwen ba ou deja, ou vin mande'm ankò, ou vle abize bonte-m.
abuse, obscenity. : Jouman ; joure. n. / Bòn-lan jete tout sik-la, yo plen'l ak jouman.
abuse, to crush (someone). : Maspinen. v tr. / Nan prizon-an se pa bat yo bat msye sèlman, se maspinen yo rele sa.
abyss. : Labim. n. / Mwen pa te kab reveye'l fasil tèlman li domi di ; se konmsi se nan yon labim li tap soti.
acceleration : Akselerasyon
accident. : Aksidan. n. / Ti Jan mouri nan yon aksidan oto.
accolade : Akolad. n.
accommodate. : Akomode. v tr. / Tan lontan ak tan kounye-a pa menm, se pou nou akomode nou..
accompany. : Akonpaye. v tr. / Jodi-a Jan ap akonpaye Mari lè li prale..
accomplish ; accomplished. : Akonpli. v tr/attrib. / Jezikri te akonpli anpil mirak..
accomplished thief (male). : volè ; Wa chat. phr. / Nèg-sa-a se wa chat, li pwomennen kase dènye kay nan bouk-la.
according to, depending on. : Swivan (swivan) ; dapre. prep. / Li kapab chè, li kapab bon mache swivan gwosè tanbou-a.
accordion. : Akòdeyon. n. / Ti Jan ap aprann jwe akòdeyon.
account (reckoning). : Kont. n. / Vin nou fè kont-la pou nou separe kòb-la.
account for, to explain. : Rann kont. v phr. / Vin rann mwen kont sa ou fè ak lajan-an.
accountant. : Kontab. n. / Nèg-sa-a, se kontab li ye nan Bank Nasyonal.
accumulate : Akimile. v.
accuse. : Akize. v tr / Yo akize ti nonm bos Pyè-a volè..
accustom ; accustomed. : Abitwe (abitye). v tr/attrib. / Li abitwe timoun-yo avè chen-an pou li ka pa mòde yo.
ace (cards). : Las. n. / M te genyen tout kat las-yo, a tou sa

mwen pèdi pati kat-la.
ace (one that excels). : Las. n. / Ti nonm-sa-a se las nan tire zwazo, li pa janm manke.
acknowledge (as one's child). : Rekonèt (rekonnèt). v tr. / Nèg-la di se pa li ki papa pitit-la, li pap rekonèt li.
acolyte (mass). : Anfannkè. n./ Anfannkè-yo mete wòb long kouwè pè.
acrid, bitter. : Rak (ak). attrib. / Te-a rak, mwen pa ka bwè-l.
across, on the other side (of). : Lòtbò. prep. / Li lòtbò rivyè-a, lap keyi mango.
across, on the opposite side. : Anfas. adv./ mwen pral achte yon bagay anfas-la.
act courageousiy. : Mete nanm sou. v phr. / Si ou pa mete nanm sou ou to: noun ap chèche ekspiwate ou.
active. : ,tif. attrib. / Patwon-an bezwen travayè ki aktif.
activities. : Aktivite. n. / Nanpwen nèg gen aktivite konsa.
actor. : Aktè. n. / Aktè-a goumen anpil men li mouri nan fim-lan.
adapt. : Adapte. v tr. / Msye se yon nèg ki ka adapte 'l a tout sitiyasyon.
add. : Adisyonnen. v tr. / Ou sòt konsa, ou pa ka adisyonnen de e de!
addition (sum). : Adisyon. n. / Tigason-an pa ka fè yon bon adisyon, li pa menm konn sa en e en fè.
address. : Adrès. n. : Adousi (dousi). v tr / Adrès-mwen se Granri nimewo san senk, Potoprens, Ayiti.
adept in magic. : Pwofonde. attrib. / Nanpwen neg pwofonde konsa, se toutan lap fè maji.
adhesive tape. : Adezif. n. / Mis-la mande twal gaz avèk adezif pou'i panse plè-a.
adjust (radio tuning, television picture). : Fikse. v tr/attrib. / Fikse radyo-a pou mwen, li fè twòp bri.
administer (give). : Pase. v tr. / Ou frekan twòp, mwen pral pase ou de kout baton.
administer (manage). : Administre. v tr. / Ti bonnonm-lan poko gen laj pou li administre gwosè faktori-sa-a.
administrator : Administratè. n.
admiration : Admirasyon. n.
admire. : Admire. v tr. / Mwen admire'l anpil, chak tan mwen wè'l

kè-m kontan.
admirer : Admiratè
admission : Admisyon. n.
admit defeat. : Bat ba. v phr. / Ou gen rezon monchè, m bat ba.
adopt. : Adopte. v tr. / Li adopte de pitit.
adoption : Adopsyon. n.
adoptive. : Adoptif (adoktif). attrib. / Se papa adoptif-mwen.
adoration. : Adorasyon. n. / Nou pral nan adorasyon Sen Josèf.
adore. : Adore. v tr. / Li gen yon sèl pitit, li adore li kouwè de grenn je nan tèt-li.
adult, old person. : Granmoun. n. / Tout pitit- mwen-yo fin granmoun ; yo marye, yo gen pitit pa yo.
adultery. : Adiltè. n. / Selon legliz, adiltè se yon gwo peche.
advance, to approach. : Vanse. v tr. / Vanse non, vin pl pre ; ou twò lwen.
advance warning. : Preavi. n. / Nèg-sa-a ateri kay moun san preavi.
advantage. : Avantay (avantaj). n. / Msye gen chans, li jwenn yon avantay bab e moustach nan travay la.
advertising. : Reklam. n. / Depi maten m tande y'ap fè reklam pou yon remèd je, mwen pa konn si li bon.
advice. : Konsèy. n. / Se pa pou ou koute konsèy zanmi pou ou pa al lekòl non.
advise. : Konseye. v tr. / M pa tap vini jodi-a,se li ki konseye m vini.
advise, to inform. : Avize. v tr. / Yo avize tout moun y'ap koupe kouran-an denmen.
adviser. : Konseye. n. / Tout sa m ap fè m toujou mande konseye-m konsèy.
affair (sexual). : Afè. n. / M pa tande Mari al ann afè avèk Bouki e yo poko menm marye.!
affect. : Frape (fwape). v tr. / Sa te frape'm anpil lèm tande'l pèdi papa-l.
affect : Afekto. v.
affectedly. : Bwòdè. adv. / Nan pale bwòdè-l-la li fè tankou fanm.
affection. : Afeksyon. n. / Tout afeksyon-li se pou madanm-li.

afflicted. : Vant ba. attrib phr. / Nouvèl Dyesèl mouri-a kite m vant ba, sa fè m mal anpil.
affliction : Lafliksyon (afliksyon) ; doulè ; lapenn. n. / Ala de lafliksyon pou Marya papa! Mari-l kite'l ak senk pitit pou yon vye fanm.
affront. : Afwon. n. / Se premye fwa nan vi-m mwen resevwa yon afwon konsa.
affiliate : Afilye. v.
Africa. : Lafrik (Afrik). n. / Se nan Lafrik tou kretyen vivan sòti.
African : Afriken. n. / Te gen yon Afriken nan fèt-la msye te gen yon bèl boubou sou li.
African : Afriken. attrib. / Sa-a se yon bèl tablo afriken,
afro (dance). : Afwo. n. / Tanbouyè-sa-a konn bat afwo..
after. : Apre (aprè). prep. / Apre Bondye se lesen, apre lesen se lajan, apre lajan se doktè.
afternoon. : Apremidi. n/n loc. / Chak apremidi timoun-yo al jwe foutbòl.
afterward. : Apre (aprè). adv. / Apre, nou pral sinema
afterwards. : Lèfini ; apre. adv. / Fè twalèt pitit-la anvan, lèfini, ou a fè twalèt pa ou.
again. : Ankò. adv. / Li ban'm ti moso ankò.
against. : Kont. prep. / Tout moun nan kay-la kont mwen, m pa konn poukisa.
age. : Vyeyi. v tr. / Rad-sa-a vyeyi ou, li fè ou parèt granmoun..
age. : Laj. n. / Li te fèt menm dat avè m, nou gen menm laj.
agency. : Ajans. n. / Li pral chache paspo-l nan ajans-la.
agenda : Ajanda. n.
agent (person). : Ajan. n./ Ajan Lerison, se pi bon moun zòn-lan te ka genyen..
aggressive, bold. : Apòy. attrib. / Nèg apòy pa soufri, depi genyen y'ap jwenn.
aggressive, enterprising. : Agresif. attrib. / Lè ou nan komès, fò ou agresif paske pèsonn pap fè pa ou..
aggressiveness. : Jèfò (jefò). n. / Ou gen anpil jèfò, ou vle pran tout sa k pi bon, tout sa k pi gwo.
agility, tact. : Ladrès (adrès) ; lespri ; entelijans ; riz. n. / M bezwen yon moun ba'l move nouvèl-la ak anpil ladrès pou sa pa frape'l twòp.

agree on. : Pase kondisyon. v phr. / Nou pase kondisyon jodi-a pou li, denmen pou mwen.
agreement. : Akò. n. / Etazini fè yon akò avèk Larisi pou yo garanti, respekte libète tout moun.
agression : Agresyon. n.
agriculor : Agrikiltè. n.
agricultural. : Agrikòl. attrib. / Ayiti se yon peyi agrikòl.
agriculture. : Lakiliti (kiliti). n. / Moun andeyò ta mouri grangou si yo pat fè lakiliti sou ti moso tè-yo.
agriculture. : Agrikiliti (lagrikiliti). n. / Okenn peyi pa ka viv san agrikiliti..
agronomist. : Agwonòm (agwonnòm). / Mwen wè anpli agwonom ap travay ak kiltivatè-yo.
agronomy : Agwonomi
ah! : An. interj./ An! mwen chonje kounye-a, li te gen yon chemiz a kawo.
aha! : Anhan (aha). interj. / Anhan! Jodi-a mwen kenbe ou, de je kontre, manti kaba.
ahead, in front. : Ann avan. prep phr. / Nan tout sa n ap fè, se pou nou chache pou nou ann avan ladan 'l.
ailing : malad ; Bibi. attrib. / Titit pa ri ditou jodi-a, li bibi.
aim, to take aim. : Vize. v tr. / Si'l vize byen, wòch-la prai dirèk sou mango ki mi-an..
air. : Lè. n. / Li tèlman fè cho, menm lè n ap respire-a cho.
airplane. : Avyon. n. / Avyon-an ap pran vol a siz è.
airport. : Ayewopo. n/n loc. / mwen prai rankontre madanm-mwen ayewopo.
alarm clock. : Revèy. n. / Revèy-la rete, mete'l sou lè pou mwen.
albino. : Albinos. n. / Je albinos pa ka gade solèy.
album : Alboòm. n.
alcohol. : Alkòl. n. / Kleren se yon alkòl ki sòti nan ji kann.
alcoholic : Alkolik. n.
alcoholic beverage. : Bweson ; grog. n. / Aswè-a m prai koule bweson nan bal-la.
algebra : Aljèb. n.
alight. : Poze . v intr. / Zwazo-a te poze sou branch bwa-sa-a.
align, to line up. : Aliyen. v tr. / Yo aliyen prizonnyè-yo nan lakou prizon-an.

alive. : La. attrib. / Manman-m la men papa-m pa la ; li mouri ane pase.
alive (lively). : Vivan. attrib. / Ala nèg vivan, li toujou sou aktivite, li pa janm chita de pye kwaze.
alive (living). : Vivan. attrib. / Gen de kalite bèt ou dwe kwit vivan, fò ou pa tiye yo anvan.
all. : Tout. attrib. / Tout sa ou vie, y ap ba ou'l.
all around. : Toutotou ; toupatou. prep. / Pase yon baie toutotou kay la pou mwen.
all day long, all the time. : Toutlasentjounen. adv. / Oto msye pa janm ap woule, toutlasentjounen fò li fè mekanik ladan'l.
All Saints' Day. : Latousen ; Fètdèmo. n. / Lè Latousen, li pa janm rete pou'l pa ale legliz ak nan simityè.
All Souls' Day. : Fètdèmo. n. / Semenn-sa-a se Fètdèmo,fòm al netwaye fòs vye fanmi-m-yo.
all the time. : Tout tan (toutan). adv. / Sa m fè ou? Tout tan ou ap joure m.
allergy : Alèji. n.
almond. : Zanmann (zamann). / Tablèt zanmann se tablèt ki bon.
almost. : prèske. adv. / Li prèske midi.
aloe. : Lalwa. n. / Si ou pa sispann souse dwèt-ou, m ap pase lalwa ladan.
alone (by oneself). ; **Pou kò ; pou kont.**: prep phr [with a following pronoun]. / Depi mari-l-la kite'l labite pou ko-li.
alone, only. : Sèl. attrib. / Tout moun ap bay odyans, yo kite li-menm sèl ap travay.
along with. : Ansanm avèk. prep./ Li rive ansanm avè m.
alphabet. : Alfabèt ; abese. n. / Li gen lè pa te janm etidye alfabèt lanmou.
already. : Ko ; deja. adv. / Ou wè m ko touche, ou ap vin mande m lajan-an.
already. : Gentan ; deja. adv. / Lè'm te rive, li te gentan ale, mwen pat wè'l.
already. : Tou. adv. / Fè respè-ou tande, m tou pa sou san-m jodi-a.
also, too. : Tou. adv. / Tout moun prai nan sinema, m prai nan sinema tou.
altar. : Lotèl. n. / Se sou lotèl pè fè lamès.

altercation. : batay. / Ban'm afè-m pou'm pa nan batay avè ou..
alternate : Altène . v.
alternator : Altènatè. n.
although. : Atout. conj. / Atout li malad, li vini.
aluminum. : Aliminyòm. n. / Yon bokit metal an aliminyòm pi solid pase yon bokit plastik.
always, still (adv). : Toujou. adv. / Li toujou ap mande lajan.
ambassador. : Anbasadè. n. / Gade ki jan nèg-la kage ko-l dèyè machin-lan, ou ta di se yon anbasadè.
ambition. : Anbisyon. n. / Yo kenbe Ti Jera nan volè, anbisyon ki mete'l la-a.
ambitious. : Anbisye (anbisyèz). attrib. / Nanpwen nèg anbisye konsa.
ambulance. : Anbilans. n./ Gen you aksidan ki fèk fèt la-a, yo telefonen anbilans.
amen! : Abobo (ayibobo, agogo). interj. / Ougan-an di "Legba pral ouvri bayè pou nou", ousi reponn abobo!
amen! : Amèn. interj. / Amèn! Sa ou di-a, se sa menm..
American. : Ameriken (meriken). / Mesye-sa-yo pa Ameriken.
among. : Sou . prep. / Jou-sa-a se te premye dimanch nèg Ayiti te genyen sou tout dimanch ki te pase deja.
among. : Pami (nan pami). prep. / Nan pami yo, gen youn ki gen pi bon gou.
amount. : Valè ; kantite. n. / Nan mès-la li bay menm valè kòb ak vwazen-an
analyse : Analyz. v.
ancestor.: Zansèt (ansèt). n. / fòk ou manyè lapriyè, pale a zansèt-ou-yo.
ancestors, forefathers. : Zansyen (ansyen). n. / Pawòl zansyen-yo se bon pawòl, koute tande.
anchor. : Lank. n. / Lage lank-la pou bato-a ka ret kanpe nan dlo-a.
and. : Avèk (avè, ak, a). conj. / Jodi-a mwen te wè Mari avèk Ti Pyè.
and so on, and so forth. : Kesekwann kesedjo. / Lè m al kay Rita, li toujou plen tèt-mwen ak yon bann pawòl, fò li pale de pitit-li, vwazen-li, yon bann kesekwann kesedjo.
anemia. : Anemi. n. / Tifi-a vin piti anpil, doktè di li fè anemi.

anemic. : Anemi. attrib. / Li anemi, se sa ki fè li mèg konsa.
angel. : Zanj (anj). n. / Gade jan li potre ak yon ti zanj. Tout zanj nan syèl kontan lè yon nonm fè byen sou latè.
angelus. : Lanjelis. n. / Kloch legliz-la sonnen lanjelis, annou di priyè-a.
angle. : Ang. n. / De dwat-sa-yo fè yon ang 90 degre.
angry. : Move. v intr/attrib. / mwen ap move si ou pa vini nan fèt-la.
animal. : Zannimo ; bèt. n. / Kabrit, kochon, kote tout zannimo--sa-yo soti?
animal, creature. : Bèt. n. / Gen twap bèt lakay-la, nou bezwen flite kay-la.
anise. : Anetwale. n. / Te-a santi bon, li gen lè fèt avèk anetwale.
anise liqueur. : Anizèt (annizèt). n. / N ap debouche de boutèy anizèt pou fèt-la.
ankle. : Je pye. n. / Li blese nan je pye-l, li pa ka mete bòt.
annatto (B. oreliana). : Woukou. n. / Si ou pa gen pat'tomat, ou mèt met woukou.
announce. : Anonse. v tr. / Yo anonse nouvèl-la yè nan radyo, moun kontan!
annoy. : Anbete ; agase ; anmède. v tr. / Si ou vin anbete'm jodi-a, li pap bon pou ou.
annoy, to tease. : Nwi. v tr. / mwen pral lakay-mwen, nou nwi'm twòp, n a wè demen.
annoying. : Anbetan ; anmèdan ; enèvan ; annwiyan. attrib/nom. / Nanpwen ti nonm anbetan konsa, li bay tout moun, non.
annoying, teasing. : Nwizib. attrib. / Sispann anmède mwen non, ou se yon nèg ki nwizib a lafen.
answer. : Reponn. v tr. / Ou tande y'ap rele ou, poukisa ou pa reponn?
answer, response. : Repons. n. / Li ekri'm depi senmenn pase, mwen poko fè'l repons.
ant. : Foumi (fonmi, fwonmi). n. / Li kampe nan yon nich foumi san'l pa wè, foumi mode tout pye-l.
anus, ass (buttocks). : Tchou ; bouda ; dèyè. n. [pej]. / Jandam-lan tire volè-a nan tchou pandan lap kouri.
anvil. : Anklim. n. / Yon anklim pran anpil kout mato lè fòjon ap

travay.
anxiety. : Kè sou biskèt. n phr. / Moun ki gen kè sou biskèt pa jwe aza.
anybody home?. : Onè (onnè). interj. / mwen di onè, pèsonn pa reponn, sanble yo pa la.
anybody, nobody. : Pèson (pèsonn). pro [negative sentences]. / mwen al lakay-ou maten-an, mwen pa jwenn pèsonn.
anyone. : Kikonk. pro./ Yon grenn lannwit nan seren pajanm tiye kikonk.
anyone, whatever. : Nenpòt. pro. / Nenpòt moun gen dwa fè travay-sa-a.
anything. : Anyen (aryen). n [with negative pa]. / Li pa voye anyen pou mwen.
anyways ; at any rate. : Antouka ; kelkilanswa. adv./ Antouka, ke wout-la bon ke 'l pa bon, fo'm vwayaje aswè-a.
apostle. : Apot. n. / Jezi ak apòt yo te gen anpil bab nan figi-yo.
appeal to, to petition. : Adrese. v tr. / Lè'm nan pwoblèm, m pa renmen adrese'm a tout moun.
appealing. : Atiran. attrib. / Fi-sa-a atiran, li gen bon jan anpil.
appear. to arrive. : Parèt. v intr. / Depi nèg-sa-a parèt nan kay-la se lobo lap fè.
appear (seem). : Parèt. v intr. / Li parèt bèl nan foto-a.
appearance. : Lè. n. / Gade lè tigason-an non, li potre yon timoun ki san manman.
appearance. : Aparans (laparans). n. / Moun sòt toujou renmen gadè moun sou laparans.
appearance (facial aspect). : Min. n. / Ou te bwè yè swa, min-ou pa bon menm maten-an.
appease. : Apeze. v tr. / mwen pral achte yon fresko pou'm apeze swaf-mwen.
appendicitis. : Apenndisit. n. / Lè yon moun gen appendisit, bò vant-li fè 'l mal.
appendix (body). : Apendis. n. / Lè yo fè moun ki gen apenndisit operasyon, se koupe yo koupe apendis-yo.
appetite. : Apeti. n. / mwen tèlman gen apeti'm ta manje yon bèf a tout kòn.
applaud. : Bat bravo. v phr. / Lè prezidan-an ap pase, tout moun bat bravo.

apple. : Pòm (ponm). n. / Pye pòm-sa-a pa donnen ankò.
appointment. : Randevou. n. / Mwen gen randevou a dez è avè'l.

appreciate. : Apresye. v tr. / mwen te apresye tifi-a anpil, kounye-a m pa gen yon san pou li.
apprehensive. : Pa bay bouch. v phr. / Mari ap sòti ak pitit moun-yo, mwen pa ba 'l bouch.
apprentice. : Apranti. n. / Bòs pa janm bay apranti fè travay enpòtan pou yo pa gate 'l
approach. : Apwoche (pwoche). v tr. / Msye apwoche kote fi-a pou'l di'l yon pawòl nan zorèy.
approach. : Abòde (bode). v tr. / Papa-m fache, mwen pa konn ki jan pou'm fè pou'm abòde 'l.
approval, blessing, benediction. : Labenediksyon (benediksyon). n. / Kon sèvis-la pral fini, pè-a bay labenediksyon.
approval, consent. : Konsantman (konsantiman) ; pèmisyon. n. / Depi manman-m ak papa-m ban m konsantman-yo m pral nan bal-la kanmèm.
approve of. : Apwouve. v tr. / Pèsonn pa apwouve sa Toma fè-a.
approximately. : Apeprè. adv./ Apeprè a ki lè lap vini?
April. : Avril. n. / Mwad avril se mwa piskèt.
apron. : Tabliye (tabliye). n. / Mwen di ou met tabliye devan timoun-lan lo lap manje pou'l pa sal rad-li.
Arab (middle eastern). : Arab. n. / mwen wè gen anpil Arab lavil- la.
arbor, bower (outdoor shelter). : Tonnèl (tonèl). n. / Tonnèl la pa gen tan pare pou fèt-la..
archbishop.: Monseyè (monsiyè). n / Eske ou sonje ki premye pè yo te fè monseyè?
arched, curved. : Bankal. attrib. / Si ou met ti pitit-la kanpe twò bonè ou ap fè pye-l bankal.
archives. : Achiv. n. / Si ou pèdi batistè-ou, al nan achiv-la. Y'ap chache'l pou ou nan rejis ki gen lis batistè-yo.
argue (a case). : Plede. v intr. / mwen renmen wè kote avoka ap plede.
arithmetic. : Kalkil ; aritmetik. n. / Li pa konn fè kalkil, lekòl-la pap pran li si ou pa ba li leson.

arithmetic book. : Aritmetik. n. / Nan fè varabon li pèdi aritmetik-la.
arm. : Bra (bwa). n. / Tifi-a leve de bra-li met nan tèt-li.
arm ; armed. : Ame. v tr/attrib. / Komandan-an ame tout nèg-yo.
arm length (measure). : Bras (bwas). n. / Misye achte douz bras fil.
armband. : Brasa. n. / Brasa pa si alamòd ankò, se bouton moun mete koulye-a.
armchair. : Fotèy (fotèy). n. / Ba granmoun-lan chita sou fotèy-la pito, la pi alèz.
armpit. : Zesèl. n. / M pa renmen pwal ki anba zesèl fi-a, li ta manyè retire yo.
armpit : Anbabra. n.
armpit, underarm. : Anbabra. n. / Lè chalè, timoun toujou gen yon tifè nan anbabra-yo.
army. : Lame. n. / Li nan lame depi lontan, li gentan rive kolonèl.
aromatic oil. : Lwil esansyèl. n phr. / Yo vann lwil esansyèl-la bay yon faktori ki fè pafen.
around (approximately). : Vè. prep. / Si li di ou lap vin vè sèt è, ou pa bezwen tann li pase lap twò ta.
arrange, to fix ; arranged, fixed. : Ranje. v tr/attrib. / Ranje chèz-yo pou mwen nan salon-an, yo an dezòd.
arrest. : Arete. v tr. / Lapolis arete dènye moun ki sispèk nan katye-a.
arrive. : Rive. v intr. / Nèg-la mande'm de dola pou'l mennen bèf-la sòt Otwou rive Ferye.
arrive (reach a destination). : Abouti. v intr. / Jis ki kote ou abouti?
arrive (socially). : Pran elan. v phr. / Li fin pran elan, li pa ka pale ak moun ankò.
arrive, to start. : rive ; pran. v tr. / Depi nou fè sa nou pral pran Mòn Kabrit, tout moun koumanse priye.
arrogant, haughty. : Angran. attrib. / Nonm-sa-a angran, li pale ak moun tankou timoun.
arrowroot. : Arawout (alawout). n. / Lè ou bay tibebe arawout li fè 'l vin gwo.
artichoke. : Aticho. n. / Legim aticho ak vyann kabrit bon anpil.
artisan. : Atizan ; bòs. n. / Kounye-a yon moun ki gen de twa

pye latànye sove paske atizan-yo fè tout bagay ak latànye.
artist. : Atis. n. / Depi sou jan misye abiye, ou wè li se yon atis.
artist (painter). : Pent. n. / Nèg-sa-a se yon gwo pent wi, si ou wè bèl tablo'l fèl.
as. : Kòm. prep. / Kòm bòfrè, nanpwen tankou mari sè-m-lan.
as (conj). : Avèk (avè, ak, a). conj. / Pitimi pa gen menm gou avèk diri..
as for. : Kanta. prep. / M ka manje tout bèt lanmè, men kanta krab m'pa ka met sa bò bouch-mwen ditou.
as if, as though. : Komsi (konmsi, konsi) ; kouwè ; tankou. conj. / Li wè'm wè'l, li fè komsi li pa konnen m.
as long as. : Tout tan (toutan). adv. / Tout tan ou pa di m, m pap ba ou anyen..
as soon as. : Sito ; kou. conj. / Mwen pa bezwen pè, sito'm fini m'ap rele ou.
ashamed. : Wont. attrib. / Msye wont, li met kò li deyò...
ashes. : Sann. n. / Souke recho-a pou manyè wete enpe sann anba
ashtray. : Sandriye. n. / Yo fè kolye, peny, sandriye ak karapat toti.
ask. : Mande. v tr. / Machè ou bezwen lajan, mande mari-ou.
ask (a question), to pose (set forth). : Poze . v tr. / Kite'm poze ou yon kesyon pou'm wè si ou ka reponn li.
asleep, sleeping. : Nan dòmi ; kabicha. prep phr. / Msye nan dòmi kounye-a, m'pap reveye'l.
ass (buttocks). : Latcha. n. / Leve latcha-ou sou kousen-an.
ass (buttocks). : Bounda (bouda, bonda). n. / Yo tèlman bat li nan bounda, li pa fouti chita.
assassin, murderer. : Ansasen (asasen). n. / Yo kondane ansasen-an a diz an prizon.
assassinate, to murder. : Ansasinen (sasinen). v tr. / Yo te ansasinen Lanperè Desalin Ponwouj alantran Pòtoprens.
assistance. : Konkou. n. / M gen twòp travay pou m fe, m bezwen konkou.
assistance. : Asistans. n. / mwen vin mande ou asistans-ou nan pwoblèm-mwen.
associate ; associated. : Asosye. v tr/attrib. / Si nou pa asosye misye nan bagay se pa anyen n ap fè.

associate (with). : Siye (siyen). v intr. / Mwen pa siye ak nèg-sa-a, li pa serye.
associate, partner. : Asosye. / De asosye-sa-yo se farin ak sak. konsa?
associate with. : Sèvi. v intr. / Mwen pa sèvi ak moun ki gen tanperaman dwòl konsa.
assorted. : Asòti. v tr/attrib. / mwen bezwen asòti machandiz-mwen-yo pou'm ka vann.
asthma. : Las. n. / Doktè-a di li gen las, se sa ki fè li pa sa respire byen.
asthma. : Opresyon. n. / Lè ou tande opresyon-an pran 'l, li prèt pou toufe.
astonished, surprised. : Sezi. attrib. / Yo sezi lè yo tande nouvèl-la.
at all. : Menm ; ditou ; pyes. adv [in negative sentences]. / Senmenn- sa-a, sa pa bon menm.
at least. : Omwen (omwens). adv. / mwen gen omwen dez an depi mwen pa wè 'l.
at once. : Sanzatann. adv. / Si ou prese konsa, m'ap fè sa pou ou sanzatann.
at the same time. : Tou. adv [precedes verb]. / Lorizna te la, yo tou arete'l..
at times, now and then. : Tanzantan (detanzantan). adv. / Tanzantan, ou vire'l pou'l pa boule.
atmosphere, environment. : Anbyans. n. / Anbyans-sa-a twò raz pou mwen.
attach (sewing). : Monte ; koud. v tr. / Manman, bouton chemiz-mwen rache, sa'k fè ou pa monte yo pou mwen.
attach, to tie ; attached, tied. : Mare. v tr/attrib. / Li pran yon ti chat, li mare'l anba tab-la.
attachment. : Atachman. n. / Genyen bèt ki gen atachman pase moun.
attack. : Atake. v tr. / Mesyè-yo atake travay-la yè maten.
attack. : Atak. n. / Sa fè dezyèm atak rebèl-yo fè pou semèn-lan.
attack (physical). : Vare sou ; fonse sou. v phr. / Chat-la tann sourit-la soti nan tou-a pou li vare sou li, lal tonbe devan'l dirèk.
attack, to pounce on. : Fonse sou. v phr. / Machin-lan fonse sou

poto elektrik-la.
attempt.: Chache (chèche). v tr. / Li chache touye'l, men li pa kapab.
attempt, to try (luck). : Tante. v tr. / Tante chans-ou monchè, di fanm-lan ou renmen'l.
attempt, venture. : Atak. n. / mwen fè yon atak sou fi-a, li gen lè anvi reponn mwen.
attend. : Asiste. v tr./ Tigason se pou ou asiste lamès le dimanch.
attention, precaution. : Atansyon ; fètatansyon. / Atansyon pa kapon.
attentive. : Alekout. attrib. / Li met zorèy-li alekout pou l ka tande sa moun ap di.
attic, loft. : Grénye ; galta. n. / Li sere mayi-yo sou grénye-a, rat manje tout.
attract. : Atire. v tr. / Siwo atire foumi.
attractive, beautiful. : Bèl. attrib. / Gade jan yon fi bèl, tank li bèl tout je kole sou li.
audience. : Asistans ; piblik. n. / Te gen anpil moun nan asistans-la yè.
August. : Out ; daou.. n. / L ap vini ann out.
aunt. : Matant (tant). n. / Eske ou konnen sè manman-m-lan,matant Polin, wi?
aunt. : Tantin ; matant. n. / Jodi-a tantin-mwen voye manje pou mwen.
auscultate. : Sonde. v tr. / Doktè- a sonde m, li di m'pa gen anyen.
austere. : Sinik. attrib. / Pwofesè-a tèlman pran pòz sinik- li, timoun-yo pa pwoche'l.
authorities. : Leta. n. / Si ou pa vle paye'm, m'ap rele ou nan leta.
authority. : Lobedyans. n. / M pa sou lobedyans-ou non mwen!
authority. : Otorite. n. / Se nèg ki gen anpil otorite sou li.
authorization. : Otorizasyon. n. / Sa ki ba ou otorizasyon pou fè sa ou ap fè-a?
authorize, to empower (legally) ; authorized, empowered (legally). : Mandate. v tr/attrib. / Depi yo fin mandate Pola pa gen moun ki ka ranse avè'l.
automobile, car. : Otomobil (oto) ; machin ; vwati. n. / Oto-m-lan.

anpàn.
autopsy. : Topsi. n. / Anvan y antere kadav-la yo mande pou yo fè topsi-li.
avenge, to get even. : Vanje. v tr. / Debrèy di yon jou lap vanje l ; lap remèt bos Sovè tout mechanste'l te fè l-yo.
avenue. : Avni. n. / Matou te rete Avni di Chili.
average (n). : Mwayenn (mwayèn). n. / Ki mwayenn msye fè nan egzamen-yo?
average (ordinary). : Mwayen. attrib. / Msye pa twò entelijan, se yon nèg mwayen'l ye, li pa sòt nonplis.
aviator, pilot. : Avyatè. n. / Mari-Anjèl se bon avyatè, li konn fè loupin ak avyon.
avocado. : Zaboka. n. / Yo renmen zaboka ak kasav..
award a medal. : Medaye. v tr. / Yo medaye kaporal Pòl, wi, men m'pa konnen poukisa.
awkward, clumsy. : Malagòch ; maladwat. attrib. / Fi-sa-a malagòch konsa, li pa ka fè yon pa san li pa frape.
awkward, clumsy. : Agòch ; maladwat ; malagòch. attrib. / Yo revoke'l nan travay-la poutèt li twò agoch.
axe. : Rach. n. / Al chèche rach-la pou fann bwa-a.

B

baby. : Tibebe. n. / Vwazin-lan gen yon tibebe, li poko gen enn an, li gentan mache.
baby (attractive woman). : Bebe. n. / Mezanmi, bebe-sa-a tèlman anfòm tout gason ap kouri dèyè li!
baby bottle. : Bibon (bibwon). n. / Bouyi bibon-an byen anvan ou mete lèt pitit-la ladan'l.
baby, toddler. : Titit ; pitit ; timoun. n. / Vin wè yon timoun, vin wè yon titit, Danyèl.
bachelor apartment. : Chanm gason. n phr. / Jan kite kay marenn-li, lai fè chanm gason-li.
back, rear. : Aryè. attrib. / Wou aryè kamyon-an manke van.
back up. : Fè bak. v phr. / Lè misye wè jandam ap mache sou li, li fè bak.
backbite. : Fè langèz. v phr. / L ap mache rakonte toutmoun yon bann manti sou tifi-a, lap fè langèz.
backbiting. : Langèz (langè). attrib. / Fi-sa-a langèz, li toujou ap fè manti sou moun.
backwards. : Pa bak ; fè bak. adv phr. / Ou renmen mache pa bak, si ou tonbe ou ap pran yon gwo so.
backwoods. : Bwa. n. / Nan bwa kote ou rete-a, m pa ka vin wè ou souvan.
bad (mean, naughty). : Mechan (michan). attrib. / Tigason-an rale chive lòt-la ak tout fòs-li ; timoun mechan anpil.
bad (taste). : Move. attrib. / Remèd-sa-a move, mwen pa ka bwè'l.
bad, evil. : Mal. n. / Msye mouri? A, li te tan. Msye fè twòp mal sou latè-a.
bad habit. : Mani. n. / Li gen yon mani grate kòl sou moun.
bad luck. : Malchans ; devenn. n. Pa gen nèg gen malchans konsa, dènyè fanm msye renmen, youn pa renmen'l.
bad mood. : An chyen. prep phr/ Pa pale ak Bouki, li an chyen jodi-a.
badly. clumsily. : Mal. adv. / Fraz-sa-a mal ekri.

badness, evil. : Mechanste. n. / Pou yon pwofesè bat yon timoun konsa se mechanste, monchè.
baggy. : Flòk. attrib. / Pantalon-an flòk flòk sou li.
bake. : Anfounen. v tr. / Chak jou yo anfounen twa San pen.
baker. : Boulanje. n. / Boulanje-sa-a fè bon pen.
bakery. : Boulanje. n. / Se nan boulanje-sa-a m achte pen chak maten.
baking powder. : Poud elevasyon. n phr. / Madanm-lan achte poud elevasyon pou li mete nan gato-a.
balcony (of house). : Balkon. n. / Li fè cho anba, klte m monte al pran yon ti van sou balkon-an.
bald. : Chòv. attrib. / Depi kounye-a ou koumanse chòv, lè ou gen karant an menm ou pap prèske gen cheve nan tèt-ou.
bald. : Tèt chòv. n phr. / Papa Ti Klod se yon tèt chòv..
ball (meatball, fishball, etc). : Boulèt. n. / Li pito boulèt mori pase boulèt vyann.
ball (of string, etc), spool. : Plòt. n. / Achte yon plòt fil blan pou mwen.
ball (sphere). : Boul. n. / Lè ou fè savon-an fè boul li dire pils.
ball (sports). : Balon ; boul. n. / Ala nèg gen kouraj, li bay balon-an yon sèl chout, balon-an vole tèt kan-an, l'al byen lwen!
balloon. : Blad ; balon. n. / Li pike blad-la ak yon zepeng, li pete li.
bamboo. : Banbou. n. / Volè te kache nan tout banbou-yo.
banana. : Fig. n. / Fig vin chè kounye-a, pou achte de bèl grenn fig fòk ou peye menm de gouden.
banana bark. : Vandrès (vantrès). n. / Nou pa gen kabann ak matla, se sou nat kl fèt ak vandrès nou domi.
band (strip). : Bann. n. / Li gen yon bann tout-otou tèt-li.
bandage. : Bande. v tr. / Jan m bande pye-a la-a, m pa kwè pansman-an ap tonbe.
bandage. : Banday ; pansman. n. / Pran banday-la pou m bande pye-a pou pansman-an kapab rete.
bandage.: panse. v tr. / L ap jwenn mis-la pou 'l panse malad-la pou li.
bandage, dressing (surgical). : Pansman. n. / mwen bezwen yon pansman pou'm met sou blese-m-lan.
bandit. : Malandren ; bandi; sanzave. n. / Msye dyòlè, maledve,

epi'l malpwòp. Monchè pa janm mennen malandren konsa nan salon lakay-mwen.
banjo. : Bandjo. n. / Malis te gen yon ti bandjo pou'l fè pou pitit wa-a.
bank (financial institution). : Bank; labank . n. / Mwa-sa-a m pral met de san goud nan bank.
bank (fund of gambling game). : Bank. n. / Se li ki gen bank-la, msye ap peye nou talè.
banner. : Bandwòl. n. / Moun bal-yo konmanse mete bandwòl nan lari.
banner. : Labànyè. n. / Lè y ap fè posesyon pou Sakrekè, moun k ap pote labànyè-a devan nèt.
banns. : Ban maryaj. n phr. / Yo pibliye ban maryaj pitit fi-m-lan.
baptism. : Batèm (batenm). n. / Se jodi-a wi n ap fè batèm fiyèl-mwen-an.
Baptist. : Batis. n. / Tifi-sa-a pa al nan bal, se batis li ye.
baptize. : Batize. v tr. / N ap batize pitit-la lòt dimanch, donk fòk m gen tan prepare kostim-mwen-an.
bar (at a dance). : Bivèt; ba. n. / Lè ou fin danse ak yon dam ou dwe mennen li nan bivèt.
bar (long piece). : Ba. a. n. / Se pa zoklo ankò l'ap ba li, se kout ba fè.
barbed wire. : Filfè. n. / Rad tifi-a kwoke nan filfè-a,li chire'l.
bareback. : Apwal. adv./ Nanpwen nèg renmen monte chwal apwal konsa.
barefoot. : Pye atè. n phr. / Pa mache pye atè, lakou-a plen moso boutèy.
bargain. : Afè. n. / Men yon afè, pa kite 'l ale!
bargain. : Machande; fè pri. v intr. / Nan peyi-sa-a ou pa achte konsa non ; fòk ou machande.
bargain. n. : Fè pri. v phr. mwen achte de pè souliye, fè pri-a pou mwen kounye-a.
bargain (good deal). : Piyay. n. / mwen pa tèt chòv, mwen pap bay kwafè piyay.
bargain, to settle the price.: Fè pri (fè jis pri). v phr./ Pratik, vin nou fè pri machandiz-la non.
bark. : Jape. v tr. / Chen-an jape tout nannwit dèyè kochon- yo.
barrel. : Barik; bidon, doum. n. / Chat konnen, rat konnen, barik

mayi rete la.
barrette. : Barèt. n. / Pran barèt-yo pou mwen pou m tache cheve-m.
bartender. : Bamann. n. / Bamann-sa-a si ou pa ba'l poubwa, lè ou tounen vin manje ankò l'ap fè tankou'l pa wè ou pou'l ka pa sèvi ou.
barter. : Twòk. n. / Tout moun sèvi ak lajan men gen de kote se twòk yo fè, yo bay kafe pou mayi.
base. : Baze. v tr. / Sou ki sa ou baze ou pou ou di se mantè'm ye?.
bash (party). : Banbòch; banbilay, fèt. n. / Samdi m al nan banbòch, m rete jiska senk è di maten..
basin. : Kivèt. n. / Li pa ka lave figi-l nan kivèt sal-sa-a.
basis. : Baz. n. / M jwenn yon bon baz pou m derape kounye-a.
basket. : Pànye (panyen). n. / Li pote yon pànye plen mango pou timoun-yo.
basket maker. : Vànye. n. / Ou mèt bay msye-sa-a trese pànye--a pou ou, li se yon bon vànye.
basketball. : Baskètbòl. n. / Etazini soti chanpyon nan baskètbòl, Meksik soti chanpyon nan foutbòl.
bass (instrument). : Bas. n. / Lontan lè potko gen bas se manniboula Ayisyen te jwe.
bass drum. : Kès; tanbou. n. / Ti Wowo bat tanbou, li pa jwe kès.
baste (sewing). : Fofile. v tr. / Ou pa bezwen koud rad-la kounye-a, nik fofile-l pou mwen pase m prese.
bath. : Beny. n. / Lè epòk chalè m konn pran twa beny pa jou.
bathe. : Benyen. v tr. / Al pran dlo vin met nan kivèt-lapou m benyen pitit-la.
bathroom. : Saldeben. n. / Chak uit è dimaten, se pou ou jwenn li nan saldeben-an ap benyen.
bathroom, toilet. : Komòd. n. / Yo pa kite timoun piti al nan komòd.
bathroom, toilet. : Twalèt ; watè. n. / M ap vini, m pral nan twalèt.
baton (of drum major, etc). : Jon. n. / Wa bann-sa-a jwe jon byen.
battery (car). : Batri. n. / Lè batri oto fèb, li pa ka pati.

battle, fight. : Batay ; konba. . n. / M renmen wè batay karate.
bay window. : Bèvitre. n. / Kay-sa-a gen bèvitre, se yon kay modèn.
bayonet. : Bayonnèt. n. / Jandam-yo fè parad avèk bayonnèt nan fizi-yo.
bazaar (fair). : Kèmès. n. / Nou pral kole afich pou kèmès-la.
be. : Se. v intr. / Sa ou vie se sa ou fè.
be. : Ye. v tr. / Kouman ou ye?.
beach. : Bitch (bich) ; plaj. n. / Chak dimanch y'al pran plezi-yo nan bitch.
beady eyes. : Je pichpich. n phr. / Li pa gen je chire, li gen je pichpich, yo tou piti.
beak. : Bèk. n. / Poul-la gen yon gwo ravèt nan bèk-li, pinga oukite'l antre nan kay-la avè'l non!
beam (wood). : Madriye. n. / Madriye-sa-yo bon pou fè poto kay.
beans. : Pwa. n. / Jodi-a li fè sos pwa nwa.
bear (put up with. : Sipòte; admèt; soufri. v tr. / Se pa tout bagay yon moun ap sipòte pou ou si'l pa manman-ou.
beard. : Bab. n. / Tonton-an koupe manton-l pandan l'ap fè bab-li.
beat ; to whip. : Kale ; bat. v tr. / Si ou fè dezòd papa-ou ap kale ou, rete trankil.
beat (an opponent). : Bat. v tr. / Ane pase se Ayiti ki te bat nan foutbòl-la, ane-sa-a se Jamayik ki bat.
beat (in a game). : Genyen. v tr. / Si ou genyen m, mwen ap ba ou tout kòb-la fwa-sa-a. cf: bat
beat (strike). : Bat. v tr. / Ou tèlman bat pitit-la ou fè tout kò-l fe louk.
beat it (run away). : Mete deyò. v phr. / Silè, ki te anba kabann-lan, met kò'l deyò tou.
beat it! : Alevouzan. Interj./ Alevouzan! Pa janm mete pye-ou isi ankòl.
beat up. : kale ; bay baton. v phr. / Yo lage msye, yo di si yo pran li ankò y'ap ba'l yon baton.
beautification. : Anbelisman. n. / Se pa ti kras anbelisman gouvènman-an fè nan peyi-a!
beautify. : Anbeli. v tr./ Li depanse tout avwa-l pou 'l anbeli kay-la.

bea ty. : Bèlte. n. / Ou pa bezwen fè jalouzi non, se bèlte-l ki fè moun renmen'l konsa.
beauty mark. : Siy. (sin). n. / Li gen yon bèl siy bò kou-l.
because. : Paske (pase). conj. / Li pa ka vini paske li malad.
because of.: Parapo a. / Parapo a sè-a ki nan kay-la, li pa ka fè tout bagay.
because of (as a result of). : Afòs. conj./ Afòs li kouri li pèdi souf.
because of, because. : Poutèt. conj. / Se poutèt sa ki fè mwen vini.
become. : Vin. v tr. / Yo komanse pale, yo fè konesans, enpi yo vin zanmi..
become lukewarm, to make lukewarm. : Tyedi. v tr. / Kite dlo-a tyedi anvan n rele m.
become, to change into. : Tounen. v tr. / Lè yo rive lakay-li, li fè tout bèt-yo tounen moun..
bed. : Kabann. n. / Pa kite ti pitit-la dòmi atè-a, pote li mete sou kabann-lan.
bed wetter. : Pisannit. n. / Tifi-sa-a se yon pisannit, se chak swa 'l pise nan kabann.
bedbug. : Pinèz. n. / Yè swa 'l fè nwit li pa dòmi tèlman pinèz mode 'l.
bedridden. : Malad kouche; kouche. attrib phr. / Madanm-lan enkyè, tèt-li chaje depi li pran nouvèl pitit-la malad kouche.
bedspread. : Kouvreli. n. / Gen etranje k'ap vini, nou pral mete pi bèl kouvreli nou genyen sou kabann-lan.
bedspring, box spring. : Somyè (somye). n. / Kabann- sa-a dous, li gen yon bon somyè.
bee. : Myèl. n. / Timoun-yo renmen fè radyo ak myèl, yo mete yo nan bwat alimèt enpi yo koute.
beer. : Byè. n. / Bouki renmen bwè byè anpil.
beetle. : Vonvon (vouvou). n. / Ki sa vonvon-sa-a gen la-a? L ap vin vole bo tèt-mwen-an, ou a di yon gwo vye gèp.
beggar. : Mandyan. n. / Ti nèg-sa-a tankou yon mandyan ; li mande tout moun li wè.
begin. : Amòse. v tr. / Mesye-yo amòse travay-la yè maten.
begin ; begun, started. : Kòmanse v tr/attrib/ Degaje-ou antre anvan fèt-la komanse.

begin again. : Rekòmanse (rekoumanse). v tr. / Ou rekòmanse nan bagay-sa-a ankò?
begin to. : Tanmen. v tr. / Yo tanmen kale misye, li rele: "Se pa mwen!".
beginning. : Kòmansman. n. / Sa-ou wè la-a se pa anyen, sa se yon kòmansman.
beginning. : kòmansman ; Anlagan. adv. / Kòk-mwen-an ba 'l de swèl anlagan, li fè kòk misye-a gaga.
beginning, start. : Amos. n. / Msye bay yon amos yè pou montre li kapab fè djòb-la.
behave. : Konpote. v tr. / M pa nan sitirans ak moun,lè yon moun vin lakay-mwen, ou fèt pou konpote ou an moun debyen.
behavior. : Fason. n. / Moun-yo renmen misye poutèt fason-li.
behead. : Sote tèt. v phr. / Li sote tèt poul- la ak yon sèl kout manchèt.
behind, in the back. : Ann aryè (ann eryè). prep phr. / Moun-sa-yo se ann aryè y'ap mete ou.
beige. : Bèj. attrib/nom. / Ane-sa-a lekòl-la bay yon inifòm koulè bèj.
belch, to burp. : Wote (ote). v intr. / Li wote si, li gen lè pral gonfle.
believe. : Kwè. v tr. / M pa kwè sa ou di m-lan se vre.
believer. : Fidèl. n. / Pastè-a mande pou fidèl-yo met ansanm pou yo bati yon legliz.
bell. : Klòch. n. / Klòch legliz-la sonnen lanjelis.
bell (small). : Sonèt (sonnèt). n. / Ou pa bezwen frape nan pòt-la, kay_la gen sonèt, se sonèt-la pou ou peze.
bell-bottom (trousers). : Pat elefan. n phr. / Kounye-a se pantalon pa elefan ki alamòd.
belly, stomach. : Vant. n. / M sot manje de asyèt mayi moulen ak pwa wouj, vant-mwen plen.
belongings. : Afè (zafè). n. / Siklòn pase, dlo bwote tout afè-m..
below, underneath. : Anba. adv./ Se piti ou ye, se ou ki pou anba.
belt (man's). : Sentiwon. n. / Foure sentiwon-an nan pasan pantalon-an pou mwen
belt (of machine). : Kouwa. n. / Li pa ka koud, kouwa machin-lan kase.

belt (whack). : Tap. n. / Msye anmède m, mwen fout li de twa tap, mwen frape'l seryèzman.
belt (woman's) : Senti. n. / Ou pa mare senti rad-la byen.
belt loop. : Pasan. n. / Li bay fè pantalon-an san pasan.
bench. : Ban. n. / M pito ban legliz-yo paske yo pi byen fèt pase ban lekòl-la.
bend. : Pliye (ploye, plwaye). v tr. / Li chofe fè-a pou 'l ka pliye 'l.
bend. : Benn (bèn) ; koube; pliye. v tr. / Li gen kouray pou'l benn nenpòt baton fè..
bend (give way). : Flechi. v intr. / Desalin se te gason kanson tout bon, li pat flechi devan danje.
benefit. : Benefisye. v tr. / Li pati, se mwen k ap benefisye bagay yo.
benefit (oneself). : Geri bosko. v phr. / Se pa sou mwen jap vin geri bosko-l, lè li te nar- ravay-la mwen pat janm wè'l.
bequeath. : Pase papye. v phr. / Li pase papye kay-la sou non-m.
beside, near. : Kote (kot). prep. / M pase kote l-la, li pa wè m.
besique. : Bezik (bezig). n. / Timoun pa jwe bezik, li twò difisil).
best man (at wedding). : Parenn. n. / Fòk parenn-lan al wè makomè-an anvan maryay pou 'l remèt kado-a.
bet (wager). : Pari ; paryay n. / Si ou pa swen kòk-'la ou ap pedi pari-a ankò senmenn-sa-a.
bet, to wager. : Parye. v tr. / mwen parye 10 pyas sou ou.
betray. : Vann ; denonse. V tr. / Ou montre lapolis kote m te kache, ou vann mwen.
betray ; betrayed. : Trayi. v tr/attrib. / Aha! Msye trayi kòz-la.
better. : Miyò. attrib. / Msye gen lajan pase ou, li miyò pase ou, monchè.
better. : Mye ; miyo. adv. / Msye tap mouri grangou, kounye-a li genyen yon ti ale mye.
between. : Ant. prep. / Mwen tande lè pot-la ouvè, mwen te ant somèy rèvèy.
beverage. : Bwason. n. / Si nou pa gen bwason, fèt-la pa pran.
bewildered. : Gaye. attrib. / Depi li fin tande nouvèl-la, li gaye nèt.
bib. : Bavèt.n./ pran bavèt-la mete'l anba bouch li pou mwen.
Bible. : Bib. n. / Se nan Bib ou jwenn tout sa Bondye mande

pou moun fè pou ka sove.
biblical. : Biblik. attrib. / Mwen-menm, se non biblik m bay tout pitit-mwen-yo.
bicarbonate of soda. : Bikabonnak (bikabonnat). n. / Lè moun gen gonfleman yo met yon kiyè bikabonnak nan dlo pou yo bwè.
biceps. : Bibi. n [fam]. / Genyen fi ki renmen bèl bibi.
bicycle. : Bisiklèt ; bekàn.. n. / Menm si ou pa gen bisiklèt ou kapab lwe youn sou Bisantnè-a.
big. : Gwo. attrib. / Tout rad-ou-yo sere ou koulye-a tank ou vin gwo.
Big crowd, political march. : Woulo konpresè. n. / Jodi-a woulo konpresè-a pran lari.
big eyes (accompanied by a stupid expression). : Je bourik. n phr [pej]. / Gad gwosè grenn je tigason- an, ou ta di je bourik.
big shot (VIP). : Zotobre. n. / Nan zòn Ti Gwav-la se zotobre msye ye wi, se li ki genyen tout tè ki nan zòn-lan.
big toe. : Tèt zòtèy. n phr. / Gade ki jan msye kòche tèt zotèy-li.
bike. : Bekàn (bekann) ; bisiklèt. n. / Kou m pase pye-m sou bekàn-lan m rive tou.
bile. : Fyèl. n. / Kafe-a pa gen pyès dous, li anmè kou fyèl.
bile. : Bil. n. / Pitit-la ap mouri ak bil, tout je-l tout dwèt-li tou jon.
bill (invoice). : Bodwo. n. / Li gen senk timoun lekòl peye, lè yo voye bodo li prèt pou fou.
bill (money). : Papye. n. / mwen bezwen di goud an papye sèlman.
billiards, pool (game). : Biya. n. / Tigason-yo renmen jwe biya.
bird. : Zwazo.(zwezo). n. / Ti zwazo nan bwa ki tape koute..
birth certificate. : Batistè. n. / M pral fè batistè pitit-mwen-an la-a, m bezwen yon temwen wi.
birthday. : Anivèsè ; fèt. n. / Jodi-a se anivèsè mennaj-mwen.
birthday, feast day. : Fèt. n. / Ane-sa-a fèt-mwen ap tonbe yon dimanch.
birthmark. : Anvi. n./ Li gen yon anvi bo kwis.
bishop (residence). : Leveche. n. / M pral nan leveche-a kote pè-a.
bit. : Bout ; moso. n. / Chak moun kenbe yon bout nan twal-la.

bit (bridle). : Mò. n. / fò ou mete yon mò nan dyòl cheval monchè.
bit (of dril) : Mèch. n. /, drill. : : Mèch-la ize twòp, li pa fouti pèse bwa-a.
bit (small amount). : Jan (ti jan). n [appear with yon]. / Li yon jan parese, li pa ka etidye plis ke dez è d tan.
bit by bit. : Lit-lit. adv. / Nan fè ti djòb konsa lifè ti kob-li lit-lit.
bit, piece. : Kal (ti kal). n. / M'mande li moso, ti kal li ban mwen-an te sitèlman piti m'pa menm pran li.
bite. : Kout dan. n phr. / Tout do chen-an se kout dan.
bite ; bitten. : Mòde. v tr/attrib. / Msye blese, se yon chen ki mòde'l.
bitter. : Anmè. attrib. / mwen pa kwè gen yon bagay ki pi anmè pase fyèl.
bizarre. : Biza ; dwòl. attrib. / Ala nèg biza papa! Li pase sou moun li pa di bonjou.
blabber. : Rablabla (ablabla) ; ranse. v intr. / Sa ou rablabla nan tèt-mwen konsa? Al chache yon kote ou chita.
blabbering. : Radotay. n. / Moun-sa-yo gen tan pou radotay, mwen-menm, mwen gen travay serye pou'm fè.
blabbermouth. : djolè ; tolokoto. n. / M di Pòl yon bagay lal pale'l, msye se yon tolokoto.
black. : Nwa. (nwè). attrib. / Ki jan janm pitit-la fe nwa konsa? Li tap jwe nan labou?
blackboard. : Tablo. n. / Chak jou, mèt-la voye'm sou tablo pou'm fè egzèsis matematik.
blacken ; blackened. : Nwasi. v tr/attrib. / mwen pa renmen fè manje nan dife bwa, li nwasi chodyè-a.
blackeyed peas. : Pwa enkoni. n phr. / Diri ak pwa enkoni vèt ak djondjon, se koupe dwèt!
blackout (electrical). : Blakawout. n. / Yo bay yonsèl blakawout nan fèt-la, moun pa wè devan, yo pa wè dèyè.
blacksmith. : Fòjon (fojwon). n. / Fòjon-an fè tout kalite pyès.
bladder (of animals). : Blad pise. n phr. / Machin frape chen-an nan vant, li pete blad pise-l.
blade (knife, etc). : Lanm. n. / Pran yon lòt kouto, lanm-sa-a pa file.
blame. : Blanmen (blenmen, blame); akize, enkriminen. v tr. /

Granmoun-yo manyè blanmen tifi-a poutèt li antrę twò ta.
blatherer, driveler. : Radotè. n. / Ala nèg radotè, mwen poko janm konnen'l ouvè bouch-li pou'l di yon bon bagay.
bleach. : Klowoks (klowos). n. / Li lave rad-la ak klowoks pou'l ka retire tach ki ladan'l.
bleach, to whiten. : Blanchi. v tr. / Li bouyi rad-yo nan klowòks pou li ka blanchi yo.
bleed. : Senyen. v intr. / Kouto-a blese'l nan men, se pa ti senyen'l senyen, gen lè san-l te cho.
bless ; blessed. : Beni (benni). v tr/attrib. / Moun-sa-yo beni, tout sa yo fè rapòte yo.
blessing. : Benediksyon. n. / Anvan m mouri m a ba ou benediksyon.
blind. : Avèg. attrib/nom. / Mezanmi, msye avèg de je!
blind person. : avèg; jepete. n. / Li se yon jepete, li pa ka wè anyen.
blister. : Glob ; zanpoul. n. / Kote'm boule-a li fè yon gwo glob.
blister. : Bousòl. n. / Denpi li benyen nan lanmè, ka-l leve bousòl.
blister. : Zanpoul (zanpoud). n. / Vye zanpoul-sa-a ou gen sou do pye, sa k fè ou pa pete li?.
bloat ; bloated. : Gonfle. v tr/attrib./ Pa manje sa-a aswè, li gonfle moun.
bloated stomach. : Balonman. n. / Lèt an poud ban m balonman.
bloated, swollen. : Bonbonfle. attrib/nom. / Gade gwosè figi pitit-la, ou pa ta di yon bonbonfle!.
block ; blocked. : Bloke. v tr/attrib. / Fi-a al bloke nòs-la legliz, li di nèg-la marye deja e li pa divose.
block (chunk). : Blòk; moso. n. / Li achte yon gwo blòk glas pou'l glase bweson nan bal-la.
block (neighborhood). : Blòk; katye; zòn . n. / Apa ou te nan blòk-la!.
block (obstruct). : Fèmen. v tr. / Gwo kamyon-anfèmen ti machin-lan, li pa kite'l pase.
block off ; blocked. : Bare. v tr/attrib. / Vin ede m bare volè-a.
blood. : San. n. / Li rann anpil san anvan'l mouri.
blood clot.: san kaye

blood sausage. : Bouden. n. / Li renmen manje bouden ak bannann peze.
bloodsucker, leech. : Sansi. n. / Li gen yon pye ki anfle, yo di se san, li pral poze sansi pou'l wè si'l a jwenn yon mye.
bloodthirsty. : Sanginè. n. / Misye se sanginè, pou ti krik ti krak li rale kouto sou moun.
blouse. : Kosaj (kosay). n. / M bay fè yon bèl kosaj pou'm met ak jip-sa-a.
blow. : Soufle. v tr. / Van-an fè nwit-la ap soufle, li jete tout bannann-yo.
blow. : Bòt ; kou. n. / Tifrè pran yon bòt nan jwèt foutbòl.
blow. : Vante ; soufle. v intr. / Lè gen sikion, van-an vante tèlman fò li konn rache tòl kay-yo.
blow a horn. : Kònen. v tr. / Maren-yo konen avèk yon lanbi 6 pous lè gen kalmi pou mande Agwe pou'l voye yon ti van.
blow one's nose. : Mouche. v tr. / Men nen-ou plen larim, mouche'l non.
blow, stroke. : Kou (koui). / Yo ba'l de kout baton nan tèt.
blow up ; blown up. : Gonfle. v tr/attrib. / Lè krapo kenbe koulèv, li gonfle'l tankou yon balon.
blow up (get angry). : Grandi sou. v phr. / Pa grandi sou mwen lè'm ap pale avè ou ; gen anpil bagay ou pa konnen nan lavi-a.
blue. : Ble. attrib/nom. / Li te genyen yon rad ble sou li.
blue jeans. : Abako. n. / Abako se pantalon ki solid.
blueprint. : Plan. n. / Ou tou konnen fòk ou fè plan kay-la anvan ou bati 'l.
bluff. : Blofe ; woule. v tr. / Li tèlman renmen blofe moun, tout kote'l rive yo repouse'l.
bluff (deception). : Blòf ; manti. n. / Bonjou misye pa la verite,tou sa li di se blòf.
blunder. : Jebede. v intr. / Se jebede'l ap jebede nan radyo-a, li pap di anyen debon.
blush. : Wouji. v intr. / Yo bare lap pran kòb la, li tèlman sezi li wouji.
boar (male swine) : Koure. n./ Femèl kochon-sa-a bezwen koure.

board. : Planch. n. / Li achte de twa planch pou 'l fè ban met nan lekòl-la.

boarding. : An korespondan. prep phr. / Li pa lakay-li, li an korespondan kay Pyè.
boarding house. : Pansyon. n. / Li met tifi- l-la nan pansyon ka mè.
boastful. : Lwanjè. attrib. / Ala nèg lwanjè, se tout jounen lap vante tèt-li.
boat. : Bato ; batiman. n. / Si ou pè pran avyon pito ou pran bato.
boat, ship. : Batiman ; bato. n. / Ane-sa-a m pral Ayiti nan batiman pase m poko janm monte lanmè.
bobbin (sewing machine). : Navèt. n. / Ou plen navèt-la ak yon koulè fil ki twò fonse pou twal-la.
bobbin (spindle). : bobin ; tounikèt (tonnikèt). n. / Achte yon tounikèt fil blan pou mwen.
bobby pin. : Pens . n. / Pran de pens sou kwafèz-la pou ou ka tache cheve-ou.
body. : Kò ; kadav. n. / M tèlman bouke tout kò-m fè m mal.
body hair, fur. : Plim . n. / Janm-li plen plim, li lè pou yo ba 'l pantalon long.
boil (boiling). : Bouyi. n. / Fè lèt-la fè yon dènye bouyi anvan ou desann li.
boil, sty (eyes). : Klou. n. / Ti bouton-an tounen yon klou, lap fè m mal epi li fè pi.
bolero (dance, rhythm). : Bolewo. n. / Ti Mari pa renmen danse bolewo, li pito mizik cho.
bolt. : Boulon. n. / Boulon-an twò piti, li pa ka kenbe wou machin-lan.
bolt (metal pin). : Chevi. n. / Chevi-a pèmèt ou kole de moso bwa.
bolt (of door). : Takèt. n. / Ak takèt-sa-a nou met nan pòt-la volè pa fouti antre.
bolt (to fasten). : Boulonnen. v tr. / Mekanisyen-yo ap boulonnen wou machin-lan.
bomb. : Bonm. n. / Avyon-yo lage anpil bonm sou bato-a.
bombard (with insults, etc.). : Bonbade ; lave, detike ; joure. v tr. / Machann manje-a fè'm wont, li bonbade'm ak mo sal.
bone. : Zo. n. / Bay chen-a yon zo, m fè ou wè'l kontan pou tout rès jounen-an.

bone : Zo. n.
bones (skeleton). : Zosman. n. / Reken devore msye, se zosman msye yo jwenn sèlman.
bonfire. : Boukandife (boukan). n. / Timoun-yo limen yon boukandife nan jaden-an pou yo boukannen mayi.
bonnet. : Bone (bonne, bonnèt). n. / Bone-a twò gwo pou tèt tibebe-a.
book. : Liv. n. / Oktob rive, m poko wè kob pou mwen achte liv ak inifòm timoun-yo.
book cover. : Po liv. n phr. / Li ekri non-l nan po liv-la.
bookstore. : Libreri. n. / M pr.al achte de twa liv nan libreri sou Granri-a.
boom (nautical). : Gi. n. / Gi-a? Se bagay tou long ki kinbe vwal-la.
boom! : Boum. interj. / M tande yon kout tanbou boum!.
boost. : Remonte. v tr. / Mwen santi'm fèb, mwen bezwen bwè yon bon vè ji pou remonte lestonmak-mwen.
boost (help). : Bourad. n. / Li pa gen machandiz ankò, ou vle ba'l yon bourad.?.
boot. : Bòt. n. / Ak bòt-sa-a ou pa bezwen pè labou.
booties (baby). : Choson. n. / Ak fredi-sa-a fo'm gen choson pou m met nan pye tibebe-m-lan.
border (of a country). : Fontyè (fwontyè).n. / Nou rive bò fontyè-a, men nou pa travese'l paske nou pa gen viza.
border, trimming. : Aranjman. n. / mwen pral achte aranjman lavil pou'm mete nan rad-la.
boring, uninteresting. : Raz. attrib. / Anbyans-sa-a twò raz pou mwen.
born. : Fèt. attrib. / Nan ki mwa ou fèt? --M fèt nan mwad avril.
borrow. : Prete. v tr. / Jodi-a afè-m pa bon, mwen pral prete de goud pou'm manje.
boss. : Chèf. n. / Bondye sèl chèf.
boss. : Patwon ; bòs ; chèf. n. / Patwon-an voye 'l lakay-li pase 'l malad.
boss. : Komandè (konmandè) ; chèf. n. / Tout moun ap travay ansanm, msye ap pran pòz kòmandè-l.
boss, manager. : Bòs ; patwon ; chèf. n. / Bòs-la di si travayè-yo pa vin alè l'ap revoke yo.

botch ; botched. : Rabache. v tr/attrib. / Gade jan pitit-la ap rabache leson-an.
bother. : Annwiye (annuiye). v tr. / Manman, men timoun- yo ap annuiye-m, y'ap pede di'm lèdi
bother ; uncomfortable, ill at ease. : Jennen. v tr/attrib. / Li te gen yon wòb long ki te jennen'i pou'i mache.
bottle. : Boutèy. n. / Lèt-la twa cho, pa vide li nan boutèy-la.
bottle opener, can opener. : Kle. n. / Prete m kle-a pou m ouvri boutèy kola-a.
bottom. : Bounda. n. / Li vide dlo-a nan bounda pyebwa-a.
bottom, back. : Fon. n. / Li mare bourik-la nan fon jaden-an.
boulevard. : Boulva ; avni. n. / Chak ane kanaval pase sou boulva-a.
bounce. : Mate. v tr. / Boul-la kraze lanp plafon-an ; mwen te di msye sispann mate boul-la anndan kay-la.
bounce. : Rebondi. v tr. / Wòch-la rebondi, li vin pran'i nan tèt.
boundary. : Lizyè ; limit. n. / Kote lizyè jaden-ou-lan ye la- a?.
boundary, limit. : Limit. n. / Limit jaden-m-lan rive bo pye mango lòt bò-a.
bouquet. : Bouke. n. / Li bay manman-i yon gwo bouke pou fèt-li.
bourgeois. : Boujwa. attrib/nom. / Nèg-sa-a boujwa,li gen lajan jis nan dan.
bow (in a child's hair). : Kokad. n. / Li mete kokad nan tèt-li pou lai legliz.
bowed (leg). : kanbral; tòtòy ; kounan ; Kanbre. attrib. / Komanman! Gad jan janm jwè-a tòtòy.
bowl (dish). : Bòl. n. / Pran bòl-la pou met sòs pwa-a.
bowlegged. : Kanbral. attrib. / Fi-a pa vle marye a msye poutèt li twò kanbral li pè pou janm pitit-li pa sòti mal tou.
box. : Bwat (bwèt, brèt). n. / Lè lapolis ouvè bwat-la, yo jwenn yon gwo pope ladan.
boxer. : Boksè. / Pa betize non., nèg-la se boksè, l'a kraze l-ou ak kout pwen wil.
boy. : gason ; bway (bray). n. / Bway-mwen-an aprann byen lekòl.
boy : Tigason. n. / Pitit Madan Jan se yon bèl tigason.
boyfriend, girlfriend. : Mennaj ; boubout. n. / Fi-sa-a bèl anpil,

mwen ta renmen li kòm mennaj-mwen.
bra. : Soutyen. n. / Gwosè tete fi-sa-a epi'l ap mache san soutyen sou moun.
brace (of brace and bit). : Vilbreken. n. / Lonje vilbreken-an pou mwen pou m sa fè yon twou nan planch-lan.
bracelet. : Braslè. n_. / Li fè grave inisyal mennaj-li sou braslè-a.
bracelet (chain). : Goumèt ; braslè. n. / Afè ap maché. Gade gwosè goumèt ann ò-ou nan ponyèt-ou.
braggart, show-off. : Grandizè ; granchire ; granfòma. n. / Depi se moun lavil, ou konnen se grandizè yo ye lè yo vin andeyò ; yo toujou konn tout bagay.
braggart, show-off. : Granchire. n. / Jenn mesye koulye-a toujou ap fè tèt-yo lwanj, se yon pakèt granchire yo ye.
braid. : Très. n. / Pa penyen'l ti très, penyen'l gwo très..
braid ; braided. : Trese. v tr/attrib. :Trese riban. prep phr/ Gade jan chive pitit-la byen trese.
brain. : Sèvèl. n. / Yo di se sèvèl-li ki vid ki fè'l ap depale konsa-a.
brain (intelligence). : Sèvo ; sèvèl. n. / Pou ou reyalize yon travay konsa, fòk ou fè sèvo-ou travay anpil wi.
braise ; braised. : Toufe. v tr/attrib. / fòk ou byen toufe diri-a pou'l gen bon gou.
brake. : Frennen ; rete. v tr. / Si chofè-a pat frennen machin-lan atan, li tap frape pitit-la.
brakes. : Fren. n. / Fren machin-lan pa travay byen.
branch (tree). : Branch bwa (branch). n phr. / Tout branch bwa koumanse pèdi fèy.
brand ; branded. : Tanpe. v tr/attrib. / Li tanpe bèf pa l-yo pou'l ka rekonnèt yo.
brand (trademark). : Mak. n. / Ki mak chemiz-ou-an?
brand-new. : Nyouwann. attrib. / Fòk ou byen douko machin- lan pou 'l parèt nyouwann.
brass band. : Fanfa. n. / Lekòl la pa gen fanfa pou fè mizik lè y'ap monte drapo.
brass chuckles. : Fo pwen. n phr. / Li mete fo pwen pou'l ka al goumen ak nèg-la.
brat. : Maymay. n. / Poukisa tout timoun-sa-yo, maymay-sa-a wè

BEST COPY AVAILABLE

se sou galeri lakay-mwen pou yo jwe?
brat. : Loray kale. n phr. / Loray kale-sa-a pa respekte moun.
brave. : Brav. attrib. / Granpapa-m te tèlman brav gason yo te ba'l non Vanyan.
brave, enterprising. : Michan. / Sa se yon michan gason, li pa fè bak devan okenn travay.
brave man. : Gason kanson (gason). n. / Pòl se yon gason kanson, tout bat yo bat li, li pa pale.
brawl (quarrel), row (quarrel). : Tapaj ; lobo ; lobèy ; deblozay. n. / Se lwijanboje, nanpwen kote'l rive'l pa fè tapaj.
bread. : Pen. n. / Chak maten 'l manje pen ak bè.
bread (large bun). : Kabich. n. / Maten-an mwen manje de kabich ak manba.
breadfruit. : Lamveritab (lam, véritab). n. / Se yon sèl jan m renmen manje lamveritab, se lè mwen fè boulèt avè'l.
break (to go somewhere). : Fòlòp. n. / Menm si'm pa gen tan, mwen ap fè yon fòlòp m vin wè ou.
break in (a horse). : Bosale. v tr. / M poko bosale tl cheval-la.
break into. : Kase. v tr. / Volè kase kay matant yè swa, yo pran tout bon rad-li ak televizyon-an.
break, to chip ; broken, chipped. : Kase. v tr/attrib./ Fè atansyon, ou mete twòp rad sou liy-lan, la kase.
break up (relationship) ; broken up (relationship). : Kase. v intr/attrib. / Pòl a Marya ta pral marye, bagay-la kase, yo fè gwo kont.
break water. : Kase lezo. v phr. / Depl li kase lezo,konnen li pral akouche.
breakdown. : Pàn ; anpàn. n. / Machin-lan pran pàn sou wout Kafou-a.
breakfast. : Manje maten. n phr. / Pòl! Sa'k nan sache-a? --Manje maten-m paske mwen pat gen tan manje anvan'm sòtl.
breast. : Tete. n. / Komanman, fl-sa-a gen bèl tete, koubabil
breast. : Sen. n. / Prèske tout moun gen yon sen kl pl gwo pase lòt.
breath. : Souf. n. / Mwen tèlman bouke souf-mwen prèt pou rete.
breath. : Alèn. n. / Msye te gen movèz alèn, lè lap pale moun pat ka pran respirasyon..
breathe. : Respire. v intr. / Degonfle malad-la pou'l sa respire, li

fè cho!
brick. : Brik. n. / Anpil kay lontan fèt ak brik.
bride. : Lamarye. n. / Kon seremoni maryaj-la fini, tout moun vin bo lamarye.
bridge. : Pon. n. / Moun pa ka janbe dlo-a, yo pral fè yon pon sou li.
briefcase, book bag. : Valiz ; sak. n. / Men yon valiz m ba ou pou ou al lekòl, ou a mete liv-ou ladan'l.
brigade. : Brigad. n. / Lapolis voye yon brigad pou mete lòd.
bright. : Klè. attrib. / Lalin-lan tèlman klè ou mèt pèdiyon zepeng, ou ap jwenn li.
brightness, gleam. : Klète (klate) ; limyè. n. / M wè yon klète anndan kay, gen yon limyè ki limen.
brilliant person. : Bon. n. / Misye se yon bon.
brilliant person (smart, adept). : Flanm. n. / Misye se flanm, li toujou pase devan tout elèv.
brim. : Ra boday. prep phr. / Li plen vè-a ra boday.
bring. : Pote vini. v tr. / Pa voye vè-a non, pote 'l vini ban mwen.
bring. : Mennen vini. v tr. / Mennen'l vini avè ou, pase li pap vle rete nan kay-la pou kont-li.
broad daylight (in). : lajounen; gwo lajounen. n phr. / Li pa menm tann lannwit, li fè sa gwo lajounen lè tout moun ka wè'l.
broil ; broiled. : Griye. v tr/attrib. / Depi li malad-la, li manje vyann griye sèlman.
broke : San senk. / Jodi-a mwen san senk.
broke (penniless). : razè ; nan degraba. prep phr. / Se grav pou leve nan degraba yon gwo lendi maten.
broken down. : an-pann ; gate. attrib. / Machin-lan gen lè an-pann, li pa koud ankò.
broken glass. : Zenglen. n. / Fo' nou pa kite mo'so zenglen-sa-yo atè-a, timoun-yo va blese.
bronchial tube. : Bwonch. n. / Li malad nan bwonch, li pran yon fredi.
bronchitis. : Bwonchit (bwonch). n. / Lè ou cho, pa dezabiye ou nan kourandè, ou a pran bwonchit.
brood (hatch). : Kouve. v tr. / Poul-la te kouve douz ze, tout kale.
broom. : Bale. n. :: Gade fatra k nan kay-la, pran bale pou mwen, m retire yo.

brothel. : Kafe ; bodèl ; Makrèl. n. / Lè samdi swa, mesye-yo renmen al pran plezi-yo nan kafe.
brother. : Frè. n. / mwen gen de frè, yon sè.
brother (in a religious order). : Frè. n. / Lekòl frè ak sè bay bon enstriksyon.
brother-in-law. : Bòfrè. n. / Kòm bofrè, nanpwen tankou mari sè-m-lan.
brown sugar (hardened). : Rapadou. n. / Nanpwen bagay gou konsa, se kasav ak rapadou.
bruise ; bruised. : Mètri. v tr/attrib. / Kilès ki tap achte mango mètri-sa-yo!
bruised (psychologically). : Chode. attrib. / Malgre kout baton li pran, li rekomanse volè ankò, li pa chode.
brush. : Bwose. v tr. / Tigason-an al lekòl san li pa bwose tèt-li.
brush. : Bwòs. n. / Gade sou tab-la ou a wè yon bwas, pran li pou mwen.
brutal. : Brital. attrib. / Nèg-sa-a twa brital, m pa jwe avè'l.
bucket. : Bokit. n. / Li plen bokit-la dlo chak maten.
buckle. : Bouk. n. / Li renmen soulye ki gen bouk.
buckle. : Boukle. v tr. / Li boukle sentiwon-an pou pantalon-an pa sòt tonbe sou li.
bud. : Boujon. n. / Boujon tabak-la itil. Ou cheche'l epi ou vann li pa ti lo.
bud. : Bouton ; boujon. n. / Zoranj-lan fè bèl bouton nan tout branch-yo.
bud. : Boutonnen. v intr. / "Zoranj-mwen boutonnen, boutonnen wi zoranj-mwen" (C-S)!.
bud. : Boujonnen. v intr. / Lè lapli tonbe, pyebwa boujonnen.
bud (banana, plantain plant). : Jete. v intr. / Bannann-lan ka jete, denmen fò ou mete yon bwa kore'l.
buddy. : Konpè (monkonpè). n. / Moun-sa-yo se de konpè, kote ou wè youn fò ou wè lòt-la.
buddy, friend. : Lamitye. n. / Li pa konnen non nèg-la, lirele'l lamitye.
budge. : Bouje. v intr. / Rete trankil, pa bouje, pa fè yon mouvman, gen yon gwo krab arenyen dèyè do-ou.
budge. : Brannen. v tr. / Tout dlge yo dlge li, li pa brannen ka-li.
budge. : Brlding (brideng). v tr [always in negative]./ Tout sa yo

fè msye, li pa briding kò-li.
budget. : Bidjè. n. / M pa ka achte tout bagay-sa-yo, bidjè-m kout.
buffet (cupboard). : Pàntyè. n. / Li achte de douzèn vè pou 'l met sou pàntyè-a.
buffet (furniture), dresser. : Bifèt. n. / Al pran rad woz-mwen-an nan bifèt-la pou mwen.
buggy. : Bogi. n. / Lè yo pral antere timoun piti, pi souvan se nan bogi yo pote sèkèy-la.
bugle. : Klewon. n. / Nan tan lontan anvan yon batay konmanse, yo sonnen klewon pou tout solda ka chaje ansanm.
build. : Bati. v tr. / Konpè Previlis ap bati yon gwo kay tòl bò wout-la.
build, to assemble. : Monte. v tr. / mwen monte machin, pyès pa pyès.
building. : Bilding. n. / Eske ou wè gwosè bilding labank-la, se yon bagay mons monchè.
bull (animal). : Towo (towo bèf). n. / Manman bèf-sa-a mande towo.
bulldozer. : Bouldozè. n. / Leta fè komann yon bann bouldozè pou travay wout-yo.
bullet. : Plon. n. / Li jwenn yon plon anndan zwazo-a.
bump into, to hit (collide). : Teke. v tr. / Mwen pa konnen kote msye sòti li vin teke machin-mwen-an, tout bò dwat-la anfonse kounye-a.
bundle, packet. : Pakèt (pake). n. / Madanm-lan gen yon pakèt nan men-i, yon pakèt sou tèt-li.
bungler. : Machokèt. n [pej]. / M'annik gade amwa-a, m'wè se yon machokèt ki fè'l, li gen twòp defo ladan.
bunion. : Zoboy. n. / Ki sa ou genyen ou ap bwete-a, ou gen lè gen yon zoboy.
burden. : Fado ; chay. n. / Milèt gen kouray pou yo pote fado.
burden (problem). : Chay (chaj). n. / Bondye pajanm bay moun chay twò lou pou yo.
buried treasure. : Ja (dja). n. / Ou pa wè yon sèl kou Rafayèl achte kay, li achte kamyon ; se yon ja wi li jwenn.
burlap bag. : Sak kòlèt. n phr. :Sak grenn. prep phr/ Li gen yon sak kòlèt plen pistach.

burn ; burned. : Boule (brile). v tr/attrib. / Tanzantan ou vire'l pou'l pa boule.
burn ; burned. : Boule (brile). v tr/attrib. / Tanzantan ou vire'l pou'l pa boule.
burp, belch. : Rapò. n. / Moun-sa-yo te mèt fè nenpòt rapò sou moun, yo pa janm di eskize.
burp, to belch. : Rann gaz. v phr. / Depi'l fin manje kann, fò'l rann gaz.
bury. : Antere (tere). v tr. / Yo antere moun ki mouri nan aksidan Mòn Kabrit.
bus (interurban). : Otobis. n. :Oto. sh form of/ Kounye-a plen bèl otobis sou wout sid-la.
bushy. : Toufi. attrib. / Gade ki jan pye mango-a toufi.
business (affair), dealings. : Afè (zafè). n. / M ve pa moun antre nan afè-m.
businessman. : Biznismann. n. / Se biznismann li ye,l'ap achte'l nan men-ou li ranje'l, epi revann li byen chè.
busy, occupied. : Okipe. attrib. / Li okipe, li pa ka vini.
busybody, snoopy. : Fouyapòt (friyapòt). attrib/nom. / Jan'l fouyapòt, si ou pa sere yo lwen lap pral ladan yo.
but. : Men. conj. / Msye ta renmen achte machin-sa-a men li pa gen lajan.
butcher. : Bouche. n. / Bouche a depatya bèf-la anvan'l vann li.
butcher ; butchered. : Kòche. v tr/attrib. / Ou mèt al achte vyann-lan, bèf-la kòche deja.
butter ; buttered. : Bere. v tr/attrib. / M pral soti kounye-a, vin bere pen-an pou mwen tanpri pou m gen tan manje'l.
butterfiy, moth. : Papiyon. n. / Gen yon papiyon nwa antre nan kay-la.
buttock. : Fès ; dèyè, bounda. n. / Nèg-la twouve pèdi wòl-li, lal manyen fès tifi-a.
button. : Boutonnen. v tr. / Li pa vie boutonnen chemiz-li nan kourandè-a.
button. : Bouton. n. / Pou fèmen bragèt pantalon, bouton pa alamòd, ou met zip.
button up. : Kòlte ; fèmen. v tr. / Kòlte chemiz-ou, tigason, deyò-a fè frèt.
buttonhole. : Boutonnyè. n. / Boutonnyè-a twò gran, chemiz-la

pap ka boutonnen.
buy ; bought. : Achte. v tr/attrib. / Li pa gen kòb poul achte mango-yo.
buy a pig in a poke. : Achte chat nan makout (achte chat nan sak). v phr/ mwen pa ka peye san'm poko wè yo, mwen pa achte chat nan makout.
buyer. : Achtè. n. / Bèf-la pou vann, m poko jwenn achtè pou li.
buzz (ears). : Konen. v intr. / Zorèy-mwen ap konen, gen yon moun k'ap pale m mal.
buzz (insects). : Boudonnen. v intr. / Myèl-sa-a boudonnen twòp nan zorèy-mwen.
by. : Pa. prep. / Li pran m'pa dèyè, mwen pat wè 'l.
by far. : Lontan. adv. / Li pl gran pase-ou lontan.

C

cabbage. : Chou. n. / mwen pral fè yon soup ak tout legim men m ap met plis chou ladan'l.
cabinet (consulting body). : Kabinè. n. / Lè kabinè ap tonbe tout moun koute radyo pou konn kilès k'ap monte minis.
cacique (indian chief). : Kasik. n. / Nan tan lontan, lè te gen endyen isit-la, yo te rele chèf-yo kasik.
cackle. : Kodase. v intr. / Al gade sa poul-la genyen pou'l kodase konsa.
cadaver. : Kadav; kò ; mò. n. / Ki lè ou ap antere kadav-la? Sa fè kèk jou li mouri.
cafeteria, dining-hall. : Kantin. n. / Ti moun-yo pa tounen lakay-yo lèmidi, yo manje nan kantin lekòl-la.
cage. : Kalòj n. / Li gen yon kalòj plen pijon.
cajole. : Andyoze. v tr. / Ou konnen ou pap marye, piga ou al andyoze pitit moun-yo.
cake. : Gato. n. / Te gen gato ak kola nan fèt-la.
calabash bowl. : Kwi. n. / Kwi-a sèvi nou asyèt, li sèvi nou bòl, tout bagay.
calabash, gourd. : Kalbas. n. / Gen kalbas long, gen kalbas won, men se ak sa ki won-yo yo fè kwi.
calculate. : Kalkile. v intr. / Kalkile pou wè konbyen mèt sa fe.
calendar. : Almanak. n. / Gade nan almanak-la pou wè ki lè fèt Dye ap tonbe.
calf. : Ti towo. n phr. / Manman bèf-la met ba yon ti towo.
calf. : Vo. n. / Vach ki te plenn-lan fè yon bèl ti vo, li sanble lap gwo kon manman-l.
calf (of the leg). : Molèt. n. / Msye pran yon bal nan janm,nan molèt dirèkteman.
call (to name) ; called (named). : Rele . v tr/attrib. / Ki jan tifi ki ak wòb ble-a rele?
call (to summon). : Rele. v tr. / Ou tande'l ap rele ou, men

reponn li non.
calm. : Kal ; trankil. attrib. / Vè dez è di matin konsa, lavil-la kal, pa gen bri ditou.
calm down. : Mouri poul (mouri ko) ; pran san ; Poze san. / Poze san-ou non tigason!
calm down. : Kalme. v tr. / Kalme ou non monchè, ou gen twòp nè, met dlo nan diven-ou.
calvary. : Kalvè. n. / Nan sezon Karèm, chak vandredi katolik-yo fè posesyon pou y'al lapriyè nan kalvè.
camel. : Chamo. n. / Pa gen chamo nan peyi-m, se nan sinema mwen konn chamo.
camera. : Kodak. n. / Al chache kodak-la pou m pran foto-ou.
camp. : Kan. n. / Chak vakans timoun vwazin-lan al pase yon semenn nan kan.
camphor. : Kanf. n. / M ap mete pomad kanf sou pye k'ap fè ou mal-la.
camphorated. : Kanfre. attrib. / Lè ou pran refwadisman,fwote ko-ou ak alkòl kanfre.
can. : kapab. v aux./ Otorite- a kapab arete ou, men li pa andwa bat ou.
canal, ditch. : Kanal/ Yo fouye yon kanal pou dlo-a pase lè lapli tonbe.
cancel. : Annile. v tr. / Yo annile reyinyon samdi-a.
cancer. : Kansè. n/ Li gen kansè nan bouch, li pral fè operasyon demen.
candelabra. : Chandelye. n. / Pran chandèl-yo met nan chandelye-a paske pè-a pral vini.
candidate. : Kandida. n. / Kandida wè sa pap mache, alò li tou deziste.
candle. : Bouji ; balenn; syèj; chandèl. n. / Lè moun ap lapriyè nan pye sen yo limen bouji.
candle (used in church). : Syèj. n. / Se marenn- mwen ki ap achte syèj-mwen pou mwen.
candy, snack food. : Fridodoy. n. / Tout jounen y'ap manje fridodoy, epi lè manje-a kwit yo derefize manje.
cane. : Badin. n. / Badin pa alamod ankò.
cane (walking stick). : Baton. n. / Kote ou wè tonton-sa-a la-a baton nan men-lan fè de sèvis, li mache sou li, li bat volè avè'l.

cannon. : Kanno. n. / Chak premye janvye, yo tire venteyen kout kanno pou salye nouvèl ane-a.
cannon. : Pyès kanno ; kanno. n phr. / Si ou al visite Sitadel ou ap we tout pyès kanno Wa Kristòf-yo.
cannonball. : Boulèt. n. / Kapwa-Lamò te di: "Boulèt se pousyè".
canoe. : Boumba. n. / Moun-yo travèse Latibo lit nan boumba
cantaloupe. : Kantaloup ; melon. n. / M pito melon frans pase kantaloup.
cap. : Kaskèt ; kepi. n. / Gen tout kalite chapo, men si ou ap travay nan solèy pito ou mete yon kaskèt pase pati devan-an pwoteje je-ou.
Cap-Haitien. : Okap. n/n loc. / Okap se pi gran vil ki genyen nan no.
capital (city). : kapital ; lakapital. n loc. / M prai lakapital demen, sa fè yon ane depi m pa wè fanmi-m-yo ki Potoprens.
capital (money). : Kapital ; kòb ; lajan ; grinbak. n. / Li gen konesans, men li pa gen kapital pou'l louvri biznis-la.
capricious act. : Kapris. n. / Pitit-sa-a gate, li fatige moun anpil ak pakèt kapris li yo.
captain. : Kapitenn (kapitèn, kaptenn, kaptèn). n. / Lè nou rive nan pos polis-la ; kapitenn-lan di nou yo te gentan kenbe volè-a.
capture, to grab. : Kenbe. v tr. / Dat tan lap volè, yo resi kenbe'l.
car. : Vwati ; machin ; otomobil. n. / Si m te gen vwati, m ta fè laling avè'l.
car roof. : Kapòt. n. / Machin-lan tombe tèt anba nan ravin-lan, kapòt-li vin plat.
car seat. : Kousen machin. n phr. / Kousen machin-lan sal, fò nou siye-i anvan n chita.
car, truck. : Machin. n. / Lane-sa-a m'ap chanje machin kanmenm, m'ap pran yon Chevwolè.
carburetor. : Kabiratè. n. / Machin-lan gen gaz men li pa ponpe byen nan motè-a, fè mekanisyen-an gade kabiratè-a pou ou.
carcass. : Kakas. n. / Chen-yo manje tout vyann kochon kil te mouri-a, kakas-la ase yo kite.
card. : Kat. n. / M'ekri tout sa pou ou fè-yo sou yon tikat. cf: katpostal, kat-didantite
card game. : Bourik. n. / Lè ou ap jwe bourik, moun ki pèdi-a,

se li-menm ki bourik-la.
card game. : Twa-sèt. n. / Nou pa gen anyen n ap fè, ann kraze yon twa-sèt.
cardboard. : Katon. n. / M ta renmen yon bwat katon pou mete liv-sa-yo pou m sa voye yo bay kouzen-m Okap.
care (attention). : Swen. n. / Li pran swen timoun-yo byen.
care for (take care of) ; cared for. : Swen. v tr/attrib. / Jan fi-a swen misye-a, li pa ka kite avè'l.
carefree. : Byennere. attrib. / Misye se byennere, m pa fouti gade sa l'ap fè pou m fè tou.
careful. : Fètatansyon (fè atansyon). v intr. / Fètatansyon pou ou pa tonbe lè ou ap desann eskalye-a, tande!
careful. : Veye (veye ko). v intr. / Veye pou yo pa volè kòb-ou, sakit-ou louvri.
caress. : Karès. n. / Chat renmen yo fè karès pou yo tout tan, lè konsa yo fèmen je-yo epi y'ap wonwonnen.
caress, to pamper. : Miyonnen ; dolote. v. / Menm si yo fache pa okipe yo, msye se nèg ki renmen miyonnen madanm-li.
caressing, affectionate. : Karesan. attrib. / Ala ti pitit karesan! Li toujou ap karese manman-l.
caretaker. : Jeran ; gadyen. n. / Mèt jaden-sa-a rete Pòtoprens, li gen yon jeran k ap veye pou li.
caretaker, watchman. : Gadyen ; jeran ; wachmann. n. / Fè gadyen-an ouvè barye-a pou ou.
cargo, load. : Chajman ; chay. n. / Kamyon-an pran yonsèl chajman mango.
carouser. : Banbochè. n. / Ti Pyè pa nèg serye, se banbochè li ye.
carpenter. : Chapant ; ménwizye ; ebenis. n. / Nèg-sa-a se yon bon chapant, seli m ap bay monte kay-mwen-an.
carpet. : Tapi. n. / Mwen sot achte yon bèl tapi pou'm met atè nan salon lakay-la.
carriage (buggy). : Bòs. n. / Granmoun lontan te konn pran bòs, koulye-a se lally.
carrion. : Chawony. n. / mwen pran sant yon chawony, gen lè gen yon rat mouri nan zòn-nan.
carrot. : Kawòt. n. / Prèske tout moun ann Ayiti manje kawòt kwit, yo pa manje'l kri.

carry, to bring, to take. : Pote (pot). v tr. / Li pote pitit-la sou do-l.
carry, to transport. : Bwote. v tr. / Dio-a bwote machin-lan, l'al lage li nan yon ravin.
carton (of cigarettes, matches). : Kilo. n. / M ap desann bò waf-la pou m al achte yon kilo sigarèt ak dis kilo alimèt pou m revann.
case (lawsuit). : Ka ; kòz. n. / Ka-sa-a pral jije nan tribinal pou wè kilès k'ap kenbe pitit-la.
case (receptacle). : Kès. n. / Nou manke bwason, de kès wonm-lan fini.
cash. : Kach ; kontan. n. / nou pa vann kredi isit, fò ou peye kach.
cash a check. : Chanje chèk. v phr. / mwen bay chanje chèk-la pou mwen, yo pati ak lajan-an.
cash register. : Kès. n. / Al peye nan kès-la anvan m ba ou machandiz-yo.
cashew. : Nwa. n. / Vin al achte yon ti nwa griye pou mwen, non.
casino. : Kazino. n. / Chak samdi swa li desann nan kazino al jwe pou lajan.
cassava bread. : Kasav (kasab). n. / M'bezwen yon bon kasav pou manje ak kafe maten-an.
cassava cake. : bobori. n. / Yon sèl bobori plen vant-mwen, machann-lan te met anpil manyòk ladan.
cast a spell on. : Mete bouch sou. v phr. / Depi madanm-sa-a mete bouch sou yon moun se pou malè rive li.
cast a spell. : Voye mo. v phr. / Pitit-la malad san kòz, yo dwe te voye mo sou li.
cast nets (fish). : Sennen. v intr. / N ap leve bonnè demen maten pou n al sennen.
castor-oil plant. : Maskriti (maskreti). n. / Al achte dis kòb lwil maskriti pou mwen grese tèt-ou.
castrate ; castrated. : Chatre. v tr/attrib. / Nèg-sa-apa ka fè anyen ak fi kounye-a paske nèg ki te bare'l ak madanm nan te chatre'l.
cat. : Chat. n. / Gen twòp rat nan kay-la, mwen pral achte yon chat pou menyè touye yo.
catalog. : Katalòg. n. / Koutiryèz-la ap koud rad-la pou ou depi

ou montre'l modèl ou renmen-an nan kataloòg-la.
catch. : Ankese. v tr. / Gadyen-sa-a fò nan ankese balon.
catch. : Pare. v tr. / Ou voye wòch-la anlè, epi ou pare 'l nan pla men-ou.
catch. : Atrape (atrap, trape). v tr. / Voye boul-la, m ap atrap li.
catch ; caught. : Pran. v tr/attrib. / Yo resi pran volè-a.
catch a chill. : Pran lè ; refwadisman. v phr. / Ou fin swe byen swe epi ou wete chemiz-ou devan fennèt ouvè-a, si ou pran lè, ou ap touse tout lannwit.
catch red-handed. : Bare. v tr/ Maten-an mwen bare yo ap fè jouda sou mwen, yo sezi.
caterpillar. : Mawoka. n. / Gade ki jan fèy plant-mwen-yo manje, mwen si se yon mawoka ki fè'm travay-sa-a.
caterpillar (insect). : cheni (chini). n. / Gade gwosè yon cheni ki nan fèy tomat-la.
cathedral. : Katedral ; legliz. n. / Chak maten ou jwenn li devan katedral ap pase dizèn nan chaple-l.
Catholic. : Katolik. attrib/nom. / M se katolik, chak dimanch fò'm al lamès.
catsup. : Sòs tomat. n phr. / Mwen wè gen moun ki mete moutad sou vyann, mwen pa sipòte'l mwen-menm, mwen pito sos tomat.
cattail. : Jon. n. / Jon-an se yon plant ki leve bò dlo, li sanble wozo.
Caucasian. : Blan. n. / Anpil Blan debake nan waf-la jodi-a.
caul. : Kwaf ; fèt ak kwaf. n. / Pitit-sa-a pa manke gen chans, li te fèt ak kwaf.
cauliflower. : Chouflè. n. / Vin al achte legim pou mwen nan mache-a, pa bliye achte chouflè non, paske mwen gen lontan m pa manje sa.
cause (person at fault). : Lotè (lotè). n. / Si yo bat li se ou k ap lotè, pase ou pat dwe fè manti sou li.
cause, reason. : Kòz ; lakòz. n [in the expression pou koz]. / M'pat ka achte lwil-la, m tande boutik-la femen pou kòz mòtalite.
cave. : Tou wòch. n phr. / Gen anpil ti bèt ki viv nan tou wòch.
cayman. : Kayiman ; kokodil. n. / Kayiman-yo tankou yon kokenn chenn zandolit ki manje vyann..
ceiling. : Plafon. n. / Kay-la fini men 'l poko gen plafon.

celebrate. : Fete. v tr. / Tout pitit-yo fin marye, kounye-a y'ap fete.
celebrate. : Selebre. v tr. / Mwen kwè y'ap selebre yon mès pou manman Pòl ki te mouri mwad me.
celery. : Seleri. n. / Lè manman-m ap fè soup pou premye janvye, li pa janm pa met seleri ladan'l.
cement. : Simante. v tr. / Demen, bòs mason-an ap kòmanse simante mi-an.
cement. : Siman. n. / Mwen bezwen simante kay-la, men sak siman vann twò chè kounye-a, mwen pa ka achte.
cemetery. : Simityè. n. :Similak. n/ m'ap asiste antèman-an legliz, mwen pap kapab al nan simityè.
cent (American currency). : Santim. n phr. / De goud se karant santim.
cent (Haitian currency). : Santim ; kòb. n [urb]. / Mwen achte'l pou ven santim.
center (institution). : Sant. n. / Li t al enskri nan sant pou'l al aprann mekanik.
center (of soccer field). : Sant. n. / Li choute depi nan sant, balon an gòl.
center forward. : Avannsant. n. / Li se pi bon avannsant ekip-la.
center of activity. : Wonn. n. / M pa tande ke ou jwe bolèt kounye-a, msye foure ou nan wonn-lan tou.
central pillar. : Poto mitan. n phr. / Kouman pou fè bati yon choukounet san poto mitan!
century. : Syèk. n. / Anvan ou pale ak jenn moun alèkile-yo, yo di ou se nan ventyèm syèk yo ye.
ceramic. : Seramik. n. :: / Mwen pa vle seramik, mwen di ou se mab m'ap mete nan saldeben-an.
ceremony. : Seremoni. n. / Yo fè twòp seremoni nan maryaj- la.
certain. : Sèten. attrib. / Ak moun-sa-yo, se asire pa sèten.
chain. : Chenn (chèn). n. / Lè yon bèt manje kòd, yo mare'l ak chenn.
chair. : Chèz (chèy) ; fotèy, dodin. n. / mwen pap chita sou chèz-sa-a paske li prèt pou kraze.
chalk. : Lakre (lakrè). n. / Pran lakre-a epi ekri non-ou sou tablo-a.
chamber pot. : Vaz. n. / Lannwit, lè ou bezwen pipi, ou mèt sèvi ak vaz ki anba kanbann-lan.

chambray. : Chanbre. n. / Tifi-sa-a, yo pa janm achte lòt rad pou li ke rad ki fèt ak chanbre.
Chame. v tr.: to charm (bewitch). : :: Pou jan nèg-sa-a pat vie wè Ti Mari, si'l rete avèk li kounye-a se ke yo chame'l.
chameleon. : Zandolit. n. / Ala yon bèl ti zandolit, li tou gri.
chameleon. : Aganman. n. / Gwo zandolit-sa-a sanble yon aganman.
chamomile : Kamonin (kamomin)./ Fi ki gen doulè règ bwè te kamonin pou fè doulè-a pase.
champagne. : Chanpay. n. / Lè fèt-mwen m ap achte twa boutèy chanpay pou m ka pran plezi-m byen ak zanmi-m-yo.
champion (winner). : Chanpyon. n. / Ou pa tande radyo, se nèg-sa-a wi ki chanpyon nan foutbòl-la ane-sa-a.
championè-a bay tout chapit-la nèt pou etidye.
char ; charred. : boule ; kankannen. v tr/attrib. / M bliye diri-a sou dife, li brile jis li kankannen.
character (nature). : tanperaman ; karaktè ; bout. n. / Ou konn bout-li, pa fè'l fache.
charcoal. : Chabon. n. / Chodyè-a pa ka bouyi paske pa gen ase chabon nan recho-a.
charcoal burner, brazier. : Recho. n. / Met chabon nan recho-a.
charitable. : Charitab. attrib. / Fi-sa-a, nanpwen moun charitab tankou'l, depi ou wè lekòl pral ouvè se pou li voye kòb ban mwen pou m achte inifòm pou timoun-yo.
charity. : Charite (charit). n. / L ap mande charite nan lari.
charity. : Lacharite (lacharit). n. / Se pou nou aprann fè lacharite a moun ki nan bezwen.
charlatan. : Chalatan. n. / Doktè-sa-a se yon chalatan, li manje tout kòb moun-yo epi malad-la mouri nan men-l.
charlatan. : Saltenbank. n. / Misye se yon saltenbank monchè, li pa janm chache anyen pou'l fè.
charm (spell). : Cham. n. / Moun-sa-yo pran nan jwèt, depi ou al renmen ak pitit-yo y'ap ba ou yon cham, fòk ou marye kanmenm.
charm, to bewitch. : Pran nanm. v phr. / Fanm- lan fin pran nanm msye.
charming. : Karesan. attrib. / Djo se nèg ki gen bonbouch, li karesan, men fò ou veye zo-ou avè'l, se konsa lap trayi tou.
chat. : Kozman ; koze. / Depi tan nou pa wè, m gen yon pakèt

bagay pou m di ou, vin nou fè yon ti kozman.
chauffeur, driver. : Chofè. n. / mwen pap monte nan kamyon-sa-a paske chofè-a kouri machin twòp.
cheap gold colored metal. : Krizokal (krizo). n. / Zanno krizokal-la fè zorèy pitit-la malad, m ap oblije achte yon ti zanno lo pou li.
cheat (to copy). : Pran bèt (pran poul). v phr. / Yo kenbe'l ap pran bèt.
check (drawn on a bank). : Chèk. n. / Manman-m voye yon chèk senkant dola pou mwen.
check (verification). : Tchèk. n. / Ou di'm fi-a marye, mwen pral fè yon tchèk pou'm wè si se vre.
check (verify). : kontwole ; tcheke. v tr. / Al tcheke travay-la pou ou wè si'l byen fèt.
check off. : Tcheke. v tr. / Mwen jwenn ki bò fot-la ye.
checkbook. : Kanè chèk. n phr. / Kanè chèk-mwen fini, fò'm pase labank pran yon lòt.
cheek to cheek (dancing). : Tèt kole. n phr. / M bare Pòl ak Mari k'ap kraze yon tèt kole nan bal D.P.-a.
cheer (acclaim). : Rele viv. v phr. / Lè prezidan-an ap pase, moun bat bravo, yo rele viv prezidan-an.
cheer (gladden) ; delighted. : Rejwi. v tr/attrib. / Sa rejwi kè-m lè'm wè tout pitit-mwen-yo.
cheese. : Fwomaj (fwonmaj). n. / Se fwomaj tèt mo li renmen.
chemistry. : Chimi. n. / Li pati nan peyi etranje, lai etidye chimi.
cherry. : Seriz. n. / Mwen pral fè yon konfiti seriz.
chest. : Pwatrin ; lestomak. n. / Zaboka se bagay ki grese pwatrin. .
chest. : Lestomak (lestonmak). n. / Depi ou wè m pa manje lematen, m gen yon bagay ki fè m mal nan lestomak-mwen.
chew. : kraze. / Si ou manje san kraze, vant-ou pral fè ou mal.
chew (tobacco). : Chike. v tr. / Vye granmoun-sa-a toujou ap chike tabak, se sa k fè dan-l nwa konsa.
chewing gum. : Chiklèt. n. / [illegible] o'm achte yon bwat chiklèt pou m manje paridan m ap swiv fim-lan.
chicken. : Poul. n. / Poul-la ponn anpil ze.
chicken (coward). : Boboy ; kapon, lach. n. / Misye se yon boboy, anvan anyen l'al kache anba kabann.

Chief of State : Chèfdeta
chigger. : Chik. n. / Tonton-an gen chik nan pye-l, li pa fouti met souiye, se pou li degage'l pou'l wete yo paske y'ap souse tout.
child. : Timoun. n. / Di bon-lan pou'l veye timoun-yo pou yo pa tonbe.
child (son, daughter). : Pitit. n. / Konben pitit manman-ou ak papa-ou genyen?.
childbirth. : Akouchman. n. / Madanm-sa-a konn fè akouchman san douiè.
childish. : Anfantiyay. attrib. / Fè pa 'l, se yon moun ki anfantiyay.
childishness. : Anfantiyay. n. / Se anfantiyay ki fè 'l kite travay-la.
chill ; cold, icy. : Glase. v tr/attrib. / Li achte yon blòk glas pou'l glase bweson nan bal-la.
chill (ague). : Refwadisman ; cho-frèt. n. / Si ou sòt mache cho ou al benyen nan dlo frèt, ou ap pran refwadisman.
chime. : Karyonnen ; sonnen. v tr. / Jodi-a se fèt Sakrekè,tout kiòch legliz-la ap karyonnen depi maten.
chin. : Manton. n. / mwen genyen yon pakèt bouton sou manton-m ; mwen pa konnen sa yo ye.
china closet. : Veselye. n. / Mete tout vè nèf-yo nan veselye-a, nou pap sèvi avè yo chak jou.
Chinese. : Chinwa. attrib/nom. / Depi sou je nèg-sa-a ou wè se yon Chinwa'l ye.
chitchat. : Fraz. n. / Nèg-sa-a toujou ap fè fraz.
chitterlings. : Andwi. n. / Andwi-a santi bon, lè nou mete 'l nan manje-a menm se koupe dwèt!
chives. : Siv ; chalòt. n. / Mwen gen siv, se lay pou ou achte pou mwen.
chocolate (beverage). : Chokola. n. / mwen sot bwe yon chokola, li bon, lak tout grès-li ladan'l.
choir. : Kè. n. / Chen-an vin kanpe nan mitan kè-a nan lanmès-la.
choir. : Koral ; kè. n. / Depi'l piti li nan koral, se sa'k fè'l chante byen.
choose. : Chwazi. v tr. / Gen tout kalite manje la-a, chak moun chwazi sa li vle.

choose teams. : Fè yon de kan ; fè kan. v phr. / Annou fè yon de kan.!
chop, to cut up ; chopped, cut up. : Rache. v tr/attrib. / Tou di machann-lan rache vyann-lan pou ou.
chop, to cut up. : Tchake. v tr. / Msye tchake manje-a epi'l kite pou chen-yo.
chopping sound. : Tchap. n. / Yon grenn kout kouto, mwen koupe fèy bannann-lan, tchap.
Christian. : Kretyen. n. / Potestan, katolik, tout se kretyen.
Christmas. : Nwèl. n. / Genyen de kote yo pa fete Nwèl le vennsenk desanm.
chronic complainer. : Babyadò. n. / Nanpwen madanm babyadò kouwè madanm Chal.
chronic complainer. : Plenyado. n. / Mouche se yon plenyado, pa okipe 'l.
chunk. : Bich. n. / Si ou wè yon bich vyann li achte pou senkant kòb!.
church. : Legliz. n/n loc. / Li fè jounen nan legliz-la ap lapriyè.
cigar. : Siga. n. / Tonton-sa-a, se siga'l fimen.
cigarette. : Sigarèt. n. / Pou yon jounen fi-sa-a fimen yon poch sigarèt.
cigarette butt. : Pòy. n. / Li pa gen kòb pou 'l achte sigarèt, lap mache ranmase pòy atè pou 'l fimen.
cigarette lighter. : Brikè. n. / Alimèt-mwen fini, prete m brikè-ou pou m limen yon sigarèt.
cinch. : Sang. n. / Sang-lan sere vant chwal-la twòp.
cinder block, concrete block. : Blòk. n. / Li kraze kay-la pou li ka refè'l avèk blòk.
cinema, movies. : Sinema n loc. / Mwen pral nan sinema aswè-a pase y'ap pase yon bon fim Kapitòl.
cinnamon. : Kannèl (kanèl)/ Mete kannèl nan labouyi-a, lap ba li bon gou.
circle. : Viwonnen (viwonen). v tr. / Li viwonnen kay-la de fwa, li gade tout-o-tou garaj-la tou, li pa wè pèson.
circle. : Sèk. n. / Sèk-la kenbe po tanbou-a.
circle. : Wonn. n. / Fè yon ti wonn paske nou pa gen anpil mab..
circle (act of going around something). : Viwonn ; laviwonn. n. / Se viwonn kay-la mwen di ou fè, se pou mache tout-o-tou li.

circumstance. : Sikonstans. n. / Lè ou pa konn tout sikonstans-yo, ou pa sa jije.
cistern. : Sitèn ; kamyon sitèn. n. / Moun-sa-yo, se nan sitèn-lan yo pran dlo pase yo pa gen tlyo lakay-yo.
Citadel. : Sitadèl. n. / Se Wa Kristòf ki te bati Sitadèl- la.
citation (summons). : manda ; sitasyon. n. / Jij-la voye yon sitasyon ba li pou'l vin kote'l.
cite (a name). : Nonmen (lonmen). v tr. / Pa nonmen non-mwen, mwen pa zanmi-ou.
cite (mention). : Site. V tr. / Depi yo pa site non-ou, konnen ou bannann.
citronella. : Sitwonnèl (sitwonèl). n. / Di'l fè yon te sitwonèl pou mwen.
civic group. : Konminote (kominote). n. / Kominote Chanbelan-an deside pou yo fè yon labatwa nan mache-a.
civil (law, etc), civilian. : Sivil. attrib. / Mèt Pòl ap fè yon kou sou dwa sivil aswè-a.
claim. : Pretann. v tr. / Yo pretann di ke se li ki touye madanm-lan.
claim (demand). : Reklamasyon. n. / Si yo pa ba ou tout kòb-la, se pou ou al fè reklamasyon.
claim, to insist on. : Reklame. v tr. / Se dwa-ou pou reklame sa ki pou ou.
clairvoyance (occult power). : Konnesans (konesans). n. Fò ou pa ranse a nèg-sa-a, li gen konnesans, li se Wòz-Kwa.
clamp down on. : Sere boulon. v phr. / Yo sere boulon misye nan travay, li pa ka soti.
clap (applaud). : Bat men. v phr. / Lè'l fin pale, tout moun tanmen bat men.
clarinet. : Klarinèt./ Nan okès-la, gen yon jenn nèg k'ap jwe klarinèt.
class. : Klas. n. / Nan klas-mwen, gen senkant elèv.
classical. : Klasik. attrib. / Mizik klasik.
claw. : Grif. n. / Atansyon grif chat-la, pou'l pa grafouyen ou!
clavicule : Zo salye. n.
claw. : Grifonnen (grifonen) ; grife ; grafouyen. v tr. / Chat-la grifonnen tout janm pitit-la, se yon chat sovaj anpil.
clay pipe. : Kachimbo. n. / Granpapa-m fimen nan kachimbo, li pa

renmen sigarèt ak siga.
clean. : Nèt ; pwòp. attrib. / Chemiz-la merite lave ankò, li pa nèt.
clean (an animal for cooking) ; cleaned (an animal for cooking). : Netwaye. v tr/attrib. / Fò ou netwaye poul-la anvan ou kwit li, e fòk poul-la byen netwaye.
cleaning. : Pwòpte. n. / Devan kay-la chaje ak fatra toujou, ki kalite pwòpte nou fè la-a?
cleanliness. : Pwòpte. n. / Fò'n siveye pwòpte timoun-yo, fò'n pa kite yo jwe nan tè twòp.
clear (prepare for planting). : Balize. v tr. / M bezwen yon kout men ; m pral balize yon ti moso tè.
clear, evident. : Avidèy. attrib. / Tout moun wè ou renmen komè-a, se yon bagay ki avidèy.
clear up (weather). : Anbeli. v intr. / Tan-an fè yon ti anbeli, lapli-a gen lè pap vin ankò.
clearing (preparation for planting). : Balizay. n. / Kounye-a moun-yo nan balizay, talè yo pral plante.
clearly. : Klèman. adv. / Ou wè klèman m pa gen lajan, depide mwa m pap travay.
cleat. : Kranpon. n. / Mete soulye kranpon-an, tenis-la ap fè pye-ou glise nan labou-a.
clever. : Madre. attrib. / Se pa fasil pou fè msye di sa'l pa vle di paske'l madre tout bon.
clever. : Fò. attrib. / Wi ou fò papa, ou liyen fi-a jistan ou pran lajan-an nan men-l.
climb. : Grenpe ; monte. v tr. / Gade jan nèg-sa-a grenpe kokoye- a.!
climb (socially). : Pran fil. v phr. / Fanm-lan pran fil nèt, li gen kat kay nan Pòtoprens.
climb, to climb on. : Monte (moute). v tr. / Pa bliye valiz-ou lo ou ap monte avyon-an. monte msye.
clip. : Tonn. v tr. / Gade kwafè-a tonn tèt msye kareman.
clip-clop (horse trot). : Plokotop. Interj. / Gen lè gen yon moun ki ap vin la-a sou cheval, mwen tande plokotop.
clippers. : Tondèz. n. / Kwafè, ou pase tondèz-la twò fò dèyè tèt-mwen..
clitoris. : Krèk. n [vulg]. / Se Fanm ki gen krèk. cf clitoris.

clitoris. : Klitoris ; krèk. n. / Gen de kote yo retire klitoris fi depi lè yo timoun.
clock. : Pandil. n. / Gad ki lè pandil-la bay pou mwen.
clock, watch. : Lè. n. / Lè-m-lan rete, fò'm ba li chenn pou li ka mache.
close ; shut, closed. : Fèmen. v tr/attrib. / Fèmen pòt-la pou bèt pa antre nan kay-la.
cloth. : Twal (twèl). n. / Ban m moso twal pou m siye tab-la.
cloth (dishcloth, rag). : Tòchon. n. / Prete-m tòchon ki nan men-ou-lan pou m desann chodyè cho k sou dife-a.
clothes, clothing. : Rad. n. / mwen gen yon pakèt rad pou'm voye nan dray.
clothes hanger. : Sèso. n. / Lè ou fin pase rad-yo, mete yo nan sèso epi kwoke yo nan amwa-a.
clothing. : Rad. n
clothing (badly cut). : Pakoti. n. / mwen pa met pakoti sou mwen.
cloud. : Nway. n. / Nway kouvri syèl-la, lapli gen lè pral tonbe.
clout (blow). : Mayèt. n. / Msye konprann li ka goumen ak mwen, mwen fout li yon mayèt mwen fè'l rete trankil.
cloves (spice). : Jiwòf ; tèt jiwòf. n. / Jiwòf se yon zepis m'pa renmen mete nan manje.
cloves (spice). : Tèt jiwòf (klou jiwòf). n phr. / Di bon-lan lage de tèt jiwòf nan pwa-a tande.
clown. : Fè makak. v phr. / Ala tigason bèt papa!Sispann fè makak, non. Ou deja tou lèd pou ap fè grimas konsa.
clown (fool). : Madigra. n. / Li konprann se yon gwo zafè'l ye ; gad madigra-a non, li pa wè lap fè tenten.
clown around. : Fè lamayòt ; fè tenten. v phr. / Se pa lamayòt non plis esklav-yo tap fè, ni joujou lakomedi.
club (beat). : Bay chaplèt. v phr. / Yo bay nèg-la chaplèt pou li pa chape.
club (beat). : Chaplete. v tr. / Yo tèlman chaplete'l tout zo nan ko-l kase.
club (cards). : Trèf. n. / Msye konprann lap fè ladennyè ak las trèf, li bliye dis-la te nan men-m.
club (weapon). : Chaplèt.n. / nèg-sa-a gen yon chaplèt lakay la, yon moun al chache'l kont, lap kokobe'l ak chaplèt.

club (weapon), : Kokomakak n. / Li toujou dòmi ak yon kokomakak bò tèt-li pou si volè antre nan kay-la.
club (weapon), cudgel. : Makak. n. / Yo arete'l, plis yo vide makak sou li.
clumsy. : Kòkòb ; maladwat. attrib/nom. / Kòkòb-sa-a li pa fouti teke yon mab.
clumsy. : Goch (goch) ; malagòch. attrib. / Ala goch, sa fè senk vè li kraze nan jounen-an!
cluster. : Grap. n. / Grap kennèp-sa-yo piti pou senk kòb, met de grenn sou li.
clutch (auto). : Klòtch. n. / Lè ou pral chanje vitès, peze klòtch-la pou machin-lan pa mouri.
coals, : Chabon dife. n phr. / Lè m fin fè manje mwen touye tout chabon dife.
coarse (vulgar). : Bawòk ; mastòk. attrib/nom. / Ala nèg bawòk papa! Tout sa ou di'l li fache, epi li pa konn ki jan pou'l pale ak moun.
coast downhill : Fè wou lib. v phr. /. : : Lè mwen rive sou pant-la m fè wou lib.
coast guard. : Gadkòt. n. / Msye antre nan gadkòt ane dènye, li pa pase matlo, li pa al sou bato, men'l gentan ofisye!
coastal area (usually in the South of Haiti). : Lakot. n/n loc. / Moun-sa-yo, se lakot yo rete.
coastal trade. : Kabotaj (gabotaj) ; konmès. n. / Anpil bato Lagonav ak Senmak fè kabotaj chabon..
coasting (downhill). vg. Lè'm rive sou mòn-lan, mwen desann an wou lib..
coat ; coated. : Randwi. v tr/attrib. / Mason-an poko kòmanse randwi.
coat (coating). : Randwi. n. / Randwi-a pa bon, ki mason ki fè travay-sa-a?
coating. : Randwisay. n. / Yo fè randwisay-la ak mòtye fen.
cock (a gun). : Baskile. v tr. / Lè jandam-yo tande bri yo baskile fizi-yo.
cock (penis).: kòk
cockroach. : Ravèt. n. / Gen twòp ravèt nan kay-la, fò'm met pwazon pou'm touye yo.
cockscomb. : Krèt. n. / Ou ka wè sa se pa yon ti poulèt,gad

gwosè krèt-li.
cockscomb (flower). : Krètkòk. n. / M plante krètkòk sou kote kreton-lan, ou a gen wouj ak jòn nan jaden-an.
cocksis. : Kòksis. n/ Depi m' chita twòp kòksis mwen fè m' mal.
cocktail. : Kòktèl ; gwòg. n. / M pa renmen kòktèl-la twò dous, pa met twòp sik epi mete yon ti sitwon pou mwen silvouple.
cocoa. : Kakawo (kakao). n. / Se avèk grenn kakawo yo fè chokola.
cocoa (powder). : Chokola an poud. n phr. / mwen gen yon sache chokola an poud, mwen pral fè'l pou mwen bwè.
coconut. : Kokoye (kòk). n. / Pye kokoye-sa-a donnen anpil kokoye.
coconut bread. : Konparèt. n. / L al Jeremi, li di lè lap tounen lap pot konparèt pou mwen.
coconut cookie. : Kokonèt (konkonnèt). n. / M ap graje kokoye pou m al fè kokonèt.
cod. : Lanmori (mori)./ Lanmori se yon pwason Ayisyen renmen anpil, yo konn cheche'l ak sèl pou li ka konsève lontan.
coffee.: kafe. n. / sèvi-l yon tas kafe.
coffee filter (cloth). : Grèp. n. / Grèp-la koule, gen ma nan kafe-a.
coffee pot. : Kafetyè (kaftyè). n. / Al pran kafetyè-a pou fè kafe.
coffin. : Sèkèy. n. / Gen moun ki bay fè sèkèy-yo met la anvan yo mouri.
coin. : Pyès. n. / Li gen bwat sekrè ki plen ak pyès de goud e demi.
coin purse, money bag. : Sakit. n. / Madan Sara-yo sere sakit lajan-yo anba tete-yo.
cola (soft drink). : Kola. n. / Al achte de boutèy kola pou nou bwè lè nou fin manje.
cold. : Frèt. attrib. / Mete chemiz manch long pito pase'l fè frèt anpil.
cold. : Grip ; rim ; anrime. n. / An moun soufri ak grip lè se sezon lapli.
cold (indifferent). : Frèt. attrib. / mwen pa renmen al ak madanm-sa-a, li yon jan frèt ak moun twòp.
cold (suffering from a cold): Anrimen, gripe. attrib. / Pola anrimen, gòj- li ak tèt-li ap fè 'l mal.

cold (weather), chill. : Fredi. n. / mwen pito fredi, chalè pa fè'm byen.
collaborate. : Fè konpany. v phr. / Vin jwenn mwen,n a fè konpany.
collapse. : Anfale ; vide, tonbe. v intr. / Gwo kay chanmòt-la anfale, li touye dis moun.
collapse, to cave in. : Vide. v intr. / Kay-la te deja pat solid, lè gwo van-an pase, mi-yo ak tèt kay-la vide, li kraze nèt.
collar. : Kolèt ; kòl, kole. n. / Pa kenbe m nan kolèt.
collarbone. : Salyè. n. / Li tèlman mèg, tout zo salyè-l soti.
collateral. : Garanti. n. / Labank pap prete ou tout kòb-sa-a si ou pa gen garanti.
collection (money). : Kèt (lakèt). n. / Yo fè kèt pou peye lantèman granmoun-lan.
collection (of money). : Kotizasyon. n. / Y'ap fè kotizasyon pou achte drapri pou legliz-la.
collective farm work. : Konbit (koumbit) ; kove. n. / Papa-m tèlman gen anpil pistach, lè lap rache yo se konbit pou'l fè.
college freshman, secondary school graduate. : Filozòf. n. / Li se filozòf, se sa k fè li pa vle fè nenpòt travay.
cologne, perfume. : Losyon. n. / Losyon-ou-lan santi bon ; ban mwen ti kras pou m met sou mwen.
colonel. : Kolonèl. n. / Yon jeneral gen pils otorite pase yon kolonèl.
colonial times. : Lakoloni. n. / Depi lakoloni joukensi gen moun ki nan bitasyon-an.
colony. : Koloni. n. / Sendonmeng se koloni ki te pi rich nan tan lontan.
color. : Koulè. n. / Koulè-a se wòz.
column. : Kolonn. n. / Nan parad-la maten-an te gen omwen dis kolonn militè ki tap mache opa.
comb. : Peny ; kout peny. n. / Dan peny-sa-a twò piti, mwen pap penyen tèt- mwen avè 'l.
comb ; combed. : Penyen. v tr/attrib. / Kounye-a se li ki penyen tèt-li.
combat. : Konba ; batay. n. / Se nan konba m ye avè'l la-a pou'l ka manje manje-a.
come. : Vini. v intr. / Pa kanpe lwen m konsa, vini pi pre..

come. : Vin. v aux. / Lè ou rive nan boutik-la, se pou ou di ou vin achte yon liv farin.
come in! : Respè. interj. / Mwen tande moun-lan di "onè," m reponn "respè," epi lè'm ouvè pòt-la m'pa wè pèsonn.
come what may, in any case. : Wè pa wè. adv phr. / Wè pa wè, fòk m ale kanmèm.
comedian. : Komedyen (konmedyen). n. / Nèg-sa-a se yon komedyen, se toutan lap fè tenten.
comedy (event). : Komedi (konmedi). n. / Gade monchè,m pa nan komedi ak moun.
comfort. : Konfò. n. / M vle yon otèl ki pa twò chè e ki gen anpil konfò.
comfortable, well-off. : Alèz. attrib./ Manman-l ak papa-l gen anpil lajan, msye alèz.
comical. : Komik. attrib. / Monchè, msye te tèlman komik m mete vant atè pou m ri.
comings and going. : Vatevyen. n. / Detanzantan ou ale deyo-a, lè fini ou antre, poukisa tout vatevyen-sa-yo?
commander. : Kòmandan (konmandan). n. / Kòmandan-an di konsa si nou pa fè travay-nou byen'l ap mete nou nan prizon.
commentary. : Kòmantè. n. / Maten-an nèg nan Radyo Metwopòl-la te fè yon kòmantè ki pat mal.
commission. : Anchaje. v tr. / mwen anchaje avoka-a pou regle sa pou mwen.
commission (on sales). : Komisyon. n. / Machann pen-yo se a komisyon yo vann pou mèt boulanje-yo.
commit (oneself). : Angaje. v tr. / Blan-sa-yo te angaje tèt-yo kòm esklav pou trannsi mwa.
committee. : Komite (konmite). n. / Chak samdi Komite AksyonKominotè-a reyini.
common (cheap, inferior). : Odinè.. attrib. / Yo pa vann twal òdinè nan magazen-sa-a.
common jack : Karang. n. / Pwason karang.
common law marriage. : Plasay (plasaj). n. / Gen plasay ki pa kanmarad anpil maryaj.
common sense. : Konnesans (konesans). n. / Timoun piti pa gen konesans, yo pa konn sa y'ap fè.
common sense. : Bonsans. n. / Si ou te gen bonsans, ou pa ta

mete chodyè-a sou chèz-la.
common sense, wits. : Bonnanj. n. / Pitit-sa-a twò egare, bonnanj-li gen lè pa sou li.
commune (administrative district). : Komin. n. / Se pa mwen ki kenbe papye tè-a, men si ou al gade nan kadas komin-lan ou ap wè se eritaj fanmi-m.
communication. : Konminikasyon. n. / Kou m rive m ap antre an kominikasyon avè yo.
communion (sacrament). : Kominyon (konminyon). n. / Pou kominyon pitit fi-l-la, li depanse yon pakèt lajan.
communique. : Konminike (kominike). n. / Yo pase yon kominike pou pèsonn pa jete fatra nan lari.
community center. : Kominote (kominote). n. / Lè anketè-yo vini n a mete yo dòmi nan kominote-a.
companion. : Konpayon (konpayèl, konpay). n. / Ki miraki Ou pou kont-ou jodi-a, kot konpayèl-ou?.
companions, entourage.: Lantouraj (lantouray, antouray). n. / Tout tan li chita ap pale ak yon bann move moun, kalite lantouraj-sa-yo ap detenn sou li.
company (business). : Konpayi. n. / L ap travay nan konpayi fabnak-la.
company (companionship). : Konpayi. n. / M pa renmen konpayi moun-sa-yo, yo renmen pale moun mal twòp.
compare. : Konpare. v tr. / Lè ou konpare de bagay-sa-yo ansanm, ou pa wè yo pa menm?
compare to. : Mete avèk. v phr. / Ou se yon avoka, mwen-menm'm se yon doktè, ou tou wè ou pa sa mete'm avèk ou.
compass. : Konpa. n. / Prete m konpa-ou pou m trase yon sèk.
compass. : Bousòl. n. / Batiman-an pa gen bousòl, se sou zetwal nou gade.
compete. : Fè konkirans. v phr. / mwen pa nan fè konkirans ak pèsonn.
competition. : Piedman. n. / Y'ap fè piedman pou yo wè sa ki ap rive anvan lòt.
complain. : Plenyen. v intr. / Granmoun-sa-a plenyen twòp, mwen pa fouti ret kote 'l.
complain, to bellyache. : Wouspete ; babye ; bougonnen. v intr.

/ Ou pa fèt pou wouspete ak manman-ou.
complaint.: Plent. n. / mwen pral pote manman-ou ak papa-ou plent pou ou.
completely. : Toutafè ; nèt. adv. / fòk ou retire soulye-a toutafè pou doktè-a wè sa ou gen nan pye.
completely, without exception. : Nèt. adv. / Tout moun nèt chita bò kot misye pou yo tande blag.
complicate ; complicated. : konplike ; Mangonmen. v tr/attrib. / Nèg-yo pa konnen ki jan pou yo rezoud pwoblèm-lan, li twò mangonmen.
compliment. : Konpliman. n. / M fè ou konpliman pou jan ou chante byen.
component, single unit. : Grenn. n. / mwen kite chosèt-mwen la, men mwen pa wè yon grenn.
compound (residences). : Lakou. n. / Tout moun nan fanmi_an ap bati kay-yo menm kote, n ap fè yon gwo lakou.
compress. : Konprès. n. / Si'l gen lafyèv, mete yon konprès dlo frèt sou fwon-l.
compromising. : Antravan. attrib. / Fi-sa-a twò antravan pou mwen, mwen pa nan relasyon avè 'l.
comrade, friend, buddy. : Kamarad (kanmarad) ; zanmi. n. / Jak se kamarad lekòl-mwen, nou te fè tout klas-nou ansanm.
conceal. : Bare. v tr. / Pandan l'ap li lèt-la li bare'l pou'm pa wè.
conceit. : Ògèy. n. / Se moun ki gen ògèy, poutèt sa ou di l-la, li pap janm vin isit-la ankò.
concern. : Gade (regade). v tr. / Sispann poze'm kesyon konsa, sa pa regade ou, kouman ou tchotchowè konsa-a'
concern (affair), business (affair). : Koze. n. / Nan koze-sa-a, fi-a sitèlman vin bouke, li pa al travay djòb-la.
conch (shell): Lanbi. n. /. : : Lanbi se yon manje Ayisyen renmen anpil.
conch shell. : Kon lanbi. n phr. / Gade kote ou ap mache pou pil kon lambi-sa-yo pa blese pye-ou.
concrete (cement). : Beton (breton) ; siman. n. / Misye ap bati kay la an beton..
condemn (convict) ; condemned (convicted). : Kondane. v tr/attrib. / Jij-la kondane'l, li ba'l dez an prizon.
condemn (judge unfit for use) ; condemned (unfit for use). :

Kondane. v tr/attrib./ Bokit-sa-a kondane.
condemnation. : Kondanasyon. n. / Doktè-a ba'l kondanasyon'l, li di li li rete de mwa pou'l viv ankò.
condition (restriction). : Kondisyon. n. / M pa dako ak kondisyon-sa-a.
condition (state). : Kondisyon. n. / Kay-la nan yon move kondisyon, fò'm fè yon bon travay ladan pou fèt-la.
condolence. : Mèkondoleyans. n. / Mèkondoleyans monchè, mwen pa te konnen si papa-ou te mouri.
condom. : Kapòt. / Menm si ou pa renmen kapòt pito ou sèvi avè yo pou ou pa ansent fi-a.
conductor, maestro. : Mayestwo. n. / Nèg ki ap dirije okès-sa-a se yon gran mayestwo.
cone. : Kònè. n. / A midi-a, m bwè de kònè krèm.
confess one's sins. : Konfese. v intr. / Gen moun lè yo konfese yo bay pè-a rèd manti.
confession (church). : Konfesyon. n. / Jodi samdi gen konfesyon legliz-la, m prai konfese.
confidence, trust. : Konfyans. n. / M pa fè'l konfyans pase'l te pote m yon kou deja.
confine, to imprison. : Fèmen. v tr. / Li fèmen ti bèt-la nan yon kalòj.
conform (to the rules). : Konfòme. v tr. / Pa sòti pye atè, konfòme ou!
confront someone. : Koresponn. v intr. / Li di'l genpou'l koresponn ak ou.
confusion, disorder. : Telele. n. / Dyaz pa menm ka fin jwe. Gen yon sèl telele pete, tout moun gaye, polis voye baton.
congratulations. : Konpliman. n. / M wè ou toujou fè bèl nòt nan klas-la. Konpliman, monchè!
conjugate. : Konjige. v tr. / Jan ou di ou fo-a, epi oupa menm ka konjige vèb "avwa".
conjunctivitis. : Malozye. n. / Je-ou wouj epi'l ap fè lasi ; gen lè ou prai gen malozye.
connecting-rod (car). : Byèl. n. / Ou bezwen fè yon ovèòl nan machin-ou-a, frapman ou tande-yo se frapman byèl.
connections. : Fil ; pran fil ; bay fil. n. / Ou pa gen fil, ki jan ou vle pou jwenn djòb.!

consent. : Konsanti ; dako. v intr. / M pa konsanti ditou ak kondisyon-ou-lan.
consent. : Mache. v intr. / Si ou ba'l pri-sa-a pou kay-la, ou wè'l pa di anyen, se ke lap mache.
consequence. : Konsekans. n. / Fòk ou pa fè moun mechanste pase se pitit-ou k'ap sibi konsekans-la.
consider (regard). : Konsidere. v tr. / Li konsidere'm tankou pitit-li.
consider as. : Pran . v tr. / Pase'l fè tankou'l pa konprann-lan, yo pran'l pou yon egare.
console. Depi maten lap kriye, al konsole'l non monchè.
consomme. : Konsonmen ; bouyon. n. / Machann-sa-a fè bon konsonmen
conspiracy. : Konplo. n. / Se yon konplo yo fè sou mwen ki fè bòs-la revoke m.
conspiracy. : Konplotaj. n. / Moun-sa-yo tout jounen yo nan konplotaj, yon lè konsa tout bagay gen pou pete.
conspire. : Konplote. v intr. / L al konplote ak lòt nèg-la pou'l ka debarase'l ak mari-l-la.
constipated. : Konstipe. attrib. / Pitit-la pa fè bezwen depi maten, gen lè'l konstipe.
constipation. : Konstipasyon. n. / M di ou fòk ou pran yon metsin pou konstipasyon-ou, ou pa vie'
construct ; constructed. : Konstwi ; bati ; monte. v tr/attrib. / Frè-m-lan ap konstwi yon bèl kay Laboul.
construction. : Konstriksyon. n. / Ki konstriksyon dwòl-sa-a? --Sa-a se yon mozole yo konstwi pou gran jeneral ki mouri-a.
construction (action). : Batisman. n. / Tonton-an nan batisman kounye-a, ou pap jwenn li lakay-li.
construction materials. : Materyo. n. / Depi se fè tiyo,tiyo plastik, siman, planch...tout materyo-sa-yo ou ap jwenn yo kay Etelou.
construction site. : Chantye. n. / Enjényè sèl chèf sou chantye, ti bòs rale kò-yo.
consult. : Konsilte. v tr. / L al konsilte lwa-l- yo anvan li fè'l.
consultation room, office. : Kabinè. n. / Kliyan-an rantre nan kabinè avoka-a depi maten-an.
consumptive, tubercular. : Pwatrinè ; tebe. attrib. / Li pwatrinè, yo voye'l sanatoryòm.

contact. : Kontak. n. / Se jodi-a m pral pran kontak avè'l.
contagious, catching. : Atrapan. attrib. / Nanpwen maladi atrapan konsa, se maladi pwatrin.
contain. : Kenbe. v tr. / Boutèy-la kenbe yon ka
contaminate ; contaminated. : Kontamine. v tr/attrib. / Si ou bwè dlo-sa-a, ou ap kontamine.
contempt, scorn. : Mepriz. n. / Sa ou jete pa mepriz, ou ranmase'l pou bezwen.
contentment. : Kontantman ; jwa. n. / Manman-l vini jodi-a, se kontantman ki fè'l pa ka manje.
contest. : Konkou. n. / Li pral patisipe nan konkou ladwann- lan. Ou pa janm konnen, si chans pou li, li ka bon.
continue. : Kontinye (kontinwe). v intr. / Li malad men li kontinye al lekòl.
contract. : Kontra ; dokiman. n. / Anvan ou siyen kontra-a fòk ou li'l byen pou wè si'l nan avantaj-ou.
contradiction. : Kontradiksyon. n. / Anpatan, te gen yon kontradiksyon ansyen-lib yo ak nouvo-lib yo.
contrary. : Okontrè. conj. / O wi, mwen wè 'l, okontrè se bò lakay-la li rete.
contrary. : Lekontrè. n. / Sa ou di-a, se lekontrè de sam panse-a.
contrary (on the contrary). : Toutokontrè ; okontrè. conj. / Toutokontrè m mande ou pou ou pa di anyen, kite moun-yo an repo.
cook. : Kizinyè (kizinyèz, krizinyèz). n. / Kizinyè-a voye yon konmisyonnè chache chabon sou waf-la. sòti bon.
cook ; cooked. : Kwit (kwit). v tr/attrib. / Diri-a poko kwit, kite'l sou dife toujou.
cookie. : Bonbon. n. / Kou yo ba'l kòb li kouri al achte bonbon.
cooking butter : Bè chalonè. prep phr/ Achte diskòb bè chalonè pou mwen.
cool ; cool. : Refwadi (rafredi). v tr/attrib. / Wè si ou te ka refwadi te-a pou mwen.
cool, fresh. : Fre. attrib. / Gen yon bon ti van fre bò isit-la ; vin chita la-a pito.
cool herb drink. : Rafrechi. n. / Li fè rafrechi fèy koton pou'l bwè.
cool off (fig). : Mete alatranp. v phr. / Kouman ou move konsa

jodi-a? fò ou mete ou alatranp monchè.
copiously, in large quantity. : Agogo. adv. / Yo bay bwason agogo nan fèt-la.
copper.: kwiv. n. / Se nan izin kwiv-la wi misye ap travay.
copy. : Kopye. v tr. / M ap kopye chante-sa-a, li bèl.
copy (imitate). : Gade sou. v phr. :Gade pou wè. v phr. / Pa gade sou sa Ti Jan fè.
copying exercise (penmanship). : Kopi. n. / Chak lendi maten nou fè kopi nan klas-la.
coral. : Koray. n. / Pechè-yo plonje y'al dèyè koray pou yo vann ak touris.
cork. : Lyèj. n. / Se ak bouchon lyèj pou ou bouche boutèy-la.
cork (stopper), stopper. : Bouchon. n. / Moun-yo fè bouchon ak bougon mayi.
corn (grains). : Mayi an grenn (mayi grennen). n phr. /Fòk ou bay kòk mayi an grenn pou angrese li.
corn starch, cornflower. : Farin mayi. n phr. / Li pote yon sak farin mayi pou timoun-yo fè labouyi.
corncob. : Bougon mayi (bwa mayi). n phr. / Li fè bougon mayi-a sèvi bouchon boutèy.
corner. : Fèmen. v tr. / Yo fèmen misye anba makak nan korido-a.
corner. : Kwen ; kafou. n. / Li bale mitan chanm-lan, li kite kwen-yo byen sal.
corner. : Jennen. v tr. / Yo jennen rat-la dèyè bifèt-la.
corner ; cornered. : Sentre. v tr/attrib. / Jandam- lan al sentre msye nan kalfou-an, li pa kite'l sove.
cornered. : Fin bout. v phr. / Si ou fè zafè ak nèg rèd-sa-a, ou fin bout.
cornered (in a tight spot). : Antrave. attrib./ Ayisyen-an di tou piti nan kè "mwen antrave avèk chat sa-a"
cornmeal (coarsely ground). : Mayi moulen. n phr. / Si yon nèg grangou tout bon se yon mayi moulen pou'l manje.
corporal. : Kaporal. n. / Lejis pa senp jandam ankò, li monte grad kaporal.
corpse, dead person. : Mò. n. / Yo pran mo-a, yo mete'l nan mòg.
correct. : Korije. v tr. / Fò m korije yon bann papye aswè-a.

correctly. : Korèkteman. adv. / M pral aprann timoun-yo pale franse korèkteman.
correspond. : Koresponn. v intr. / Sa ou di m-lan pa koresponn avèk sa m di ou-la.
corrupt ; corrupt. : Pouri. v tr/attrib. / Si ou kite pitit-ou-a fè zanmi ak tifi-sa-a lap fin pouri'l pou ou.
corrupt ; corrupt. : Kowonpi. v tr/attrib. / Tifi-sa-a fin kowonpi lòt-la.
cost. : Koute. v tr. / Chemiz-la koute m ven goud.
cotton. : Koton. n. / Y'ap pase koton-an nan machin pou wete grenn-yo.
couch grass. : Chendan. n. / Gen yon pakèt chendan nan jaden-m-lan, fo'm rache yo paske yo anpeche mayi-m-yo grandi.
cough. : Touse. v intr. / M twouve msye touse anpil, pito ou mennen'l kay doktè.
cough. : Tous (latous). n. / Li gen yon gwo tous sou li, fòk ou mennen'l kay doktè.
count. : Konte ; kontwole. v tr. / Fò ou konte kòb-la anvan ou pran li.
count ; counted. : Regle. v tr/attrib. / L ap regle lajan-an pou'l wè si'l fè benefis sou machandiz-la.
count (to be important). : Konte. v intr. / Moun-sa-yo, se yon sèl bagay ki konte pou yo, se lajan.
count (to be important). : Pale. v intr. / Pou moun-sa-yo se lajan ki pale.
count on. : Konte sou. v phr. / Ou-menm menm m konte sou ou, m konnen ou pap fè m wont.
counter (of shoe, boot). : Ranfò. n. / Ranfò soulye-a solid, mwen renmen'l.
countryside. : Andeyò (andèwo). n/n loc. / Gen moun andeyò ki pa renmen vin lavil. anpil timoun al andeyò.
county sheriff. : Chèf seksyon. n phr. / Chèf seksyon-an voye arete nèg ki goumen-yo.
courage. : Nannan. n. / Msye pa kapab dirije yon faktori, li manke nannan twòp.
course (class). : Kou. n. / Mèt Pòl ap fè yon kou sou dwa sivil aswè-a.
court (legal). : Tribinal. n. / Msye mennen m nan tribinal pou yon

afè bèf..
court, to go after (amorously).: File. v tr. / Ti Djo ap file kòme-a depi si mwa men li poko kapab bon.
courteous. : Galan ; byennelve. attrib. / Nèg galan ap fè jako pyevèt dèyè medam-yo.
couscous. : Kouchkouch. n. / Pa gen anpil moun ki manje kouchkouch Pòtoprens.
cousin (female). : Kouzin. n. / Lè m al ka matant-mwen se toutan mwen ak kouzin-mwen-yo n ap fè diskisyon.
cousin (male). : Kouzen. n. / Pòl ak Chal, se pitit de frè yo ye, yo se kouzen.
couth, manners. : Mannyè. n [used negatively]. / Timoun-lan san mannyè tankou sa'k leve nan savann.
cover. : Kouvèti. n. / Chodyè san kouvèti pa kwit diri.
cover. : Kouvri. v tr./ Kouvri kabann-lan avèk dra-a.
covering (bark, skin). : Kal. n. / Wete kal pwason-yo anvan ou mete yo nan dife.
covering (peeling, shell, etc). : Po . n. / Bouyi po bannann-yo pou kochon-an.
cow. : Vach ; bèf. n. / Vach-sa-a bay bon lèt..
coward. : Poul mouye. n phr. / Nèg-sa-a se yon poul mouye, madanm-li fè sa'l vle avè'l.
coward. : Kazwèl ; kapon. attrib/nom / Bouki ba ou yon kout pwen enpi ou ap fè kazwèl, ou pa renmèt li li.
coward, weakling. : Lach. attrib/nom. / Ou se yon lach ; li di ou vin goumen, ou kouri.
cowardly. : Kapon. attrib. / Ou kapon, monchè! Volè antre lakay-ou epi ou kache anba kabann!
cowardly, spineless. : Fenyan. attrib/nom. / Misye fenyan konsa, lap kriye poutèt yon ti blese.
cowboy. : Kòboy. n. / Li renmen al gade fim kòboy.
crab. : Krab. n. / Jodi-a, m ta manje krab ak kalalou.
crab, louse. : Mopyon. n. / Si ou pat al nan bouzen ou pa ta janm pran mopyon, se bon pou ou.
crack ; cracked. : Fele ; fann ; Krake. v tr/attrib. / Vè-a fele, piga ou bwè ladan li, la blese ou.
crack, opening. : Jwen ; tou ; fant. n. / Men yon ti jwen, wè si ou ka pase filfè-a ladan'l.

crack, to split ; cracked, split. : Pete. V tr/attrib. / Li pete tèt tigason-an ak yon kout wòch.
crack, to split. : Fann. v intr. / Tè-a fann tèlman sèk-la rèd.
cradle. : Bèso. n. / Pitit-la dòmi, al mete'l nan bèso-l.
crammed (full). : Bonde. attrib. / Lari-a bonde ak moun, ka byen gen yon aksidan.
cramp. : Lakranp (kranp). n. / Lakranp pran mwen nan lanmè-a, m santi tout janm-mwen vin lou.
crank-case. : Kwachaf. n. / Kamyon-an pran pàn kwachaf.
crankshaft. : Chaf. n. / Machin-lan fè yon gwo aksidan, chaf-li pete.
crankshaft. : Vilbreken. n. / Motè machin-lan pa vire byen, petèt se vilbreken ki gen kèk bagay.
crash (a party). : Pran daso. v phr. / Dasomann pa peye nan bal, yo pran daso.
crash! : Bow. interj. / Kamyon-an soti laba, li frape ak tren-an bow!.
crawl. : Rale . v intr. / Li gen si mwa, li te dwe kòmanse rale.
crayfish. : Kribich. n. / Timoun! Al kenbe kribich nan rivyè-a pou m mete nan sos-la.
crazy. : Toke (tòktòk). attrib. / Ki sa ou ap di la-a? Ou gen lè toke, monchè.
crazy. : Vire ; Fòl ; Fou. attrib [used with tèt]. / Tèt-ou gen lè vire, yon moun ki byen nan tèt-li pa ta fè sa ou fè-a.
crazy. : Fòl. attrib [female]. / Ou pa bezwen pran sa Joslin ap di-yo oserye, li fòl.
crazy, in : Fou. attrib./ Se yon moun fou li ye, li toujou gen yon pakèt tyanpan nan men-l.
crazy, loony. : Loke. attrib. / Se yon moun tèt loke li ye, ou pa bezwen pedi tan-ou pale avè'l.
cream (lotion). : Krèm ; pomad. n. / Li pase krèm sou po-li pou bouton- yo ka geri.
cream (of milk). : Krèm. n. / Tifi-a bwè tout krèm lèt-la.
create. : Kreye ; fè. v tr. / Si Bondye kreye nou pou nou sanble li, fò nou kreye tou.
creature. : Kreyati. n. / Moun se pi bèl kreyati Bondye.
creche (day nursery), orphanage. : Krèch. n. / Manman-li te mouri, yo te mete'l nan krèch.

creche (nativity scene). : Krèch. n. / Yo fè on krèch legliz-la chak epòk Nwèl.
credit. : Kredi. adv. / Vann kredi bay plis travay, ou oblije mache dèyè moun pou touche.
credit. : Kredi. n. / M gen kredi nan boutik ALbè_a pase se sèl jan pou m touche kòb li dwe m-lan.
credulous person, timid person. : Boubou. n. / Misye se yon boubou, tou sa fi-a di'l, li kwè.
creeping plant (tropical). : Lyann (lyàn). n. / Pandan lap kouri nan bwa-a, pye-l kwoke nan yon bann lyann, li tonbe sou bouch.
Creole (language). : Kreyòl. n. / Isit nan peyi d'Ayiti, se kreyòl nou pale.
creole (native). : Kreyòl. attrib. / Mwen pito pran bèl ti fanm kreyòl-nou-yo pase m al kouri dèyè etranje.
crewcut, butch. : Alabwòs. adv./ Timoun fè tèt-yo alabwòs
cricket (insect). : Krikèt. n. / Kouman timoun-lan fè vole wo konsa? Ou ta di se yon krikèt.
crime. : Krim. n. / Ala krim ki gen kounye-a.
criminal. : Kriminèl ; ansasen. n. / Nèg-sa-se yon kriminèl wi, li te gen de pitit li touye-yo, epi'l touye-madanm-li tou.
crippie ; crippled ; crippie. : Kokobe. v tr/attrib/nom. / Li se yon kokobe, se akoupi sèlman li ka mache.
criticize. : Kritike. v tr. / Pwofesè-a ekri yon pakèt nòt sou fèy devwa-a, li fè m konpliman men li kritike m tou wi.
croak (frog sound). : Kwòt-kwòt. n. / Chat fè myaw, chwalfè hihan, krapo fè kwòt-kwòt.
crocodile. : Kokodil ; kayiman. n. / Nou pa genyen kokodil ann Ayiti,nou gen kayiman..
crony lottery number. : Malatyon. n/ Boul sa a se you boul malatyon li ye, pa jete lajan ou ladan'l.
crooked : Miwo miba. prep phr/ Ou paka fè yon liy dwat tou poto miwo miba.
crookedly. : Kwochi ; malman. adv. / Tout sa'l ap fè, li fè'l kwochi.
crop. : Kiiti. n. / Bannann se yon bon kiiti, ou kaplante'l nan plenn, ou ka plante'l nan mòn.
crop (of bird). : Fal. n. / Fal kòk-la gonfle, li plen mayi.
cross. : Travèse ; janbe. v tr. / Gade byen anvan ou travèse

kalfou-a.
cross. : Kwaze. v tr. / Nèg-sa-a, depi'l chita fo'l kwaze pye-l, li di li pi alèz konsa.
cross. : Janbe. v tr. / Pa mete pye-ou nan dlo-a, pito ou janbe rigòl-la.
cross. : Kwa ; lakwa. n. / Kwa-sa-a resi twò lou pou mwen.
cross (religious). : Lakwa ; kwa n. / Jezi te mouri sou lakwa pou sove nou..
cross-eyed. : Je vewon. n phr. / Pitit-sa-a gen je vewon,li pa wè byen. Y'ap oblije fè'l operasyon pou je-yo vin drèt.
cross out, to erase. : Bife (bifte). v tr. / Mo-sa-a pa bon, ou mèt bife'l.
cross out, to erase. : Bife (bifte). v tr. / Mo-sa-a pa bon, ou mèt bife'l.
crosspiece, crossbar. : Travès. n. / M ap fin kloure travès-sa-a epi pòt-la fini tou, wi.
crosswise, sideways. : Antravè. adv. / Lajan-an tounen yon zo antravè nan gagann-li.
crotch. : Fouk. n. / Pantalon-an chire nan fouk.
crouch. : Bese. v intr. / Men l'ap vini, bese pou'l ka pa wè ou.
crouch ; crouched down. : Akoupi (koupi). v intr/attrib. / Madanm-lan akoupi nan kwen-an pou'l pise.
crow. : Kaou (kaw). n. / Abitan-yo pa konn sa pou yo fè ankò pou kaou pa vin manje nan jaden-yo.
crowd ; crowded. : Ankonbre. v tr/attrib. / Yon bann moun ankonbre lari-a, nou pa fouti mache.
crowd around. : Konble. v tr. / M pa ka fè anyen la-a, twòp moun konble m, yo fè m cho.
crowd, circle of friends. : Sèk . n. / Mwen pa nan sèk fi-sa-a, li renmen di betiz twòp.
crowd, throng. : Ankonbreman. n. / Pa voye pitit-la, gen twòp ankonbreman deyò-a.
crown. : Kouwòn. n. / Mezanmi, pou yon moun al volè kouwòn ki nan tèt sen-an, sa se gwo sakrilèj wi.
crucifix. : Krisifi ; kwa. n. / Nou pral lapriyè devan krisifi-a..
crude. : Gwosomodo (gwosomodo). attrib. / Travay chapant-sa-a gwosomodo, mwen pa anvi peye bòs-la senk kòb.
crude (impolite). : Brit. attrib. / Nèg-la pase sou moun tankou

yon van, ala nèg brit papa!.
crude, primitive. : Mastòk. attrib. / Ala soulye mastòk papa! Ki kòdonye ki fè l?
crude, uncouth. : Gwo soulye (gwo sowe). n phr. / Depi sou jan'l abiye-a, ou wè se yon gwo soulye'l ye.
cruise (girl watch). : Tcheke grenn. v phr. / Msye al geri bosko-l Lelanbi pou'l tcheke grenn.
crumb (tiny piece). : Myèt (miyèt). n. / Se yon myèt nan kòb-la'l jwenn, wi.
crupper. : Koupye. n. / Mete yon ti twal sou koupye-a, si se pa sa, lap blese bèt-la.
crush, to grind. : Pile. v tr. / mwen renmen wè kot moun ap pile pitimi.
crust (crusty layer). : Graton. n. / Kite manje pa'm nan chodyè-a paske'm renmen graton.
crutch. : Bekl. n. / Depi yo koupe yon pye-m-lan, si m pat gen beki-sa-a m kwè m ta mouri deja.
cry. : Rèl. n. / Li fè yon sèl rèl sou pitit-la, li dekontwole'l.
cry. : krye. n.
cry (weep). : Kriye. v intr. / Sa ou genyen ou ap kriye-a? Ou grangou?
cry of sexual pleasure. : Alslyis. n./ Timoun-lan tou piti, li konnen sa yo rele alslyis.
cry, to yell. : Rele. v intr. / Pa rele sou pitit-la, li pa timoun ki ret ak ou.
cub scout. : Louvto. n. / Tout eskout, louvto, tout domi deyò anba tant-yo.
cuckold. : Bay zoklo. v phr. / Boukl kite fi-a poutèt l'ap ba li zoklo. (pran zoklo).
cuckolded. : Pran zoklo. v phr. / mwen pa tande Pòl ap pran zoklo nan men madanm-li?
cucumber. : Konkonm n. / Pa bliye met konkonm nanlegim-lan tande.
cudweed. : Kamomin peyi. n phr. / Fèy kamomin peyi-a dous tankou vlou.
cuff. : Manchèt. n. / Ou pase tout chemiz-la epi ou bliye pase manchèt-yo.
cunning, clever. : Fentè ; rizo ; mètdam ; entelijan. attrib. / Ala

timoun fentè,li pran pòz li malad pou'l ka pa al lekòl.
cunning, sly. : Malen. attrib. / Msye twò malen pou mwen, tout kesyon ou poze'l li jwenn yon repons pou'l ba ou.
cup. : Tas. n. / Mwen ta bwè yon bon tas kafe cho.
cup. : Koup. n. / Se li ki chanpyon, se li pou yo bay koup-la.
cupboard, pantry. : Gadmanje. n. / Gade nan gadmanje-a,ou a jwenn asyèt ak vè.
cupcake. : Ponmkèt. n. / Nèg-sa-a, se ponmkèt ak kola sèlman li manje.
cupping-glass. : Vantouz. n. / Yo poze vantouz sou abse-a pou li sa rale pi ki ladan l-lan.
curdle, to clot ; curdled, clotted. : Kaye. v intr/attrib. / Li renmen lèt kaye anpil.
cure. : Geri. v tr. / Remèd-sa-a ap geri ou nan de tan twa mouvman.
curious. : Kirye (kiryèz) ; fouyapòt. attrib. / Li bezwen konnen tout sa k'ap pase li kirye.
curl up. : Akokiye (rakokiye). v tr. / Fredi fè timoun-lan akokiye ko-li sou kabann-lan.
current (electricity), shock. : Kouran. n. / Pandan lap vise anpoul-la, li pran kouran.
current (water). : Kouran. n. / Gen yon kouran dlo ki pase bò lakay-la.
curse. : Madichon. n. / Si ou pa respekte granmoun, madichon ap tonbe sou ou.
curse ; cursed. : Madichonnen. v tr/attrib. / Men wi msye foul Yo di se manman-l ki te madichonnen li.
curtain. : Rido. n. / Mwen renmen koulè rido ki nan fenèt-la.
curve (road). : Koub. n. / Lè ou rive nan koub-la, fè atansyon. (kase koub)
cushion. : Kousen. n. / Dèyè-m fè m mal, met yon kousen sou chèz-la pou mwen.
custard apple. : Kachiman. n. / M'ta bwè yon bon ji kachiman.
custom. : Koutim. n. / Moun lakay-mwen pa gen vye koutim-sa-yo.
customer, client. : Kliyan. n. / Madanm-sa-a se yon bon kliyan, li toujou peye dèt-li.
customs (agency). : Ladwann. n/n loc. / Tout radyo m te

komande pou magazen-an rive ; fò'm al chache yo ladwann.
customs, habits. : Mès. n. / Nèg ki bwè tafya se nèg ki gen vye mès.
cut ; cut (adj). : Koupe. v tr/attrib. / Lè ou ap koupe vyann-lan, atansyon pou pa koupe dwèt-ou tou!
cut (dilute). : Koupe ; deleye. v tr. / Ji-a twò dous, koupe'l ak yon ti dlo.
cut (n). : Koup. n. / Tayè-a ba ou yon bèl koup, gad jan levit-la fè ou byen. (leson koup)
cut hair. : Taye tèt. v phr. / Di kwafè-a taye tèt-ou byen pou'l pa kite oxenn twou rat, tande.
cut hair, to style hair ; to get one's hair done, to get a haircut. : Fè tèt. v phr. / Kwafè-a pa fè tèt-ou byen.
cut off. : Twonse. v tr. / Men rach-la ; twonse bout mango sa-a pou mwen.
cut off (interrupt). : Koupe. v tr. / Ou pa fèt pou koupe pawòl nan bouch granmoun.
cut oneself ; cut (wounded). : Kòche. v tr/attrib. / Gade kote ou ap mete men-ou Osinon ou ap kòche dwèt-ou.
cut, to trim. : Taye. v tr. / Mwen bezwen ou taye yon bèl chemiz nan twal-sa-a pou mwen.
cutter (one who cuts). : Koupè, n. / Pou bwa-a, gen siyè, gen koupè, se pa menm bagay.
cutting (from a plant). : Bouti. n. / M pral plante kèk bouti m te koupe.
cyclist. : Siklis. n. / Msye lage de gidon sou bekàn-lan ak tout vitès, msye se yon bon siklis.
cyclone. : Sikiòn. n. / Mwad oktob se mwa sikiòn.
cyst. : Kis ; abse. n. / M genyen yon kis nan jennou, lè m pase men-m, m santi boul-la.

DIKSYONÈ

Anglè Kreyòl

D

dagger. : Fwenn (frenn) ; ponya. n. / Li bezwen yon fwenn pou'l fwennen volè k ap volè nan jaden-l-lan.
dally, to dawdle. : Mize. V Intr. / Ou fè espre ou pran kont tan-ou, alò ke mwen di ou pa mize.
dam. : Barikad. n. / Avèk barikad-sa-a nan zòn-lan, jaden-yo sove.
dampen (with sponge cloth). : Tanponnen. v tr. / Anvan ou pase pantalon-an m'di ou fòk ou tanponnen'l.
dance partner (male). : Kavalye. n. / Se ra pou fi al nan bal san kavalye ann Ayiti, si ou pa gen moun pou danse ou pa ale.
dance tightly intertwined. : Ploge. attrib. / Yè swa de moun-sa-yo fèmen do je-yo pou yo ka ploge nan bal-la.
dandruff. : Kap. n. / Tèt-ou plen kap, fò ou lave'l ak fèy kap osinon fèy womaren.
dare (venture). : Azade. v tr./ mwen twouve sa dwòl ; mwen pa konn nèg-la, li azade'l manyen m.
daring act. : Aksyon. n. / Gade yon aksyon mezanmi, volè-a koupe poch nèg-la, li pa santi sa.
dark (color). : Fonse. attrib. / mwen pito koulè-sa-a pase'l pi fonse.
dark, darkness. : Nwa ; fènwè. attrib/nom. / Yo bay blakawout, tout kay-la nan nwa.
darkness. : Fènwè (fènwa). n. / Prete'm yon limyè pou'm wè ki sa k ap vin nan fenwè-a.
darling. : Cheri. n. / Mennaj-mwen cheri, vin fè ti bo pou chou-ou non.
dash (–), hyphen. : Tirè. n. / Apre chak mo, mete yon tirè.
datebook, address book. : Kanè. n. / M'bezwen yon ti kanè pou'm ekri kèk nimewo telefòn.
daub (with mud). : Bouziye. v tr. / Yo fin kilse kay-la lontan, yo rete pou bouziye li sèlman.
daughter. : Pitit-fi. n./ Se pitit-fi sèlman manman-m ak papa-m fè.

daughter-in-law. : Bèlfi. n. / Ou kwè se renmen madanm-sa-a renmen bèlfi-li konn sa'l ta fè.
dawn, at daybreak. : Granmaten ; avanjou ; devanjou. adv. / Lè se sezon plante, tout moun leve granmaten pou ale travay.
day. : Jounen ; lajounen. n. / Li fè jounen-an ap sekle, li komanse avanjou, lap fini lè solèy-la desann.
day (24 hrs). : Jou. n. / Gen de twa jou nou pa wè misye,li gen lè malad.
day (period of light). : Jou. n. / Li jou, solèy leve, li lè pou nou leve tou.
day off. : Konje. n. / Jodi-a se jou konje, pa gen travay.
day off, holiday (from work). : Chonmay. n. / Gen chonmay jodi-a, se fèt drapo.
day's work. : Jounen. n. / Chali Jodi-a afè-m pa bon, m'vin ba ou yon jounen. Ki travay ou gen pou fè la-a?
daybreak. : Jou kase ; avanjou ; granmaten. n phr. / Machann-yo gentan nan wout avan jou kase pou yo sa rive nan mache-a bonnè.
daydreaming. : Nan lalin. prep phr. / Mèt-la di elèv-la toujou nan lalin, se pa zafè lekòl lap okipe, lespri-l toujou lwen.
daytime. : Lajounen. n loc. / Se pa lajounen li travay, se lannwit.
dead. : Mò. attrib. / Ou konnen depi mab-la rete nan wonn-lan ou mò, jwèt pou mwen, ou-menn ou al opa. (mo rèd)
dead (those who have died). : Lemò ; mo ; lanmo. n. / Jodi-a se fèt lemo, plen moun nan simityè.
dead of night. : Gwo lannwit. n phr. / Chen-yo tann gwo lannwit lè tout moun fin dòmi pou yo jape.
dead weight (useless person). : Manm initil. n phr. / Nèg-sa-yo pa fouti dirije anyen, se manm initil yo ye, yo pa konn anyen.
deaf. : Soud. attrib. / Ou mèt pale jan ou vle, li soud, li pap tande.
deaf person. : Soudè. n. / Te gen yon avèg, yon soudè, yon bèbè.
deal (cards). : File. v tr. / mwen pap koupe,ou mèt file kat-la bay chak moun pa-yo.
dear (cherished). : Chè ; machè ; monchè. attrib. / Bèl chè manman-mwen, mwen ta renmen viv avè ou tout tan.
dear (sweetheart). : Chou. n. / Tanpri chou, vin fè ti karès pou

madanm-ou.
death. : Lanmò. n. / Kretyen vivan pa gen ankenn dwa sou lavi ak lamò.
death (an instance of). : Mòtalite. n. / Boukl pap danse aswè-a ankò paske msye gen mòtalite lakay-li.
death throes (last minutes). : Lagonni. n. / Sa fè twa jou y ap tann li mouri, ala yon lagonni ki long!
debasement. : Avilisman. n. / Se pa de avilisman mwen pran pou li, epi gade sa li fè m.
decayed (teeth). : Pike. pouri. attrib. / Li pa pran swen bouch-li, tout dan-l fin pike.
deceit, falsehood. : Twonpri. n. / Tout sa ou te di m-yo, tout se twonpri, ou te byen konnen.
deceive. : Bafwe. v tr. / Msye pran pòz moun serye, li bafwe nou tout epi li pati.
deceive. : Twonpe ; woule ; vire. V tr. / Msye tap twonpe madanm-li ; li mande divòs.
deceive, to fool. : Vire ; twonpe. v tr. / Si li pwomèt ou kòb, pa kwè'l, se vire lap vire ou pase li pa pe bay anyen.
deceived, to get taken. : Pran kout ba. v phr. / mwen pran kout ba nan men moun-sa-yo deja, mwen pap fè afè avè yo.
deciliter (measure, container). : Glòs. n. / Tifi, al achte yon glòs lwil nan boutik-la koulye-a pou mwen.
decoration. : Bèbèl. n. / Limyè-sa-a pa travay men mwen kite li nan machin-lan pou bèbèl.
deep. : Fon. attrib. / Dlo-a fon, pa kite timoun-yo antre ladan'l.
defeat. : Venk ; genyen ; bat. v tr. / Jewom pa kontan Ti Dlo venk li nan batay-la, li pa renmen pèdi.
defecate, to shit. : Tata ; poupou ; ale. v intr. / Kote ou prale? --M pral tata.
deflect, to fend off. : Pare . v tr. / Li pare kou-a ak valiz ki nan men-l-lan.
deflower ; deflowered. : Kreve. v tr/attrib. / Tifi-a annik kreve, li ansent menm lè-a.
deformed (leg). : Kounan ; kanbre. attrib. / Depi sou jan'l mache-a, ou tou wè li gen pye kounan.
defrocked priest. : Pè defwoke. n phr. / Msye se yon pè defwoke, yo fè 'l kite wòb paske msye ansent twòp fi nan bouk-la.

defy. : Pini. v tr. / mwen pini ou joure manman-m ankò, pou moutre ou sa'm konnen.
degrade, to debase. : Avili. v tr. / Tifi-a pale'm mal, li avili'm san rezon.
delay. : Reta. n. / Gade pitit, mwen prese tande, pa ban'm reta.
delicious. : Koupe dwèt. v phr. / Mmi Mayi-a se koupe dwèt,li gentan fèt byen.
deliver (a blow). : Tire ; fout ; bay ; Flanke (flank). v tr. / Li "tow" li tire m yon kout pye.
deliver (hand over). : Livre. v tr. / Li te kache lakay-yo ; yo livre li bay lapolis.
deliverance. : Ladelivrans (delivrans). n. / Sèl Bondye kab ba nou ladelivrans.
demand. : Mande. v tr. / Li pa gen dwa di ou non, fò ou mande'l pou'l vini.
demand an explanation. : Fè esplikasyon. v phr. / mwen pral fè esplikasyon pou'm konnen poukisa li di mwen se malfèktè.
denim. : Gwo ble. n phr. / L al nan mache'l achte dez on gwo ble.
denounce, to betray. : Bay (ba, ban). v tr. / Yo arete fi-a, yo fè'l bay nèg-la.
dent ; dented, battered. : Kolboso (kalbose, kabose). v tr/attrib./ Misyè pa fò nan kondwi machin, li fin kolboso tout cèl-yo nan frape adwat agòch.
deny. : Nye. v tr. / Msye nye tout vye akizasyon pwosekisyon pote kont li.
depending on, according to. : Selon. prep. / Kay-la ka gwo, li ka piti, selon lajan ou bay-la.
deposit (of ore, minerals). : Min. n. / Yo fèk dekouvri yon min lo ann Ayiti.
depressed. : Afese. attrib. / Ti madanm-lan afese depi lanmò mari-l-la.
depth. : Fondè. n. / Y'ap fouye tou-sa-a menm fondè ak lòt-la.
deputy sheriff. : Soukèt lawouze (choukèt lawouze). / Li di li pap kite soukèt lawouze arete'l.:
descent. : Ladesant ; desant. n. / Lè ou ap monte pant-lan li rèd, men ladesant-lan fasil.
deserve. : Merite. V tr. / Ou merite yon kal pou sa ou fè-a.
desk. : Biwo. n. / Genyen yon plim ak yon boutèy lank sou

biwo-a.
despise (scorn). : Meprize. v tr. / mwen envite Pola al manje ak mwen, li pa menm di non, li meprize'm kou yon chen.
destiny. : Avni (lavni). n. / Pèsonn pa konn sa avni-li rezève pou li.
destructive. : Ravajè. attrib/nom. / Moun-sa-yo ravajè twòp, mwen pap lage yo nan afè-m.
destructive person (especially children). : Brisfè. n. / Tifi-sa-a se brisfè li ye, li pap manyen yon vè pou li pa kraze'l.
detergent. : Fab. n. / Se a fab pou'm lave chemiz-sa-a pouli kapab pwòp.
device, instrument. : Aparèy. n. / Mèt faktori-a fè komann yon kalite aparèy pou kontwole moun ki anreta.
devil. : Jerenòs. n. / Msye-sa-a tap fè yon bann move zèv, tout bouk-la rele'l yon jerenòs.
devote oneself to. : Lage ko nan ; adonnen. v phr. / Li kite vakabon, li pa bwè tafya ankò, li lage ko-li nan potestan..
devour (food). : Boufe ; manje. v tr. / Lè misye ap boufe mayi moulen konsa-a, li swe tankou pitit Bouki.
devout, religious. : Relijye. attrib. / Moun-sa-yo trè relijye, yo pa janm pase yon dimanch pou yo pa al legliz.
dew. : Lawouze. n. / Lematen anvan solèy leve, flè-yo kouvri ak lawouze.
diamonds (cards). : Kawo. n. :Kawo. n. measure of surface area (3.19 acres). : / Ki kat ou te lage, dis kawo osinon dis kè?
diaper. : Kouchèt. n. / Pitit-la pipi, al chanje kouchèt sou li.
diarrhea. : dyare ; Vant pase. n phr. / Li pa ka soti, li gen vant pase.
dice. : Zo. n. :Zo mangay. prep phr/ Woule zo-a non, jwèt-la lè pou'l komanse.
die. : Trepase ; mouri. v intr. / Li vie wè pitit fi li-a anvan'l trepase.

die ; dead. : Mouri. v intr/attrib. / Ou te konn Pòl,pa vre? Msye fè yon aksidan, maten-an yo di'm li mouri.
diesel fuel. : Gazòy. n. / Gazòy pi bon mache pase gazolin.
diet. : Rejim. n. / Mwen nan rejim, mwen pa ka manje tout bagay.
difficult (advanced). : Fò. attrib. / Yo mete'l nan yon klas ki twò fò pou li.

difficulties. : Boulvès ; touman. n. / Li nan boulvès, li gen pitit malad..
difficulty, obstacle. : Resif. n. / Se nan fè frekan konsa-a ki fè nou konn monte sou resif-la wi.
dig, to dig up. : Fouye. v tr. / Pòl fouye tou pou'l sere lajan-l.
dig up, to tear out ; dug up, torn out. : Rache. v tr/attrib. / Lè'l fin rache pwa-yo, li pral plante mayi.
dignitary. : Notab. n. / Plizyè notab sòti Pòtoprens pou yo vini nan fèt chanpèt-la.
dilapidated house. : Barak. n. / Se yon vye barak, moun pa rete ladan li.
dimple. : Tou bote. n phr. / Lè komè ri, de tou bote-l-yo parèt.
dimwit. : Bègwè. attrib/nom. / Gade lè bègwè-a non, yon kòb mare byen di nan men-l, li kite volè pran'l.
ding dong. : Beng. n. / Depi klòch-la fè beng de fwa konnen li dezè.
dining room : Salamanje. n. / Al sou tab-la nan salamanje- a, pran asyèt sal-yo pòt pou mwen.
diploma : diplom ; sètifika. n. / Li pran sètifika ane-sa-a, li pral fè sizyèm ann oktob.
dirt, filth. : Kras. n. / Dlo-a plen kras, pase li nan filt oubyen bouyi li anvan ou bwè li.
dirtiness, dirt. : Salte. n. / Pa vin fè salte-la-a non.
dirty. : Sal. v tr. / Ou pa wè ou ap sal rad-la.
dirty trick. : Malfezan. n. / Veye zo-ou, li ka fè ou nenpòt malfezan.
dirty word. : Gwo mo ; betiz ; jouman. n phr. / Machann pwason renmen di gwo mo, fè atansyon pou pa nan joure avè yo.
disappearance (brief), Chap. n. / mwen ap fè yon ti chap la-a, lè m vini m a manje.
disappointment, setback. : Kontraryete. n. / M te gen yon kontraryete, se sa'k fè m pat ka vini.
disconcerted, flustered. : Twouble (touble). attrib. / Fanm-la bay msye yon ti souri, msye twouble a mo.
discredit. : Vèni ; kout lang. v tr. / Msye al vèni m kot komè-a, li di'l m gen lòt mennaj.
discussion, quarrel. : Pledman. n. / Depi maten moun-sa-yo nan yon sèl pledman, mwen pa konn sa ki ap kite pou lòt.

disease, sickness. : Maladi. n. / Gade jan'l kokobe ; tifoyid se yon move maladi monchè.
dish (food). : Pla. n. / Pla-sa-a gou konpe, sa ki prepare l?
dishes. : Vesèl (vèsèl). n. / Bon-lan lave vesèl byen, asyèt-yo ak vè-yo toujou byen pwop.
dishonest, unscrupulous. : Malonnèt. attrib. / mwen pa tande Bouki sove ak lajan moun-yo! mwen pat konnen msye te malonnèt konsa non.
dismiss, to send away. : Voye ale. v tr. / Travayè-sa-a te toujou ap parèt anreta nan fabrik-la, yo voye'l ale.
disorder. : dezod ; lekòl lage (laparad lage). n phr. / Depi mèt kay-la pa la, se lekòl lage, bon-yo sispann travay, gason lakou-a vire do-l, timoun-yo nan lari.
disorder, carousing. : Briganday. n. / Ki briganday m tande lòtbò-a, apa lapolis!.
disparaging, backbiting. : Malpalan ; medizan. attrib. / Pe non monchè, ou pa fanm. Yon gason pa ka malpalan konsa!
display. : Layite ; etale. v tr. / Pa layite bagay-yo konsa, m pa bezwen tout moun k ap pase wè yo.
dispute, fight. : Akwochay. n. / Msye tèlman renmen goumen yo rele 'l akwochay.
disrespect. : Manke dega. v phr. / Elèv-la manke pwofesè-a dega nan mitan klas-la.
dissatisfaction. : Mekontantman. n. / Msye pa bon menm sèjousi ; li genyen anpil mekontantman nan kè-li, li pa fouti jwenn yon dyòb.
dissension, bickering. : Zizani. n. / Se fanm-sa-a wi ki mete tout zizani-sa-a ant de frè-yo.
dissident. : Kamoken. n. / kamoken-yo deside pou yo desann gouvenman-an.
distance (journey). : Trajè. n. / Trajè m sot fè-a te long, m bouke a mo.
distend ; distended. : Bonbe. v tr/attrib. / Vant fanm ansent bonbe.
distillery. : Gildiv. n. / Yo pote siwo-a nan gildiv pou yo ka fè kleren.
district. : Kanton ; bouk. n. / Lè granpapa-l te chanpèt nan kanton-an, tout moun te mache sou pinga-yo.

disturb ; disturbed, restless. : Toumante. V tr/attrib. / Kouman ou toumante konsa-a. Chita ko-ou trankil.
diver. : Koulè ; dayiva. n. : / Koulè-a jwenn mont-la jis nan fon lanmè-a.
divide (land) into quadrants for irrigation. : Kawote. v tr. / Anvan yo pike diri-a, yo kawote tè-a.
divide up, to dish out (food). : Separe ; divize. v tr. / Yo di kou manman-yo ak papa-yo mouri, y'ap separe byen-yo.
division (group of teams). : Poul. n. / Ekip- mwen-an anflèch, li bat dènye ekip nan poul la.
dizziness. : Tèt vire ; Vètij ; Toudisman. n phr. / Lè m gen tèt vire, m santi kay la ap fè laviwonn.
do a bad job for. : Bay bouden. v phr. / Koutiryè-a ban m bouden nan rad-la.
do in ; killing (exhausting). : Pete fyèl. v phr/attrib phr. / Li ba'l twa bal, li pete fyèl-li.
do, to make, to produce. : Fè. v tr. / L ap fè manje.
dock (boat). : Akoste. v tr. / Gen yon bato ki akoste waf-la maten-an..
dock (boat). : Bòde ; akoste. v intr. / Van-an fè batiman-yo pa fouti bode.
dodge, to fake (sports). : Kabre. v tr. / Jwè-sa-a konn kabre, ou pa fouti pran boul-la nan pye-li.
dog. : Chen (chyen). n. / Ou kwè se yon bon chen li gen lakay-li, volè pa fouti antre nan lakou-a tèlman chen-an gade'l byen.
dog, puppy. : Toutou (toutous). n [fam]. / Gade yon toutou, Pepi, gade yon bèl ti chen!
doghouse. : Nich. n. / M'achte yon bèl nich pou chen-m-lan, li pap dòmi nan lapli ankò.
doily. : Napwon. n. / Mete yon napwon anba chak asyèt pou pwoteje nap-la.
doll. : Pope. n. / Yo pa vle tigason-an jwe ak pope-a.
doll up. : Biske. v tr. / Madanm pèdi yon bann tan nan chanm-lan, l'ap biske li.
dollar (American). : Grinbak ; dola. n. / mwen razè sèjousi, yon sèl vye grinbak ki rete m.
dolly (cart), wheelbarrow. : Bourèt. n. / Se lwe bouretye-yo lwe

bourèt-yo.
Dominican Republic. : Sendonmeng ; nan panyòl. n/loc. / Tout moun-sa-yo ou wè sou do kamyon-an, se moun ki pral koupe kann Sendonmeng.
Don Juan (ladies' man). : Matcho. n. / Msye reyisi fè fanm-sa-a renmen li, msye se bon matcho, papa.
don't' (warning). : Piga (penga, pinga) ; sou piga. interj. / Piga ou met men-ou sou sa ki pa pou ou!.
done, completed, made. : Fèt ; fè. attrib. / Manje-a poko fèt toujou, jan'm grangou-sa-a.
done in, drained (tired). : About. attrib. / Toutan lap anmède'm pa di'l anyen, koulye-a'm santi'm about.
donkey. : Bourik. n. / Bourik se yon bèt ki rann moun anpil sèvis.
door. : Pòt. n. / Fèmen pòt-la anvan ou ale.
doorstep, threshold. : Papòt. n. / Si ou chita nan papòt-la moun pap ka pase.
double chin. : Babin. n. / Babin-li won tankou chat kay pè.
double up laughing. : Mete vant atè pou ri. v phr. / Monchè msye fè tèlman komik mwen mete vant atè pou'm ri.
doubting Thomas. : Sen Toma ; enkredil. n. / Nèg-sa-a se Sen Toma, se kan'l wè'l kwè.
dough (pastry). : Pat. n. / L ap bat pat pou 'l fè gato-a.
down with...! : Aba. interj. / Aba lenjistis yo.
downtown. : Lavil. n/n loc. / Lè ou ret an pwovens, ou pa konn sa k ap pase lavil.
doze off. : Asoupi. v intr. / Antan lap fè yon ti asoupi volè-a antre li pran radyo-a.
draft (breeze). : Kourandè. n. / Li pa vle boutonnen chemiz-li nan kourandè-a.
draft steer. : Bèf kabrèt. n phr. / Bèf kabrèt pa konn sa k ap pase labatwa.
drag. : Trennen. v tr. / Men kòd kabrit-la ap trennen nan labou
drain. : Rigòl ; kanivo. n. / Jete dlo-a nan rigòl-la.
drain, sewer. : Rego (egou). n. / Pandan lap mache konsa, li sòt tonbe nan yon twou rego.
drawer. : Tiwa. n. / Gen yon moun ki fouye nan tiwa-m-yo.
drawing (of lottery number). : Tiraj (tiray). n. / Tiraj-la se pou le

vennsenk.
drawn (face), shrunken. : Rale. attrib. / Li malad, figi-l rale.
dream. : Reve. v tr. / Yè swa m reve travay-la fini.
dream. : Rèv ; vizyon. n. / Kou'm met tèt-mwen sou zorye, mwen koumanse yon bann vye rèv.
dress. : Wòb ; rad. n. / M renmen wob-sa-a ki sou ou-a, ki koutiryè k fè l?
dress ; dressed. : Abiye (biye). v tr/attrib. / Mari-Wòz pral abiye lamarye-a.
dress clothes. : Abiman. n. / Ki abiman ou ap pran pou ou al nan nòs-la?
dressed-up, fancy. : Bòzò ; bwodè ; chèlbè ; anpenpan. attrib. / Denpi ou wè li bòzò konsa, konnen li pral nan fèt.
dressing table. : Kwafèz. n. / Glas kwafèz-la kraze.
dressmaker, seamstress. : Koutiryè (koutiryèz, koutriyè, koutriyèz). n. / Madanm-sa-a se yon bon koutriyèz, se li ki koud pou mwen.
dried meat (seasoned and grilled). : Taso. n. / Aswè-a se yon bon taso kabrit m'ta manje.
drifting (idle). : Aladriv. attrib. / Li pap fè anyen debon, li aladriv sèjousi.
drink. : Bwè. v tr. / Li bwè kleren twòp, tou le jou li sou.
drive (a car). : kondwi ; mennen. v tr. / Pòl, eske ou ka mennen machin-sa-a nan garaj pou mwen?
drive (a vehicle). : Kondi. (kondwi). v tr. / M pa renmen monte machin nèg-sa-a, li kondi twò vit.
drive (someone) crazy. : Vire lòlòj (). v phr. / Pa kite'l vire lòlòj-ou non, pase lè ou fin fou y ap flank ou nan sant sikyatri.
drive (subject) crazy. : Rann () fou. v phr. / Pitit-la vie rann mwen fou tank li kriye'
drive around. : Woule. v intr. / M pral fè yon woule pou m wè sa k gen deyo-a.
drive in ; driven in. : Fonse. v tr/attrib. / Klou-a fonse twò lan mi-an.
drive in ; driven in. : Anfonse. v tr/attrib. / Bòs-la anfonse klou-a nan bwa-a san mato.
driver.: chofè. n.
driver (bad). : Tèt mato. n phr. / Tèt mato-a fè yon move koub

ak machin-lan, li al frape yon poto elektrik.
driving rain. : Gwo lapli. n phr. / Se yon gwo lapli k ap tonbe, menm si ou gen parapli ou ap mouye.
drizzle, sprinkle (rain). : Farinay (farinaj). n. / Lapli-a poko ap vini, se yon ti farinay lap fè.
drizzle, to sprinkle (rain). : Farinen. v intr. / Lapli ap farinen, mete rad-yo anndan pou yo pa mouye.
drop (someone) off. : Lage ; depoze. v tr. / Ou pa bezwen ban m woulib rive jis lakay-mwen, lage m kote m ka pran yon kamyonèt.
drop, drip. : Gout. n. / Pa gen yon gout dlo nan kay-la, tout boutèy vid nèt.
drop nasty hints. : Voye pwent. v phr. / M konn ki moun ou ap pale mal-la menm si ou pa nonmen non-li, ou voye anpil pwent sou li.
drought. : Sechrès (sèchrès). n. / Sechrès ak mizè fè vil-la dezole.
drown. : Neye. v intr. / Msye al benyen nan lanmè pou kont-li, li neye nan lanmè-a.
drum. : Tanbou. n. / Tanbou frape, seremoni lwa fè sa'l kòmanse.
drum (container). : Bidon ; doum; barik. n. / Pote twa bidon dlo vann mwen.
drum (metal receptacle), tin can. : Fèblan. n. / Li pote de fèblan dlo met nan basen-an.
drum major. : Majò jon. n phr. / Yè swa gen yon rara ki pase bò isi-a. Monchè, majò jon-an te fò vre! Msye fè sa'l vie ak jon-an.
drummer. : Tanbouyè. n. / Depi tanbouyè-a leve men-l, tout moun antre nan won.
drunk. : Sou. attrib. / Si ou bwè twòp kleren, ou ap sou.
drunkard. : Tafyatè. n. / Msye pa ka itil anyen, se tafyatè li ye, sèvo-l tou chaje ak alkòl.
drunkard. : Soula. n. / Msye se yon soula, ou pa bezwen bay'l ankenn djòb.
dry. : Chèch (sèch). attrib. / mwen pral wè si rad-yo chèch sou blayi-a.
dry. : Cheche (seche). v tr. / Solèy-la cheche tout labou-a.
dry coughing. : Kèhèk kèhèk. n/ Fè atansyon ak kèhèk kèhèk sa-a, li ka pote ou ale.

dry season. : Lesèk. n. / Nan lesèk nou blije wouze.
dry, to wipe. : Siye. v tr. / Pran twal siye chèz-yo, yo gen twòp pousyè sou yo.
duck. : Kanna. n. / Se pa tout moun ki manje kanna ann Ayiti, nou pito poul.
duffer (person). : Mazèt. n. / Chak fwa li teke li toujou rate mab-la ; msye se yon mazèt. syn: kòkòb, maladwat
dupe. : Tèt chòv. n phr. / Nèg-sa-a se yon tèt chòv, lap kite fi fin manje lajan-l.
dupe, to trick. : Fente. v tr. / Ouvè je-ou, pa kite yo fente ou.
during. : Pandan (pannan). prep. / Li te malad pandan tout mwa janvye-a.
dusk. : Labrin (labrenn). n. / Lè ou wè lannwit poko fin tonbe nèt, se lè labrin.
dust. : Pousyè. n. / Van-an voye yon pakèt pousyè nan je-m.
duty (on duty). : Sèvis. n. / Tout jandam ki fè sèvis de nwi, se bèt seren yo ye.
dwarf. : Nen. n. / Gade jan msye piti, li pòtre ak yon nen.
dying. : Lagonni (agonni). / Depi yè'l ap lagonni.
dysentery. : Kolerin (kolorin) ; dyare. n. / Li gen kolerin, se tout jounen'l pral nan watè.

E

each, every. : Chak. attrib. / Chak mwa li bay chak moun di goud.
ear. : zorèy. n phr. / Chak lè li fè yon dezòd, yo rale zorèy-li.
ear (cob). : Zepi. n. / Mayi-a komanse donnen, m wè twa bèl zepi maten-an nan jaden-an.
ear wax. : Kaka zorèy. n phr. / Li tèlman pa lave zorèy-li, kaka zorèy-la fè'l soud.
early morning, early. : Bonè (bonne, bonè). adv. / Moun-yo leve bonè pou y'al fè mache.
early-rising. : Matinal. attrib. / Nanpwen nèg matinal konsa, chak maten msye leve a katr è pou'l al nan jaden.
earn. : Genyen ; touche. v tr. / Lè-sa-a nou te genyen trant santim pa jou.
earnings, collection (of money). : Resèt. n. / Jodi-a yo fè bon resèt, pase gen anpil moun ki vin nan sinema.
earring. : Zanno. n. / Ala yon bèl pè zanno ou genyen.
earth. : Latè. n. / Se Bondye ki fè tout bagay ki sou latè.
earthenware jar (for water). : Kannari (kanari) ; ja ; krich. n. /Se nan kannari nan kwizin-lan ou a jwenn dlo fre pou bwè.
earthenware, pottery. : Fayans. n. / Bagay-sa-yo fèt avèk fayans, yo frajil anpil.
earthquake. : Tranbleman tè. n phr. / Tranbleman tè ki fèt yè swa-a kraze enpe kay.
earthworm. : Vètè. n. / Vètè se vè ki rete nan tè, lè gen lapli ou kab wè yo sot deyo.
ease, possibility. : Fasilite. n. / Misye te gen fasilite pou li te viv ak ti djòb-sa-a.
easily.: fasilman. adv.
easily soiled. : Salisan. attrib. / Rad blan-sa-a twò salisan, mwen pap mete'l souvan.
east. : Lès. n. / Solèy-la leve a lès.
Easter. : Pak. n. / Pou Pak-la m'a vin lakay-ou.

easy. : Fasil. adv. / Yo touye moun fasil nan zòn-sa-a pou tè.
easygoing. : Fasil. attrib. / Se yon nèg ki fasil,li pa bay pwoblèm.
eat ; eaten. : Manje. v tr/attrib. / Pa blie pou ou ka travay fòk ou manje ; fò ou manje vyann, bwè lèt, manje pen.
edge. : Kan ; rebò. n. / Li frape tèt-li nan kan pòt-la, tèt-li pete, san kouri.
eel. : Zangl. n. / Zangl se yon pwason long ki sanble koulèv.
effort. : Jèfò (jefo, efo). n. / Fò'l fè anpil jèfò pou'l leve bwat lou-sa-a.
egg. : Ze. n. / Achte yon douzèn ze pou mwen tande.
eggplant. : Berejenn. / Nanpwen bagay bon konsa, se legim berejenn ak vyann.
eight. : Uit. (ui, wit) n/attrib. / Li gen uit jou depi'l malad, li pa al ka doktè.
eighth. : Uityem. attrib/nom. / Si ou uityèm nan klas-la, sa vle di ke ou pami dis premye-yo.
eightieth. : Katreventyèm. attrib/nom. / Lè li wè'l rive nan katreventyèm ane-li, li achte yon plas nan simityè.
eighty. : Katreven. n/attrib. / Machann bòlèt-la di nimewo katreven: wit, zewo.
either..or. : Swa..swa. conj phr./ Se swa Jan ou swa Pòl ki fè bri-a.
either (..or). : Swa... swa. conj./ Se swa Jan ou byen Mak ki pran kòb-la.
either (not either). : Nonplis. adv [in negative sentences]. / Avan lè pa lè, apre lè pa lè nonplis.
ejaculate. : Voye. v intr. / Yè swa pandan m ap domi, mwen voye sou mwen, kalson-m mouye.
elbow. : Koud. n. / M frape koud-mwen, li ban m kouran.
elderly, old. : Granmoun. attrib. / Li tèlman granmoun cheve-l tonbe, do-l koube.
elderly woman. : Lamè. n. / Lamè pa bon menm, se premye fwa m wè manman-m rete nan kabann tout jounen.
elegance. : Gangans. n. / Wi pip! Ala bèl gangans!
elegance. : Finès ; bwodè. n. / Li fin depanse tout kòb-li nan fèfinès.
elegant. : Fre. attrib. / Kote ou prale ou mete ou fre konsa-a?
elegant, spruced up. : Banda. attrib. / Lè misye fin ablye li

banda.
elementary. : Preliminè. attrib. / Ti operasyon-sa-a twò preliminè pou ou pa ka fè'l.
eleventh. : Onzyèm. attrib/nom. / Msye rive nan onzyèm leson-an li kite.
elite. : Lelit ; boujwazi. n. / Moun nan lelit-yo pa mache apye, tout kote yo prale y al nan machin.
else, or rather. : Oswa ; osinon. conj. / Si ou manje mango vèt kri ou ap malad, tann li mi oswa bouyi li.
emaciated. : Griyen. attrib/nom. / Ala li griyen mezanmi! Se Bondye ki fè li leve anba maladi-sa-a, tout zo-l parèt.
embark ; aboard embarked. : Anbake. v tr/attrib. / Travayè-a ap anbake sak kafe-yo.
embarrass ; embarrassed. : Mele. v tr/attrib. / Fi-a mele misye, li mande'l si'l marye.
embarrass, to perplex ; embarrassed, perplexed. : Anbarase. v tr/attrib. / Pa vin anbarase'm granmaten-an.
embassy. : Anbasad. n. / Te gen yon bèl fèt nan anbasad-la yè, tout diplomat-yo te la. (pran anbasad).
embroider ; embroidered. : Bwode. v tr/attrib. / Denpi tifi-sa-a bwode yon dra pou ou, nanpwen pa renmen.
empty. : Vid. attrib. / Kay-la vid, li pa gen yon grenn mèb..
empty. : Vide. v tr. / Vide tiwa-a nèt, wete tout sa ki ladan'l.
encircle ; encircled. : Sèke. v tr/attrib. / Li sèke kay-la ak filfè pou volè pa antre nan lakou-a.
encore. : Bis. n/interj. / Misik-la sitèlman bon, lè djaz-la fin jwe, piblik-la mande bis.
encourage ; encouraged. : Ankouraje. v tr/attrib. / Vizit direktè-a ankouraje nou tout.
encouragement. : Ankourajman. n. / Se anpil ankourajman ki fè mwen kanpe isit jodi-a.
end (ending). : Lafen ; bout ; fen. n. / Lafen di mond ka vini nenpòt lè, se pou nou toujou pare pou ale wè Gran Mèt-la.
end (extremity). : Bout. n. / Li kite yon sigarèt limen nan de bout.
end (purpose). : Bi. n. / Nan ki bi li bay fi-a lajan-an?.
end, completion. : Finisman. n. / mwen ap koumanse travay tè-sa-a nan finisman ane-a.

endorse ; endorsed. : Andose. v tr/attrib./ Chèk-la poko andose, ou pa ka touche 'l.
endurance, fortitude. : Andirans. n. / mwen pase yon kalite mizè si'm pa gen andirans, mwen mouri.
endure (put up with). : Ankese. v tr. / Etan li te nan prizon-an li ankese kèk bon kout baton.
enema. : Lavman. n. / Yo ba li yon lavman pase li te fè sèt jou li pa te ale nan watè.
enema bag. : Bòk. n. / Lè ou ap ba'l lavman, ba'l twa ka bòk.
enemy. : Lénmi (lèlmi, lennmi). n. / De moun-sa-yo se lénmi jire, yo gen dez an depi yo pa zanmi.
English. : Angle (anglè). attrib/nom. / Gen yon bato angle ki fèk rive sou waf-la.
engrave. : Grave ; make. v tr. / Li fè grave inisyal mennaj-li sou braslè-a.
enjoy. : Pran gou. prep phr/ Depi'm finn goute manje a mwen pran gou.
enjoy, to enjoy oneself. : Jwi. v tr. / Papa'l mouri, li kite anpil kòb pou li, se jwi lap jwi.
enjoyment. : Jwisans ; banbòch. n. / Twa jou Kanaval, se twa jou jwisans.
enlarge (width) ; stretched out. : Laji. v tr/attrib. / Kanson-an two piti pou mwen, m ap bay laji'l.
enlarge, to increase. : Grandi. v intr. / Fanmi-ou grandi depi dènye fwa ou te wè n, kounye-a gen de pitit pitit.
enough. : Kont. adv. / Lajan ou renmèt mwen-an pa kont,li manke karant kòb.
enraged. : Anraje ; fache, move. attrib. / Lè li gade li pa wè pitit-la, li anraje nan kay-la.
enrich ; enriched. : Anrichi. v tr/attrib. / Se kouray-ou ki anrichi ou.
enter, to return. : Rantre. v intr. / Se pa jodi-a moun-sa-yo rantre la-a, yo pa janm soti, sa yo dwe ap fè.
enterprising. : Antreprenan. attrib. / Si msye pa nèg ki antreprenan, li pèdi pwose-a.
entertain. : Anmize. v tr. / Li toujou rakonte'm istwa pou li anmize mwen.
entertaining person. : Odyansè. n. / Toutan, odyansè-sa-a ap fè

moun ri.
entertainment. : Anmizman. n. / Jwe foutbòl se anmizman misye.
enticement (unattainable). : Filalang. n [used with fè]. / Se filalang ou ap fè m, ou ap bwè krèm
entire, whole. : Ankè (antye) ; ann antye. attrib. / Mèt-la di li ta manje yon poul ankè.
entrails. : Zantray. n. / Bal karannsenk-la vide zantray msye atè.
entrance. : Antre. n. / Gen twòp moun nan antre-a.
envelope. : Anvlòp. n. / Anvlòp-la pa gen tenm sou li.
envisage. : Anvizaje. v tr. / mwen anvizaje kite kay-la ane- sa-a.
epaulet. : Zepolèt. n. / Msye se kapten, galon-l sou zepolèt-li byen kanpe, li chèlbè a mo!
epilepsy. : Malkadi. n. / Malkadi-a antre sou li pandan li lekòl-la, se lopital yo mennen'l touswit.
Epiphany. : Lèwa (Lewa). n. / Joudian se fèt timoun, Lèwa se fèt granmoun.
equal. : Vo. v tr. / Kouray pa ou vo kouray pa m, nou menm fòs.
equal (n). : egal ; pòy. n. / Li pa pòy-ou, ou pa ka goumen avè 'l.
equally, the same as always. : Menmman parèyman. adv phr. / Pòl, ou jwe foutbòl toujou? --Menmman parèyman.
eraser. : Gonm (gòm). n. / Prete'm gonm-ou pou'm efase fòt-sa-a.
errand. : Komisyon. n. / Yo voye tifi-a fè yon komisyon, li rete ap jwe.
escapade. : Pachat. n. / Li fè yon pachat rive wè fi-a.
especially (above all). : Sitou. adv. / Achte tout bagay pou mwen, sitou tomat-la, pase'm bezwen'l anpil.
essence (substance). : Nannan ; mwèl. n. / Fòk ou ale nan nannan, nan kè pwoblèm-lan pou ou ka rezoud li.
eternally. : Vitametènam. adv. / Tibebe-a kriye vitametènam, li pa janm sispann..
evade. : Mawon. v tr. / Jan Polin renmen ou pou ou ap mawon'l konsa!
evaporate. : Vante. v intr. / Si ou kite yon boutèy asetòn ouvri lontan pou'l vante, tout ap fin disparèt, se sant-li ou a pran nan kay-la sèlman.

eve. : Lavèy. n/n loc. / Yo sele bèt-yo, yo bride yo depi lavèy pou yo pati douvanjou.
even. : Menm ; ata. adv. / Menm timoun-yo li pa bay anyen. mwen-an te sitèlman piti m'pa menm pran li.
even. : Ata. adv. / Ata ti gout kafe, mwen poko bwè.
evening. : Swa. n. / Chak swa, gen yon bèt ki vin sou do kay-la.
evening. : Aswè. n/n loc. / M pa gen tan le maten men ou ap wè'm aswè.
evenly (equally). : Ren pou ren ; egalego. adv phr. / N ap separe kòb-la ren pou ren.
every. : Tou le ; chak. attrib. phr. / Li manje de grenn fig tou le maten..
everybody. : Tout moun.
everyday (clothing). : Fantezi. attrib. / Sa-a se soulye fantezi-m, bon soulye-mwen sere nan bwat.
everything.: tout. attrib.
everything included (materials and labor). : Fèt-e-founi. adv. / Si pou'm fè kay-la fèt-e-foun pou ou, pi piti lap koute ou se de mil goud.
everywhere. : Patou (toupatou). adv. / Ou jwenn bagay-sa-yo patou.
exactly. : Jis ; dirèk. adv. / Wòch-la tonbe nan tou-a jis, ou te vize byen.
exactly, precisely. : Ojis. adv. / mwen pa konnen ojis sa ki pase.
exam (medical) : Konsiltasyon ; egzamen. n. / Se senk dola ou peye pou konsiltasyon kay doktè-sa-a.
examination (medical): Konsilte. v tr. /. : / M'santi ko-m pa bon, m prai konsilte pou m wè sa m genyen.
examine (a patient). : Konsilte. v tr. / Doktè-a konsilte m, li di konsa m pa gen anyen.
except. : Sof ; eksepte. prep. / Tout moun vini sof grann-mwen, pase'i pa pote'i twò byen.
exceptional. : Michan. attrib. / Mari-i pèdi yon janm nan yon michan aksidan machin.
exchange. : Chanje. v tr. / Mwen chanje plas avè'i.
excite. : Bay lafyèv. v phr. / Komè-a ap bay lafyèv deyò-a, gason fin fou.
excited. : Cho. attrib. / Sa ou genyen, ou cho pou al nan bal-la

konsa? (gen san cho)
excrement, shit. : Poupou. n. / Si ou wè gwosè yon pil poupou chen ki devan pat-la'
exhausted (tired). : Bouke. attrib. / Denpi m fè yon ti kouri mwen bouke.
exhaustion. : Kòkraze. n. / M gen yon kòkraz jodi-a, m pa santi m ta fè anyen.
expenses. : depans ; frè. n. / Matant-li di'l lap peye frè vwayaj-lapou li.
expensive, costly. : Chè. attrib. / Mezanmi, mwen desann lavil pou m achte yon soulye, mwen pa fouti achte'l tèlman yo chè!
extension (additional piece). : Ralonj. n. / Bwa-a twò kout, fò nou mete yon ralonj ladan'l.
extremely. : A mò. prep phr. / Msye renmen madanm li a mò.
exuberant, excited. : Antyoutyout (antyoupwet). attrib. / Sa ou genyen ou antyoutyout konsa? Lo kè ti poul kontan, se malfini ki dèyè 'l.
eye, eyes. : Je (zye). n. / Chak moun se de je sèlman yo genyen.
eyebrow. : Sousi. n. / Medam-sa-yo, se toutan y'ap grate sousi-yo ak giièt, yo san lè koupe po je-yo.
eyelashes. : Pwal je. n. / Se pwal je long ki alamòd.
eyelet. : Zeye. n. / Se soulye ak zeye nou vle..
eyelid. : Popyè. n. / mwen tèlman pa dòmi yè swa m'santi popyè je-m lou.

F

fabric. : twal. n phr. / Li mete kostim twal sou li pou lal nan maryaj zanmi-l.
face. : Figl. n. / Li gen yon bann bouton leve nan figl-li.
face to face. : fas a fas ; je pou je ; Bab pou bab. n phr. / Si nou te tonbe je pouje, ou ta wè ki jan li tap kouri pou mwen.
fact.: Fè (fèt). n. / Sa-a se yon fè reyèl.
factory. : Faktori ; Izin (iizin). n. / Travay nan faktori se travay ki di e yo pa peye.
fade, to wither. : Fennen. v intr. :Fenèt (fennèt). n. / Pyebwa-a fennen, li pa jwenn dlo.
faded. : Blaze. attrib. / Yo bay rad-la de lave sèlman, li gentan blaze.
faded (person). : Blaze. attrib. / Fi-a twò blaze, li pa ka ale nan fèt-la konsa.
faggot (wood). : Fachin bwa. n phr. / Al chache kèk fachin bwa pou'm fè yon dife.
faith. : Kwayans ; lafwa. n. / Nou-menm se nan Bondye nou met kwayans- nou.
faithful. : Fidèl. attrib. / Misye di fi-a pa fidèl, lap bali zoklo.
faithless, treacherous. : Pèfid. attrib/nom. / mwen poko janm wè moun pèfid tankou c.
fall. : Tonbe. v intr. / Fè atansyon pou ou pa tonbe nan wòchsa-yo.
fall. : tonbe. v intr. / Asyèt-la sòt tonbe nan men-l, li kraze.
fall (tumble). : So. n. / Li pran yon so sou tèt.
fall for (fall in love with). : Tonbe pou. v phr. / Nan koze youn tonbe pou lòt, y ap marye semèn pwochèn.
fall to (set about). : Tonbe nan. v phr. / Depi msye fè fayit-la li tonbe nan reve, tout lajounen'l ap di se li ki pi rich sou latè.
false. : Fo. attrib. / Si ou pa ouvè je-ou y a ba ou fo resi.
faltering (going downhill). : An bès. prep phr. / Boutik vwazin-lan an bès, li tèlman vann kredi mwen te wè sa pou li.
family landholding. : Bitasyon (abitasyon). n. / Vandredi sen

nou pral liminen sou bitasyon-an.
Family planning. : Planinn. var. metòd planinn. n/ Moun ki pa vle fè timoun te dwe fè planinn.
family, relative. : Fanmi. n. / Moun-sa-yo se fanmi ;se pitit tonton manman-m.
family, relatives. : Lafanmi (lafami, fanmi). n. / Ou ta di m ou ap mennen tout lafanmi avè ou.
famine. : Grangou. n phr. / Bò Pòdpè moun-yo ap soufri ak grangou kanpe, pa gen manje, pa gen dlo.
fan. : Vante (v) ; vantilatè (n) ; vantay (n). / Pran vantay-la pou fè van pou granmoun-nan ; si ou pa vante'l, lap cho.
fan (enthusiast). : Fanatik. n. / Se fanatik li ye,denpi ansanm-lan pral jwe fòk li la.
far end, deep end. : Bafon. n. / Tigason-sa-a pa pè danje paske chak fwa l'ap benyen se nan bafon dlo-a li antre.
far, far away, distant. : Lwen. adv. / M pa tande, ou two lwen.
farm. : Fèm. n. / Legliz-la gen yon gwo fèm ki gen anpil bèt sou li.
farmer. : Kiltivatè. n. / Peyizan. n. / Peyizan-yo fè travay latè, yo se kiltivatè.
farmer, peasant farmer. : Abitan. n. / Nèg-sa-a se yon gwo abitan, li gen anpil lajan.
fart. : Fè van ; Pete. v phr. / Li bwè yon bann pwa wouj ki bal anpil gaz, depi maten lap fè van.
farter (one who farts). : Petadò. n. / Se petadò ou ye, ou pa ka al nan sosyete.
fascinating. : Ante. attrib. / Dimanch m pral nan yon jounen, se bagay ante.
fashion. : Lamòd ; alamòd ; mòd. n. / Ou pa wè tout fi ap mete rad long ane-sa-a? Se lamòd.
fashionable. : Alamòd. attrib./ Kalabiyen se danse lontan, li pa alamod ankò.
fast, immediately. : An vitès. prep phr./ Al fè twalèt-ou an vitès, ou twò sal.
fast, quickly. : Vit ; rapid ; rapidman ; fè vit. adv. / Plis yon moun ap granmoun, se plis li wè tan-an pase vit.
fast, speedy. : Rapid. attrib. / Mewove rapid, talè n ap rive Senmak.

fasten ; fastened. : Tache. v tr/attrib. / Mwen di ou lo m'ap antre nan lakou-a fòk ou tache chen, si se sa'm pap vin ankò.
fat. : Gra. attrib. / Tant Polèt gra, se woule iap woule de bò.
father. : Papa. n. / Papa-m travay di pou 'l ka ban nou sa nou bezwen.
fatigue. : Fatig. n. / Fatig ap touye'l, li fè jounen ap mache monte-desann.
fatiguing. : Fatigan. attrib. / mwen komanse travay a senk è di maten pou jouk tan'l nwit ; travay sa-yo twò fatigan.
fatso. : Patat. n phr. / Ou-menm ou twò gwo, ou se yon patat si.
fatten up. : Angrese. v tr. / Po bannann bon pou angrese kochon.
fault. : Fòt. n. / Li fè kont efò-li po dyab, se pa fòt-li si'l pa bay yon bagay. (se pa fòt-mwen)
faultlessly, impeccably. : Fen. adv. / Li pale franse fen kou yon rat.
favor. : Avantaje. v tr. / Li se ti fanmi-mwen, mwen avantaje'l.
favorite. : prefere ; Boul dous. prep phr.: Ti pitit sa-a se boul dous mwen.
favoritism. : Paspouki. n. / bò isit-la nanpwen paspouki, sa ou fè se li ou wè.
fawn. : Fè chen. v phr. / Jenn timoun tankou ou, ase fè chen nan pye moun pou moso manje.
fawn, to curry favor. : Flate ; achte dèyè ; achte figi. v tr. / Ase flate fi-a non, ou pa wè li pa sou bò-ou?
fawn, to curry favor. : Achte figi (achte dèyè). v phr. / Ou pa bezwen achte figi msye konsa, li pap janm ba ou anyen.
fawning, obsequious. : Flatè. attrib/nom. / Ou kwè se nèg flatè sa, yo mèt fè-l nenpòt malonnèt lòt bò-a, premye moun ki poual fè chen nan pye moun-yo se li-menm.
fear ; afraid. : Pè ; Lapè. v tr/attrib. / Li pè mache lannwit.
feast. : festeb ; Babako. n. / N ap fè yon babako manje pou maryaj Ti Sesil.
feast, banquet. : Festen. n. / Li mete'l anpenpan pou lal nan festen-an.
feather. : Plim. n. / Li fè zorye-a ak plim poul.
February. : Fevriye. n. / Yo mande pou nou bay kay-la premye fevriye.

feces. : poupou. n. / Doktè mande pou gade kabine pitit-la pou wè si lap jete vè.
feel. : Santi. v tr. / Mwen pa prale jodi-a, mwen santi lafyèv.
feel (examine by touching). : Manyen. v tr. / Ou pa fè msye manyen ou pou ou wè sa ou gen nan do-a.?
feel like, to want. : Anvi. v tr. / Si yon demwazèl anvi marye, li pran ti nèg-la, li mennen 'l devan paran-l
feel, to touch. : Tate. v tr. / Mwen pral tate teren-an pou'm wè si se yon bon teren.
feeling. : Santiman. n. / Ou se san santiman ou-menm, yo te mèt fè ou nenpòt bagay, sa pa di ou anyen.
feint, fake (in sports). : Kab. n. / Etan lap kouri dèyè m, m'ba li yon kab, m'vire tounen.
fellow. : Bonnonm (bonòm). n. / Gade gwosè yon bonnonm ki kite yon ti piti bat lil.
fellowman : Sanblab. n. :Sanba. n. : / Nou pa fèt pou n rayi sanblab-nou.
female. : Femèl (fèmèl, fenmèl). n. / Kabrit-sa-a se yon femèl, mwen bezwen yon bon bouk pou mwen kwaze avè'l.
fence. : Lantiray (lantouray, antouray) ; kloti. n. / Si jaden-an pa gen yon bon lantiray, bèt ap antre ladann.
fender. : Zèl. n. / Misyè pa fò nan kondui machin, li fin kolboso tout zèl-yo nan frape adwat agoch.
ferment. : Fèmante ; v intr. / Kremas-la fèmante, pabwè-l.
fertilizer. : Angrè. n. / Tè ki gen angrè bay plis randman ke sa ki pa genyen.
fetch. : Ale chèche. v tr. / Chak maten tout timoun andeyò al chèche dlo nan rivyè anvan y'al lekòl.
fetish, talisman, charm (magic). : Wanga. n. / Yo di se wanga'l gen nan boutik la ki fè'l fè bon lavant konsa.
feud, quarrel. : Yingyang. n. / Kounye-a yo marye, tout yingyang-sa-yo ant fanmi-yo pou sispann.
fever. : Lafyèv. n. / Lè ou gen lafyèv, ko-ou cho epi gen de lè ou santi frison.
fiancé. : Fiyanse. n. / Marikam se fiyanse Jolikè, yo san lè marye.
fidget. : Pyafe. v intr. / Ase pyafe la-a, gen moun ki ap dòmi.
field. : Teren. n. / Di mèt bèf-la vin retire bèf-la sou teren- m-lan.

field (specialty). : Branch ; pwofesyon ; metye. n. / Travay m ap fè-a se pa branch-ou, ou pa konn anyen ladan.
fifteen. : Kenz. n/attrib. / Si ou wè de nimewo, youn ak senk ansanm, yo fè kenz.
fifteenth. : Kenzyèm. attrib/nom. / Kenzyèm mayo-a, se pou msye li ye.
fifth. : Senkyèm. attrib/nom. / Sa fè kat fwa ou fè sa, sou senkyèm fwa-a ou ap nan gwo pwoblèm avè m.
fifth grade. : Mwayen en. n phr. / Pitit-mwen-an pase nan ekzamen, li pral fè mwayen en ane pwochèn.
fiftieth. : Senkantyèm. attrib/nom. / y'ap fete senkantyèm ane ekip foutbòl-la.
fifty. : Senkant. n/attrib. / Denmen ap fè'l senkant an.
fig tree. : Figye. n. / Gen yon gwo pye figye devan kay-la.
fight (persevere). : Lite. v intr. / Nan lavi ou pa fèt pou janm sispann lite.
fight, to struggle. : Goumen ; Batay. v intr. / Se goumen pou'm ta goumen avè'l, bat li byen bat, pou'm ta santi byen.
file (fingernails). : Limen. v tr. / M bezwen limen zong-mwen men m pa ka jwenn lim-lan.
fill ; full. : Plen ; Foul ; Ranpli. . v tr/attrib [urb]. / Foul tank-la ak gaz.
fill (a tooth) ; filled (tooth). : Plombe. v tr/attrib. / Li gen de dan plonbe nan bouch-li.
fill up. : Konble. v tr. / Si nou pa gen kòb pou fin fè basen-an, pito nou konble twou-a.
fillet (meat). : Filè. n. / Jan filè chè, se moun ki gen kòb ki manje sa.
film, movie. : Fim. n. / Aswè-a mwen pral nan sinema, y'ap pase yon fim kòbòy.
filter. : Filt. n. / Dlo-a plen kras, pase'l nan filt oubyen bouyi'l anvan ou bwè li.
filth. : Malpwòpte ; fatra. n. / Manyè bale devan lakay-ou pou retire tou malpwòpte-sa-yo.
final exams. : Konpozisyon. n. / Timoun-yo nan konpozisyon kounye-a, yo pa gen tan ditou, y'ap etidye.
finally. : Finalman. adv. / Finalman, mwen di'l li met ale.
finally, at last. : Resi. adv. / Se jodi yo kòmanse travay-sa-a, se

senmenn-sa-a yo resi finl'l.
finally, at last. : Anfen. adv. / Anfen lapli-a resi tonbe.
financial difficulties. : Anbarasman. n. / Msye gen yon anbarasman semenn-sa-a, li pa ka peye pou ou.
find (discover, encounter). : Twouve ; jwenn. v tr. / Mwen te di ou gad nan bwat-la, ou pa twouve l?
find out. : Aprann. v tr / Nou aprann sa yè, se pa ti kontan nou kontan!
find, to discover. : Jwenn. v tr. / Yo chache madanm-lan tout kote men yo pa janm jwenn li jous koulye-a.
fine (n). : Amann. n. / Yo fè'l peye trant goud amann poutèt li pase sou limyè wouj..
fine (well). : Byen (ben). attrib. / Eka-ou? --M byen wi.
fingernail polish. : Kitès (kitèks). n. / Jenn medam-yo depanse kòb-yo pou fè zong-yo bèl, yo toujou gen kitès sou yo.
fingernail, toenail. : Zong. n. / Malis sere yon ti ze anba zong-li pou Bouki.
finish ; finished. : Fini (fin). v tr/attrib. / Travayè-yo poko fini ak travay-la.
fire (from a job). : Revoke ; Kase ; Mète atè. v tr. / Li pa fè travay-li byen, yo revoke'l.
firecracker. : Peta. n. / Lè Nwèl, timoun renmen tire peta.
firefly, lightning bug. : Koukouy (koukwi). n. / Tout ti limyè ou wè k'ap vole nan raje-yo, tout se koukouy.
fireman. : Ponpye. n. / Dife-a gentan fè anpil dega anvan ponpye rive.
firm (solid). : Fèm. attrib. / Malgre tout mizè nou pase, nou toujou rete fèm.
firmness. : Fèmte. n. / Se pou pale avèk fèmte, ou pa bezwen pè figi moun.
first. : Premye (premyè, prenmye, prenmyè). attrib. / Se premye moun mwen wè ki byennelve konsa.
first (adv). : An premye. prep phr. / Pat gen moun nan klas-la lè li rive, se li ki vini an premye.
first grade. : Preparatwa en. n. / Li tap fè anfantin de, kounye-a li pase pou preparatwa en.
first-rate, exceptional (fine). : Total. attrib. /Nèg sa-a se yon nèg total, li pa nan plan.

fish. : Peche. v intr. / Jodi-a pechè-yo peche tout jounen.
fish. : Pwason. n. / Lè vandredisen tout moun kwit pwason.
fishbone. : Arèt. n. / Yo di msye vale yon pwason a tout arèt, pou di se vre?
fish net. : Privye. n. / Fillè-a pran pi gwo pwason pase privye-a.
fish soup. : Bouyon pechè. n phr. / Bouyon pechè pa janm fèt san vyann.
fish trap. : Nas. n. / Kou'l senk è tout pechè al rale nas pou yo wè ki kantite pwason yo kenbe.
fisherman. : Pechè. n. / Pechè-yo pran anpil pwason jodi-a.
fishhook. : Zen. n. / M achte de twa zen, m pral lapèch maten - an.
fishing. : Lapèch. n/n loc. / Lapèch-la te bon jodi-a, nou pran dis bèl pwason.
fishing : Pèch. n. / Jodi-a se jou pèch, ou pap jwenn yon pechè lakay-yo.
fist. : Pwen. n. / Tigason-an pa di'l anyen, epi li gentan mare pwen-l pou'l goumen avè'l.
fit closely. : Moule. v tr. / Fanm- sa-a anfòm, papal Pantalon-an byen moule fòm ko-li tou.
fit closely (clothes). : Sentre. v tr. / Rad-la byen sentre'l nan ren.
fitter (technician). : Montè ; mekanisyen. n. / Si mont-ou-a gen yon pwoblèm ou mèt wè bòs Pòl, msye se yon bon montè.
five. : Senk. n/attrib. / Moun gen senk dwèt nan chak men.
fix (predicament). : Tchouboum. n. / Msye pran lajan moun-yo, kounye-a yo mande rapò ; msye antrave, li nan tchouboum.
fixed (permanent). : Fiks. attrib. / Ou pa gen kay fiks, ou pap travay, tout lajounen ou nan lari. Monchè ou se yon vatevyen.
flabbergasted. : Rete bèkèkè. / yo pale avè li, li rete bèkèkè, yon mo pa sòt nan bouch-li.
flamboyant. : Flanbwayan. n. / Lè sèzon Fèt Dye tout pye flambwayan vin tou wouj ak flè.
flame. : Flanm. n. / Dife-a fè yon gwo flanm men wotè.
flash bulb, flash attachment : Flach. n. / mwen pa ka fè foto pou ou aswè-a, flach-mwen fini.
flashlight. : Flach. n. / mwen achte yon flach pou mwen klere lannwit lè'm ap rantre.
flat. : Plat. attrib. / Nèg-sa-a gen dèyè plat.

flat bread pan, tray. : Plato ; kabare. n. / L ap grese plato-a pou'l al fè pen.
flatten, to even off ; flattened, evened off. : Plati ; aplani. v tr/attrib. / So ak trakte-a li plati tè-a byen konsa-a wi.
flatterer. : Sousou. n. / Ase fè sousou nan pye nèg-la, si'l pa vie ba ou dyòb-la, vire do-ou al fè wout-ou.
flatterer, obsequious person. : flatè ; lanbè. n. / Lanbè-sa-a mache dèyè li tankou chen, li fè li konpliman san rezon.
flavor. : Gou. n. / Pitimi pa gen menm gou avèk diri.
flea. : Pis. n. / Chen-sa-a gen pis, pa kite timoun-yo jwe ak li.
flee (to go into hiding). : Bwaze ; sove. v intr. / Lè misye wè lapolis ap vini li bwaze.
flesh. : Vyann. n. / Madanm-sa-a gra anpil, ko-li fin lage, vyann bra-li ap souke.
flesh (of a fruit). annan. n. / M'rennen nannan kokoye a mò.
flesh, meat. : [illegible]. n. / Al achte twa pyas vyann pou mwen, chache sa k gen anpil chè.
flight. : Vol. n. / Avyon-an pran vol a siz è won kou yon boul.
flirt. : Koze ; file ; Fè flè.. v intr/nom. / M wè msye ap fè yon ti koze ak pitit fi-m-lan, men yo poko nan renmen.
float. : Plane (plannen). v intr. / Gade jan 'l plane byen sou dlo-a.
flood. : Inondasyon. n. / Tanpèt-la fè anpil dega Jakmèl: kay kraze, inondasyon, anpil dega.
flood ; flooded. : Inonde. v tr/attrib. / Si rezèvwa Bòlòs-la eklate, Pòtoprens tap inonde.
flooded (car). : Anvayi. attrib. / Depi ou wè machin- lan pa vie estat, konnen li anvayi.
flounce. : Volan. n. / Lè ou mete volan nan ti rad timoun, li fè rad-yo bèl.
flour. : Farin. n. / Lè ou ap fè labouyi ou griye farin-lan.
flourish. : Fleri. v intr. / Pa enkyete ou, tout bagay ap mache byen, kòmès-la ap fleri.
flow. : Koule. v intr. / Dlo-a ap koule fre nan lari-a.
flower. : Flè. n. / mwen renmen gen anpil flè nan lakou-mwen. see: fè flè
flower (bloom). : Fleri. v intr. / Depi an mwad avril tout flè koumanse fleri.
flunk ; flunked. : Koule. v tr/attrib. / Li di se mèt-la ki koule'l.

flute. : Flit. n. / Nanpwen nèg jwe flit byen konsa.
fly. : vole ; Flay. v intr. / L ap ranje malèt mari-l k ap flay denmen.
fly. : Mouch. n. / Ki bèt-sa-a k'ap bougonnen nan zorèy-mwen konsa-a? –Se yon mouch.
fly (of trousers). : Bragèt (bwagèt). n. / L ap mache sou moun ak bragèt-li deboutonnen.
foam. : Kimen (tchimen). v intr. / Lè ou fwote lyann-lan, li kimen tankou savon.
foam (froth). : Kim. n. / Lanmè-a ajite, li fè kim.
fog. : Bwouya. n. / Gen bwouya nan man-lan, chofè-a pa wè byen, li fè aksidan.
fold. : Pliye. (ploye, plwaye) ; vlope. v tr. / Pliye rad-la mete 'l nan malèt.
folder. : Katab. n. / Mete tout papye enpòtan ansanm nan katab-la, konsa yo pap sal e yo pap pèdi.
follow. : Swiv (swiv). v tr. / Kote'm fè ou fè dèyè m, mwen ta renmen konnen poukisa ou ap swiv mwen konsa.
fontanel : Fontenn tèt. prep phr/: Fontenn tèt ti bebe-a poko fèmen.
food. : Manje. n. / Pa blie bay kodenn-la manje, non.
food tote. : Kantin. n. / Lè m timoun, bon lakay-la te konn pot manje midi pou mwen nan yon kantin.
fool. : Bòbòy. n. / Misye se yon boboy, yo fè sa yo vle avè li.
fool. : Jebede ; gaga ; egare. n. / Nèg-sa-a se yon jebede, madanm-li fè sa li vle avè'l.
fool around (play). : Brigande. v tr. / Depi pa gen lekòl, ti nonm-lan al brigande nan savann-lan.
fool, simpleton. : Gaga ; egare. n. / Li se yon gaga, madanm-lifè sa li vle avè'l.
foolishness. : Sotiz. n. / Ki sotiz ou ap di sou moun la-a?
foot (on). : Apye. adv. / Se apye moun-yo ap vini, yo pa jwenn chwal.
foot (measurement). : Pye. n. / Li gen twa pye de longè.
for a long time. : Lontan. adv. / L ap tann ou lontan, li pa wè ou.
for example. : Pa ekzanp. prep phr. / Si pa ekzanp ou vini ou pa jwenn li, sa ou ap fè?
for life. : Avi. adv. / Tousen Louvèti te gouvènè jeneral avi.
force. : Fòse. v tr. / Si ou pa fòse pitit-la manje, lapfin tounen zo

nan men-ou.
forehead. : Fon (fwon). n. / Li pran yon kout wòch nan fon.
foreigner. : etranje. n. / Chofè-a al chèche etranje-yo nan ayewopò pou'l depoze yo nan lotèl.
foreman : Fòman. n.
foresee. : Prevwa ; anvizaje. v tr. / Le m'te di'm tap peye lekòl-la pou ou m pat prevwa si maladi tap touye kochon-m-yo.
forest. : Forè ; bwa. n. / Gen yon forè anba-a, li plen vye bèt ladan'l.
forge. : Fòj. n. / Fòj-la manke chabon.
forget. : Bliye (blie). v tr. / M soti m bliye fèmen pòt-la.
forgetful person. : Bliyado. n. :Blije. sh form of/ Bliyado tankou oupa ka fè moun pwomès.
forgive, to pardon. : Padone (padonnen) ; fè pa. v tr. / Padone 'l pase li pa fè espre.
fork. : Fouchèt. n. / Moun pa janm bwè bouyon ak fouchèt.
forked branch. : Kwòk. n. / M bezwen yon kwòk pou fè fistibal-mwen-an.
form (organize) ; formed (organized). : Fòme. v tr/attrib. / Legliz-sa-a fèk fòme.
form, shape. : Fòm. n. / Li ba chapo-a yon bèl fòm.
former. : Ansyen. attrib/nom. / Misye se yon ansyen chèf seksyon, li retrete koulye-a.
formerly, long ago, in time past. : Lontan. adv. / Lontan lavi pat chè konsa.
formidable person. : Towo. n. / Pa chèche nèg-sa-a kont, non, se yon towo li ye, lap pran-ou lap fese-ou atè.
fort. : Fò. n. / mwen pa gen kè pou'm al Fò Dimanch.
fortieth. : Karantyèm. attrib/nom. / Ti Jan sòti karantyèm sou karannsenk nan klas-li.
fortune. : Fòtin. n. / Se fòtin li fè nan bagay-sa-yo, li achte yo bon mache, li vann yo byen chè.
fortune. : Avwa. n. / Li depanse tout avwa-l pou 'l anbeli kay-la.
forty. : Karant (karann). n/attrib. / Se apre karant jou Jezikri te monte nan syèl apre li te resisite.
forward (soccer). : Avan. n. / Avan ekip-sa-a manke rapidite.
foundation (house). : Solay. n. / Solay kay-la ap fann, mwen bezwen pou bòs-la fè yon travay ladan pou mwen.

foundation (of house, etc). : Fondasyon. n. / Depi ou fin fè fondasyon kay-la, ou mèt di ou sove.
fountain. : Fontenn. n. / Moun bò isi-yo se nan fontenn-lan yo pran dlo.
fountain pen. : Plim a rezèvwa. n phr. / Li di se a plim a rezevwa pou 'l ekri lèt-la.
four. : Kat (katr). n/attrib. / Li gen katr an, se yè kite fèt-li.
fourteen. : Katòz. n/attrib. / Nou gen dis chèz, manke kat pou fè katòz chèz.
fourteenth. : Katòzyèm. attrib/nom. / Sa fè katòzyèm gòl lifè depi sezon-an ouve.
fowl. : Bèt volay. n phr. / M pèdi tout bèt volay m te genyen-yo.
fragile. : Frajil. attrib. / Asyèt-sa-yo frajil anpil,fètatansyon pou yo pa kraze.
fragments (tiny pieces). : Myèt ; moso. n phr. / Asyèt-la kase nèt, li fè myèt moso.
frame. : Ankadre. v tr. / mwen bezwen ankadre pòtre-m-lan pou'm ka kwoke 'l nan panno-a.
frame. : Ankadreman. n. / Nan fè dezòd, timoun-yo kraze vit ankadreman-an.
frame (of craftsman). : Chevalèt. n. / Se chevalèt-la ki kenbe po-a pannan n ap travay li.
frame (of door, window). : Chanbrann. n. / Chanbrann pòt-la manke solid.
framework. : Amati. n. / Y'ap kraze kay-la paske amati-li pouri.
framework (of building). : Chapant. n. / Yo fin monte chapantkay-la, rete pou yo mete tal ak pat ase.
framing (for concrete work). : Kofray ; echafo. n. / Kofray-la manke solid, kou ou mete beton-an lap kraze.
France. : Lafrans ; Frans. n/n loc. / Li pa ameriken, se Lafrans li moun.
frank ; straightforward. : Fran ; sensè ; kare. attrib. / mwen renmen moun ki fran, ki pa ipokrit.
frankly. : An verite. prep phr. / An verite, mwen santi'm ta vire do-m, se pa manti non!
freckle. : Takte. n. / Ti takte li gen sou figi-l- la fè'l parèt pi bèl toujou.

free. : Lib. attrib. / Ou granmoun, ou lib pou fè sa ou vle.
free (gratis). : Gratis. attrib. / Stad-la ap plen moun aswè- a paske match foutbòl-la gratis.
freemasonry, freemason. : Mason. n. / Moris se mason, li di ougan pa ka fè'l anyen.
French. : Franse. attrib/nom. / Sa msye ye, ameriken ou franse?
frequent. : Frekante. v tr. / Fòk ou chwazi kalite moun pou frekante.
fresh air. : Frechè ; van. n. / mwen pral pran yon ti frechè bò lanmè-a.
freshman year of college. : Filo. n. / papa pitit-la kontan, pitit-la rive nan filo, li tou fin lekòl.
Frèt. adv. : Instantaneously. : : Menm kote machin-lan frape l-la, li mouri frèt.
fret, to squirm. : Bat kò. v phr. / Pitit-la bat kò-li tout lannwit, li gen lè malad.
Friday. : Vandredi. n. / Vandredi se dènye jou lekòl nan semèn-lan.
fried foods (plantain, meat, etc). : Fritay. n. / Machann fritay-sa-a fè yo byen.
fried seasoned pork. : Griyo. n. / Mete bonkou epis nan vyann kochon-an pou li sa bay bon griyo.
friend. : Zanmi. n. / Toma se yon bon zanmi, lè ou nan bezwen li toujou prèt pou ede ou.
friends, relationships(social). : Frekantasyon. n. / Fi-sa-a fè gran frekantasyon.
friendship. : Zanmitay. n. / M di ou koupe tout zanmitay ak fanm-sa-a, li pa bon, non.
frighten ; frightened. : Fawouche. v tr/attrib. / Pa fawouche bèt-la, ou a fè'l pati.
frighten, in shock. : Fè emosyon. prep phr/: Lè li pran nouvèl pitit la mouri, li fè emosyon.
fringe. : Franj. n. / mwen bezwen fè yon bèl wòb ak franj.
fringe benefit (unofficial). : Gen ; koutay. n. / Kizinyè- sa-a konn fè ti gen ; li fè yon ti kraze chak fwa li desann nan mache.
fritter. : Benyen. n. / M pral achte de benyen pou m manje.
fritter (spicy). : Marinad. n. / Marinad se yon bagay mwen renmen manje anpil.

frog, toad. : Krapo ; gounouy. n. / Lè swa toujou gen krapo k'ap rele nan basen-an.
from (beginning). : Apati de. prep./ Apati de diznèf janvye chak dimanch gen madigra, moun degize, bann nan lari.
front. : Avan. attrib. / Wou avan machin-lan plat.
frown. : Mare min. v phr. / mwen gen yon pitit depi'm fè'l yon obsèvasyon li mare min-li sou mwen, li move.
fruit. : Grenn bwa. n phr. / Kochon manje prèske tout kalite grenn bwa chèch.
fruit. : Fwi. n. / Mango se yon fwi nou toujou genyen.
fry ; fried. : Fri. v tr/attrib. / Fri poul-la pou mwen jodi-a.
fuck. : Konyen. v tr [vulg].
full (sails). : Anboulin. adv./ Yo mele djip-la anboulin pou i pran van pou batiman-an ale pi vit.
full moon. : Plenn lin. n phr. / Se plenn lin-lan y'ap tann pou yo plante.
fullback. : Aryè. n. / Ekip-la manke aryè, se sa ki fè li pran tout gòl-sa-yo.
fumigate. : Filte. v tr. / mwen pral filte kabann-lan poum ka touye enpe pinèz.
funeral, burial. : Finiray ; antèman. n. / Mezanmi, finiray poko fin fèt, moun-yo pete batay pou byen mo-al
fungus ; moldy, mildewed. : Kanni ; rabi. v tr/attrib. / Rad-yo kanni, se nan klowòks pou al mete yo apre sa.
funnel. : Antonwa (anténwa). n. / Li mete lwil-la nan boutèy-la avèk yon antonwa.
funny (humorous). : Rizib. attrib. / Sa m'ap di ou-la pa gen anyen ki rizib ladan.
funny stories, jokes, banter. : Odyans ; blag. n. / Lè swa lè nou pap fè anyen konsa, nou toujou renmen bay odyans.
furious. : dechennen ; attrib phr. / Msye te nan yon gwo djòb, li pèdi'l. Msye mande anraje kounye-a.
furnish. : Meble. v tr. / Kay mwen fèk achte-a vid,fòk mwen meble'l.
furniture (piece of furniture). : Mèb. n. / Anvan mwen marye-a, fòk mwen achte de twa mèb pou'm mete nan kay-la.
fussy (irritable). : Rechiya. attrib. / Sa pitit-la genyen'l rechiyan konsa jodi-a? Depi maten'l ap kriye.

future. : Avni (lavni). n. / Biznis-sa-a byen konmanse, li gen yon bèl avni devan l.



G

gaiety. : Gete. n. / Ti demwazèl-la gen yon kalite gete sou li sèjousi ; se pa blag!
gall bladder. : Fyèl. n. / Pa kite moun-yo pete fyèl-ou anba travay tande!
gallon (measure, container). : Galon. n. / Galon-an plen lwil.
gallop. : Galope. v intr. / Chwal-la ap galope sou wout-la, talè n ap rive.
gambler. : Jwè (jwa). n. / Jwè-sa-a pap janm kite ; bòlèt nan san-li.
gambler). : Azaryen. n./ Msye se yon nèg ki pap janm gen lajan, li se yon azaryen.
gambling, game of chance. : Aza (daza). n.: Ayizan. n./ Msye dejwe, li pèdi tout kòb-li nan aza.
game. : Pati. n. / Yo pral fè de twa pati kat anvan y'al dòmi.
game. : Jwèt. n. / Nan jwèt lago, gen yon moun k ap chache tout lòt moun ki kache-yo.
game ; animal ; bird. : Jibye ; zwazo ; bèt volay. n. / Pa gen anpil jibye nan bwa Ayiti ankò.
ganglion (tumor). : Glann. n. / Li gen yon glann anba bra-l depi twa jou.
garage. : Garaj. n. / Mennen machin-lan nan garaj pou bòs mekanisyen-an ranje'l.
garage. : Remiz. n. / Lè ou fin remize machin-lan, pa bliye fèmen pòt remiz-la.
garden, field. : Jaden. n. / Yon abitan toujou gen jaden, piti kou'l ye, pou'l plante legim.
gargle. : Gagari. v tr. / Fò ou gagari remèd-la twafwa pa jou.
gargling (n). : Gagari. n. / mwen pa ka tande bri gagari lè moun ap netwaye gòj-yo.
garlic. : Lay. n. / Pito ou pa mete okenn lòt epis nan manje-a men ou met lay.
gas (intestinal, stomach). : Gaz. n. / Li gen yon gaz k ap fè'l mal anba kè.

gas station : Ponp gazolin (estasyon gazolin). n phr. / mwen pral fè gaz nan ponp gazolin pi devan-an.
gasoline. : Gasolin (gazolin). n. / Talè mwen pral vann machin-mwen-an pase gazolin twò chè.
gasoline, kerosene. : Gaz. n. / Lanp-la pa gen gaz.
gate. : Bayè (baryè). n. / Bayè devan-an solid anpil,volè pa ka defonse'l.
gate, barrier.: Potay. n. / Femen pòtay-la poutèt bèt-y.
gather. : Griji. v tr/attrib. / Jip griji alamod ankò sèjousi, e ou pa bezwen bon koutiryèz pou fè youn
gather (together). : Sanble. v tr. / Yon sèl kout lanbi, tout moun sanble.
gauze. : Twal gaz. n phr. :Twadegout. n/ Mare blese-a ak twal gaz pou salte pa rantre ladan'l.
gay (happy). : Ge ; kontan. attrib. / Ti pitit-la gentan ge, tout lajounen lap jwe.
gearshift. : Levye. n. / Yo make vitès machin-yo sou tèt levye-yo.
gearshift. : Chanjman vitès. n phr. / Machin-lan pa ka pran mòn-nan, chanjman vitès-li pa bon.
general (army). : Jeneral (jenneral, ja: Jeneral. see/ Yon jeneral gen plis otorite pase yon kolonèl.
generally. An jeneral, papa-m al nan travay vè uit è.
generosity. : Kè nan men. n phr. / Menm si ou gen pwoblèm ou pa bezwen al pale ak sipèvizè-a, ou konnen se moun ki pa gen kè nan men.
generous. : Jenere ; donan. attrib. / Kaseyis se nèg jenere, depi'l genyen lap ba ou.
generous. : Laj. attrib. / Mari-l se nèg ki laj, li pa chich menm.
genitals (boy): Pati ; pijon ; kòk. n [euph]. / Li pa vie pipi devan moun pou yo ka pa wè ti pati-l.
genitals (female). : bouboun ; devan ; bòbòt ; koko ; afè ; bagay, . n. / Li malad nan afè-l.
germ. : mikwòb ; jem n. / Atè-a pa pwòp ditou, li gen mikwòb.
german, German. : Alman. attrib/nom. / Lontan te gen anpil blan alman ann Ayiti.
germinate. : Jèmen ; pouse. v intr. / Ou met diri-a nan dlo, li jèmen apre twa jou.
gesture (action). : Jès. n. / Ou leve ou ale, jès-sa-a pa fè'm

plezi.
get (a vehicle) moving. : Balanse. v tr.:Balans. n. / Machin-lan poko plen moun, nou pa ka balanse.
get along. : Antann. v tr. / Nan fanmi-sa-a moun-yo konn viv, yo antann yo byen.
get angry. : Pran chenn. v phr. / Misye fin pran chenn poutèt lajan-an madanm-li pèdi-a.
get angry. : Fè move san. v phr. / Fòk ou pa koute timoun-yo pou ou plede fè move san non.
get even with. : Regle. v tr. / Ou fè'm pase tout apremidi-a ap tann ou epi ou pa vini, mwen a regle ou.
get excited, to get wound up. : Pran chenn. v phr. / Ti mesye-yo fin pran chenn ap jwe foutbòl.
get irritated. : San-m manje m. / Tout san-m manje'm lè'm wè'l ap fè tenten-sa-yo.
get lost. : Oltègèt. v intr. / Li di yo òltèget pase yo pa ka fè travay-la byen.
get lost (leave). : Bay talon. v phr [used as a command]. / M di ou pa rete devan pòt-la, vire do-ou, bay talon-ou la-al.
get married. : Marye. v phr. / Manno pral marye ak Ti Mari.
get married (civil ceremony). marye sivil ; pase papye
get off on the wrong foot. : File move fil (file move koton). v phr. / Ou ap file yon move fil avèk mwen, fètatansyon tanc'el
get out of the way. : Rale kò. v phr. / Rale kò-ou, ban'm pase!
get ready. : Ranmase. v intr. / Abse-a ap ranmase pou'l al pete.
get ready ; ready. : Prepare (pare). v tr/attrib. / Pare ou kounye-a pase n ap vin chèche ou talè konsa.
get rid of. : revoke ; kase ; balote. v tr. / Yo balote minis-la tankou lèt ki lapòs.
get rid of, to kill. : Fè disparèt. v phr. / Nou pa bezwen'l ankò, ou mèt fè'l disparèt.
get rid of. : Retire nan kosay (wete nan kosay). v phr. / Adiyis twò frekan, mwen retire'l nan kosay-mwen.
get up. : Leve. v intr. / Chak maten m leve bonè.
gift. : Kado. n. / M'renmen lè yo ban'm kado pou fèt-mwen.
gigolo. : Tchoul. n./ Msye se bon tchoul, fanm-yo renmen msye a mò.
ginger. : Jenjanm. n. / Mete yon ti epis jenjanm nan dous-la pou

ba'l bon gou.
gingerbread. : Jenjanbrèt. n. / Jenjanbrèt se yon tablèt lakòl timoun renmen anpil.
girdle. : Genn (gèn). n. / Jan vant-mwen gwo-a, fò'm mete yon genn pou'm sa rantre nan pantalon-sa-a.
girl. : Tifi. n. / Tifi sote kòd, tigason jwe boul..
girl. : Madmwazèl ; manzè ; manmzèl. n. / Ou wè madmwazèl-sa-a ki kanpe devan lekòl-la? Se sè-mwen.
girlfriend. : Boubout ; mennaj. / Boubout-mwen-sa-a, mwen renmen'l anpil.
give. : Bay (ba, ban). v tr. / Ti Jo bay Mari yon bèl manman poul.
give (in payment). : Bay (ba, ban). v tr. / Yoba'l douz pyas pou bagay-sa-a, li pa vle.
give a chance to. : Bay chans. v phr. / Kòmandan-an bay misye yon chans, li pa fèmen li ankò.
give a death rattle. : Rakle ; bat lakanpany ; lagonni. v intr. / Pa gen espwa ankò, depi yè swa malad-la ap rakle.
give a lot. : Plen bòl. v phr. / Manman-m plen bòl-mwen jodi-a.
give birth. : Anfante. v intr. / Pou laj-li li poko ka anfante, mezanmi!
give birth, to deliver (baby). : Akouche. v tr./ Madanm mouchè akouche jodi-a, li fè yon tigason.
give in. : Bat ba ; bay legen. v phr. / Lè volè wè yo prèt pou pran li, li bat ba.
give one's arm to. : Bay lebra. v phr. / Se sè-ou li ye, li pèdi zanmi-l, fò ou al nan antèman-an avè'l pou ou ka ba'l lebra.
give oneself to. : Adonnen. v tr. / Ti nonm-lan adonnen li a jwèt sèlman..
give out of charity. : Charite. v tr. / Tanpri, charite m ti gout dlo, mwen pa gen kras lakay-la.
give up. : Bay legen. v phr. / M bay misye legen pase m wè m ap pèdi pati-a tout jan.
gizzard. : Zizye. n. / Zizye poul-la gonfle, li plen mayi. Se zizye poul-la li vle..
glass (drinking). : Vè. n. / Li bay etranje bwè dlo nan vè, li-menm, li bwè dlo nan gode.
glass (drinking), cup. : Tenbal. n. / Tout tenbal nan kay isit sal,

m pa fouti jwenn yon bagay pou m bwè dlo.
glass cabinet. : Vitrin. n. / Ou pa bezwen louvri yon vitrin pou wè sa ki ladan'l, se yon bifèt ki fèt ak anpil vit.
glasses (eyeglasses). : Vè ; linet. n. / Doktè di'l pou'l pot vè pase li pa wè byen.
glazier. : Vitrye. n. / Lè ou di yon moun "Papa-ou pa vitrye", se vle di "Ou anpeche m wè, sot ka-ou devan m.".-a.
glimpse. : Apèsi. n. / Yo bay apèsi sou fim-lan pannan tout semen lan.
glimpse, glance. : Koudèy ; apèsi ; demonstrasyon. n. / M pral jete yon koudèy lakay-la pou m wè si manje-a pare.
glimpse, peek. : Jòf. n. :Jodi. see/ Lamayòt-la pa bay jòf san ou pa peye.
glory : Lagiwa. n/ Map travay pou lagiwa.
glove. : Gan. n. / Timoun k ap fè premye kominyon toujou met gan blan.
glue. : Gonm (gòm) ; lakòl. n. / Po liv-la dekole, si'm te gen gonm mwen ta kole'l.
glutton. : Aloufa. n. / Tigason-sa-a se yon aloufa, yo ba li de plat manje, li twouve li pa ase.
glutton, gluttonous. : Gouman ; visye. n/attrib. / L ap manje vit, fè gouman, pou yo sa ba'l ankò.
gluttonous. : Afre ; saf. attrib/nom. / Tigason-an afre tankou prizonye ki sòt nan chenn.
gluttony. : Afreman. n. / Si ou gen vant, se afreman-ou ki mete ou la-a. syn: safte
gluttony. : Safte. n. / Se safte ki fè li gonfle konsa.
gnat, mosquito. : Bigay ; moustik ; marengwen. n. / M pè pou m pa gen malarya tèlman bigay mòde m.
go. : Ale (al). v intr. / Pitit-la ap kriye, li vle ale nan mache ak manman-l.
go after. : Liyen. v tr. / M gen de mwa depi m ap liyen djòb-sa-a.
go around saying. : Mache di. v phr. / M'ap fè arete'l wi, msye ap mache di ke'm fou, tout moun konprann mwen fou.
go back and forth ; running around. : Monte-desann ; vire-tounen ; alevini. v intr/nom. / Li pa konn sa pou'l fè, lap monte desann toupatou.
go bankrupt. : Fè fayit. v phr. / Depi msye fè fayit-la li tonbe nan

reve.
go down (to lessen). : Bese. v intr. / Dlo-a bese, kounye-a ou ka janbe'l.
go for a breath of air. : Pran van. v phr. / mwen cho, ann al fè yon ti pwomnad sou plas-la pou n pran van.
go out (from), to come from. : Sòti ; sot. v intr. / Se nan poch-mwen kòb-la sòti.
go to prison. : Pran prizon. v phr. / Li pa janm pran prizon nan vi-l.
go to the bathroom. : Fè bezwen. v phr [euph]. /Pitit-la pa fè bezwen depi maten, gen lè'l konstipe.
goal (sports). : Bi. n. / Lè ekiP-la fin pran twa bi,li remèt tou le twa, match-la nil.
goal area (soccer). : Kan ; gòl. n. / Gadyennbi-a kanpe nan mitan kan-an pou li pare boul-la.
goalie. : Gòlkipè. n. / Fransiyon se youn nan pi bon gòlkipè nan foutbolè Ayisyen.
goalie. : Gadyennbi. n. / Gadyennbi-sa-a se yon pànye, li pa sa rete yon gòl.
goat. : Kabrit. n. / Bèf, kabrit ak kochon, se twa bèt Ayisyen renmen gade.
gobble (food). : Bafle (bafre). v intr. / Li pap leve yon pay, se chita bafre sèlman.
God. : Letènèl. / Gras a Letènèl mwen la toujou.
God. : Bondye ; Granmèt. n. / Nan tout sa n ap fè se pou nou rele Bondye.
God. : Granmèt. n. / mwen sou kont Granmèt-la, tout sa li fè se byen.
God willing. : Si Dye vle. phr. / Demen si Dye vle, mwen a vin wè ou.
godchild, godson, goddaughter. : Fiyòl. n. / Parenn-lan di li pral achte yon kado pou fiyòl-la.
godfather. : Parenn. n. / Parenn-mwen plen fiyèl.
godmother. : Marenn. ; Nennenn. n / Lò ti neve-m-lan wè marenn-li ap vini li tonbe kouri epi lap rele, Nennenn.
gold. : O (lò). n. / Chak bag ki nan dwèt msye se ann ò masif li ye.
goldsmith. : Òfev. n. / mwen ba ofèv-la fè yon zanno pou mwen.

Gonaives. : Gonayiv. n/n loc. / Gonayiv se site de lendepandans.
gonorrhea. : Grannchalè (grantchalè) ; ekoulman. n. / Nan fè vagabon misye pran yon grannchalè.
good. : Bon. attrib. / Madanm-sa-a se yon bon moun, li fè anpil zèv.
good (skillful). : Bon ; abil ; fò. attrib. / Tifi-sa-a bon anpil nanfè manje..
good afternoon, good evening, goodnight, hello. : Bonswa (bonswè). n/interj. / Li di bonswa, pèsonn pa reponn.
good-by. : Orevwa. interj. / Li toujou di orevwa anvan lai lekòl.
good care. : Swenyay. n. / Depi ou wè pitit-la ou wè se yon pitit ki nan swenyay.
good deal. : Avantay bab e moustach. n phr./ Monchè mwen achte yon tè la-a, se yon bon afè, se yon avantay bab e moustach.
good deed, deed (action). : Zèv. n. / Fò ou fè zèv machè, fè lacharite, Bondye a beni ou.
good-for-nothing. : Voryen ; Sanzave ; vakabon, malandren. n/attrib. / Nèg-sa-a se sanzave, mwen pa mele avè'l.
Good Friday. : Vandredisen. n. / Vandredisen nou prai liminen sou bitasyon-an.
good grief! : Mezanmi. interj./ Mezanmi gade moun ki genyen nan kanaval-la!
good intentions. : Bònfwa. n./ Li gen bònfwa, se kòb li pa genyen).
goof off. : Titile. v intr. / Ou gen lè pa manje maten-an pou ap titile nan travay-la.
goose. : Zwa. n. / Depi ou gen zwa nan lakou-ou, volè pa ka antre.
gore (clothing). : Lèz. n. / M prai fè yon bèl wob lèz ak twal-sa-a.
gospel. : Levanjil. n. / Jodi-a n ap jwenn mesaj-nou nan levanjil selon Sen Jan chapit twa vèse douz.
gossip. : Zen ; Tripotay ; Teledyòl. n. / Moun-sa-yo pa gen anyen pou yo fè, tout tan yo nan zen.
gossip (person). : Makomè. n. / Fanm-sa-a se yon veritab makomè.
gossipy, gossip. : Jouda ; tripòt. attrib/nom. / Li jouda, li toujou

ap veye zafè moun pou'l al pale.
govern. : Gouvènen ; dirije ; kòmande. v tr. / Mande mari-l, se li kl gouvènen, tout sa li dl se sa.
government. : Gouvèman (gouvènman) ; leta. n. / Gouvèman-an pwomèt nou travay ak yon pl gwo dispansè.
grade (evaluation). : Nòt. n. / Pwofesè-a bay misye yon move nòt pou devwa-a.
graft. : Grèf. n. / Yon jou li te vie met grèf nan pye zorany-li pou li ka fè pl gwo zorany.
gram. : Gram. n. / Dis grenn medikaman-an peze yon gram.
grammar (book). : Gramè. n. / mwen fèk achte yon gramè nèf pou tigason al lekòl.
granadilla. : Grenadin (grennadin). / Se avèk grenad yo fè siwo grenadin, se pa avèk grenadin.
grandchild. : Pitit-pitit. n. / Grann-mwen gen douz pitit-pitit.
grandeur. : Grandè. n. / Li pa nan grandè, se moun senp ki pap chèche pete ou.
grandfather. : Granpapa (granpè). n. / Granpapa-m te travay sou tren Makdonnal.
grandmother. : Grann (granmè). n. / Lè'm al kay grann-mwen li toujou kité sirèt pou mwen. see: ti grann, grannèt, gran grann.
grape. : Rezen. n. / Pye rezen-an tou wouj ak rezen.
grasp. : Ponyen. v tr. / mwen ponyen li nan zorèy.
grass. : Zèb. n. / Nou pral chache zèb pou cheval-yo.. see: move zèb.
grasshopper. : Chwal bwa (chwal bondye). n phr. / mwen konnen ou pè chwal bwa, si ou antre nan zèb-la y'ap vole sou ou wi.
grate ; grated. : Graje. v tr/attrib. / Apa ou ap graje kokoye, ou gen lè ou pral fè kòk graje.
grater. : Graj. n. / Lè ou fini kale manyòk-la, ou graje'l avèk yon graj.
gratuity (bo[illegible]). : Gratifikasyon ; rekonpans ; bonnis. n. / Chak fen-dane, b[illegible]a bay tout anplwaye yon gratifikasyon kòm kado Nwèl.
grave (critical). : Grav. attrib. / Doktè-a di ka-a grav anpil, nou mèt retire je sou malad-la.
grave-digger. : Fòseyè. n. / Fòseyè-a gadyen simityè-atou.

grave, tomb. : Fòs ; tonm. n. / Senmenn-sa-a se Fètdèmo, fò'm al netwaye fòs vye fanmi-m-yo.
gravel (coarse). : Gravwa ; gravye. n. / Lè ou fin koule sab-la, gravwa k rete-a n ap itilize'l pou kolonn beton-yo.
gray. : Gri. attrib/nom. / mwen bay fè yon kostim gri pou mwen pou'm al nan antèman.
grease, fat (n). : Grès. n. / Doktè di'l pa manje vyann kochon paske'l gen twòp grès.
greased pole. : Maswife. n. / Demen mwen pral nan maswife ;m vle wè kilès kl kapab grenpe poto-sa-a.
great grandmother. : Gran grann. n phr. / Gran grann sou bò papa-m mouri a katrevendiz an.
greedy. : Akrèk ; Gwo je. . attrib/nom. / Jwè-sa-a tèlman akrèk, lot pa fouti jwenn balon-an..
greedy, glutton. : Visye. attrib/nom. / Ti nonm-sa-a visye, depi 'l è ou ap manje li vin bo kote ou, si ou pa ba li, li mande ou...
greedy, miserly. : Ava. attrib/nom. / Nanpwen nèg ava konsa, kou li wè lajan kè-l bat.
green. : Vèt. attrib/nom. / Plant-sa-yo an sante ; fèy-yo gen yon bèl koulè vèt.
green (unripe). : Vèt. attrib. / Mango-sa-a vèt, li poko mi.
green beans. : Pwa tann. n phr. / Si ou pa jwenn pwa wouj pran pwa tann, tande.
green pepper. : Piman dou. n phr. / Mete yon ti piman dou nan manje-a, la ba 'l gou.
greens (vegetable). : Feyaj. n. :Fèy. n. / ban mwen anpil feyaj
greet. : Salye. v tr. / Li pase, li pa salye m.
grenade. : Grenad (grennad). n. / Grenad-la pete nan men solda-a, li touye e li-menm e kamarad la.
griddle. : Platin. n. / L ap chofe platin-lan pou'l al fè kasav.
grill (for cooking). : Gri. n. / mwen ta renmen ou met vyann-lan sou gri, pa kwit li nan sos.
grill (grating). : Gri. n. / Kay-la fin bati, se gri sèlman yo rete pou met nan fenèt-yo.
grimace. : Grimas. n. / Lè timoun ap kriye yo fè grimas ak figi-yo.
grind ; ground (grains, etc). : Moulen. v tr/attrib. / Lo kafe fin sèch ou griye'l, lo'l byen griye ou moulen li ; se sa ki ba ou poud

kafe.
grind one's teeth. : Manje dan. v phr. / mwen pa renmen dòmi pre msye, tout nannwit lap manje dan.
grinding (of hips). : Gouyad. n. / Tout jenn fi ap bay gouyad sou cha Madigra.
grooming (dressing, etc.). : Twalèt. n. / Li fache poutèt yo poko fè twalèt pitit-la.
ground. : Atè. n/n loc. / Mouchwa-a plen pousye, li sanble bagay ki tonbe atè.
group. : Gwoup. n. / Gen yon gwoup moun ki sanble devan palè-a pou gade solda-yo k ap fè pa.
group (pile, portion). : Lo. n. / Vann mwen de lo bannann pou 80 kob. see: gwo lo.
grow. : Grandi. v intr. / Timoun ki pa manje pa grandi.
grow. : Pouse. v intr. / Kann-yo pouse vit, yo fèk koupe yo, gad gwosè yo gentan ye!
grow (to sprout). : Leve. v intr. / Si lapli pa tonbe, pwa ou plante senmenn pase-a pap leve.
grow larger, to put on weight. : Gwosi. v intr. / Ou fè yon ti gwosi depi'm te wè ou-la, ou ap refè.
grow more beautiful. : Anbeli. v intr./ Ou pa twouve'l anbeli apre akouchman-an?
growl. : Gwonde (gonde). v tr. / Loraj ap gwonde, lapli pral tonbe.
grudge. : Rankin. n. / Kote ou wè'l ye la-a, li se moun ki gen rankin wi, li pa janm bliye sa yon moun fe'l.
grumble, to complain. : Babye ; Bougonnen. v intr. / Ou babye twòp, grann, bouch-ou ap vin long, wi!.
guarantee. : Garanti ; asirans. n. / Li ban'm garanti'l ap vini denmen.
guaranteed profit. : Garanti ; benefis. n. / Mayi-a ban nou bon garanti, nou kab achte kèk plan bannan pou n plante.
guardian angel. : Lanj gadyen. n phr. / Chak moun gen yon lanj gadyen k ap veye sou li.
guardian spirit (of a family). : Mistè. n. / Li tonbe pale yon lang pèson pa ka konprann, yo di se mistè ki genyen nan fanmi-a.
guava. : Gwayav (gouyav). n. / Gwayav se yon ti fri plen ti grenn ki fè bon konfiti.
guide. : Gid. n. / Li gen yon gid pou montre'l chemen paske li pa

konnen'l.
guilty. : Koupab ; antò. attrib. / Jij-la di misye koupab, li ba'l enn an prizon.
guinea fowl. : Pentad. n. / Nanpwen bagay bon konsa se vyann pentad.
guinea pig. : Kochondenn. n. / Kochondenn fè pitit chak mwa.
guitar. : Gita. n. / Fanfan ap aprann jwe gita.
gulp down. : Gobe (gobe). v tr. / Li gobe tankou kochon.
gum (anat). : Jansiv. n. / Gade jan fi-sa-a gen jansiv vyolèt, ala bèl!
gun. : Fizi. n. / Fizi-a pa gen bal, li pa ka tire.
gunpowder. : Klorat. n. / Pou fèt Andre li resevwa yon revolvè ak yon woulo klorat.
gurgle (sound). : Gièt. n. / Li vale remèd-la, giòt.
guts (courage) : Kran ; kouray. n. / Ou manke kran pou ou file fi-sa-a, ou pa menm ka pale avè li.
guts, intestines. : Trip ; zantray ; boyo. n. / Manman-l al larivyè lave trip bèf..
gutter (street). : Kanivo (kannivo). n. / Lè y'ap fè yon wout, se kanivo-yo yo fè anvan.
guy, buddy. : Flannè. n. / Gade flannè-a non papa, se jodi'm pa wè ou.

H

habit. : Metye. n. / Metye nèg-sa-a se mache twonpe pitit fi moun.
habit. : Abitid. n. / Ti Pyè gen yon move abitid mache ta nannwit.
hail (ice). : Lagrèl. n. / Lè lagrèl tonbe, nou pran'l, nou met sik pou nou bwè.
hair. : Pwal (pwèl, prèl) ; plim. n. / Tout ko-l se pwal. : / Yo wete tout prèl-li pou yo ka panse'l.
hair (of head). : Cheve (chive). n. / Gade longè cheve fi-a gen nan tèt-li, ki jan'l fè penyen yo?
hair set. : Bigoudi. n. / M bezwen fè bigoudi, vin met woulo pou mwen pou m ka penyen bèl denmen pou m al nan nos-la.
hairband. : Bando. n. / Ann-Mari mete yòn bando nan tèt-li pou'l desann lavil.
hairbrush. : Bwòs tèt. n phr. / M voye tigason-an chache bwòs tèt, li pote bwòs dan.
hairdo. : Kout peny. n phr. / Ala yon bèl kout peny ou pran so, ou ap espere anmore-ou.
hairdresser. : Kwafè. n. / Kwafè-sa-a fè tèt byen.
Haiti. : Ayiti. n. / Ayiti se yon bon ti peyi, moun la-a pale kreyòl ak franse.
Haitian. : Ayisyen. attrib/nom. / mwen rankontre yon bèl Ayisyen nan yon bal ayisyen.
half. : Mwatye ; demi. n. / Chak mwa msye bay madanm-li mwatye nan lajan'l touche-a.
half-time, half (playing period). : Mitan. n. / Aprè karannsenk minit tapan abit-la sifle fen premyè mitan match-la.
half-dressed. : Toutouni (touni). attrib. / M di ou pa rete touni nan van frèt-sa-a, ou ap pran nemoni, tigason.
hallelujah! : Alelouya. interj. / Nou santi Jezi avè nou kounye-a, alelouya, alelouya!
ham. : Janbon. n. / Se yon lè konsa nou manje janbon pou jan li chè sèjousi.
hammer. : Mato. n. / mwen gen yon klou mwen bezwen kloure

la-a, prete'm mato-a. see: tèt mato
hand. : Men. n. Monchè se jan fi-a kenbe vè-a ki fè'm wè li gen bèl men.
hand (assistance). : Kout men. n phr. / Li di'l ap ban m yon kout men pou rekòt kafe-a.
hand (of plantains, of bananas). : Pat ; rejim. n. / Pat bannann-sa-a sanble 'l byen rek.
handbag. : Valiz. n. / Mina sot achte yon soulye nwa ak yon bèl valiz pou'l kenbe nan men-l.
handcuff ; handcuffed. : Minote (menote). v tr/attrib. / yo minote'l.
handcuffs. : Minòt (menòt). n. / Yo kenbe yon volè, yo bat li epi yo mete minòt nan men-li.
handful. : Ponyen ; men. n. / Li foure men-l nan bak-la, li pran yon ponyen pistach, lale.
handful. : Men. n. / Li foure men nan bak machann-lan, lipran yon men pistach li kouri ale.
handkerchief, headscarf. : Mouchwa. n. / Mouchwa se yon bagay ki itil, lo ou swe ou siye figi-ou avè'l.
handle. : Manch. n. / Manch mato-a fèt ak yon bon bwa.
handle. : Lans. n. / Lè bokit-la plen dlo, m pa ka kenbe li nan lans, m pote li sou tèt.
handlebars. : Gidon. n. / Gidon bekàn-lan twò ba, li fè do-m fè mal.
handsaw. : Legoin (goin, goyin) ; si. n. / Al chache legoin-lan pou siye bwa-a.
handshake. : Lanmen. n. / Ou merite yon bon lanmen pou sa ou fè-a.
hang. : Jouke ; pandye, kwoke. v tr. / Jouke mayi-a jouk anwo nan pyebwa- a pou rat pa manje'l.
hang out (to idle). : Pandye. v intr. / Depi maten fi-sa-a pandye la-a, mwen pa konn sa lap fè.
hang out, to loaf. : Flannen. v intr. / Ti nonm-sa-a pa janm chache yon travay pou'l fè pase se flannen tout lajounen.
hang, to dangle. : Pandye. v tr. / Li pandye pitit-la tèt anba.
hang up ; hung up. : Kwoke (koke). v tr/attrib. / Pa koke makout-ou pi wo pase men-ou.
hangover. : Mal makak n phr [used with an]. / mwen bwè twòp

yè swa, mwen leve maten-an an mal makak.
happen. : Pase. v tr. / Nou rete konsa youn pa pale ak lòt, sa ki pase nou?
happen. : Rive. v tr. / Sa ki rive ou la-a?
happy, content. : Kontan. attrib. / Lè yo rive, tout fanmi fi-a byen kontan.
harass. : Rann san souf. v phr. / Pòv-la rann mwen san souf ap mande'm lajan.
harass. : Talonnen. v tr. / Msye pa fouti travay, li gen yon grangou ki ap talonnen'l.
harass with questions, : Fouye. v tr. / Pa fouye m, si ou bezwen konn sa k ap pase lakay mande manman.
harass,to hound. : Nan dengon (nan deng). prep phr. / M'ap nan dengon-ou jistan'm jwenn jistis.
hard (severe), tough. : Rèd. attrib. / Pwofesè- sa-a rèd ak elèv-yo.
hard candy. : Sirèt. n. / Manman-l pa vle'l manje twòp bagay dous, epi toutan'l cho pou'l achte sirèt.
hard working. : Travayan. attrib. / Ou mèt bay msye yon bon dyòb, se nèg ki travayan.
hardhat, helmet. : Kas. n. / Travayè izin elektrik pote kas pou pwoteje tèt-yo.
hardly, just (barely). : Apenn. adv. / Apenn li rive li monte kabann-li.
harmonica. : Amonika. n. / M achte yon ti amonika pou anmize mwen.
harmonium. : Amonyòm (amonnyòm). n. / Se sakristen-an ki jwe amonyòm nan legliz-la.
harness. : Lekipay. n. / Pot lekipay-yo ba li pou'l sele milèt- la.
harsh. : Mabyal ; tchak. attrib. / Fòk ou fè travay-la byen wi paske msye se yon nèg ki mabyal, li pa nan rans ak pèsonn.
harvest. : Rekòlte. v tr. / Ane-sa-a tout moun rekòlte anpil pitimi.
harvest. : Rekòlt (rekòt). n. / Ane-sa-a rekòlt-la ap bon pase lapli tonbe anpil.
hat. : Chapo. n. / Mwen pa renmen chapo, mwen pa met sa nan tèt-mwen lè m ap sòti.
hatch. : Kale. v tr. / Poul-la kale tout ze-yo, kounye-a nou gen sèt ti poul.

hate. : Rayi. v tr. / Moun-sa-yo rayi m, si yo te ka touye'm yo ta touye m.
haughtily, imperiously. : Angranman. adv. / Li ekri pwòp lalwa pa 'l epi li fè yon deklarasyon angranman.
haughty, conceited. : Aristokrat. atrib/nom. / Moun-sa-yo tèlman aristokrat, menm pale yo pa vle pale a moun.
haunted. : Ante. attrib. / Kay-la ante, ou tande pale, ou pa wè pèsonn.
have. : Genyen (gen, gan). v tr. / mwen gen kat pye kokoye nan jaden-m. fache.
have just. : Sot (sot). v aux. / Li sòt di manman-l sa ki pase.
have just. : Fèk ; annik. v aux. / Moun-sa-yo fèk vin ret nan katye-a.
have sex. : Fè bagay. v intr [euph]. / Doktè di'm piga'm fè bagay tout tan mwen pa refè.
have to, must. : Gen pou. v phr. / mwen gen pou'm travay tout jounen jodi-a.
hawk. : Malfini. n. / Lè malfini pa twouve poul, li pran pay.
he, she, it ; him, her, it ; her, his, its. : Li. pro. / Kite komisyon-an ; lè msye pase, la pran'l.
head. : Tèt. n. / M ap kase tèt-ou si ou kontinye anmède m. see: fè tèt, bay kout tèt
head (direction), to face (direction). : Bay tèt. v phr. / Li bay tèt sou bò isit.
head bump (swelling). : Konkonm (kokonm) ; douk ; boul. n. / Kote m frape tèt-mwen-an fè yon konkonm.
headache. : Tèt fè mal. n phr. / M gen yon tèt fè mal, al achte de Bifrin pou mwen.
headache. : Mal tèt (tèt fè mal). n phr. / mwen pa konnen sa pou'm fè ak pitit sa-a ankò, se mal tèt lap ban'm sèlman.
headstart, handicap (sports). : Gabèl. n. / Ou mèt pran devan, m'ba ou gabèl.
heal. : Geri. v intr. / Si ou pa panse maling-lan, li pap geri.
health. : Sante ; lasante ; an sante. n. / Senmenn-sa-a sante-a pa bon menm.
healthy. : An sante. prep phr./ Mwen pa janm malad, ala sa bon lè moun ansante!
hear. : Tande. v tr. / Depi'l senk è fò ou tande klòch legliz-la ki

ap sonnen.
heart. : Kè. n. / Lamèsi soufri ak maladi kè, si ou ba'l nouvèl-la, la sezi e li ka mouri.
heart attack. : Kriz kè. prep phr/ Mon konpè'm rete konsa, li fè you kriz kè, li tonbe bip li mouri.
heart burn. : kè fè mal. prep phr/ Depi m' fin manje tyaka-a, anba kè m'ap fè m' mal
Heart trouble.: Maladi kè. prep phr/ Doktè di se maladi kè li genyen.
heartburn. : Zegrè (zègrè). n. / Chak fwa li manje patat, li gen zègrè..
hearth, fire. : Founo. n. / Met enpe chabon nan founo-a pou mwen.
hearthstones. : Wòch dife. n phr. / Fè atansyon, wòch dife-a cho, la boule ou..
hearts (cards). : Kè. n. / Sèt pik gen dwa koupe las kè.sèlman m pa genyen.
hearty handshake. : Ponyen men ; lanmen. n phr. / m'ap ba ou yon ponyen men pou sa.
heat (in). : An chalè. prep phr. / Manman bèf-la an chalè, mwen pral ba'l yon towo.
heat rash. : Chofi, Tife. n. / Depi sezon chalè rive fò tout kò tigason-sa-a plen ak chofi.
heat rash. : Bouton chalè. n phr. / Depi chalè konmanse pitit-la gen bouton chalè, m pa konn kisa pou m fè.
heat, warmth. : Chalè ; Chofe. n. / Chalè-a cheche tout jaden-an.

heavy. : Lou. attrib. / Chay-la lou, m pa ka pote'l.
heavy heart. : Kè grenn ; chagren. n phr. / Depi Wanès fache ak Deniz, kè-l grenn, ou pa tande lap jwe ni chante.
heel. : Talon. n. / Kounye-a, si ou pa gen soulye talon wo, ou pa alamòd. see: bay talon
hefty (strong). : Manbre ; gwo zo. attrib. / Men nèg ki ka koupe pyebwa. Msye manbre, ba'l rach-la non.
hefty man, musclemen. : Barak. n. / Ti nonm-lan grandi, li tounen yon barak.
heifer. : Gazèl. n. / Se yon gazèl etranje li ye, ou pap jwenn pi bon pase'l.

height. : Tay ; Otè (wotè). n. / Fanm-sa-a gen yon bèl tay papa, mwen toujou renmen fanm ki wo.
hell. : Lanfè. n. / Si ou fè gwo peche, lè ou mouri ou prale nan lanfè.
hello, good morning, greetings. : Bonjou. n/interj. / Li voye bonjou pou tout moun.
help. : ede ; èd. v / Vin ede-m, tanpri.
help! : Anmwe (anmwèsekou) ; Sekou.. interj. / Anmwe! Anmwe! Men yon misye vin pou touye mi.
hem. : Woulèt (oulèt). n. / Fini m fin fè woulèt-la, rad fini tou wi.
hem in ; hemmed in. : Sènen ; kwense. v tr/attrib. / Yo sènen mouche anba baton.
hematuria. : Pise san. prep phr/ Sa pa bon lè you moun pise san, se move siy, li te dwe al wè doktè.
hemstitch. : Jou. n. / M'ap aprann bwode, m'ap fè pwen jou koulye-a.
henceforth. : Apatandejodi. adv. / mwen manje twòp, apatandojodi m ap manje mwens.
herb. : Asowosi (asosi, sowosi). n./ asowosi bay apeti.
herbal bath. : Beny vapè. n phr. / Fi-a gen yon senmenn depi'l fin akouche, li poko pran beny vapè.
herdsman. : Mawoule. n. / Gen de fwa li katr è dimaten mwen tande mawoule k'ap pase a bèf-yo.
herdsman, shepherd. : Gado (gadè). n. / Moun andeyò fè bon gado, yo onèt e yo okipe bèt-ou byen.
here. : Isit (isi). adv. / Mete ou alèz isit-la, se lakay-ou ou ye.
here and there. : Pasipala. adv. / L ap mache pasipala, li pap fè anyen serye.
here below (on earth). : Sou latè beni. adv phr. / Kretyen vivan fè twòp bagay sou latè beni.
here is, there is. : Men ; apa. adv [predicate without subject]. / Men liv-la ou te vle li-a.
herring. : Aran. n. / Gen plizye kalite aran, gen aransèl, gen aranso.
hesitate, to advance tentatively. : Tatonnen. v intr. / Ou pa bezwen tatonnen konsa, planche-a pap tonbe anba ou.
hibiscus. : Choublak. n. / Al nan pye choublak-la pran kèk bèl flè pot pou mwen.

hiccup : Okèt (wokèt). n. / Le gen òkèt, ba 'l enpe dlo pou 'l bwè.
hick. : Awouya. n [pej]. / mwen pa gen sèso pou'm kwoke awouya de grenn gòch kouwè ou.
hide. : Kache. v tr. / Fi-a fè Silè kache anba kabann-lan pou fanmi-li pa wè'l.
hide (in order to spy). : Biske. v tr. / Li biske kò-li dèyè yon pyebwa pou'l wè sa mesyedam-yo ap fè.
high. : Wo. (ho). adv. / Li leve rad-li byen wo pou'l ka janbe dlo-a. see: rete wo
high school (private). : Kolèj (kolèj). n. / Aprè sètifika ou pral nan kolèj oubyen nan lise.
high school (public). : Lise. n. / Kolèj-yo mande two chè kounye-a, m pral nan yon lise pito.
high, up high. : Anlè. adv./ mwen wè yon zetwal file anlè- a.
hillbilly. : Nèg mòn. n phr [pej]. / Msye se nèg mòn, li pa mete la ;an-l labank, li sere li anba zorye-l.
hillock, mound. : Bit. n. / Timoun renmen monte sou bit epi vole anpil.
himself, herself, itself. : Li-menm. pro. / Se li-menm ki gen machin nèf-la.
hinge. : Gon. n. / Gon pòt-la sòti nan mi-an.
hip. : Ranch ; ren. n. / Lè ou ap pale ak granmoun, fa ou pa met men-ou sou ranch-ou.
hip (up to date). : Kopen. attrib/nom. / Jak se kopen, li toujou byen fen, li nan tout bal.
Hispaniola. : Sendonmeng. n. / Sendonmeng se koloni ki te pi rich nan tan lontan.
history. : Istwa (listwa). n. / Tout moun fèt pou konnen istwa peyi-l.
hit a marble (game of marbles). : Teke. v tr. / Si ou pa kon teke, pa jwe mab.
hit, to bump, to strike. : Frape (fwape). v tr. / Li frape tèt-li nan panno-a, li fè yon gwo boul.
hobble. : Rale . v intr. / Li pa fouti mache, se ak yon baton li rale.
hock, calf (muscle). : Jarèt (jare). n. / Vann mwen yon moso vyann bò jarèt, bò anwo, pa bò jenou.
hoe. : Wou (hou). n. / Wou-sa-a byen file, lap sekle byen.

hoist. : Ise. v tr. / Yo ise bèf-la pou yo koupe'l.
hold (of boat). : Anbalakal. n/n loc. / Nan yon batiman konben chanm ki gen anbalakal-la?
hold in place ; secured (held in place). : Kore. v tr/attrib. / Fò ou met yon bwa kore pye bannann-lan poutèt van
hold out, to stretch out. : Lonje. v tr. / Lonje men-ou pran liv-la sou tab-la pou mwen.
hold, to support. : Kenbe. v tr. / Kenbe men-mwen pou m pa tonbe.
hole. : Tou (twou). n. / Gwosè tou-sa-a ou fè la, se pou yon pisin? see: tou wòch, tou nen
holiday. : Fèt. n. / Depi se sezon fèt, lavil-la chaje a moun kap achte.
Holy Communion. : Lasentsèn. n. / Lè gen lasentsèn, se pen san leven yo bay.
Holy Saturday. : Samdi dlo benit. n phr. / Yè te vandredisen ou tou konnen jodi-a se samdi dlo benit.
Holy Spirit. : Sentespri n. / Gen moun ki di se pa Sentespri moun-sa-yo genyen, se lwa ki monte yo.
home. : Lakay. n/n loc. / M pral avè ou, men fò'm al lakay avan pou m met yon lòt rad sou mwen.
home. : Kay ; lakay. prep. / Pa vin fè bri kay moun-yo.
homosexual (male). : Masisi. n. / Msye se masisi.
honest, upright. : Onèt. attrib. / Ou pa bezwen pè, yo se moun onèt.
honey. : Siwo myèl. n. / Mwen pa manje sik, se ak siwo myèl m sikre tout afè-m.
honey comb. : Gato myèl. n. / Gato myèl-la sèch, pa gen siwo myèl ladan ankò.
honk, to honk at. : Klaksonnen. v tr. / Bouke klaksonnen,ou ap reveye tout moun nan katye-a.
honor. : Onè (lonnè). n. / mwen pap fè ou onè al manje avè ou.
hood (car). : Kapo motè. n. / Ouvè kapo motè-a pou wè si radyatè-a pa manke dlo.
hood (over the face). : Kagoul. n. / Nan kanaval, gen de moun ki maske ak kagoul sou tèt-yo pou moun pa rekonèt yo.
hoof. : Zago. n./ Gen moun ki renmen zago bèf nan bouyon.

hook (a door). : Kochte (kwochte). v tr. / Kochte pòt-la anvan ou al dòmi pou volè pa antre.
hook (of door). : Kwochèt. (kochèt). n. / M pa ka fèmen pòt-la, kwochèt-la rache.
hoop. : Sèk. n. / Mwen te wè yon tigason ap woule sèk nan lari-a.
hoop stick. : Gidon. n. / L ap woule sèk-la avèk yon gidon.
hoot owl. : Frize ; koukou. n. / Frize se move bèt, depi'l rele nan yon zòn, se pou moun pran prekosyon.
hop (for joy). : Ponpe. v intr. / Tank li kontan 'l ponpe.
hopscotch. : Marèl. n. / Timoun-yo ap jwe marèl nan lakou-a.
horn. : Klaksonn. n. / Si klaksonn-ou pa mache, gad-la apba ou kontravansyon lè lap enspekte machin-lan.
horn. : Kon (konn). n. / M pè bèf-sa-a, kòn-li twò pwenti.
horse. : Chwal (cheval, chival). n. / Kounye-a m fin pare m, ou mèt mete chay-la sou chwal-la pou mwen.
horseman. : Kavalye. n./ Kavalye-a chita rèd sou chwal-li.
horsewhip. : Rigwaz (rigwèz) ; fwèt. n. / Mwen pral pase ou de kout rigwaz, ou radi twòp.
horsewhip. : Fwèt kach (fwèt pit, fwèt taye). n phr. / Nanpwen nèg tire fwèt kach byen konsa.
hospital. : Lopital. n/n loc. / Li malad anpil, yo oblije mennen li lopital.
host (Eucharist). : Losti. n. / M renmen konminyen pou m ka pran losti.
hot. : Cho. attrib. / Manje-a twò cho, mwen pa ka manje'l kounye-a.
hot (seasoning), spicy. : Pike . attrib. / Manje-a twò pike, mwen pa ka manje 'l.
Hot flashes. : Boufe chalè. prep phr/ Anpil fi gen boufe chalè lè yo sispan gen règ yo.
hot pepper, chill pepper. : Piman. n. / Madanm-sa-a renmen met anpil piman nan manje-l.
hot relish. : Pikliz. n. / Pa mete pikliz nan sandwich- mwen-an, mwen pa manje piman.
hotel. : Otèl (lotèl). n. / Depi moun-sa-yo al Pòtoprens, se nan otèl yo desann.
house. : Kay. n. / Kay-mwen pi wo-a, li pentire an blan,gen yon

ti baryè vèt devan-an.
House of Representatives. : Lachanm. n/n loc. / Depite-yo abiye tout an blan pou y al lachanm.
housework. : Mennaj (menaj). n. / Chak maten bon-lan netwaye, men li pa kouvri kabann-yo, li pa fè mennaj-la byen.
how. : Kouman (konman, kòman pro. / Kouman manman-ou ye?
how. : Ki jan. adv phr. / Ki jan ou fè travay nan solèy cho-sa-a?
how are you? : Ban m nouvèl-ou. / M gen lontan m pa wè ou, ban m nouvèl-ou, non.
how come. : Ki fè ; poukisa. adv phr. / Ki fè ou tande m ap rele ou, ou pa reponn, Se fache ou fache?.
how far away. : Nan ki lye. prep. phr. / Kounye-a nan ki lye moun-sa-yo do rete la-a?
how many. : Konben (konbyen). pro. / Konben moun ou te wè nan kay-la lè ou te antre andedan-an?
however, nevertheless. : Poutan. adv. / Msye chaje ak lajan, poutan se kenkay li vann.
hubbub. : Bouyay. n. / Lè yo rive nan simityè-a, yo tonbe fè plis bouyay.
hubcap. : Kapo wou. n phr. / Lè'm ale pou'm leve pàn kawotchou-a m'wè te manke de kapo wou.
hug. : Kwoke (koke). v tr. / Li kwoke'l afòs li kontan wè'l.
hug, to embrace. : Anbrase. v tr. / Li tèlman kontan wè pitit-la li anbrase li menm dis fwa.
huge. : Pyès. attrib. / Pitit-sa-a ap fe yon pyès fi.
huge. : Kokenn (kokennchenn). attrib. / Fi-a fè yon kokennchenn pitit ki peze nèf liv.
huge, huge amount of. : Tay. attrib [follow yon]. / Se yon tay fanm li ye.
huh!, uh! : Hey (he). interj./ Hey, ala traka papa!
human being. : Kretyen vivan ; moun. n. / Ala kretyen vivan ki gen sou latè epi de jou an jou ap gen plis moun toujou'
human being. : Vivan. n. / Tout moun kèlkeswa ras-yo ak koulè-yo se vivan yo ye.
humid, damp. : Imid ; mouye ; frèt. attrib. / Lapli gen lè te tonbe yè swa, atè-a imid.
humidity. : Imidite. n. / Imidite fè kay-la santi mwazi ; ouvri pòt-yo pou solèy-la rantre.

hummingbird. : Zwazo mouch. n phr. / Nanpwen ti zwazo vole rapid konsa tankou zwazo mouch.
hummingbird. : Wanga-nègès. n. / Yo di yo konn fè wanga ak wanga-nègès.
humor (mood). : Imè ; karaktè. n. / Papa-m leve ak tout bon imè-l jodi-a, kè-l kontan.
hump, bulge. : Bòs. n. / Kaswòl-sa-a plen bòs.
hunchbacked, hunchback. : Bosi. attrib/nom. / Atout li bosi-a li jwe foutbòl anpil. c bosko, kokobe.
hundred. : San (sant). n/attrib. /Ane-sa-a fè grann mwen katrevendiznev an, ane pwochèn lap gen sant an.
hundred (approximately). : Santèn. n. / Granmoun-sa-a nan santèn-li wi.
hundredth. : Santyèm. attrib/nom. / Bisantnè-a konstwi pou de santiyèm ane Pòtoprens.
hunger, hungry. : Grangou. n/attrib. / mwen grangou, mwen pral manje.
hungry. : Grangou attrib.
hunt. : Chase. v tr. / Depi maten tigason-an ap chase pentad mawon, li pran twa sèlman.
hunt (go hunting).: al lachas. / lal lachas mwen ta kontan si'l ta tounen ak kèk bèl zwa.
hunter. : Chasè. n. / Ou kwè se chasè chase byen sa, lè li vize yon bèt nanpwen pa pran.
hurl. : Frape. (fwape). v tr. / Se goumen yo tap goumen epi'l leve'l otè tèt-li frape'l atè.
hurry. : Fè vit. v phr. / Fò ou la a diz è, fè vit osinon ou ap anreta.
hurry, to rush ; rushed, in a hurry. : Prese. v tr/attrib. / Si ou pa prese, ou pap jwenn mwen.
hurt. : Fè mal. v phr. / Pye-m ap fè'm mal, mwen pa ka mache.
hurt someone's feelings. : Blese. v tr. / Mo li di mwen-yo blese m anpil.
husband. : Mari. n. / Se mari-ou Sovè ye ki fè ou ap plede pale de li konsa-a?
hut. : Joupa (ajoupa). n. / Li rete nan yon joupa, se yon ti kay tè ki kouvri ak pay.
hydrocele (med). : Maklouklou. n. / Msye tèlman bèt ou a di se

yon nèg ki gen maklouklou nan tèt.
hygiene. : Ijyèn (ijyenn, lijyèn). n. / Nan prèske tout lekòl, yo fè kou sou ijyèn.
hymn. : Kantik ; chan. n. / Nan legliz potestan fidèl-yo chante plis kantik pase nan tout lòt legliz.
hypocrisy. : Maskarad. n. / Ou sèvi dyab epi ou pral legliz, sispann fè maskarad non, monchè.
hypocrite. : Ipokrit (ipokrit) ; farizyen. n. / Se ipokrit li ye.
hypocrite, two-faced. : Kouto de bò (kouto fanmasi). n phr. / M pa fè ou konfyans, ou se kouto de bò.
hypocritically. : Andefas. adv./ Misye se ipokrit, lap boule avè'm andefas.
hysteria, emotional crisis. : Kriz. n. / Li fè plizyè kriz lè papa-li mouri.

I

I.D. card. : Kat-didantite. n. / Se nan kontribisyon ou pran kat-didantite-ou ; li gen tout enfòmasyon sou ou ladan'l.
I ; me ; my. : Mwen (m). pro. / Mwen pral achte yon chapo.
I didn't mean to do it. : Se pa fòt-mwen. / Se pa fòt-mwen, se chape'l chape nan men-m li tonbe.
ice. : Glas. n. / Mete anpil glas nan ji-a pou mwen.
ice cream. : Krèm. n. / Jan m swaf-la, m ta bwè yon krèm.
ice cube. : Glason. n. / Pa mete anpil glason nan kola Ti Lilin-lan, li gripe twòp.
ice pick. : Pik . n. / Pran pik-la pou kase glas-la.
idea. : Lide (ide) ; entansyon. n. / M gen lide vann kay-sa-a pou m achte yon pi gwo.
identify. : Idantifye. v tr. / Anvan ou rantre fò ou idantifye tèt-ou.
identity. : Idantite. n. / Pèsonn pa konnen idantite moun ki mouri nan dife-a. see: kat-didantite
idiot. : Baba. n. / Fi-a fè sa'l vle a misye, li se yon baba.
idle person. : Aryennafè. n. / Se aryennafè li ye, se sa ki fè li gen tan poul antre nan afè moun.
idol. : Zidòl (Idol). n. / Nan tan lontan, yo di payen-yo te adore yon pakèt zidòl.
if. : Si. con ;. / Si ou pa fè bon timoun, mwen pap sòti avè ou pita.
ignorance. : Iyorans (liyorans, inyorans). n. /Pa kite m nan liyorans, di m tout sa ou konnen.
ignorant of, not to know. : Iyore. v tr. / M pa tande sa ditou ditou, m iyore nouvèl-sa-a.
ignorant, uninformed. : Iyoran ; sòt ; kreten. attrib/nom. / Ki jan ou fè iyoran konsa, gen lè ou pa pase sou ban lekòl menm?
ignore, to slight. : Vag. v tr. / M di Dyesèl bonjou, li pa menm vire tèt-li gade, li vag mwen nèt.
ill-bred. : Maledve (malelve, mal leve). attrib. / Toutan l'ap rele sou madanm li, ala nèg maledve, papa!
ill-mannered, uncouth. : Bourik. attrib/nom. / M pa pale ak

Asefi, li bourik twòp.
ill-tempered. : Move. attrib. / Direktè lekòl-sa-a se nèg ki move serye, ou pa janm ka pale avè'l.
illegally tapped electricity. : Konbèlann. n. / Depi enspektè konpayi Elektrik nan katye-a, tout moun retire konbèlann-yo.
illegitimate child. : Pitit deyò. n phr. / Fè pitit deyò se tèt chaje.
imagine. : Imajinen ; panse. v tr. / Li pa ta ka imajinen yon bagay konsa, sa k pase-a twòp pou li.
imbecile. : Joko. n. / Fanm-lan wè misye se yon joko, lap kaponnen li.
imitate. : Swiv (swiv). v tr. / Mwen pa fouti swiv ou pase pwoblèm pa m'pa menm ak pwoblèm pa ou.
imitate. : Imite ; kopye ; chare. v tr. / Tigason toujou ap imite sa papa-yo fè.
immature, unripe. : Ole. attrib. / Se dlo kokoye ole ki bon.
immorality, misconduct. : Imoralite (limoralite). n. / Yo voye pè legliz-la ale pou imoralite, li sèvi ak lajan lakolèt-la pou zafè pèsonèl-li.
impatient, restless. : eksite ; Gen san cho. v phr. / Sa k fè ou gen san cho konsa, se mwen k te pwomèt ou pou'm di ou bagay-la, se pou tann.
impeccably, properly. : Anfòm. adv./ Ou pa bezwen pè, m ap fè travay-la anfòm pou ou.
impertinent, bold, cheeky. : Frekan ; angran. attrib/nom. / Nèg-sa-a frekan.
implicate. : Antrave. v tr. / Volè-a antrave msye, li di msye te ede 'l.
importance. : enpòtans ; Konsekans. n. / Sa ou ap di-a pa gen konsekans.
important. : Konsekan. attrib. / Chache wè minis Pòl, msye se nèg konsekan.
impregnate ; pregnant. : ansent ; gwòs. v tr/attrib [often pej]. / Ti nèg-la gròs tifi-a enpi li kite'l.
improve (feel better). : Reprann. v tr. / Mwen wè senmenn- sa-a li kòmanse reprann li, li pa pi mal.
improvement. : Alemye. n. / Depi'm antre nan medikaman-an mwen fè yon ti alemye.
impudent. : Radi ; derespektan ; Angran. attrib. / Tifi-sa-a twa

radi, pa ranse avè'l.
in a good mood. : Sou san. prep phr. / Fè respè-nou tande, mwen tou pa sou san-m jodi-a, si nou kite'm pran nou, m'ap kraze nou anba makak.
in a while, in a moment, soon. : Talè (titalè, toutalè). adv. / Ret tann mwen non, mwen pa di ou talè m'ap ba ou l?
in case (if). : Sizoka (sizanka, sioka). conj. / Sizoka m'pa la, kite konmisyon-an nan men manman-m pou mwen.
in it. : Ladan (ladann). adv [truncated form of ladan li]. /Bèt-la fè yon twou nan sab-la epi li ponn ze-l-yo ladan.
in order to, so that. : Pou. conj. / Se pou ou ka vini, wi, ki fè 'l fè tout-sa-a.
in spite of. : Malgre. prep. / Malgre moustikè-a bigay fin devore m.
in step. : Opa. adv. / Nou pral mache opa pou dizwit me.
in that area, around there. : La-yo. adv phr. / M pa si kote bagay-la sot tonbe, men m konnen se bo la-yo konsa. see: la
in the wink of an eye. : Taptap. adv. / Bòs-la ap ba ou travay-la taptap.
in vain. : Pou granmèsi. prep phr. / mwen fè tout wout-sa-a pou granmèsi, paske m'pa jwenn Ti Jak lakay-li.
incense. : Lansan. n. / Pandan lansan-an ap boule, monpè-a ansanse lotèl legliz-la.
incense (burn incense before). : Ansanse. v tr. / Pandan lansan-an ap boule, monpè-a ansanse lotèl legliz-la.
incessantly. : Plede (pede). v aux. / Moun ap dòmi, ou-menm menm ou ap plede chante.
inch. : Pous. n. / Li di li bezwen yon bwa ki mezire de pous sèlman.
incite (someone against someone). : Chaje. v tr. / Depi sou repons ou ap rann mwen-yo, mwen tou wè se chaje yo chaje ou pou mwen.
increase. : Ranje. v tr. / Si ou pa ranje diri-a, mwen pap janm achte nan men-ou ankò.
independent (child). : Chape. attrib. / Koulye-a ou ka di ou ap kite kay-la, ou fin chape.
indifferent. : Kè pòpòz. n phr. / Elèv-yo ap fè bri nan klas-la, mèt-la rete kè pòpòz ap korije kaye-l.

indigestion. : Gonfleman. n. / Gen moun isit lè yo gen gonfleman yo bwè pipi.
inexpensive. : Bonmache. attrib. / Bagay bonmache pa janm bon.
inexperienced. : Wòwòt. attrib. / Sa se erè nèg wòwòt fè, pa ou-menm monchè!
infected sore. : Maleng ; java. n. / Dat tan ou gen maleng-sa-a, li pap geri ankò.?
information. : Ranseyman (ransèyman). n. / Eske ou ka ban'm yon ranseyman sou fi-sa-a?
information, advice. : Ansèyman. n. / Anvan ou fè yon afè se pou ou pran ansèyman nan men moun ki konnen.
informed (about something). : Okouran. attrib. / Li pa mete mwen okouran de anyen lap fè.
infusion (of herbs), tea (herbal). : Te ; dite ; tizann. n. / Ayisyen bwè te pou tout maladi.
ingenuous, naive. : Inosan. attrib/nom. / Li gen figi moun inosan, men li ka twonpe moun fasil.
ingrown toe nail. : Zong nan chè. prep phr/ Zong nan chè se bagay ki fè mal anpil.
initial (letter). : Inisyal. n. / Li fè grave inisyal mennaj-li sou braslè-a.
initiated by fire (voodoo). : Kanzo. attrib/nom. / Gabryèl kanzo kay ougan Dezom, kounye-a li rantre nan vodou nèt.
injure, to wound ; injured, wounded. : Blese. v tr/attrib. / Volè-a blese nèg-la ak yon manchèt byen file.
injustice. : Abi. n. / Abi mezanmi, chèf-la bat malere-a pou granmèsi.
ink. : Lank. n. / Plim-nan pa gen lank ankò ; li pa ka ekri.
inkwell. : Ankriye. n. / Ankriye-a vid, li pa gen yon gout lank.
innertube. : Chanm. n. / Chanm-sa-a manke van, mwen pa pral benyen avè'l.
innocent. : Inosan. attrib/nom. / Akize-a koupab, lap plede inosan.
insane. : Pèdi la kat. prep phr/ Ma komè'm fin pèdi la kat kounye a, li pakonn ni sa lap di, ni sa lap fè.
insect, bug. : Tibèt. n. / Ki pakèt tibèt-sa-yo ka vin fè bri bo tèt-mwen-an?

inside. : Andedan (anndan, andidan). adv./ Pa pale fò, papa andedan-an, lap fè yon ti domi.
inside out. : Lanvè. adv. / Ou met chemiz-la lanvè.
insincerity. : Movèz fwa. n. / Ala gason gen movèz fwa, papa, tout sa ou dl'l fè li refize.
insolent, shameless. : Odasye. attrib. / Se odasye, yo mèt bare 'l ap fè bagay-la, fò 'l plede!
installment. : Vèsman. n. / Labank prete'l kòb-la pou li remèt an senk vèsman.
instantly. : Rèd. adv / Menm lè yo ba'l kou-a, li mouri red.
instead of. : Angiz ; Olye. conj./ Li chita lap ri angiz li peye lajan-an.
insult. : Sale ; joure. v tr. / Pa ranse ak fi-sa-a tande, li se moun ki ka sale ou byen sale ak lang-li san rezon.
insult, to cuss out. : Lave ; joure ; detike ; detripe. v tr. / Jan yo radi, yo se moun pou lave ou anba betiz ; pa pran chans, tande.
intelligence. : Atansyon. n. / Li gen atansyon anpil, anvan ou montre'l yon bagay li gen tan konnen 'l.
intelligence, intelligent. : Lespri. n/attrib. / Kouman ou fè san lespri konsa-a, nenpòt manti yo ba ou, ou kwè.
intelligent. : Fò ; entelijan. attrib. / Pitit-la fò, li fè bèl mwayèn chak trimès.
intend to, to be out to. : Vin pou. v aux. / Depi ou wè jan lap mache-a ou wè li vin pou'l goumen ak mwen.
intend to, to be out to (desirous of). : Sòti pou. v aux. / Bagay-sa-a sòt pou touye m.
interest (loan). : Alenterè. adv. / Fi-sa-a bay ponya, poukisa ou pa mande'l $200 prete alenterè?.
interested in. : Sou. prep. / Li pa sou sa, pa nwi'l.
interested in. : Sou bò. prep phr. / Mwen sou bò achte yon machin, mwen bouke mache apye.
interfere. : Mele. v intr. / Afè madanm a mouche, moun pa mele. see: ki mele m
interference (static). : Bouyay. n. / Ou pa ka pran radyo etranje byen, genyen bouyay.
intersection. : Kafou (kalfou). n. / Tann mwen nan kafou Granri ak Ri Pave.
interviewer (research project), investigator. : Anketè. n. /

intestines (tripe). : trip ; Afiba (afliba). n. / mwen ta manje yon bèl asyèt diri ak afiba.
intimate friend. : zanmi ; Zantray. n. / Ou mèt kwè sa msye di ou, se zantray-mwen li ye.
intimidate. : Wete nanm. v phr. / Ou kwè ou di m ou prai pale ak fanm-lan, sa ou genyen ou pa ale, li wete nanm-ou?
intimidate. : Kaponnen (kraponnen). v tr. / Msye konprann li kab kaponnen'm.
intimidate.: fè chèf. v phr. Pa vin fè chèf-ou sou mwen!
intimidation. : Kaponnay (kraponnay, kraponnaj) ; chantay. n. / Pa kite'l pran ou nan kaponnay.
invade (descend on). : Anvayi. v tr./ Moun anvayi machann-lan, li pa gen men pou 'l van.
invalid, sick person. : Maladi. n. / Men yon ti soup m pote pou maladi-a.
inverse (lottery number). : Revè. n. / Mwen jwe 50 epi se 05 ki soti, ou wè lè moun pa renmen jwe ak revè?
investigation, public opinion poll. : Ankèt. n. / Lapolis ap fè yon ankèt sou aksidan ki rive yè-a.
involve ; involved. : Mele. v tr/attrib. / Pa mele'm nan afè-ou.
involved with. : Ann afè. prep phr. / Msye nan kache paske li ann afè avèk lapolis.
iron ; ironed. : Pase. v tr/attrib./ Li lave yè, lap pase jodi-a.
iron (clothes). : Fè. n. / mwen bezwen yon fè pou'm pase rad-la.
iron (Fe). : Fè. n. / Gen yon bayè fè lakay-la. see: fèfoje
ironing board. : Planchèt. n. / Ouvè planchèt-la pou vin pase rad-yo.
ironing woman. : Repasèz. n. / Repasèz-sa-a pase byen.
irresponsible : Lenkondwit. attrib/nom. / Ala moun lenkondwit, li depanse tout kob-la yon sèl jou.
irritable, cranky. : Chimerik ; akaryat. attrib. / Depi maten ti bèbè chimerik, se vè ki rann li chimerik konsa-a.
irritate ; irritated. : Irite. v tr/attrib. / Sispann chèche m kont, ou a irite m.
irritate ; irritated. : Nève (enève). v tr/attrib. /Ou pa fèt pou frape pye devan manman-ou pou montre ou nève tout bon.
irritate, to annoy. : Anmède (anmègde) ; anbete ; agase. v tr. / Tigason-sa-a renmen anmède moun, yon jou lap kontre ak zo

grann-li.
irritating. : Agasan. attrib. / Tifi-sa-a agasan, lè ou di 'l fè yon bagay li fè yon lot.
irritating, annoying. : Anmèdan (anmègdan). attrib/nom. / Ti bonnonm-sa-a anmèdan, wi.
irritation, inflammation. : Iritasyon. n. / Doktè-a di se yon iritasyon pitit-la gen nan gòj-la.
island. : Ii (lil, zil, zile). n. / Ayiti se moso yon ti il nan Karayib-la.
isolated. : Izole. attrib. / Moun ki gen lèp rete yon kote izole pou kont yo pou yo ka pa kontamine lòt moun.
it's appalling. : Se laraj. / Se laraj pou wè jan manje vin chè kounye-a.
itch. : Pikotman. n. / Li gen pikotman, tout ko-l ap pike 'l.
itch (skin irritation). : Gratèl ; demanjezon ; chofi. n. / Li t al benyen, anpi dlo-a ba'l gratèl, tout kò-l ap grate'l.

English Kreyòl
DICTIONARY

J

jack (cards). : Valèt (vale). n. / Ou ban m bon kat nèt: de las, yon wa, yon dam ak yon valèt.
jacket, suitcoat. : Palto. n. / mwen renmen palto-ou-la, li bèl anpil.
jackpot. : Gwo lo. n phr. / Mwen achte tout di koupon-an, si nimewo-a fè gwo lo m'ap gen san mil pyas.
Jacmel. : Jakmèl. n/n loc. / Jakmèl se vil Wousan Kamly,gran powèt ayisyen.
jail.: Anprizonnen. v tr. / Makandal te ranje konminezon pou li te anpwazonnen tout kolon-yo.
jam (preserves). : Konfiti. n. / Li renmen konfiti chadek.
Janm (janmè, janmen). adv [in negative sentences]. ever, never. : / Piga ou janm fè sa ankò.
January. : Janvye. n. / Janvye se premye mwa nan lane-a.
jar. : Bokal. n. / Mete manba-a nan yon bokal.
jar (earthenware). : Ja (dja) ; kanari. n. / Nan tan lontan, yo te konn fè bèl ja an tè pou yo sere kòb osinon trezò.
jasmine. : Jasmendenwi. n. / Lakou-a santi bon ak jasmendenwi.
jaundice. : Lajonis (lajonnis). n. / Pitit-la manke mouri ak lajonis, blan je-li te vin tou jon.
jaw. : Machwè (machwa). n. / Ou gen mal mouton, mare machwè-ou, chita lakay-ou.
jaw : Zo machwè. n.
jawbreaker (candy). : Boulsenlo. n. / Lo m te piti, m te konn mande papa-m sen kòb pou m al achte yon boulsenlo.
jealous. : Jalou. attrib. / Li se nèg ki jalou, li pa vle madann-li pale ak lòt nèg.
jealousy. : Jalouzi. n. / Jalouzi ap touye nèg-la pase kanmarad-la monte grad, li-menm, li rete menm kote-a.
jelly. : Jele. n. / Non m'pa anvi manje, ban'm yon ti manba ak jele non.

Jérémie. : Jeremi. n/n loc. / Jeremi se yon bèl ti vil ki bò lanmè.
jerk. : Sakad. n. / Nou nan move pa, se sa ki fè machin-lan ap ba nou sakad konsa.
jersey, T-shirt. : Mayo. n. / Pou gran vakans-yo fò mwen achte de twa mayo pou'm mete'm bòzò.
Jesus, Jesus Christ. : Jezi (Jezikri). n. / Jezi se pitit Bondye ki te mouri pou sove tout moun.
jewelry. : Bijou. n. / M se Advantis, m pa mete bijou sou mwen.
joint. : Jwenti. n/: Kou'l fè frèt jwenti'm fè'm mal.
joint (plumbing). : Jwen ; rakò. n. / Komaman! mwen bliye achte yon jwen pou'm konnekte tiyo-yo.
joke. : Blage. v intr. / Nanpwen nèg ki renmen blage konsa.
joke (funny story).: blag. n. / Chak blag misye ba ou, se atè pou ou kouche pou ou ri.
joker, frivolous person. : Ransè. n. / Pa okipe'l, li se yon ransè.
jolt. : Sakade. v tr. / Mwen fatige, pa sakade'm tanpri.
journey, trip. : Wout. n. / Denmen maten m pral lavil, m bezwen yon moun ki pou fè wout-la avè m..
joy. : Jwa (lajwa) ; kontantman. n. / Jodi-a mwen gen jwa nan kè-mwen, m'ap marye!
judge. : Jij. n. / Se devan jij nan tribinal pou n'al regle zafè-sa-a.
judge. : Jije. v tr. / Franswa nan prizon toujou, yo poko jije msye.
judgement. : Jijman. n. / Jijman Bondye pi rèd pase jijman lezòm.
juice. : Ji. n. / Lè ou gripe yo di pou bwè anpil ji fri ak dlo.
July. : Jiye (jiyè). n. / Jiye se mwa ki vini apre jen.
jump, to hop. : Voltije. v tr. / Madanm-lan wè yon ti sourit, li voltije ko-l sou yon chèz jouktan sourit-la ale.. ou fin voltije nan lari-a, al lave pye-ou..
jump, to jump over. : Sote. V tr. / Si bayè-a fenmen, sote mi-an.
June. : Jen. n. / Mwa jen se mwa mango.
just (fa'r). : Jis ; byen ; bon. attrib. / Li pa jis pou malere-yo ap soufri konsa.
just like, like. : Tankou (tank, kankou). conj. / Yo fè tankou yo pap gade ou.
justice. : Jistis ; lajistis. n. / Jistis se nan men Bondye sa-a ye.

K

karate. : Karate. n. / Tout jenn moun ap aprann karate pou yo ka defann tèt-yo alèkile.
kata (rhythm, dance). : Kata. n. / Koute mizik- la byen, son-sa-a se kata.
katye. n. : neighborhood. : / Pa gen anpil timoun nan katye. cf. vwazinaj
keep. : Kenbe. v tr. / Kenbe kòb-mwen-an pou mwen, pase si li rete nan men-m, m a pèdi'l.
kepi (military cap). : Kepi ; kaskèt. n. / Se militè ase ou wè ki met kepi, se yon ti chapo twal san rebo.
kettle, pot (cooking). : Bonm ; kastwòl. n. / Madanm-lan mete yon gwo bonm sou dife pou l'al bouyi mayi..
key. : Kle. n. / Pòt kay-la fèmen, anpi m pa ka jwenn kle-apou m ouvri li.
khaki. : Kaki. attrib. / Inifòm militè-yo fèt avèk twal kaki.
kick. : Tire pye. v phr. / Milèt se bèt ki sovaj, se tout tan y ap tire pye
kick. : Voye pye. v phr. / Milèt-la konn voye pye, pa kanpe dèyè
kid (child). : Katkat (ti katkat). n. / Pitit-la menm se pay on ti katkat non, men yon ti nèg kenz an konsa.
kid, to joke. : Plezante. v intr. / Se pa plezante m'ap plezante, se bagay enpòtan m'ap pale avè-ou.
kidney. : Ren. n. / Mwen gen yon doulè nan ren.
kill. : Touye (tiye, tye, tchwe). v tr. / Msye pral touye de kochon pou fèt dimanch-la.
kindergarten. : Anfanten en, anfanten de (anfantin en, anfantin de). n./ Li tap fè anfanten de kounye-a, li pase pou preparatwa en.
kindness, goodness. : Bonte. n. / M fèk ba ou lajan ou vin mande m ankò, ou vle abize bonte-mwen.
king. : Wa. n./ Se Wa Kristòf ki te bati Sitadèl-la.
kiosk. : Kyòs. n. / Okès palè-a konn fè mizik nan kyòs Chann Mas-la lè dimanch.
kiss. : Bo ; anbrase.. v tr. / Li bo fon pitit-la.

kitchen. : Kizin ; lakizin. n. / Se nan kizin-lan yo fè manje.
kitchen utensils. : Batri kwizin. n. / Jodi-a m ap achte paydefè ba ou pou foubi tout batri kwizin-yo.
kite. : Kap. n. / Timoun konn monte kap anpil nan mwa jiye paske gen van
kitten. : Tichat. n. / Se yon bèl tichat, sa ou di?
knapsack. : Brisak (abrisak). n. / M wè anpil timoun avèk brisak-yo nan lari-a, yo praie lekòl.
knead. : Petri. v tr. / Lè ou fin petri zaboka-a konsa, ki moun ki ap manje l? .
knee. : Jenou (jounou, jennou). n. / Rivye desann, dlo-a rive jis nan jenou-n. see: ajenou.
kneeling position. : Agenou. adv. / Li fè twòp dezòd, manman-l mete 'l agenou nan kwen-an.
knife. : Kouto. n. / Kouto-sa-a pa file, li pap ka koupe vyann lan.
knitting. : Triko. n. / Madanm-sa-a fò nan triko, li fè swètè, chal, tout kalite bagay.
knock down, down. : Fese atè. v phr. / Li fè kòlè li fese poul-la atè, li kase kou-l.
know. : Konnen (konn). v tr / Men youn pa konnen si lòt-la la.
know (understand). : Konnen (konn). v tr. / M konnsa ou ap di-a.
know how.: Konnen (konn). v tr [takes infinitive complement]. / Li konn jwe gita.
know-it-all, show-off. : Granfòma. n. / Nèg-la pa konn anyen e lap fè granfòma nan travay-la.
knowledge. : Konnesans (konesans). n. / Kote ou wè'l ye la-a, se nèg ki gen anpil konesans wi.

L

lab coat. : Blouz. n. / Si li pa te gen blouz sou li,rad-li tap sal ak san.
labor contractions. : Tranche. n. / Tranche-a pran fi-a nan mitan nwit-la..
laboratory. : Laboratwa. n. / Nan laboratwa yo montre moun ki jan pou yo sèvi ak asid.
lace. : Lase. v tr/attrib. / Li pa ka lase soulye-l pou kont-li pase li two piti.
lack. : Mank. n. / Pou yon pitit di papa'l lanmèd, sa-a se mank dega, di'm sa ou vie.
lack ; absent, lacking. : Manke. v tr/attrib. /Machin-sa-a pa janm mache byen paske'l manke twòp pyès.
ladies and gentlemen. : Mesyedam. n. / Yo bare mesyedam-sa-yo ap fè tripotaj.
lady, ma'am. : Mis. n. / Eske ou wè fi ki kenbe liv-yo, se yon bèl ti mis, sa ou di?
lake. : Lak. n. / Se pa nan rivyè mwen pral benyen, se nan lak.
lame (hand). : Pòk. attrib. / Men gòch-la pòk, li pa ka kenbe anyen avè 'l.
lamp. : Lanp. n. / Gen yon lanp limen, li pa fè nwa anndan kay-la.

lampshade. : Abajou. n. / Mete abajou-a sou lanp-la
land, to arrive. : Ateri. v intr. / Avyon-an ap ateri vè diz è.
language. : Lang. n. / Li pale twa lang: kreyòl, angle ak panyòl.
languid. : Mou. attrib. / Sekwe ko-ou monchè, met gason sou ou, ou twò mou.
lantern, Chinese lantern. : Fannal. n. / Yo mete yon gwo fannal pou klere lakou-a.
lard. : Mantèg. n. / Pa bliye achte dis kòb mantèg pou met nan manje-a.
Lascahobas. : Laskaobas. n/n loc. / Laskaobas se yon vil sou fwontyè ki gen anpil pousyè.
last (adv). : An dènyè. prep phr. / Pa gen lot moun nan kamyon-an, se mwen ki desann an dènyè.

last (week, year, etc). : Pase. attrib. / Manman-m la men papa-m pa la, li mouri ane pase.
last night. : Yè oswa (yè swa). adv phr. / Yè oswa li mal domi.
last time. : Lafwa pase (lafwa dènye). n phr. / Lafwa pase li te depanse twòp kob. see: fwa
latch, to bolt ; latched, bolted. : Take. v tr/attrib. / Lo ou ap soti, pa bliye take pòt-la non.
late. : Ta; Anreta. adv. / Li onz è diswa, li ta, fò'm al lakay-mwen.
later. : Pita. adv. / mwen pa kapab sòti kounye-a, di 'l n a wè pita.
latrine. : Latrin ; watè. n. / Lakay-mwen, pa gen watè modèn, se latrin nou genyen.
latrine cleaner. : Bayakou. n. / Latrin lakay-la plen, m bezwen pale ak yon bayakou pou'l vin netwaye'l.
laugh. : Ri. v intr. / Fi-sa-a gen bon jan, se tout jounen'l ap ri.
laugh at. : Ri. v tr. / Sa ou fè tenten konsa, ou a fè moun ri ou, wi!
launch (boat). : Chaloup ; kannòt. n. / Nou bezwen pou nou lwe yon bon chaloup dimanch pou n ka flannen sou lanmè-a..
laundress. : Lesivyè. n. / Lesivyè-a fè lesiv chak samdi.
laundry. : Lesiv. n. / Tout rad nan kay-la sal, li pral fè lesiv nan larivyè.
Lavalas :(political concept and movement): Lavalas. n. Lavalas monte o pouvwa an 1991 Ayiti gen espwa.
Law. : Lajistis ; jistis. n loc. / Si ou pa peye m, m pral lajistis avè ou.
law (in general): Lalwa. n. /. : Si ou fè kèk bagay kikont lalwa, y ap mete ou nan prizon. see: lwa
law, rule. : Lwa. n. / M konn lwa, m pap kite moun fè sa yo vle avè m.
lawn. : Gazon ; zèb. n. / Ala gazon-an bèl lè'l fin koupel
lawsuit. : Pwose. n. / Gen yon pwose ki ap fèt nan tribinal-la senmenn-sa-a, se pa tl enteresan.
lawyer, attorney. : Avoka. n. / De avoka-yo manke goumen nan tribinal-la.
lay (an egg). : Ponn. v tr. / Poul-la ponn chak jou.
layer. : Kouch. n. / Pentl-sa-a twò pal, se de kouch pou bay kay-la.

laziness. : Parès. n. / Li plen travay pou 'l fè men 'l gen yon parès ki ap bat li.
lazy. : Parese. attrib/nom. / Se yon parese li ye, li pa janm fè anyen pou lavi-li.
lead (Pb). : Plon. n. / L ap bouche bokit-la ak plon.
lead, to guide. : Kondi (kondwi). v tr. / Li avèg, se ti pitit-la k'ap kondi'l.
leader. : lidè. n phr. / Se lidè lap nan resepsyon-an kanmenm.
leaf, sheet (paper). _ **Pè yon te pou li ak fèy-sa-a, li bon pou grip.**
leaky. : Koule. attrib. / Kay-la koule, dlo lapli mouye tout kabann-mwen.
lean. : Panche. v intr. / Chay-la panche sou bèt-la.
lean back, to recline. : Kage. v tr. / Gade ki jan nèg-la kage ko-l dèyè machin-lan, ou ta di se yon anbasadè.
leap. : Vole.v intr. / Lè li wè kouLèv-la dèyè'l , se vole'l vole, li desann mon-lan a tout boulin.
leap, attack. : Va (vap). n. / Li te pral manyen zo-a, chen-an fè yon sèl va sou li, li manke mode'l.
learn. : Aprann. v tr. / Fòk yon moun aprann yon metye pou lavi-ou.
lease, rent. : Fèm. n. / Si mwen jwenn yon kay nan zòn-lanm ap fè fèm enn an.
least, slightest. : Mwenn. attrib. / Rafayèl gen san cho, pou mwenn ti bagay li fache.
leather. : Kwi (kwi, tchwi) ; po. n. / Yo fè soulye-m-lan avèk yon move kwi.
leave. : ale. v intr. / Lè-a fin rive, mwen pa ka rete ankò, mwen flay.
leave. : Pati. v intr. / A ki lè vwayajè-yo pati maten-an?
leave, to abandon. : Kite. v tr. / Madanm-li kite'l poutèt li twò vakabon.
leaven. : Leven. n. / Lè gen lasentsèn, se pen san leven yo bay.
lecture. : Konferans. n. / Msye al nan konferans men li padi avèk, li rete bouch be.
left (direction). : Agòch. adv. / Lè ou rive nan kafou-a, vire agòch epi monte toudwat..
left and right (in all directions). : Adwat agòch. adv phr. / Li pa

konn ekonomize, se depanse adwat agòch.
left-handed. : Goche (goche). attrib. / Yo di moun ki goche vize byen.
leftovers. : Rès. n. / Pa jete rès manje-a, sere'l pou pita.
leg. : Janm. n. / Tou le de janm granmè anfle.
leg (lamb, goat). : Jigo. n. / Jigo kabrit se yon pati ki vann chè.
legal document, certificate. : Papye. n. / Ou pa ka di tè-a se pou ou, ou pa gen papye.
legitimate, normal. : Lejitim. attrib. / Bagay-sa-apa lejitim, chak pitit madanm-lan fè li mouri.
leisurely. : Kè pòpòz. n phr. / Li pa janm prese, tout sa lap fè, li fè'l kè pòpòz.
lemonade. : Limonad (limonnad) ; sitwonad. n. / Pote sitwon ak sik vini pou nou fè yon limonad.
lend. : Prete. v tr. / Prete'm bisiklèt-ou-a pou'm fè yon rive pi devan-an.
length. : Longè. n. / Ki longè ou vle pantalon-an?
lengthen. : Lonje (alonje, ralonje). v tr. / Lonje rad-la pou mwen, li two kout.
Lent. : Karèm. n. / Apre madigra se karèm.
Léogane. : Leogàn (Leyogàn, Leogann, Leyogann). n/n loc. / Ansyen non Leogàn se Mashan.
leprosy. : Lèp. n. / Moun ki gen lèp rete yon kote izole poukont-yo, pou yo ka pa kontamine moun.
Les Cayes. : Okay. n/n loc. / Si ou al Okay, achte kèk zwit.
lesbian. : Madivinèz (madivin). n. / Yo di fi-sa-a se madivinèz, li pa ann afè ak gason ditou.
lesson. : Leson. n. / Si ou pa etidye leson-ou chak jou, ou pap pase an jen.
let (permit). : Kite (te). v tr. / Kite chen-an manje, pa voye wòch dèyè'l.
let go. : Lage. v tr. / Ou mèt lage men tibebe-a, li ka ret kanpe san ou pa kenbe'l.
let, to permit. : Pèmèt. v tr. / mwen pa pèmèt okenn timoun manke'm dega.
let's. : Annou (ann). v intr / Annou sòti aswè-a.
let's assume that.... : Admeton ke. conj phr. / Admeton ke'm te di 'l.

let's say... : Mete. v tr [takes sentential object]./ Mete ke fi-a ba ou yon kalòt, ki sa ou ap fè?
let's suppose (in the case that). : Sipozon ; admeton. conj. / Sipozon ou pa vini, sa pou'm fè ak bagay-ou-yo?
lethargic person. : Kòkraze. n. / Msye pa ka jwe foutbòl, msye se yon kòkraz.
letter. : Lèt. n. / Chak senmenn m resevwa lèt manman-m ak papa-m.
letter (of alphabet). : Lèt. n. / Li konn tout lèt alfabèt-la, depi "a" jiska "z".
lettuce. : Leti. n. / M renmen manje salad ki gen leti ladan.
level (tool). : Nivo. n. / Si yon mason pa gen nivo li pa ka travay.
level, to even off. : Aplani (planni). v tr. / Mesye-yo ap aplani rout la pou machin ka pase.
liar. : Mantè. attrib/nom. / Nanpwen nèg mantè konsa ; bonjou-l pa laverite.
liberty. : Libète. n. / Tout moun te dwe gen libète pou yo fè sa yo vle.
library. : Bibiyotèk (bibliyotèk). n. / Pa gen liv m bezwen-an nan bibiyotèk lakay-la, m pral wè si m jwenn li nan Bibiyotèk Nasyonal.
lice. : Karang. n/
license, permit. : Lisans. n. / Kounye-a m ka pran lari ak machin-lan pase m gen lisans.
lick, to lap. : Niche ; lanbe. v tr. / Kou chen-m-lan fin manje vyann-lan, li niche tout asyèt-la.
lie (falsehood). : Manti. n. / Sispann bay manti,monchè, msye pa genyen ankenn machin lakay-li.
lie down ; lying down. : Kouche. v intr/attrib. / Li fatige, lai kouche.
lieutenant. : Lyetnan. n. / Kounye-a li lyetnan, si li fè sèvis-li byen, talè konsa lap kapitèn.
life. : Lavi ; vi. n. / Lavi-a dous pou li, lap travay byen epi li en sante.
lifeless. : Mò ; mouri. attrib. / mwen gen yon kranp nan dwèt, li mo nèt, mwen pa ka fè anyen avè'l.
lift (free ride). : Wou lib. n phr. / M pat gen kòb pou m pran machin, se yon zanmi k ban m wou lib ki fè m vini. see: fè wou

lib, an wou lib, bay wou lib.
lift weight : Bat fè. v phr. / Tigason-an kofre nan bat fè.
light ; lit. : Limen. v tr/attrib / Li fè nwa, limen lanp-la.
light (color). : Klè. attrib. / Selon jan ou prepare doz-la, poli-a kapab klè, li kapab fonse.
light (n). : Limyè. n. / Li pa fè nwa, gen limyè deyò-a.
light (up) ; light (bright). : Klere. v tr/attrib. / Yon ti lanp tou piti klere tout kay-la.
light (weight). : Lejè. attrib. / Chay-la byen lejè, yon sèl moun ka leve'l.
light as a feather. : Pay ; lejè. attrib. / Pitit-la pay, li gen lè pa manje.
light bulb. : Limyè ; Anpoul. . n. / Li voye yon wòch li kraze limyè-a.
light coffee color. : Brin. attrib/nom. / Li renmen ti pitit brin ki rete anfas-la.
lightning. : Zeklè (zèklè) ; loraj. n. / Gen zeklè nan syèl-la, li pral fè lapli.
like. : renmen ; ancheri. v tr. / Moun-yo tèlman ancheri pitit-la, yo gate 'l.
like (as). : Kou (kon). prep. / Li lèd kou koukou devan jou. syn: tankou, kouwè
like (comparative), similar. : Parèy. prep/nom. / Volè pa janm vie wè volè parèy li.
like it or not. : Vie pa vie (ve pa ve, ve ou pa). / Ou pa vie fè sa papa-ou di ou, men vie pa vie, ou ap oblije fè'l.
like, just like. : Kouwè (konwè). prep. / Bèlmè-li pat renmen'l ditou, li te kouwè lèzòt bèlmè-yo. syn: tankou
like that, in that way, thus. : Konsa. adv. / Li di konsa li pa janm ret a moun nan vi-l.
like, to love ; in love. : Renmen. v tr/attrib. Li renmen ede moun.
likely to. : San lè. v aux. / Tigason-an grenpe sou pyebwa-a epi li kanpe sou yon ti branch, li san lè tonbe.
limb (arm, leg). : Manm. n. / Li gen yon doulè nan tout manm li yo.
lime. : Sitwon. n. / Achte sitwon pou mwen pou'm fè sitwonad.
lime (calcium oxide). : Lacho. n. / Yo deleye lacho nan dlo epi yo pentire kay avè l ; li fè mi-yo blanch.

limp. : Bwete (bwate, brete). v intr. / Anvan ou ri moun bwete gade si ou mache drèt (pwovèb).
line (cord). : Liy. n. / Ouvè rad-yo sou liy-lan pou yo ka pran solèy.
line (mark). : Liy. n. / Trase liy-lan sou tablo-a.
linguistics. : Lengwistik. n. / Nan lengwistik msye se yon top, li fò vre.
lion. : Lyon. n. / M pè tout bèt sovaj tankou lyon, tig.
lips. : Po bouch. n phr. / Lè fredi, tout po bouch-mwen dekale. dekale.
liqueur. : Likè. n. / Li pa renmen like ki gen anpil alkòl.
list. : Lis. n. / Non-ou sou lis elèv ki pase-yo.
listen (to). : Koute. v tr. / M ap voye ou lavil pou mwen, koute byen sa m ap di ou pou ou ka pa fè move komisyon.
liter. : Lit. n. / Doktè-a di malad-la bezwen de lit san.
litter (of animals). : Pòte. n. / Chak pòte chen-an fè, pitit-yo mouri.
little by little. : Pezape ; piti piti. adv. / Ou pap janm ka fè 'l you sèl kou, se pezape pou fè 'l jistan ou fini.
live. : Abite. v tr. / Makomè-m abite Kafou.
live. : Viv. v intr. / Timoun radi pa viv lontan..
live far away. : Rete lwen. v phr. / Ou pap ka al lakay- li kounye-a, li rete wo.
live together (common-law marriage). : Plase. v intr. / Yo gen lontan depi yo plase, kounye-a yo pral marye.
livelihood. : Lavi. n. / Yo kite andeyò yo vin lavil dèyè lavi, y ap fè nenpòt ki kalite djòb.
lively, restless. : Mouvmante. attrib. / Gen gwo van jodi-a, lanmè-a mouvmante.
liver. : Fwa. n. / Li gen maladi fwa.
living room. : Salon ; lasal. n. / Fè'l chita nan salon-an, m'ap vini.

lizard. : Mabouya. n. / Poukisa ou vle touye mabouya? Se yon bèl zandolit, li gen yon pakèt bèl koulè sou li, wi.
load ; loaded. : Chaje. v tr/attrib. / Pa chaje bak-latwòp.
load transported in one trip. : Vwayaj ; chay. n. / M gen senk vwayaj kafe pou ou.
loaf. : Kalewès. v intr. / Tout moun ap travay, ou-menm ou chita

ou ap kalewès, ou pap fè anyen.
lobster. : Wonma (woma). n. / Malerèz pa ka manje woma, li vann twò chè.
lock. : Klete ; fèmen. v tr. / Bò isi-a gen volè, klete pòt-la.
long. : long. attrib. / Wob-la two long, se pou moute oulèt-la.
long time ago, for a long time. : Se jodi. adv phr. / Se jodi ou ap bale lakou-a, ou kòmanse depi avanjou, men li midi, ou poko fini.
long time ago. : Kijodi ; se jodi ; dat. adv. / Eske Jan vini?--Kijodi, li la depi yon bon moman.
look. : Gade (gad). v tr. / Gade byen sa m'ap fè pou ou sa fè'l tou.
look for. : Chache (chèche). v tr. / Si yo chache m, ya jwenn mwen.
loose (morally). : Lib. attrib. / Fi-sa-a two lib, m pa vle ou fè zanmi ak li.
loose upbeat girl. : Lafrechè. n/ Ti lafrechè anro-a toujou bròdè se kan ou pran ou konnen.
loose woman. : Bouzen. n. / Ti Mari bouzen, li renmen tout gason.
looter. : Piyajè. n. / Se yon piyajè li ye, si 'l vin la-a lap ranmase pifò sa ki gen la-a, lale.
lose ; lost. : Pèdi. v tr/attrib. / Li pèdi tout lajan-an nan jwèt pokè.
lose consciousness, to faint. : Pèdi konnesans. v phr. / Lè yo fin antere ti nèg-la, mennaj-li pèdi konnesans.
lose weight. : Megri ; kase. v tr. / Msye se malad, li vin piti anpil, li megri serye.
loser. : Lepèdan. n. / Mwen se lepèdan, m pa janm genyen nan jwèt.
loss. : Pèt (pèd) ; defisi. n. / Senmenn-sa-a li resi pa fè pèt sou machandiz-la.
lottery. : Lotri. n. / M jwe de biye lotri, m ap priye pou yo fè gwo lo.
Lottery number. : Boul. n/ Boul sa-a se gwolo kanmenm, tann tiray pou ou wè.
Lottery number. : Boul. n/ Boul sa-a se gwolo kanmenm, tann tiray pou ou wè.

lottery ticket. : Biye (biyè). n. / Biye li te achte-a sòti premye gwo lo.
loud (loudly). : Fò. adv. / Nanpwen nèg pale fò konsa, li te mèt byen lwen, ou tande sa'l ap di.
loudspeaker. : Opalè. n. / Yo mete yon opalè sou tèt legliz-la pou tout moun nan katye-a ka tande prèch-la.
louse (lice). : pou ; karang. n. / Pa penyen ak peny-sa-a, pase mèt-li gen lè gen pou.
louse (lice). : Karang ; Pou. n. / Nan prizon ou pran tout kalite vèmin, men se karang ki pi vit rete sou ou.
love (especially physical).: Lanmou. n. / Msye jwenn madanm-li nan kabann ap fè lanmou ak yon lòt nèg, li bat yo tou le de.
love : Renmen. n. / Mwen renmen tifi-sa-a.
lover. : Anmore (amoure). n. / Anmore Lizamèn-lan rete lot bo sous.
lover (illicit). : Sou-kote. n. / Nèg ou te wè avè m-lan se pa bon mari-m non, se yon sou-kote.
lover (female). : Anmorèz (amourèz). n. / Se vye anmorèz-mwen, mwen pa gen dwa lage 'l.
lovesickness. : Mal damou. n phr. / Nèg-sa-a gen maldamou, li renmen tout fi li wè.
low, short. : Ba. attrib. / Pye mango-a tèlman ba tout mango-yo touche tè.
lower. : Bese. v tr. / Ou mete'l twò wo, bese'l non.
luck. : Chans. n. / Jodi-a se jou chans machann-sa-a, depi maten lap vann, tout moun ki vini se nan men-l yo achte.
lucky. : Chanse. attrib [urb]. / Nanpwen tifi chanse konsa, tout tan moun ap ba'l kado.
luggage rack, trunk (of car). : Pòtchay. n. / Ouvè pòtchay machin-lan pou met chay-yo.
lukewarm. : Tyèd. attrib. / Aswè-a m ta pran yon beny nan dlo tyèd.
lump. : Boul. n. / Ou brase mayi moulen-an anpil pou'l pa fè boul.
ladan'l.
lurk, to prowl. : Alawonyay. v intr.: Alawonnbadè. inclusively. / mwen wè yon nèg alawonyay bo kay-La, li sanble yon volè.

DIKSYONÈ

Anglè Kreyòl

M

ma'am. : Madanm. n. / Bonjou madanm.
machete. : Manchèt. n. / Prete'm manchèt-la pou'm ka koupe de branch mango.
machine. : Machin. n. / Yo pase koton nan machin pou yo wete grenn-yo.
macho, ladies' man. : Kòk lakou. n phr. / Pal se kòk lakou, depi'l yon kote fanm kouvri'l.
magic. : Maji. n. / Ti Pyè se nèg ki fè anpil maji, li manje boutèy ak jilèt.
magistrate. : Majistra. n. / Yo nonmen Ti Chal majistra wi papa' L ap fè sa'l vie nan bouk-la kounye-a.
magnet. : Leman (lèman). n. / Se yon leman ki te nan men-l-la, wi, ou pa wè kou'l mete'l la-a, zegwi-a kole ladan?
magnifying glass. : Loup. n. / Linèt la gen loup ladan'l.
mahogany. : Kajou (akajou). n. / Kajou se yon bon kalite bwa.
maid (servant). : Bòn. n. / Pitit-lan renmen bòn-lan anpil.
maid of honor. : Marenn (marenn nos). n. / Lè'l tap marye li te pito pa pran manman-l kòm marenn.
mail. : Poste. v tr. / m'ap poste lèt-la jodi-a, lap rive lendi.
mail. : Lapòs. n. / Ala kontan m ta kontan si lapòs te pote yon lèt pou mwen jodi-a.
mailman. : Faktè. n. / Depi faktè-a pase nan kay-la, konnen yo resevwa lajan.
mainstay (chief support). : Poto mitan. n phr. / Li se yon poto mitan nan fanmi-an.
maize, corn. : Mayi. n. / Sezon lapli se sezon moun plante mayi.
major (commissioned officer). : Majò. n. / Msye pa kaptèn ankò, papa, li se majò kounye-a.
majority. : Majorite. n. / Ayisyen te an majorite!
make (someone) lie. : Fè bouch. v phr. :). : / Yo fè bouch pitit-la, li di lapolis yo te bat li.
make a fortune. : Fè chita ; vin rich. v phr. / Pitit granmoun-lan fè chita-li, li pa travay ankò.
make an appearance. : Parèt tèt. v phr. / Tanzantan li parèt

tèt-li deyò men'l pa janm sòti.
make an appointment. : Pase randevou. n phr. / Li pase randevou pou dez è avè'm kay zanmi-l-la.
make faces, to act silly. : Fè tenten. v phr. / Timoun renmen msye a mò, pa gen nèg fè tenten ak kò-l konsa.
make fun of, to tease. : Bay chalè (bay chenn). v phr. / Timoun-yo ap bay mèt-la chalè, y'ap rele li "tèt zo".
make fun of. : Pase nan betiz (mete nan betiz). v phr. / Toutan timoun-yo ap pase tonton-an nan betiz.
make helpless. : Annile. v tr. / Gade ki jan malfektè annile ti bway-la.
make love. : Fè bagay; Koupe ; Taye. v phr [euph]. / mwen ta fè yon ti bagay avè ou.
make pregnant ; pregnant. : Ansent. v tr/attrib./ Li marye tou ansent.
make room. : Bay lè. v phr. / M gen yon gwo bwat lou nan men-mwen, ban m lè pou mwen pase avèk li.
make up (become reconciled). : Rekonsilye. v intr. / Chak fwa moun-yo ta vle rekonsilye ou chofe bagay-la, ou fè yo fè kont ankò.
malaria. : Lafyèv frison ; malarya. n phr. / Le gen anpli moustik yon kote, toujou gen moun ak lafyèv frison.
male. : Mal. n. / Chyen-an fè kat pitit, de ti fenmèl, de ti mal.
male (man, boy). : Gason. n. / Gason wete chapo lè y'ap antre legliz.
malevolent. : Malvèyan. attrib. / Ou kwè se nèg malvèyan sa.
mallet. : Mayèt. n. / Se pa pikèt-la ou bezwen met nan tè? Ebyen frape ak mayèt pito, monchè.
man (husband). : Nonm. n. / Fanm-sa-a gen kat nonm ki ap sipòte 'l.
man (male person). : Nèg ; gason ; moun ; nonm. n. / Vin wè ki jan yon nèg mache bwodè.
man (mankind). : Lòm ; lèzòm. n. / Moun pa fèt pou fè lòm konfyans.
man, Mr. : Msye (misye, mouche). n. / Msye Bouki byen ablye jodi-a.
maneuver. : Mannèv. n. / Pandan msye ap fè mannèv pou'l sòti ak kamyon-an, timoun-lan tonbe anba wou kamyon-an.

mango. : Mango (mang). n. / mwen te manje anpi mango, mwen gen malvant.
manioc, cassava. : Manyòk. n. / Se ak manyòk yo fè bobori.
manioc flour. : Lanmidon (lamidon). n. / M renmen labouyi lanmidon.
mankind. : Lèzòm (lèzòm). n. / Moun ki envante machin pa konn ki gwo sèvis li rann lèzòm.
manner, habit, style. : Mòd. n. / Pinèz gen yon mod, yo mòde ou tout lannwit.
manner, way (mode). : Jan. n. / Fè travay-la menm jan'm te montre ou yè-a.
manners (courtesy). : Lizay (lizaj). n. / Timoun-sa-yo san lizay, yo wè moun ap pale, yo-menm yo chita ap fè bri.
mansion. : Chato. n. / Nèg-sa-a se yon gwo boujwa wi, oupa wè nan gwosè chato'l rete?
manure. : Fimye ; angrè. n. / Lè yon tè gen bon fimye tou sa ou met ladan pran vit.
many, a lòt of. : Pakèt ; dal ; chay. n [follow yon]. / Te gen yon pakèt moun ap tann doktè-a.
many, much. : Kantite ; pakèt ; bann ; dal ; chay. n / Papa-l gen yon kantite bèf.
many, much. : yon bann.n. / Yon bann moun ap pase nan lari-a.
map. : Kat. n. / Si ou pa konnen nan ki zòn li ye, se pou gade nan kat-la.
map (of landholding). : Kadas. n. / Se pa mwen ki kenbe papye tè-a, men si ou al gade nan kadas komin-lan ou ap wè se eritay fanmi-m.
marble (toy, game, stone). : Mab. n. / Achte yon sache mab pou mwen.
March (month). : Mas. n. / Nan mwad mas pye mango lakay-yo ap kouvri a mango.
Mardi Gras (period, events). : Kanaval. n. / Depi gen kanaval, tout moun nan lari, y'ap danse, y'ap bwè, y'ap pran plezi-yo.
Mardi Gras band. : Bann. n. / Bann Titato ap konmanse frape a dez è.
mare. : Jiman. n. / M'pa vle achte yon manman chwal, m'tavle yon jiman ki poko fè pitit.

marinate. : Marinen. v tr. / mwen ap fè bon-lan marinen vyann-lan depi aswè-a.
marinate (meat, fish). : Tranpe. v tr. / Depi yè swa m di ou met vyann-lan tranpe ; ki sa ou tap fè?
marine (sailor). : Maren. n. / mwen wè Boukl an blan e ble l Gen lo se maren'l ye kounye-a.
mark ; marked. : Make. v tr/attrib. / Depi li genyen kat wa, ou mèt make katreven kareman.
mark (imprint, trace). : Mak. n. / Mak pye volè-a nan tout jaden-an.
marker (boundary). : Bòn ; limit. n. / Yo mete kat bon nan jaden-an apre apantay-_a.
marry ; married. : Marye. v tr/attrib. / mwen ap marye demen a sèt
marry (get married to). : Marye avèk. v phr. / Nèg-la vle marye ak fi-a men manman-an pa vle.
martyr (to torture). : Matirize ; maspinen. v tr. / Lo lapolis pran volè yo bat yo, yo maspinen yo, yo matirize yo serye.
martyrdom (suffering). : Mati. n. / Malerèz-la gen senk pitit e lap travay, di'm si se pa mati moun-sa-a pase sou latè.
mask. : Mas. n. / Bal-la se yon bal maske, ou tou konnen fo ou vin ak mas, monchè.
mask ; masked. : Maske. v tr/attrib. / Eske ou ap maske pou bal aswè-a?
mason. : Mason. n. / Mason-an di siman-an pa kont.
mason ; masoned. : Masonnen. v tr/attrib. / mwen di Bouki pou'l masonnen mi-an, men'l komanse vle tonbe.
Mass. : Mès. n. / Nan ki mès ou pral maten-an?
Mass. : Lamès (lanmès). n/loc. / Jodi dimanch tout moun nan kay-la pral lamès.
massacre ; massacred. : Masakre. v tr/attrib. / Atò timoun-yo te masakre, disparèt tou wi.
massage. : Rale ; Masaj (masay). v tr. / Vin rale janm-mwen pou mwen, mwen fè nwit-la m'pa dòmi yè swa tank li fè'm mal.
massive. : Masif. attrib. / Msye pa gwo ankò monchè, msye masif menm.
mast,pole. : Ma. n. / Van-an ap sekwe ma drapo-a.
mat. : Nat ; atèmiyò. n. / Pa kouche atè-a konsa monchè ; achte

yon nat met atè-a.
match ; matched. : Kadre. v intr/attrib. / De moun-sa-yo byen kadre ; tou de se gwo chèf, tou de gen lajan.
match (go well together). : Marye. v intr. / Koulè-sa-yo pa marye, pito ou pran yon jon ak yon blan.
match, to harmonize. : Asòti. v intr. / Riban-an pa asòti ak rad-la.
matches. : Alimèt (zalimèt). n. / Prete'm alimèt-ou pou'm limen sigarèt-mwen.
mate. : Kwaze ; akouple. v tr. / Si yo kwaze yon manman bourik ak yon chwal, y'ap bay yon milèt.
mathematics. : Matematik ; kalkil. n. / Pwofesè-sa-a montre matematik-la byen papa.
matinee. : Matine. n. / Si se sinema matine ou peye mwen chè, si se aswè ou ap peye omwen yon dola.
matter. : Matyè. n. / Nou tout ap mouri yon jou tankou plant, bèt, paske se avèk matyè nou fè.
mattress. : Matla. n. / Pou kabann-mwen-an bèl fòk mwen chanje matla-a.
mattress maker. : Matlasye. n. / Matla-m-lan fin chire,fòk mwen pote'l kay matlasye-a pou'l ka ranje'l pou mwen.
maturity. : Matirite. n. / Msye se yon nèg ki gen anpil matirite, li pa kite yo bat volè-a.
mausoleum. : Mozole. n. / Sa-a se yon mozole yo konstwi pou jeneral ki mouri-a.
May. : Me. n. / Nan mwad me mwen prale nan peyi-m.
may (permission). : Mèt ; kapab. v aux. / Si ou pa vle travay, ou mèt al fè wout-ou.
meal. : Repa ; manje. n. / Konbyen repa ou pran pa jou?
mean. : Vle di. v phr. / Lè ou baye, sa vle di ou grangou ou byen sa vle di ou bouke, osinon ou gen somèy..
meantime. : Annatandan. adv. / Doktè-a nan wout ap vini, annatandan, fè yon ti tè pou maladi-a.
measles. : Saranpyon. n. / Pitit-la gen saranpyon, sa rann li rechiya.
measles. : Lawoujòl. n. / Ti pitit-la gen tach wouj sou tout ko-l, doktè-a di li gen lawoujòl.
measure ; measured. : Mezire. v tr. / Eske ou mezire pou wè ki

longè mi-a ye?
measure (in 45 inch lengths). : Lonnen ; mezire. v tr. / L ap lonnen twal-la pou'l wè konbyen lonn li gen ladan.
measurement. : Mezi. n. / Rad-la pa bon, mwen pat pran mezi-a byen.
meat. : Vyann. n. / Lè yo fin tiye bèf-la, yo koupe vyann lan ak zo-yo myèt moso..
meat pie. : Pate. n. / Li pa grangou, li fèk fin manje de gwo pate.
mechanic. : Mekanisyen. n. / Se yon sèl nèg ki kapab ranje machin-ou-an bòs Pòl. Msye se yon bon mekanisyen.
mechanics. : Mekanik. n. / Oto msye pa janm ap woule,toutlasentjounen fò li fè mekanik ladan'l.
medal. : Meday. n. / Bouki te chanpyon nan champyonna karate-a, se sa'k fè yo ba'l meday-la.
medicine. : Medsin. n. :Medizan. n. / fò ou fè gwo demach pou rantre nan Lekòl de Medsin.
medicine. : Medikaman ; remèd. n. / Msye malad, doktè-a bali yon medikaman pou li achte men li pa gen lajan.
meet. : Rankontre. v tr. / Jodi-a m rankontre ak Mari ki pral nan mache.
meeting. : Reyinyon. n. / y'ap fè reyinyon-an ka Madan Jan.
meeting. : Randevou. n. / Mwen rive nan randevou-a anvan tout moun.
meeting (encounter). : Rankont. n. / Ala yon bèl rankont ou fè maten-an, yo di'm kou ou rive pi devan-an, ou rankontre bouboutla.
melon. : Melon. n. / mwen renmen ji melon anpil.
melon, (cantaloupe) : Melon frans. n phr. / mwen pito melon frans pase kantaloup.
melt ; melted. : Fonn. v tr/attrib. / Lè boul swif-sa-a fonn lap fè yon pakèt grès.
member. : Manm. n. / Eske Bouki se yon manm nan Komite Olimpik-la? see: manm initil
memory. : Memwa (menmwa). n. / Msye gentan blie sa'm te di'l ; se yon nèg ki san memwa.
memory, souvenir. : Souvni. n. / Ou prale ou pap ban'm yon souvni?
menstrual period. : règ n phr. / Depi'l gen règ-li, fò'l ba'l vant fè

mal.
mentality : Mantalite. n.
skeleton : Zosman ; eskelèt. n.
merchandise. : Machandiz. n. / Nou vin nan mache-a bonnè pou nou ka jwenn yon bon plas pou machandiz-nou-yo.
merchant. : Konmèsan (komèsan). n. / Yon moun pa ka gwo konmèsan bodmè pou di m ou pa gen lajan.
merciless, mercilessly. : Pwenn fè pa. adv phr. / Fò sitiyasyon nan sosyete-a rive nan sezon pwenn fè pa.
mercy. : Mizèrikòd ; padon. n. / mwen mande ou padon, mizèrikòd pou li, fè pa'l.
meringue (rhythm, dance). : Mereng. n. / Mwen renmen danse mereng.
mess. : Gagòt. n.
mess (disorder). : melimelo ; dezòd. n. : Nan chanm msye, chemiz-li atè, soulye-l sou kabann, se yon veritab melimelo.
message. : Mesaj. n. / Jodi-a n ap jwenn mesaj-nou nan levanjil selon sen Jan chapit twa vèsè douz.
message.: Komisyon. n. / Bay Jak komisyon-sa-a pou mwen.
messenger. : Komisyonnè (konmisyonnè). n. / Li voye yon komisyonne al fè komisyon-an.
Messrs., men. : Mesye. n [always plural]. / Mesye-sa- yo, tout se mafya.
messy. : Malpwòp. attrib. / Gade ki jan rad msye sal. Ala gason malpwòp, papa.
metal. : Metalik. attrib. / mwen ap bare kalòj pijon-an avèk twal metalik.
metal. : Metal. n/attrib. / Yon bokit metal ann aliminyòm pi solid pase yon bokit plastik.
metallic (for use on metal surface). : Metalik. attrib./ Ou sonje'm te di ou pou bay oto-ou-la yon douko metalik, si ou te koute'm li tap pi bèl kounye-a.
meter, meter stick. : Mèt. n. / Kalkile pou wè konbyen mèt sa fè. see: mèt a koulis
middle-aged. : Andezay (antdezay). attrib./ mwen te konprann li te pi jèn, se yon moun andezay.
middle, center. : Mitan. n. / Ou wè kat moun-sa-yo ki chita lòtbò-a, mwen vle ou al kanpe nan mitan yo.

middleman, broker. : Koutye. n. / M bezwen yon koutye ki serye ki pou fè m jwenn yon bon kay.
midnight. : Minwi (minui). n/n loc. / Chak 24 desanm, tout Ayisyen al nan mès minwi.
midwife. : Sajfam. n. / Moun andeyò pa prèske akouche lopital, se sajfam ki akouche yo.
military. : Militè. n. / Depi se militè ak ofisye ki nan parad, tout gen epe bò ren-yo.
military headquarters. : Kazèn. n. / Yo mennen volè-a nan kazèn, siman y'ap bat li anvan yo mete'l nan prizon.
milk. : Lèt. n. / Chak maten li bwè yon vè lèt.
milk of magnesia. : Manyezi. n. / Si ou konstipe, pran manyezi. Dat mwen ap di ou sa!
mill. : Moulen. n. / Pou fè melas fòk kann-lan pase nan moulen dabò.
millet. : Pitimi. n. / Pitimi ak pwa kongo bon anpil.
mine (dig). : Minen ; fouye. v tr. / Yo komanse minen tè-a pou yo jwenn lo-a.
mine (possessive marker). : Pa. prep. / Sa-a se chanm pa m.
miniskirt. : Minijip. n. / Lè minijip te alamòd, tout kwis te deyò.
minister (government). : Minis. n. / Lè kabinè ap tonbe,tout moun koute radyo pou konn kilès k'ap monte minis.
minor (kid). : Minè (ti minè). n. / Msye al file fanm-lan, fanm-lan di li pa annafè ak minè.
mint. : Mant. n. / Aswè-a mwen ap bwè yon bon te mant anvan m al dòmi.
mint plant. : Tibonm. / Lestomak-mwen pa bon, fè yon te tibonm pou mwen, souple.
minus. : Mwens adv. / Ki lè ou fè la-a? --Li senk è mwen dis.
minute. : Minit. n. / Tann mwen yon ti moman, mwen ap vini nan yon minit.
miracle. : Mirak. n. / Yo di vyèj ki nan legliz Bènadèt-la kriye, sa-a se yon mirak monchè.
mirror. : Glas. n. / Gade figi-ou nan glas anvan ou sòt nan lari.
miscarriage. : Foskouch. n. / Li te ansent kat mwa, lipran yon gwo so epi li fè foskouch.
misdeed, crime. : Zak. n. / Msye tiye yon moun, gwosè zak-sa-a pou yo pa fout li nan prizon!.

misery, poverty. : Mizè (lanmizè). n. / Toupatou gen moun k'ap mouri grangou tèlman mizè-a anraje !
misfortune. : Malè ; devenn. n. / Bèl fanm, bèl malè (pwovèb).

misplace ; misplaced, lost. : Anfouye (anfouraye). v tr/attrib. / Mwen jwenn liv-la, li te anfouye.
miss. : Manmzèl ; manzè. n. / Gade manmzèl k'ap mabouya kò-l lè lap mache.
miss. : Rate. v tr. / Si ou rate'l, li, lap pran ou.
miss (act of missing the ball): Flay. n. /. : Yo pase boul-la ba li pou'l choute gòl-la, li fè yon flay.
miss (fail). : Manke ; rate. v tr. / Chasè-a fè plizè bal dèyè pentad-la men li manke a chak fwa.
Miss, (ms). : Manzè. n [precedes a name]. / Manzè Lamèsi pèmèt li di'm mwen se yon fanm ki sou moun.
mission (establishment). : Misyon. n. / Ou metal konsilte nan misyon-an, pase yo pap fè ou peye.
mission (task). : Misyon. n. / Pòl, mwen ap ba ou yon misyon enpòtan, pran bwat-sa-a pote'l bay doktè Pyè pou mwen.
missionary. : Misyonè. n. / Misyonè-yo vin preche pou enkwayan-yo ka asepte pawòl Bondye-a.
mist (rain). : Seren. n. / Lapli-a pa tonbe fò, se yon seren'l fè.
mistake, error. : Twonpri. n. / M te di ou se te yon twonpri, bisiklèt-la vann $175 e non $75.
mistaken, to err. : Twonpe. v tr. / Ou twonpe ou, m te di ou fèt-la se dimanch.
mistletoe. : Gi. n. / Pa chita anba pyebwa-a, grenn gi-yo va tache rad-ou.
mistreat. : Maltrete ; malmennen. v tr. / Yo tèlman maltrete msye lopital-la, msye vin mèg kou yon kaw.
mistreat. : Chipote. v tr. / Maladi-a chipote m nan tout ko-mwen.
mistress. : Fanm deyò (fanm, fanm sou kote). n phr. / Yo toujou di fanm sou kote swen mari-yo pi byen pase madanm marye.
mistrustful. : Mefyan. attrib. / Msye pa gen dwa janm prete ou machin-li. Msye se yon nèg ki mefyan anpil, li toujou konprann ou kapab kraże machin-li.
mix (blend). : Melanje. v tr. / Si ou melanje ji zoranj ak lèt il tounen.

mix (drink, medicine) ; mixed (drink, medicine). : Konpoze. v tr/attrib. / Li konpoze remèd-la ak anpil fèy.
mix (to associate). : Mele. v intr. / Li pa mele ak tout moun.
mix up (confuse). : Bwouye. v tr. / Chak tan li antre li bwouye moun.
moan, to groan. : Plenn. v intr. / Depi ou wè pitit-la ap plenn konsa, konnen se yon bagay ki ap fè 'l mal.
mock. : Chare. v tr. / mwen pral pale manman-ou pou ou paske depi maten ou ap chache fè tout sa mwen fè pou kapab chare m.
model. : Modèl. n. / Eske ou wè nouvo modèl kamyon ki fèk parèt-yo?
modern. : Modèn. attrib. / Kay-sa-a gen bèvitre, pòt koulisant, ou tou wè se yon kay modèn.
moisten ; moistened. : Mikte. v tr/attrib. / Lakou-a twò sèch, mikte'l pou mwen ak enpe dlo.
molasses. : Melas. n. / mwen mande moun-yo yon boutèy siwo myèl, yo vann mwen yon boutèy melas.
mold (form). : Moul. n. / Manman, èske ou gen moul pou fè gato-a?
moldy. : Mwazi ; kanni. attrib. / Imidite fè kay-la santi mwazi, ouvri pòt-yo pou solèy-la rantre.
moment. : Moman ; Kadè (tl kadè). n. / M'ap fè yon vire pou yon tikadè, voye je sou timoun-yo pou mwen.
Monday. : Lendi. n. / Jodi dimanch, ou tou konnen denmen lendi.
money. : Lajan ; Kòb. n. / M vle achte rad-sa-a men m pa gen lajan.
mongoose. : Woulong. n. / Woulong ak koulèv pa zanmi menm.
monkey. : Makak. n. / Pandan m'ap pase m'wè yon makak nan jaden Pòl-la. see: fè makak, mal makak.
monster. : Mons. n. / Eske ou sonje nan fim-lan te gen yon gwo vye mons ki tap sòti nan lanmè-a?
month.: Mwa (mwad). n. / Se nan ki mwa nou ye la? --Mwa fevriye monchè.
moo, to bellow. : Begle. v intr. / Bèf-la begle tout nannwit, sa'l do genyen?.
moon. : Lalin. n. / Lajounen gen solèy, leswa gen lalin. see: nan lalin
morale. : Moral. n. / Semenn-sa-a moral misye ba, li san senk.

more..the more. : Plis..plis. / Plis yon moun ap granmoun, si plis li wè tan-an pase vit.
more. : Plis. attrib/adv. / Ou pa we jan 'l gwo, li manje plis pase m.
more (comparative). : Pi. adv. / Li pi gran pase m.
more than, than (comparison). : Pase ; ke. conj. / Li pi wo pase m.
morgue. : Mòg. n. / Yo pran mo-a, yo mete'l nan mòg.
morning. : Matine ; maten. n. / Msye pase tout matine-a nan kabann-li ap kalewès.
mortar. : Pilon. n. / Lakay-li gen twa pilon, youn pou pile epis, youn pou pile kafe, lòt-la pou pile pitimi. see: manch pilon, dan pilon
mortar (concrete). : Mòtye. n. / Se pa siman mwen di ou brase, se mòtye mwen ba ou fè.
mortgage ; mortgaged. : Poteke. v tr/attrib. / Li poteke tè-a pou twaz an.
mortise. : Montwaz. n. / Montwaz-la twò gwo, bwa pap rete ladan'l.
mortise. : Montwaze. v tr. / Lè ou ap montwaze yon bwa,fo ou fè'l mezi tennon-an.
mosquito. : Marengwen ; Moustik. n. / mwen pap rete deyò-a monchè,marengwen fin devore janm-mwen.
mosquito net. : Moustikè. n. / mwen di ou kou timoun-landòmi voye moustikè sou bèso-l pou moustik pa fin devore'l.
most. : Plis . attrib/adv. / Moun li bay plis problèm, se ti malere-yo.
most. : Pifò. attrib. / Pifò moun nan zòn-lan konsa.
mother. : Manman. n. / Sa fè twaz an depi papa-m divose ak manman-m.
mother-in-law. : Bèlmè. n. / M pa gen bèlmè paske manman madanm-mwen mouri.
mother-of-pearl : Nak. n. / Li gen yon bèl plato an nak.
mother superior, nun. : Mè (mamè). n. / Ou wè lap mache bwodè, poutan se yon mamè'l ye tande.
motor, engine. : Mòtè. n. / Msye fè twa aksidan deja ak machin-sa-a, mòtè-l fin kraze.
motorcycle. : Motosiklèt. n. / Nèg-sa-a toujou ap fè eskandal ak

motosiklèt la.
mou-mou. : Karako ; Moumou. n. / Bò mache-a ou ap jwenn tout kalite karako pou achte si ou bezwen rad dòmi.
mountain, hill. : Mòn ; Montay (moutany). n. / mwen se nèg ki renmen al flannen nan mòn, wi.
mouse. : Sourit. n. / Gen twòp sourit nan kay-la, fò'm menyè tann pèlen pou yo.
moustache. : Bigote (bigot). n. / Li pa renmen nèg a bigote.
mouth. : Bouch. n. / Afè-a ap mache, yè swa m bo'l sou bouch. (pa bay bouch, fè bouch, mete bouch).
mouthful. : Bouche. n. / Manje-a piti, m poko fè yon bouche li gentan fini.
move. : deplase ; chikin. v tr. / Gouye kò-ou, ban'm yon ti plas pou'm chita, mwen bouke kanpe.
move (change residence). : Bwote. v intr. / Yo jwenn yon kay, y'ap bwote demen.
move in.: Bwote.v. intr. / Yo ranmase tout zafè-yo, yo kite kay-la epi yo bwote vini nan yon lat kay.
move to a new grazing area. : Chanje. v tr. / Chak maten, chak aswè, papa-m fè mwen chanje chwal-la.
movement. : Mouvman ; deplase ; jès. n. / Rete trankil, pa bouje, pa fè yon mouvman, gen yon gwo krab arenyen dèyè do-ou. (de tan twa mouvman)
Mrs. : Madan. n. / Madan Bouki se yon bèl fanm.
much. : Bonkou ; anpil. attrib. / Pistach griye, bonkou sèl!.
mud. : Labou. n. / Lè lapli tonbe bo isit-la fè anpil labou.
muddy, murky, blurry. : Twoub. attrib. / Dlo-a twoub, pa bwè'l.
mug, cup. : Gode (godè, godèt). n. / Moun kay bwè dlo nan gode, etranje bwè dlo nan vè.
mulatto (man). : Milat. n. / Lo yon blan marye ak yon nègès,pitit-la se yon ti milat.
mulatto (woman). : Milatrès. n. / Gen nèg se ak milatrès yo vle marye.
mule. : Milèt. n. / Ou gen yon milèt lo cheval kwaze ak bourik.
multiplication. : Miltiplikasyon. n. / Tout timoun lekòl fèt pou konnen tab miltiplikasyon-an.
mumble. : Mamonnen ; mamote. v intr. / Sispann mamonnen, pale nan dan, di sa ou ap di-a.

mumps. : Mal mouton. n. / Gade laj-ou pou ou ap gen mal mouton toujou.
murder. : Ansasinen (sasinen) ; tye. v tr. / Yo te ansasinen Lanperè Desalin Ponwouj alantran Pòtoprens.

assist. : Asiste ; ede. v tr. / M ap asiste ou nan tout difikilte ou rankontre.
muscle. : Mis. n. / Fi-sa-a pòtre ak yon gason, gade mis li gen sou kòl.
music. : Mizik. n. / Chak maten msye leve bonè pou'l koute Mata kap chante ; msye renmen mizik anpil.
musical group. : Ansanm. n. / Ti Ka o ap jwe gita nan yon ansanm.
musician. : Mizisyen. n. / Msye se nèg ki jwe nenpòt moso sou gita, msye se gwo mizisyen.
mustache. : Moustach. n. / mwen di kwafè-a retire tout cheve nan tèt-mwen, moustach epi bab.
mustard. : Moutad. n. / Mwen wè gen moun ki mete moutad sou vyann, mwen pito sos tomat.
mute. : Bèbè. attrib/nom. / Tigason kòmè-m-lan gen lè ap bèbè, li gen twaz an li pa ka janm di yon mo.
mutilate ; mutilated. : Masakre. v tr/attrib. / Li masakre pitit-la anba baton.
muzzle. : Mizo. n. / Lè chen anraje, pou'l pa mòde moun se mizo yo mèt nan djòl-li.
my dear (female).: Machè. n. / Sa ou ap vin di'm la machè.!
myself. : Mwen-menm. pro. / Mwen-menm m'pa janm nan rans ak moun.
mystery, secret. : Mistè. n. / Msye te malad, doktè pat ka di sa'l te genyen, kounye msye mouri. Sa ki touye'l se yon veritab mistè.


N.Y
P-au-P

N

nail. : Kloure. v tr. / Kloure planch-la byen, ou mèt mete plizyè klou.
nail. : Klou. n. / M bezwen kat klou ak yon mato pou m kloure foto-a sou mi-an.
nail file, emery board. : Lim. n. / Pote lim-lan ba li pou li limen zong-li.
naked, nude. : Toutouni (touni). attrib. / Si ou wè fanm-sa-a toutouni se bave ou ap bave.
name. : Non. n. / ki non-ou? --M rele Pol.
nap, snooze. : Asoupi. / Yon asoupi toujou bon lè yon moun fin manje.
napkin. : Sèvyèt. n. / Mwen te di ou met sèvyèt sou tab-la, gad sou tèt frijidè-a, ou a wè yo.
naris. : Tou nen. n phr. / Gade lajè tou nen msye, ala nèg gen gwo nen, papa!
narrow. : Jennen ; etwat. attrib. / Wout-la jennen, de machin pa ka pase alèz.
narrow-minded. : Bòne (bonen). attrib. / Nèg-sa-a fache pou tout bagay, li gen lespri bone.
national. : Nasyonal. attrib. / Yo deklare jou-sa-a fèt nasyonal.
native. : Natifnatal (natif). n. / Mwen se natifnatal Ayiti. natirèl. attrib. : natural. : / Se papa-m, se tou natirèl pou'l ban'm lajan.
naturally. : Natirèlman. adv. / Natirèlman fòk mwen ale nan maryay frè-m, m'pa ka pa ale.
nausea. : Kè tounen. prep phr/ Fanm ansent gen kè tounen fasil.
navel, umbilical cord. : Lonbrik (lonbrit, nonbrit). n. / Tout jounen lonbrik pitit-la ap fè li mal, li dwe gen vè.
near. : Bò (bò kote). prep. / Yo kenbe yon volè bò kay-la.
nearly, almost. : Manke. v aux./ Machin manke kraze'm jodi-a, monchè.
neck. : Kou. n. / Li gen yon bèl kolye nan kou-l.
necklace. : Kolye ; Chenn. n. / Kolye nan kou-l-la menm koulè ak zanno ki nan zorey li-a, ala moun konn ablye!
necktie. : Kravat ; Kòl. n. / Aswè-a m pral nan bal, fò'm pare vès

a kravat-mwen.
need. : Bezwen. v tr. / M bezwen dis pyas pou m achte medikaman pou pitit-mwen-an ki malad.
need. : Bezwen. n. / Li nan bezwen, li pa jwenn travay.
neighbor. : Vwazen.(vwazinaj). n. / Moun-yo di vwazen-an pa janm di yo bonjou..
neighbor (female). : Vwazin. / Mina vin ret tou pre lakay-mwen, kounye-a nou se vwazin.
neighborhood. : katye ; zòn. n./ Manmzèl rete nan zòn kafou-a.
neighborhood (area, inhabitants). : Vwazinay.(vwazinaj). n. / Lè ou pa la, moun nan vwazinay-la ka voye je sou kay-ou pou ou..
nephew. : Neve. n. / Madanm frè-m-lan ban'm yon ti neve, se yon bagay serye. Msye se yon bèl tibebe.
nerve. : Nè. n. / Msye mouri, yo di se yon nè nan sèvo-li ki eklate.
nervousness. : Nè. n. / Kalme ou non monchè, ou gen twòp nè, met dlo nan diven-ou.
nest. : Nich. n. / Zwazo renmen fè nich nan pwent branch bwa.
net. : Filè ; nas. n. / Jodi-a pèch-la pa bon, mwen pa jwenn yon pwason nan filè-a.
never. : Pa janm. adv phr. / Yo pa janm vini alè. see: piga
nevertheless, in any case. : Kanmenm (kanmèm). adv. / Vle pa vle, li prale kanmenm, menm si lapli-a ap tombé, pase gen moun k'ap tann li.
new. : Nouvo ; nèf. attrib. / Eske gen anyen ki chanje? Non, ebyen pa gen anyen nouvo.
new. : Nèf. attrib. / Pòl fèk achte yon machin tou nèf.
New Year. : premye janvye. / Chak premye janvye, yo tire venteyen kout kanno pou salye nouvèl ane-a.
New Year's Day. : Joudlan. n/attrib. / Joudlan se premye jou ane-a.
New York. : Nouyòk (Nyouyòk). n. / Ki lè ou pral Nouyòk, ane-sa-a osinon ane pwochèn?
news.: nouvèl / Chak swa a sizè yo bay nouvèl etranje, mwen pral tande yo.
news (rumor). : Nouvèl ; zen. n. / Ou pa tande nouvèl-la, M'sye ap divòse.
newspaper. : Jounal. n.

next. : Pwochèn (pochèn). attrib. / Ki lè ou pral Nouyòk, ane-sa-a osinon ane pwochèn?
next. : Lòt. attrib. / Sante Piblik ap vin fè enspeksyon lòt semenn.

next day. : Landmen (landemen). n/n loc. / li pa fèmen pot-li byen, landmen li wè yo volè tout sa ki te gen nan kay-la.
nibble. : Fè lasisin. v phr. / Ase fè lasisin ak manje-a, li lè pou ou fini.
nibble, to gnaw. : Wonyen. v tr. / Ti Bouki wonyen ti vyann-lan joustan'l rive lakay-li.
nice, pleasant, well-mannered. : Janti ; emab. attrib. / Se moun ki janti ki dwe travay nan biwo, pa moun ki bourik.
nickname. : Non jwèt (non gate). n. / Bon non-li se Jan men li sitèlman frekan non jwèt-li se Ti Leta.
night. : Nwit. n. / Nan nwit, si yon moun pa bezwen, ou pa sòti. see: lannwit
night club. : Nayklèb. n. / Ki zafè de nayklèb ou ap pale-a? --M di se yon makrèl ki la-a, monchè, chaje ak bouzen anndan.
nightingale. : Wosiyòl (resiyòl). n. / Fi-sa-a chante kou konn yon wosiyòl..
nightmare. : Kochma. n. / Chak fwa m wè pitit-sa-a, se yon kochma pou mwen.
nightstand. : Tabdénwi. n. / Mwen bezwen yon ti tabdénwi pou'm ka met lanp-la sou li.
nine. : Nèf (nev). n/attrib. / Yo fout msye nèf kout baton.
ninetieth. : Katrevendizyèm. attrib/nom. / Gen yon gòl ki bay nan katrevendizyèm minit-la.
ninety. : Katrevendis (katrevendiz). n/attrib. / Granmè-m te mouri a katrevendiz an, m ap jwe nimewo katrevendis ak revè: zewo nèf.
ninth grade, freshman class. : Katriyèm. n. / Fò ou fè katriyèm pou ou ka antre nan leopa.
ninth. : Nevyèm (nèvyèm). attrib/nom. / Gen trant elèv, li nevyèm nan klas-la, li pa twò mal.
nipple. : Pwent tete. prep phr/ Lè you fanm ansent pwent tete'l konn vin pi fonse.
nipple (bottle). : Tetin. n. / Gwosè tigason-sa-a pou'l ap bwè lèt nan tetin toujou!

no. : Non. adv [reinforces negation]./ Li pa ka fè travay-sa-a, non.
nobody. : pèson moun.
nod off. : Bay kout tèt ; asoupi ; kabicha. v phr. / Ase bay kout tèt la-a non, si dòmi nan je-ou , al kouche.
noise. : Bri (bwi). n. / Denpi chen-an tande yon ti bri, fèy zorèy-li kanpe.
none of them. : Yoyoun. pro [in negative sentences]. / Yoyoun pa gen machin, ki jan n ap fè al nan plaj-la?
nonsense. : Tenten ; Betiz ; Radòt.. n. / Ou pap janm ka fè sa-a, men si se te betiz, ou ta pot premye pri.
nook, cranny. : Rakwen. n. / Bèf-la kase kòd, mwen chache'l nan tout rakwen bwa-a, mwen pa ka wè'l.
noon. : Midi. adv. / Mwen-menm, kou li midi fò mwen sispann travay pou m'al manje.
nor, (not) either. : Nitou. conj. / Madanm-lan pa konprann anyen, nitou li pa chache fouye zo nan kalalou pou 'l konprann.
normal. : Nòmal ; natirèl. attrib. / Si 'l di ou fòk ou okipe pitit-la, se nòmal, pase se ou ki papa-l.
north (n). : Nannò ; nò. n/n loc. / Nannò se kote ki genyen anpil bannann avèk yanm.
northern, north. : Nò. attrib/nom. / mwen pral fè piblisite nan pati no-a, ou-menm al nan pati sid-la.
nose. : Nen. n. / Pitit-la anrimen, se nòmal ke nen-li koule. Ou annik pran yon mouchwa pou siye nen-li. see: tou nen, zèl nen.
nosey, gossipy. : Tripòt ; Atoupwèt ; Tchotchowè ; fouyapòt ; jouda. attrib/nom. / Ki kesyon ou ap poze m la-a, sa pa gade ou, ou se yon tripòt monchè.
not. : Non. adv. / mwen te di ou se yon twonpri, bisiklèt-la vann $175 e non $75.
not (negative marker). : Pa. adv. / mwen pat wè 'l. see: pa janm, pa ankò, pa ditou
not any more. : Pa..ankò. adv phr. / Li pa fè 'l ankò.
not at all. : Pa..ditou. adv phr. / Ou pa bezwen mande m, mwen pa konn anyen ditou.
not only. : Non sèlman. conj. / Non sèlman msye abiye tankou yon Gede, men 'l gen yon bagèt Gede tou.
not so well, rather badly. : Malman. adv. / Kouman ou ye? --Malman, mwen pa bon menm, menm.

not yet. : Poko (pako, panko, panko). adv. / Timoun-yo poko manje.
notary public. : Notè. (notè). n. / mwen vann tè-a, papye-yo kay notè-a.
notch, gash. : Antay. n. / Pou'l ajiste planch-yo ebenis-la fè yon antay nan chak moso.
note (musical). : Nòt. n. / Msye se yon gwo pyanis, li jwe tout kalite nòt sou pyano-a.
note (notice). : Note ; remake. v tr. / Tout moun enpòtan-yo te note ke prezidan-an pat vini.
note (written message). : Nòt ; Biye (biyè). n. / m'ap ba ou yon ti nòt pou rèmèt Jaklin pou mwen, ret tann repons-la tande.
notebook. : Kaye. n. / Lè oktòb rive, lekòl-yo bay yon lis liv ak kaye men longè.
notice, communiqué. : Avi. n. / Edikasyon Nasyonal bay yon avi sou enskripsyon nan bakaloreya.
notorious. : Repite. attrib. / Madanm-sa-a repite nan fè tripotaj.
nourish ; nourished. : Nouri. v tr/attrib. / Depi ou wè msye zo kòt-li deyò, ou tou wè li mal nouri.
nourishing. : Nourisan ; fòtifyan. attrib. / Pou ou gwo nèg fòk ou manje bagay ki nourisan.
November. : Novanm. n. / Mwa novanm se mwa lapli tou, wi.
now. : Koulye-a (kounye-a, kounye-la-a). adv. / Koulye-a m'pap jwe, se travay m ap travay.
nowadays. : Alèkile. adv./ Alèkile nou pap sòti leswa ankò, mwen ve pa.
nuisance. : Nwizans. n. / Lapolis-sa- a se yon veritab nwizans, pou ti krik ti krak li ba ou yon kontravansyon.
nuisance (person), pest (person). : Pongongon. n. / Nèg-sa-a tounen yon pongpongon nan ko-m, tout kote 'l wè'm 'l ap plede nwi mwen, mande'm renmen.
number. : Nimewo (limewo). n. / Nimewo kay-la se.
nurse. : Mis ; enfimyè. n. / Mwen al lopital, mis-la ban'm yon piki, li fè'm mal.
number (symbol). : Chif. n. / Ou konnen m pa konn li, gade pou wè ki chif sa-a ye pou mwen tanpri.
nurse (breastfeeding): Tete. v tr. / Pitit la ap kriye, li grangou, mete'l nan tete.

nursery (horticulture). : Pepinyè. n. / Koulye-a se sezon tout moun ap fè pepinyè berejèn ak tonmat.
nursery school. : Jaden danfan; Kindègadenn. n phr. / Li nan jaden danfan, li konn grifonnen kèk lèt, li poko konn ekri byen.
nursing mother. : Nouris. n. / Ou pa gen ase lèt, machè, voye chèche yon nouris.
nutritious. : Fòtifyan ; nourisan. attrib. / Jan bouyon-sa-a fòtifyan ou pa vie bwè'l.
nylon. : Nayilonn. n. / Rad-sa-yo pa pou pase, se nayilonn.

O

oak. : Bwatchenn. n. / Bwatchenn fè bèl mèb.
oath. : Sèman. n. / Gwosè sèman-sa-a ou ap fè, ou pa tande loraj ap gwonde.
oatmeal, oats. : Avwàn. n. / Dada prepare avwàn chak maten pou mesye-l-yo.
obedient. : Obeyisan. attrib. / Ala timoun obeyisan.
obese : gwo ; gra ; Mapotcho. n. / Komanman! Gade yon mapotcho, gade gwosè-li.
obey. : Obeyi. v tr. : / Bondye beni moun ki obeyi manman-yo ak papa-yo.
obligation. : Obligasyon. n. / Ki obligasyon ou genyen ki fè ou vie vann tout sa ou posede?
oblige ; obliged. : Oblije (blije, bije) ; fòse. v tr/attrib. / Li oblije leve bonè pase li gen anpil bagay pou 'l fè.
obliging. : Sèvyab. attrib. / Nanpwen madanm sèvyab konsa, se toutan lap rann moun sèvis.
obscenity. : Betiz. n. / Ase di betiz, gen granmoun k ap tande.see: pase nan betiz.
observe. :-Obsève. v tr. / mwen gen lontan m'ap obsève 'l, men li pa konn sa.
occupation. : Okipasyon ; travay. n. / Okipasyon-l se gade bèt.
October. : Oktòb. n. / Men nou nan koumansman oktob, mwen poko wè kòb pou'm achte inifòm timoun-yo.
odor, scent. : Odè ; sant. n. / M...en pran yon movèz odè.
of. : An. prep./ Asyèt ou achte-yo, yo fèt an plastik, an vè osinon ann emaye?
offer ; offered. : Ofri. v tr/attrib. / Mwen ofri 'l ven pyas pou kodenn-lan, li pa ban mwen 'l.
offering (collection in church). : Lakolèt ; kèt. n. / Yo voye sakristen-an ale pou imoralite, li sèvi ak lajan lakolèt-la pou zafè pèsonèl-li.
office (place of work). : Biwo. n. / Tout travayè-yo di yo pral pote plent nan biwo maten-an.

officer. : Ofisye. n. / Ofisye-a pwomèt li pou 'l arete 'l si 'l joure granmoun.
official. : Ofisyèl. attrib. / Depi ou wè li gen machin ofisyèl, ou tou konnen li se chèf.
often. : Souvan. adv. / Li pa vin bò isi-a souvan, se yon lè konsa li fè yon pase.
oil. : Lwil n. / Achte yon glòs lwil pou met nan manje-a.
oil, to grease ; oiled, greased. : Grese. v tr/attrib. / mwen bezwen yon ti grès di pou'm grese bekàn-mwen.
ointment, salve. : Longan. n. / Friksyonnen pye-a avèk longan, la ba ou yon kalm.
okay. : Oke ; Antandi.. adv. / Oke, m'ap manje 'l.
Okenn (ankenn). attrib [in negative or interrogative] / Pa kite okenn bèt antre nan jaden-an.
okra. : Gonbo ; Kalalou. n. / Gonbo se yon bon legim men li glise e li plen ti grenn.
old. : Ansyen. attrib/nom. / Legliz Milo-a ansyen, li la sou wa Kristòf.
old (elderly). : Aje. attrib. / Fi ye marye-a se yon moun ki aje.
old (of long standing). : Vye.attrib. / Se vye frè-m, nou ansanm depi lontan.
old, big (older). : Gran. attrib. / Pi gran gason- m ap travay kouiye-a.
old car. : Bogi. n. / Pase pou ou achte yon bogi pou'l ba ou traka, pito ou sanble lajan pou achte yon bon machin.
old man. : Lepè ; Tonton. n. / Tank li malmennen ko-l, li byen jenn, li gentan sanble ak yon lepè.
on. : Sou . prep. / Mete po flè-a sou tab-la.
on all sides, on both sides. : Tribòbabò (tribòrebabò) ; adwat agòch ; toupatou. adv. / Bato-a vire tribòbabò.
once upon a time. : Vwala... / M'prai rakonte nou yon ti istwa, vwala yon jou, Bouki ak Malis...
one (pro). : Youn. pro. / Konbyen mango ou vle? M vle youn.
one of us : Moun kay ; mounpa. n. phr. ; / Antre non, Pòl, dat ou ap vin isi, se moun kay ou ye.
one-way, one-way street : Sans-inik. attrib/nom. / Machin pa gen dwa fè bak nan sans-inik.
onion. : Zonyon. n. / M pa vle bon-lan met zonyon nan manje-m.

only. : Sèlman. adv. / Se joure sèlman moun-sa-yo konn joure.
only, just. : Annik (nik). adv. / Mwen annik rive, li ban'm nouvèl-la.
open ; open. : Louvri (ouvri) ; Ouvè. v tr/attrib. / Louvri pot-la ba moun-yo antre.
opening (hole). : Ouvèti. n. / Kite anpil ouvèti pou pòt ak fenèt.
openly. : Aklè. adv. / Tout moun fè pa yo ankachèt, msye fè pa l-la aklè..
openmouthed (surprised). : Bouch be. n phr. / M tèlman sezi lè yo di m fi-a mouri, m rete bouch be.
operate on (perform surgery). : Opere. v tr. / Se doktè-sa-a ki ap opere 'l.
operation (surgery). : Operasyon. n. / Li pral fè operasyon, li gen èni.
opinion. : Opinyon. n. / Nan ankèt-la, yo mande chak moun opinyon-yo sou pwojè-a.
opportunity. : Okazyon. n. / mwen pa janm jwenn yon okazyon pou'm pale ak li.
opposite (across from). : Vizavi ; anfas ; fas a fas. prep./ Kon ou rive devan pos-la, annik travèse lari-a, pase lakay-mwen vizavi pos-la.
or. : Ou ; oubyen. conj. / Ki koulè ou vle, wouj-la ou jon-lan?
or else, or rather. : Oswa ; osinon. conj. / Si ou manje mango vèt kri ou ap malad, tann li mi oswa bouyi li.
or, otherwise. : Osnon (osinon). conj. / mwen tande bri-a men m'pa ka di ou si se la-a osnon lòt bo-a.
orange (color). : Zoranj (zorany) ; jòn. attrib/nom. / Twal koulè zoranj? Non monchè, li pa bon.
orange (fruit). : Zoranj (zorany). n. / Achte yon douzèn zoranj pou mwen.
orchestra. : Okès. n. / Depi ou tande okès- sa-a frape, tout moun tonbe nan won.
ordeal, hardship.: peripesi ; mizè. n. / Yo fè'l pase yon bann peripesi anvan yo resi ba 'l djòb-la.
order ; ordered. : Kòmande (konmande, koumande). v tr/attrib. / Pa kòmande m, m pa timoun ki ret ak ou.
order, discipline. : Lòd. n. / Pitit-sa-a gen lod, tout afè-li toujou byen ranje.

organ (musical instrument). : Òg. n. / Li konn jwe pyano, kounye-a li pral aprann jwe òg.
orphan. : òfelen. n. / Se yon òfelen li ye, se pou nou ede 'l.
other. : Lòt ; lèzòt ; dot. attrib/nom. / Li gen de kay li lwe youn, li ret nan lòt-la.
ourselves, yourselves. : Nou-menm. pro. / Nou- menm, nou fame yon bèl ekip, pa gen moun ki ka bat nou.
out of order (not working). : Anpàn. attrib. / Machin-lan anpàn depi ye.
outing. : Pwomnad. n. / Lè vakans se prèske chak dimanch lal nan promnad. yo.
oval. : Oval. n. / Tèt-ou gen fòm oval.
oven. : fou. n. / mwen pral ranje fou-a pou'm ouvè yon boulanje.
over there. : Lòtbò. adv. / Li gen de potre ; li met youn isit, youn lòtbò.
over there. : Laba (laba-a). adv. / Kay-la pa pre non, li jis laba ; fò ou fè yon bon ti mache anvan ou jwenn li.
overcast (weather). : Mare. attrib. / Syèl-la mare, lapli pral tonbe.
overwhelm ; loaded (full). : Blende. v tr/attrib. / Yo blende'l ak kou.
owner. : Pwopriyetè ; Mèt. n. / mwen anvi fè afè-a, men fò'm wè ak pwopriyete tè-sa-a anvan. ki pou fè pri.
oxygen. : Oksijèn. n. / Li malad anpil, se nan oksijèn li ye.
oyster. : Zwit.n. / Zwit ak sitwon se bon bagay.

P

pacifier (baby). : Sousèt. n. / Mwen achte yon ti sousèt pou bebe-a pou lè lap fè dan.
pack. : Anbale. v tr. / Yo anbale tout machandiz-yo devan m.
pack (cigarettes). : Pòch. n. / Pou yon jounen fi-sa-a fimen yon poch sigarèt.
pack, to stow. : Arimen. v tr. / Travayè kamyon brèt konn arimen sak kafe byen.
pad (cloth), sponge cloth. : Tanpon. n. / Ou pa kab pran fè cho-a ou met sou rad-la konsa, fò ou pase tanpon dabò.
padlock. : Kadna. n. / Fèmen baryè-a ak kadna pase pa gen moun nan kay-la.
pagan. : Payen. n. / Nan tan lontan, yo di payen-yo te adore yon pakèt zidòl.
page. : Paj. n. / Ouvè liv-la nan paj kat.
pain in the neck. : Tèt chaje. n nhr. / Tifi-sa-a se yon tèt chaje, m pa ka rete nan kay avè'l.
paint. : Penti. n. / Li di se de koulè penti sèlman lap met nan kay-la.
paint. : Penn. v tr [art]. / Atis-la di li pa ka penn lajounen, se leswa pou 'l travay.
paint ; painted. : Pentire ; penn. v tr/attrib. / Yo koumanse pentire legliz-la jodi-a.
paintbrush. : Penso. n. / Li vin ak penso-l pou 'l ka tou pentire mi-an.
painter (house). : Bòs pent ; pent. n phr. / M bezwen yon bon bòs pent pou m bay pentire kay-mwen-an..
painting (art work). : Tablo. n. / Ou pa wè tablo msye fè-yo, msye se yon gran atis, monchè.
pair. : Pè. n. / Li gen yon pè pigeon, li bezwen yo fè pitit.
pajamas. : Pijama (pidjama). n. / Li pa janm dòmi san pijama.
palace. : Palè. n. / Jodi-a gen fèt nan palè.
palate. : Palèt. n. / Zo-a kwoke nan palèt-li.
pale. : Pal attrib. / Koulè-sa-a twò pal, mwen pa renmen 'l.

pale (sallow). : Blèm (blenm) ; blanch. attrib. / M wè Mari lavil-la, afè-li pa bon, figi-li blèm.
palm. : Latànye (latanyen). n. / M renmen panyen ki fèt ak latanyen.
palm. : Palmis. n. / bò lakay-la plen pye palmis.
palm (hand). : Pla men. n phr. / L al bay li pla men-i pou 'l ka konn si lap viv lontan.
palm heart. : Chou palmis. n phr. / Chou palmis se bon bagay men li chè, li ra.
pampering, tolerance. : Tolerans ; sitirans. n. / M pa nan tolerans ak ankenn timoun, sa m met sou tab pou manje se sa ou manje.
pane of glass. : Glas. n. / Ou pa ta ankadre foto-a avèk moso plastik, ou ta mete glas monchè.
panel (of double door). : Batan. n. / Pòt lakay-li ouvè de batan gwo diz è di maten.
panful. : Plato. n. / Li achte de plato biskwit pou kat goud.
papaya. : Papay. n. / Mwen anvi bwè yon ji papay.
paper. : Papye. n. / Li pa gen ase papye pou 'l ekri lèt-la.
paper bag. : Sache (sachè). n. / Met twal-yo nan yon sachè, pote yo bay koutiryè-a pou mwen.
parable. : Parabòl. n. / mwen pa konprann parabòl-sa-a.
parade. : Parad. n. / Jodi premye mè, mwen pral gade parad devan palè.
paradise. : Paradi. n. / Depi ou fè byen, pòt paradi ap ouvè byen gran pou ou.
paralyze ; paralyzed. : Paralize. v tr/attrib. / Li paralize, li pa ka itil tèt-li anyen.
paraphernalia. : Batanklen (batanklan). n. / Li debake isit-la ak tout batanklen li yo.
parasol. : Parasol (paresol). n. :Parapo (parapo a). prep. / Pran parasol-la pou mwen, solèy-la twò cho deyò-a.
parcel out, to divide up. : Lote. v tr. / Li pito lote patat-yo pase li vann yo an gwo.
pardon. : Gras ; mizèrikòd ; pitye. n. / Gras pou pitit-la, pa kale'l ankò, fè pa'l.
pardon. : Fè gras. v phr. / Prezidan-an fè tout prizonye-yo gras, tout sot nan prizon.
pardon, apology. : Padon. n. / Li pile m, li pa di'm padon.

parent, relative. : Paran. n. / Li mennen ti nèg-la devan paran-l.
parish. : Pawas. n. / Se pè-sa-a ki reskonsab tout pawas Sen Jozèf-la.
park. : Pakin. v tr. / mwen pral chache yon kote pou mwen pakin machin-lan.
park (in the garage). : Remize. v tr. / Monchè li lè pou ou al remize machin-lan.
parrot. : Jako. n. / Ou pale tankou yon jako. see: fè jako pye vèt.
parrot (person). : Jakorepèt. n. / Jakorepèt' Ou pa vle tande moun di yon bagay pou ou pa repete'l.
parsimonious. : Regadan. attrib. / Pase pou ou ban'm goud- la pou'm chanje li, ou pito di'm ou pa gen kòb, sa ou regadan konsa-a?
parsley. : Pèsi. n. / Madanm-sa-a toujou met pèsi nan manje-l.
part (hair). : Trase cheve. v phr. / Apa msye trase cheve-l, sa pa ala mod ankò.
part (of machine, etc). : Pyès . n. / Mekanisyen-an di'm mwen gen kèk pyès nan machin-mwen-an ki bezwen chanje.
part (portion). : Pati. n. / Tan lontan Ayiti te okipe pati lès-la.
participate. : Patisipe. v intr. / Li pral patisipe nan konkou ladwann-lan, ou pa janm konnen, si chans pou li, li ka bon.
partisan. : Patizan. n. / Se menm patizan-yo toujou, youn pa miyò pase lòt.
party. : Fèt. n. / mwen gen kat moun ki envite'm nan fèt pou tranteyen desanm.
parvenu. : Arivis. n. / Se ar : s le yè, se sa ki fè li fè tout bagay fè yon pakèt afè.
pass (put). : Pase. v tr. / Pase men-ou sou li, ou ap santi pousyè-a.
pass (school). : Pase. v intr. / Li pa pase ane-sa-a, lap double klas-la.
pass (sexual overture). : Pas. n. / Msye al fè yon pas dèyè madanm-mwen, mwen bat li.
pass (sports). : Pas. n. / mwen fè 'l yon bèl pas epi'l choute gòl-la.
pass away (die). : mouri. v phr. / mwen tande yon rèl, gen lè tonton-an mouri.
pass by. : Pase. v intr. / Bann-yo ap pase devan lakay-mwen.

pass through. : Pase. v intr. / Pòt-la te fèmen, li pase nan fenèt-la.
pass worms, to vomit worms. : Ran vè (jete vè). v phr. / Tigason-an rann yon bann vè, nan bouch-li wi yo soti'
passable (tolerable). : Pasab. attrib. / Sa-a pasab men lòt- la pa bon pyès.
passenger. : Pasajè. n. / Te gen ven pasajè abò batiman-an, tout sove.
passion. : Pasyon. n. / Se yon sèl pasyon 'l genyen, se jwe kat.
passport. : Paspò. n. / Li pral chache paspò-l nan ajans-la.
pastor. : Pastè. n. / Pastè-a mande pou tout fidèl-yo bay yon kotizasyon pou repare legliz-la.
pasture. : Patiray (patiraj). n. / Al mare chwal-la nan patiray-li.
patch. : Pyès. n. / Karako-ou-la gen yon gwo tou, poukisa ou pa met yon pyès ladan l?
patch ; patched. : Pyese. v tr/attrib. / Depi maten ou ap mache ak yon wòb pyese sou moun, pou kisa ou pa wete'l mete yon lòt?
patience. : Pasyans. n. / Lavi-sa-a mande pou yon moun gen pasyans.
patience (fortitude). : San sipotan. n phr. / Wi ou gen san sipòtan, mwen, mwen pa ta kapab aksepte tout bagay- sa-yo.
patrol. : Patwouy. n. / Lapolis ap fè patwouy nan zòn-lan.
pattern (sewing). : Patwon. n. / Se sou patwon 'l taye.
paw. : Pat. n. / Chat-la foure tout kat pat-li nan bòl lèt-la.
pawn. : Plane (plannen). v tr. / Li fin plane tout sa 'l te posede pou 'l ka jwe bolèt.
pawnshop. : Brikabrak ; Mezondafè. n. / Gen anpil brikabrak sou Granri-a.
pay. : Peye. v tr. / Se pa jodi-a non li dwe moun-yo, epi 'l refize peye yo.
pay attention. : Fè ka (pran ka) ; okipe. v phr. / Se ranse l'ap ranse, ou pa bezwen fè ka de sa lap di-a.
payment. : Pèman. n. / Jodi-a se jou pèman, tout moun kontan. c f: pewòl
payroll. : Pewòl ; pèman. n. / Jodi-a gen pewòl, mwen pral touche.
peace. : Lapè ; Kanpo. n. / Li lè pou ban m kanpo, ou pale nan zorèy-mwen twòp.

peaceful. : Pèzib. attrib. / Moun-sa-yo byen pèzib, ou pa janm tande y'ap fè lobo.
peanut. : Pistach. n. / Y'ap kale pistach pou y'al fè manba.
peanut butter. : Manba. n. / Non, mwen pa anvi manje ;ban mwen yon ti manba ak jele, non.
pearl. : Pèl. n. / Li achte pèl pou 'l ba koutiryè-a met nan wòb-la.
peas. : Pwa frans. n phr. / Jodi-a se diri a pwa frans m'ta manje.
peasant. : Peyizan. n. / Ane-sa-a peyizan-yo ap fè bon rekòlt pase lapli tonbe anpil.
pebble. : Ti wòch. n phr. / Se ak ti wòch yo jwe pench.
peck. : Beke. v tr. / Tigason-an pa konnen lè'l kenbe pitit poul manman poul-sa-a, li vole sou li, li beke'l nan tout kò-l.
peck (kiss on the cheek). : Ba. n. / Titit, vin fè ba pou papa-ou.
pectoral muscles. : Pektowo (pekto). n. / Nèg-sa-a genyen gwo pektowo afòs li bat fè.
pedal. : Pedale. v tr. / Li renmen pedaLe, se sa ki fè se nan machin ak pedaL li koud toutan.
pedal. : Pedal. n. / Pa kite 'l foure dwet-li nan pedaL machin-lan lè ou ap koud.
pedant. : Pedan ; chelbè. n. / L ap mache fè pedan pou 'l montre li fò.
peddler : Madan Sara. n. / Avyon-an te chaje ak Madan Sara.
pedestrian. : Pyeton. n. / Lè n ap kondi fòk nou pran prekosyon pou nou pa frape pyeton-yo.
peel (of citrus fruit). : Zès. n. / Mete yon ti zès sitron nan kòktèl-la pou mwen.
peel, to shell. : Kale. v tr. / Kale bannann-lan avan ou mete'l bouyi.
peg, stake (post). : Pikèt. n. / Li mete yon pikèt nan limit tè-l-la.
pelican. : Grangozye (gangozye). n. / Grangozye renmen kote k gen lanmè paske yo renmen manje ti pwason.
pen. : Plim. n. / Se ak plim pou fè lèt-la, pa ak kreyon.
pen (corral). : Pak. n. / Li gen yon pak ki plen kochon.
pen (enclosure). : Barak. n. / Abitan-sa-a gen yon gwo barak plen bèt.
penalty. : Penalite (penalti). n. / Abit-sa-a anraje, gade kote 'l bay yon penalite.
pencil. : Kreyon. n. / Si ou ap pèdi tout kreyon-yo, ak ki sa ou

pral ekri lekòl-la?
penicilin. : Pelisilin (penisilin). n. / Li gen yon paket bouton nan ko-l, doktè di 'l pou pran piki pelisilin.
penis. : Aparèy ; kòk ; Zozo. n. / Karòl pa renmen moun ki gen gwo aparèy.
penis (of small boy). : Pijon (ti pijon) ; Yoyo . n. / Gwosè tigason-sa-a, yo kite lap mache ak ti pijon-l pandye sou moun, poukisa yo pa met pantalon sou li?
penitence. : Penitans. n. / Ou chita tankou yon moun ki an penitans.
pension. : Pansyon. n. / Li fin granmoun, yo ba 'l pansyon.
people (nation). : Pèp. n. / Nou-menm, pèp ayisyen, nou se pitit Desalin ak Tousen.
people, one (they). : Moun. pro. / Moun nan katye-yo pa vle wè'l.
people, population. : Pèp. n. / Yo gen yon mod depi yo pran fil, yo divose ak pèp-la.
pepper (black pepper). : Pwav. n. / Li pile pwav ak jiwòf met nan manje-a.
percale. : Pèkal. n. / Achte dez on pèkal blan pou fè tèdoreye-yo.
percent. : Pousan. n. / Mayo pa m-lan se senkant pousan polyestè, senkant pousan nayilonn.
percussion (drums). : Batri. n. / Li bat batri byen.
perfume. : pafen. n. / Lè 'l pral sòti li toujou met odè sou li.
perhaps, maybe. : Petèt (pètèt). adv. / Pa pèdi espwa, kenbe kè toujou, pètèt demen sa va miyo'.
period (menses). : Lalin ; Kwasans, Peryòd. n./ Depi kilè ou pa wè lalin ou?
perish. : Peri. v intr. / Tout moun peri nan aksidan-an eksepte yon tibebe.
permission. : Pèmisyon. n. / Yo ba 'l pèmisyon pou 'l soti.
permissive, overtolerant. : Sitirè (sitirèz). attrib. / A monchè, ou twò sitirè, se sa ki fè fi-a ap fè sa'l vle avè ou-la.
permit (pass). : Lese-pase. n. / Si ou pa gen lese-pase ou pap ka pase ak kochon-yo pou al vann yo.
permit, to tolerate. : Admèt. v tr. / Bo isit nou pa admèt bagay konsa.

persecute. : Pousuiv (pousiv). v tr. / Sa mwen fè ou ki fè ou ap pousuiv mwen konsa?
persevere : pèsevere ; Bat lokobe. v phr. / L ap bat lokobe ak vye komès-la.
person in question. : Lapèsonn. n. / Lapèsonn te vini yè swa wi, li pot yon kado pou tout moun.
personal. : Pèsonèl. attrib. / Yo voye pè legliz-la ale paske li sèvi ak lajan lakolèt-la pou zafè pèsonèl-li.
personality. : Karaktè. n. / M'renmen travay ak madanm-sa-a pase li gen bon karaktè, li pa fè kòlè sou moun.
pester, to squabble. : Tiraye. v tr [urb]. / Poukisa ou ap tiraye m konsa?
pestle. : Manch pilon. n phr. / Li ba volè-a yon kout manch pilon nan tèt, li tonbe frèt.
pet (sexual). : Peze. v tr. / Li di li pral peze yon kòmè aswè-a.
Petit-Goave. : Ti Gwav. n/n loc. / Ane-sa-a m pral nan fèt patwonal Ti Gwav.
petrified (emotional reaction). : Glase. attrib. / Yo kenbe Ti Andre, li rete glase.
petty thief. : Chat ; volè. n. / Tifi-sa-a se yon chat , pakite'l antre nan kay-la pou'l pa pran zafè-m.
phantom, ghost. : Zonbi. n. / Se zonbi msye yo wè, se nèg ki gen diz an depi li mouri, wi.
pharmacist. : Famasyen. n. / Mèt famasi-a se yon famasyen.
pharmacy. : Famasi (fonmasi, fanmasi). n. / Rive nan famasi-a achte medikaman-sa-a pou mwen. see: kouto fanmasi
phlegm. : Flèm (flenm). n. / Pitit-la gen yon pakèt flem sou lestonmak-li.
phlegm. : Glè. n. / Grip-la fè'm rann anpil glè.
phony. : Fasè. n. / Misye se yon fasè, li pa janm di yon bagay enpi pou li fè l'.
photo. : Foto. n. / Se premyè fwa ou fè yon foto ki byen sòti konsa.
physical condition. : Fizik. n. / Fizik-li pa bon, li pa ka bwote gwo bwat semenn-sa-a.
pianist. : Pyanis. n. / Msye se yon gwo pyanis, li jwe tout kalite not sou pyano-a.
piano. : Pyano. n. / Chak jou Madan Pòl voye pitit la nan leson

pyano.
pick (a fight, quarrel, etc), to start (fighting, quarreling). : Leve. v tr. / Li leve goumen ak lòt-la poutèt yo bay lòt-la kòb epi yo pa bay li.
pick (crop, etc). : Kase ; Keyi. v tr. / mayi-a bon pou kase,si nou kite'l nan jaden-an rat ap manje'l.
pick (tool). : Pik ; pikwa. n. / mwen di ou pik m'pa di ou pikwa, pik-la genyen de pwent file, pikwa gen yon pwent ki plat ak youn ki pwenti, ou konprann?
pick a fight. : Chache kont. v phr. / Toutan timoun-yo ap chache machann pate-a kont.
pick up. : Ranmase. v tr. / Ou wè sa-a sòt tonbe nan men-m, ou ta ranmase'l pou mwen.
pick-up truck. : Kamyonèt (kamyonnèt). n. / Bòs Wili travay nan frigidè, li pote yo dèyè kamyonèt la.
pickax. : Pikwa. n. / Li bezwen yon pikwa pou 'l pike tè-a.
picture. illustration. : Imaj ; foto ; pòtre. n. / Li gen yon bèl imaj Sen Jozèf lakay-li.
piece. : Moso (moso). n. / Si ou mache pye atè, moso boutèy ap blese ou.
piece of music. : Moso (moso). n. / Okès-sa-a gen de bèl moso ke'l jwe.
pierce, pierced. : Pèse. v tr/attrib. / Yo pèse zorey pitit-la jodi-a.
pig. : Kochon. n. / Y'ap angrese kochon-an pou y'al vann.
pigeon. : pijon. n. / Pijon se bèt ki konn viv byen.
pigeon peas. : Pwa kongo. n. / Pwa kongo a pwa frans, ki sa ou pito?
piggy bank. : Bwat sekrè. n phr. / Afè-l tèlman pa bon li blije kase bwat sekrè-a.
pile, stack. : Pil. n. / Pil mango-sa-a gwo pou dis kòb.
pilgrimage. : Pelerinay (pelerinaj). n. / Tout moun nan kay-la t al fè pelerinay nan pye Sen Jozèf.
pill. : Grenn. n. / Doktè-a ban'm grenn pou mal tèt-la.
pillage. : Piyay. n. / Kou yo arete msye, pwòp zanmi_l nan vwazinaj-la al nan piyay kay-li.
pillar, post (pole). : Poto. n. / Li di se yon gwo kay lap fè, fò'l gen anpil poto.
pillow. : Zorye (zoreye) ; tèdoreye. n. / Kouman m fè dòmi san

zorye?
pillow case. : Tedoreye (tèdoreye, tètzorye) ; sak zorye. n phr. / Tedoreye-m-la chire, fòk mwen achte yon lòt.
pillowcase. : Sak zorye. n phr. / Sak zorye-a twò piti pou zorye-a.

pilot. : Pilòt ; avyate. n. / Pilòt-la konnen pou 'l pa kondwi avyon ki pa bon.
pimple. : Bouton. n. / Domaj tout po-l plen bouton.
pin. : Zepeng. n. / Prete m yon zepeng pou m tache kouchèt pitit-la.
pinch. : Pichkannen ; penchen. v tr. / Gen moun se abitid-yo pichkannen moun.
pinch (small amount). : Pense. n. / Met yon pense sèl nan manje-a pase anpil sèl pa bon pou li.
pine. : Bwapen. n. :Bwafouye. n/ Bwapen se yon kalite digèt bwa chandèl.
pineapple. : Anana (zannanna). n. / M ta manje yon anana.
ping-pong. : Ping-pong. n. / mwen bezwen dezoutwa treto pou'm mete anba tab ping-pong-la.
pink (color). : Woz.(woz). attrib/nom. / M renmen koulè woz anpil..
pipe. : Pip. n. / Nan yon ti moman 'l gentan fimen de pip tabak.
pipe (plumbing). : Tiyo. n. / Fò ou siye bout tiyo k'ap depase-a

pipe stem. : Manch pip. n phr. / Fòk mwen achte yon lòt pip, manch pip-mwen-an kase.
pirouette. : Piwèt. n. / Nanpwen fi gen piwèt anba pye-l konsa.
pistol. : Pistolè. n. / Nenpòt ti kont ou gen avè 'l, li rale pistolè sou ou.
piston. : Piston. n. / Gade jan piston machin-yo ize, ou ap fè ovèol, ou mèt achte nèf met ladan.
pitcher. : Po. n. / Plen po-a dlo met nan frijidè-a.
pitcher (stoneware). : Krich ; kanari ; po. n. / M renmen bwe dlo nan krich, dlo-a toujou fre.
pitiful, poor. : Mizerab. attrib/nom. / Msye pap travay e li genyen nèf pitit, msye ap mennen yon vi mizerab.
pity. : Pitye. n. / Ou wè m'pa bat ou, se pitye'm gen pou ou paske'm wè ou twò mèg.

place. : Poze. v tr. / Se yon grenn bagay ki poko fini nan kay-la, se mozayik bòs-la rete pou 'l poze.
place a bet. : parye. v. phr. / Anvan pati- a konmanse, se pou chak jwè kare lajan-yo sou tab-la.
place, area. : Kote. n. / Pa gen kote pou machin kwaze.
place setting. : Kouvè. n. / Li lè pou moun manje, al ranje kouvè.
place, space. : Plas. n. / Si ou rive anvan m, kite yon plas pou mwen. see: nan plas
place, spot. : Pozisyon. n. / Li bati kay la nan move pozisyon.
placenta. : Manman vant. prep phr/ Lè you fanm ap akouche timoun nan sòti anvan, manman vant la sòti apre.
plain (countryside). : Plenn ; laplenn. n. / Yo pral plante kann nan tout plenn-nan.
plan, plans. : Plan . n. / Ki plan-ou pou samedi swa?
plane (carpenter's tool). : Galè ; Rabo ; Valòp. n. / Pase galè sou tab-la pou ou ka fini'l.
plant. : Plante. v tr. / Lapli tonbe yè swa, tout moun ap plante jodi-a.
plant. : Pye. n. / Gen yon pye bèldenwi nan zòn-lan wi, ou pa pran sant-li?
plant cutting : Plan ; plant. n. / mwen bezwen pou konpè Sovè ban mwen de twa plan patat pou'm al plante..
plantain. : Bannann. n. / Nanpwen bon bagay konsa, se bannann bouyi ak pwason.
plantain (fried,pressed). : Bannann peze. n phr. / Li renmen manje bannann peze.
plantain chips. : Papita. n/ Avanse, vinn pran ti papita nou.
planting, sowing. : Plantasyon. n. / Mwen fè plantasyon sou lalin.

plastic. : Plastik. n/attrib. / Vè-sa-yo se vè plastik, yo pap kraze.
plastic sandal, plastic shoe. : Fabnak ; boyo. n. / Depi'm piti se fabnak m ap mete.
plate. : Plat ; asyèt. n. / Li ban'm yon gwo plat manje.
play. : Jwe ; amize. v tr. / Depi yo sonnen rekreyasyon, tout timoun sòti nan lakou al jwe.
play (drama). : Pyès. n. / L ap jwe twa pyès nan fèt teyatral y'ap fè pou Nwèl-la.

play by ear. : Pa woutin. prep phr. / Li pa janm aprann mizik, se pa woutin li jwe pyano-a.
play hooky. : Fè woul. v phr. / Yo voye yo lekòl, y al fè woul.
playboy. : Vakabon (vagabon). n/attrib. / Nèg-sa-a se vakabon, li gen yon menaj nan chak katye.
player. : Jwè (jwa). n. / Gen onz jwè nan yon ekip foutbòl.
playing cards. : Kat. n. / Kat-la pa te byen bat pase m jwenn menm sa m te leve talè-a. see: bat kat.
pleasant. : Agreyab. attrib. / mwen pap janm bliye moman agreyab nou te konn pase.
pleasantry, joke. : Fab. n. / Se pa tout bon, se fab lap fè.
please. : Tanpri ; Souple. interj. / Ranje-sa-a pou mwen souple.
please. : fè plezi. v tr. / Ou tou konnen ou pa ka plè tout moun.
pleasure. : Plezi. n. / Chak dimanch y'al pran plezi-yo nan bitch.
pleat ; pleated. : Plise. v tr/attrib. / L ap plise rad-la.
plow. : Raboure. v tr. / y'ap raboure tè-a pou y'al plante kann.
pluck. : Plimen ; deplimen. v tr. / Pase poul-la nan dlo cho anvan ou plimen 'l.
plug (socket). : Plòg . n. / Manke plòg nan kay-la.
plug in ; plugged in. : Konnekte ; Ploge. v tr/attrib. / Radyo-a pa byen konnekte, se sa'k fè'l pa jwe-a.
plumbline. : Filaplon. n. / Mason-an cheke si mi-an dwat ak filaplon.
plump. : Grasèt ; gra. attrib. / Pouki ou pa pran ti bèlfi-mwen? Li won, li grasèt, pase sa nanpwen.
plunder. : Piye ; volè. v tr. / Si ou pa ouvè je-ou, y'ap fin piye-ou epi yo vire do-yo al fè wout-yo.
plunge. : Plonje. v tr. / Li plonje nan dlo-a, mwen pa wè pwent tèt-li.
pocket. : Pòch. n. / Gad nan poch pantalon-an, ou a wè kle-a.
pocketknife. : Kanif ; kouto. n. / Fè atansyon ak kanif-la pase li file anpil.
pod, clove (of garlic). : Gous. n. / Revandè-yo achte pwa-a ak tout gous, san kale.
poet. : Powèt (pwèt). n. / Msye se te yon gran powèt men li bwè twòp alkòl ; gade ki jan li parèt minab.
point. : Pwen. n. / Moun ki fè ladennyè nan twa-sèt, li gen pwen an plis.

point (tip). : Pwent (prent). n. / Pa kenbe kouto-a nan pwent, la blese ou.
pointed. : Pwenti. attrib. / Bout fè-sa-a pwenti, si yo kite'l la-a, lap fè malè. see: pale pwenti
pointed remark. : Pwent. n. / mwen pa matlòt- ou, pa voye pwent ban mwen.
poison. : Pwazon ; Lasini. n. / Pase pou'l ta rann ou you sèvis konsa li ta pito ba ou yon lasini li touye ou.
poison ; poisoned. : Anpwazonnen (pwazonnen). v tr. :
poker (game). : Pokè. n. / Jenn mesye-sa-yo pa fè anyen pou lavi-yo pase se jwe pokè tout jounen.
pole. : Gòl. n. / Prete'm gòl-la pou'm keyi de twa mango.
polemic, controversy. : Polemik. n. / Se nan epòk polemik Nemou a Siko danse kare te alamòd.
police. : Lapolis. n. / Yo kouri al cheche lapolis pou vin arete volè-a.
police station. : Lapolis. n loc. / Lè yo fin arete'l, yo mennen'l lapolis.
policeman. : Gad ; jandam ; solda. n. / Men gad-la ap vini, m'ap fè'l arete ou.
polio. : Polyo. n. / Yo vaksinen pitit-la kont polyo.
polish. : Poli ; Klere ; listre. v tr. / M pa ka klere soulye-m ak vye plakbòl konsa.
political. : Politik. attrib. / Li te gen plis avantaj politik, dizon nan gouvènman-an.
politics. : Politik. n. / Li di li-menm li pa nan politik.
polyester. : Polyestè. n. / Mayo pa m-lan se senkant pousan polyestè, senkant pousan nayilonn.
pomade. : Pomad (ponmad). n. / Se ak pomad jon li penyen.
pond. : Letan. n. / Li konn kenbe anpil pwason nan letan bò lakay li-a.
pond scum, moss. : Limon. n. / M pap benyen nan dlo-sa-a, gen twòp limon anba li.
pool (of river). : Basen. n. / Basen-sa-a sal, moun pa benyen ladan.
poor. : pòv ; Sansenkòb ; Sansenk ; sansenkòb atrib/ Bouki mouri sansenkòb
poor, impoverished. : Pòv. attrib/nom. / Pòv-la mande'm dis

kòb, men mwen pa gen monnen sou mwen.
poor, pauper. : Malere ; pòv. attrib/nom. / Poutèt toutan malere-a mande'l yon djòb, li fout li yon kalòt.
poor woman. : Malerèz. n. / mwen bezwen yon ti malerèz ki vie boule avè'm.
pop group. : Mini djaz (djaz). n phr. / Kounye-a se mini djaz ki pale.
pop music. : Pop. n. / Medam- sa-yo se pop ase yo danse.
pope. : Pap. n. / Pap-la visite anpil peyi ane-sa-a.
populate ; populated. : Peple. v tr/attrib. / Li sòt nan ras ki peple.
porch, veranda. : Galri (galeri). n. / Chak apremidi, moun-yo chita sou galri-yo pou yo pran van.
porridge. : Labouyi. n. / Madanm-lan pran lèt ak farin pou'l fè labouyi pou pitit li yo.
Port-au-Prince. : Pòtoprens. n/n loc. / Kapital-la vin gwo anpil moun pwovens vin chèche travay nan Pòtoprens.
Port-de-Paix. : Podepè (Podpe). n/n loc. / Lagonav ak bò Podepè tout tan nan dizèt.
porter, flunky. : Chawa. n. / Poukisa yo bay pitit-la pote tout bagay-sa-yo, se pa yon ti chawa non li ye!
portion. : Posyon. n. / Gen yon posyon timoun lè y'al lekòl, se pa aprann y'al aprann, se dezòd y'al fè.
portrait, photo, picture. : Pòtre n. / Se premyè fwa nan vi-ou ou tire pòtre-ou?
pose (air, allure). : Pòz. n. / Ala madanm gen bèl pòz'
position. : Pozisyon. n. / Lalin-la chanje pozisyon.
position (situation, job). : Plas. n. / Li te nan yon bon plas, li pèdi 'l.
possessions. : Byen ; efè ; afè. n. / Papa-a mouri, li kite anpil byen pou pitit li yo.
possible. : Posib. attrib/nom. / Li di se pa posib, li pap peye tout kòb-sa-a.
post (on a wall). : Afiche. v tr. / Yo afiche rezilta-yo jodi-a, Ti Andre pa bon.
post office. : Lapòs. n/n loc. / Pase lapòs achte twa tenb pou mwen, m bezwen voye lèt-yo ale.
postcard. : Katpostal. n. / Yo fè bèl katpostal kounye-a, men sèl

bagay, yo yon ti jan chè.
poster. : Afich. n. / Nou pral kole afich pou kèmès-la.
poster. : Pankat. n. / Yo fèk mete yon pankat la-a, mwen pral wè sa ki make sou li.
pot (cooking). : Chodyè (chodyè). n. / Vye chadyè fè pi bon manje.
potentate. : Potanta. n. / Pa gad sou moun-sa-yo non, se gwo potanta yo ye, leta pap fè yo anyen.
potion. : Posyon. n. / Posyon-an desitire maladi-a sou pitit- la.
pounce. : Bondi ; vole. v intr. / Manman poul-la bondi sou chen-an.
pound. : Liv. n. / Achte de liv sik blan pou mwen.
pour. : Vide. v tr. / M bezwen boutèy-la, vide dlo ki ladan-l-lan nan yon vè.
pour cement. : Koule beton. v phr. / Travay prèske fini kounye-a, se beton y'ap koule.
pout. : Boude. v intr. / Tifi-a boude sou papa-a poutèt l'ap blame li.
powder. : Poud. n. / Se ak poud blan li poudre pitit-la.
powder. : Poudre. v tr. / Fi-sa-a gen bèl po, li pa menm bezwen poudre.
powder box, compact (cosmetic). : Poudriye. n. / Mete poud- la nan poudriye-a.
power (authority). : Pouvwa. n. / Nèg- sa-a gen anpil pouvwa.
practice. : Antrénman. n. / mwen renmen gade antrénman ekip foutbòl-mwen-an.
practice (rehearse). : Repete. v tr. / D. P. Eksprès ap repete dènye chante yo fèk konpoze-a.
practice, to train. : Antrene. v intr. / Sèmenn-sa-a foutbolè-yo antrene serye.
praise. : Lwanj. n. / Ou pa fèt pou fè lwanj pou tèt-ou, kite yon moun fè'l pou ou.
praise. : Vante ; lwanje. v tr. / Se toutan lap lwanje tèt-li plede di se li ki pi fò nan klas-la.
praline. : Tablèt. n. / Achte senkant kòb tablèt pou mwen, mwen pa vle tablèt kokoye ni tablèt mayi.
pray. : Priye ; lapriyè. v tr. / Priye Bondye pou'l ka ba ou lafwa ak kouraj..

prayer. : Priyè ; lapriyè. n. / Klòch legliz-la sonnen lanjelis, annou di priyè-a.
preach. : Preche. v tr. / Nan savann Galile Jezi tap preche moun.
preacher : Predikatè. n. / mwen renmen tande kote predikatè-sa-a ap preche.
precaution. : Prekosyon. n. / Pran prekosyon pou pa tonbe lè ou ap desann ıl bit-la.
precede (go in front of). : Pran devan. v phr. / Pran devan, m'ap vini.
precipice. : Falèz ; ravin. n. / Wout-sa-a di anpil, li gen falèz adwat falèz agoch. .
predicament. : Bouyay. n./ Tigason-an lage m nan bouyay, l'al ansent pitit moun-yo sou kont-mwen.
prefect. : Prefè. n. / Prefè-sa-a fè anpil pwogrè nan zòn-lan.
prefer. : Prefere ; Pito. v tr. / mwen pito wòb-sa-a pase lòt-la.
preference. : Preferans ; depreferans. n. / mwen pa gen okenn preferans, ban mwen nenpòt.
pregnancy. : Gwosès (gwosès). n. / Se pa tout fi ki pote gwosès byen, gen de fwa yo malad jis yo oblije jete pitit-la.
pregnant (animal). : Plenn. attrib. / Bèf-la plenn, fò ou jouke 'l nan pye bwa-sa-a pou 'l pa manje vye fèy anmè-sa-yo.
prejudice. : Prejije. n. / Moun-sa-yo gen prejije, se moun wouj yo renmen.
preparation. : Preparasyon. n. / Mwa septanm se mwa tout manman pitit koumanse fè preparasyon pou lekòl pitit-yo.
prepare ; prepared. : Prepare (pare). v tr/attrib. / L ap prepare wòb-sa-a pou'l met denmen.
presbytery, rectory. : Prezbitè. n. / mwen pral nan prezbitè- a kot pè-a.
prescribe. : Preskri. v tr. / Li gen malarya, doktè-a preskri li grenn kamoken.
prescription (medical). : Preskripsyon. n. / Se famasyen sèlman ki kab dechifre preskripsyon dokte.
presence. : Prezans. n. / Se nan prezans-mwen ou ba'l kou-a.
present. : Prezante. v tr. / Se dimanch ki ap vini-an li pral prezante pitit-la otanp.
present (in attendance). : Prezan. attrib. :to come from (be

caused by). : / Li te prezan nan tout reyinyon-yo.
present oneself in court. : Konparèt ; prezante. v intr. / Li difo yo konparèt nan tribinal-la kanmèm.
presented. : Prezante. attrib. / Ou fèt pou toujou byen prezante lè ou pral kay moun.
presently. : La. adv. :La. n. / Apa m ap ba ou'l la-a!
preserve ; preserved. : Konsève. v tr/attrib. / Se pou konsève wòb-sa-a pou ou al nan nòs-la pase m pap gen tan achte lòt pou-ou.
president. : Prezidan. n. / Chak de janvye, prezidan-an toujou fè diskou.
presidential guard. : Lagad. n. / Jodi-a se fèt lagad, Prezidan-an dekore jeneral-an-chèf-la.
press, clamp. : Près. n. / Lè ou fin kole de moso bwa, ou mete yo nan près.
press, to squeeze. : Peze. v tr. / Pou ouvè radyo-a, se bouton-sa-a pou peze.
pressure. : Fòs. n. / Li fè fòs sou bwa-a pou'l kase'l.
pretend. : Pran pòz. v phr./ Ou ap pran yon pòz ki pa sanble ou.

pretend. : Fè sanblan. v phr. / Li fè sanblan lap etidye epi se dòmi l'ap dòmi.
pretention (ambition). : Pretansyon. n. / Li gen pretansyon, li bezwen vin rich.
pretentious person. : Sekwa ; Gran panpan. n phr. / Fi-sa-a se yon gran panpan, li konprann li gen lespri pase tout moun.
prevent. : Anpeche. v tr. : Anpaye. v tr. / Yo vle anpeche nou bati kay-la sou tè-a.
prevent from talking. : Pa bay bouch pou pale. v phr. / mwen vle di kouman sa pase, men li pa ban mwen bouch pou'm pale.
pride. : Fyète. n. / Nèg nan nò se nèg ki gen anpil fyète.
pride: fyète. n.
priest. : Pè (monpè). n. / Se pè-sa-a ki rekonsab tout pawas Sen Jozèf-la.
primary school. : Lekòl primè. n. / Msye gen kenz an li nan primè toujou, li pap janm fini.
principle (morals). : Prensip. n. / Yo leve timoun-lan san prensip.
prison. : Prizon. n. / Yo mete'l nan prizon pou si mwa. see: pran

prizon
prison cell. : Kacho ; prizon. n. / Yo mete volè-a nan kacho ; dlo ase yo ba li.
prisoner. : Prizonye. n. / Prizonye-yo kraze mi prizon-an pou yo ka sove.
privately (out of court). : Alamyab. adv. / Moun-yo pito regle sa alamyab tan pou yo pran avoka.
prize. : Pri. n. / Ki moun ki pran pri-a ane- sa-a?
problem, trouble. : Ka ; pwoblèm. n. / Mari-m malad depi yon mwa, tout kòb-nou pase nan maladi, nou nan ka.
procession. : Posesyon. n. / Nan sezon Karèm, chak vandredi katolik-yo fè posesyon pou y'al lapriyè nan kalvè.
produce, to accomplish. : Bay (ba, ban). v tr. / Semenn-sa-a li pa bay anyen nan travay.
profession, occupation. : Pwofesyon ; metye ; branch. n. / Ki pwofesyon Bouki?
professor, school teacher, lawyer. : Mèt. n. / Si mèt-la te esplike'm leson-an, mwen ta konprann li.
profit (benefit). : Rapòte. v tr. / Moun-sa-yo beni, tout sa yo fe rapòte yo.
profit, earnings. : Gen ; pwofi ; benefis. n. / Tout gen li fè nan konmès twal-la pase nan voye timoun lekòl.
progress. : Pwogrè. n. / Gen anpil pwogrè ki ap fèt nan zòn-lan.
project. : Pwojè. n. / Pwojè-nou se al pase tout twa mwa vakans-lan an pwovens.
projectionist. : Operatè. n. / Operatè-a koupe nan fim-lan.
promise. : Pwomès (pwonmès). n. / Ou fèt pou kenbe pwomès-ou.
promote , promoted ; to decorate ; decorated. : Galonnen. v tr/attrib. / Yo galonnen'l pou sa'l fè-a.
promote (in rank). : Grade. v tr. / Yo grade'l, kounye-a se sèjan li ye.
pronounce. : Pwononse. n. / Se denmen jij-la ap pwononse santans-la.
proof. : Prèv. n. / Ou pa ka di se li ki pran kòb-la, ou pa gen okenn prèv.
propaganda, publicity. : Popagann. n. / Yo fè anpil popagann pou dyaz-sa-a, li gen lè bon, konpè.

proper, correct. : Korèk ; bon. attrib. / M wè repons li bay-la korèk.
properly, very well. : Byen pwòp. adv. / Ebenis-la sable kajou-a byen pwòp, lè'l fini, li poli'l.
property. : Pwopriyete. n. / Se pou ou aprann respekte pwopriyete moun.
proposal (marriage). : Lademann (lademand) ; demann. n. / Jenn nonm-lan pral fè lademann kay fi-a pou li sa marye ak li.
prosecuting attorney (for the state). : Konmisè. n. / M'renmen kòmantè konmisè gouvènman-an te fè nan pwosè-a.
prosecution. : Pwosekisyon. n. / Msye nye tout vye akizasyon pwosekisyon pote kont li.
prostitute. : Bouzen ; Jennès (jenès). n. / Lè fi-sa-a te jenn yo di li te bouzen.
protect. : Pwoteje. v tr. / Ou se gran frè-l, se ou ki pou pwoteje'l.
protection. : Pwoteksyon. n. / Si'l di ou fèmen pòt-la byen anvan ou dòmi, se pou pwòp pwoteksyon-ou.
protestant. : Levanjil ; Potestan.. n. / Ou kwè yo di levanjil pa ale kay ougan, sa ou ap fè la-a?
protesting. : Wouspetay. n. / Pe bouch-ou non, ki kalite wouspetay-sa-yo ou ap fè la-a?.
proverb. : Pwovèb. n. / Lè pwovèb-la di ou se pa ou ki pa ou-la, se pa manti.
province, countryside. : Pwovens ; andeyò. n. / Kou yo bay vakans, lal nan pwovens.
provisions (food). : Pwovizyon. n. / mwen fè pwovizyon chak uit jou.
provocation. : Ti dife boule. n phr. / M pral fè ti dife boule pou fè yo goumen..
provoke. : Chofe. v tr. / Chak fwa moun-yo ta vle rekonsilye ou chofe bagay-la, ou fè yo fè kont ankò.
proxy. : Anchaje. n. / Kote anchaje-a, li poko prezante?
prudent. : Pridan. attrib. :Pri. n. / Nan lavi-sa-a yon moun fèt pou pridan.
psalm. : Sòm. n. / Chak swa, mwen toujou resite sòm venntwa anvan'm dòmi.
psychiatry. : Sikyatri. n. / Pa kite'l vire lòlòj-ou non, pase lè ou fin fou y'ap flank ou nan sant sikyatri.

puberty. : Kwasans. n. / Ou ap fè kwasans-ou, fò ou pa manje bagay si.
pubescent. : Fòme. attrib. / Se fasil pou konnen lè yon tigason fòme pase vwa-yo vin gwo.
public, general public. : Piblik. n. / Lè leta te bay lòd pou yo desann pri manje, piblik-la te kontan.
publication. : Piblikasyon. n. / L ap bay fè yon piblikasyon pou maryaj pitit la dimanch.
publicity. : Piblisite. n. / mwen pral fè piblisite nan pati no-a, ou-menm al nan pati sid-la.
publish ; published. : Pibliye. v tr/attrib. / mwen pa ba ou pibliye anyen pou mwen.
puddle. : Ma. n. / Pa mete pye-ou nan ma labou-a.
pull. : Rale. v tr. / Bwat-la twò lou pou leve pòt ban m, rale'l vini pito.
pull (connections) : Piston ; relasyon. n. / Si ou pa gen piston, ou pa ka al lekòl-sa-a.
pulley. : Pouli. n. :Poulèt. n. : / Li monte bokit mòtye-a ak pouli.
pump. : Ponpe. v tr. / Sous-la ponpe dlo-a fa.
pump. : Ponp. n. / Li bezwen yon ponp pou 'l bay bisiklèt-la van.
punch (drink). : Ponch. n. / Li di li pap bwè ponch.
puncture ; burst, punctured. : Kreve. v tr/attrib. / Bokit-la kreve, li pa ka pran dlo.
punish. : Pini v tr. / Li pa konn leson-an, pwofesè-a pini.
punish a child. : Mete timoun dèyè chèz. v phr. / Depi timoun-yo fè dezòd li mete yo dèyè chèz.
punishment. : Chatiman ; Pinisyon. n. / Chatiman-sa-a twòp mwen pa konn sa m fè pou mwen ap sipote tout bagay-sa-yo.
puppet. : Panten. n. / Li kanpe tankou yon panten.
puppy. : Tichen ; toutou. n. / Manman chen-sa-a bèl, konpè, e pitit-yo tou se de bèl tichen..
purchase. : Acha. n / M ap desann lavil samdi pou fè gwo acha pou boutik-la.
purgative. : Metsin (medsin). n. / mwen di ou fòk ou pran yon metsin pou konstipasyon-an, ou pa vle!
purge. : Pase. v tr. / Medsin-lan pase'm twa fwa.
purple. : Mòv ; Vyolèt. attrib/nom. / Pye gilmòv-la bay bèl ti flè mòv epi li bay bon odè tou.

purse. : Bous ; sak ; valiz. n. / Bous-la pèdi ak katdidantite-m ladan.
pursue (someone). : pouswiv ; Lage de gidon dèyè ; rann san souf. v phr. / Li lage de gidon dèyè m pou m marye avè'l, li dwe fè m lademand dis fwa pa jou.
pus. : Pi. n. / Tout ko-l plen gal, lap plede grate tout tan epi bouton-yo ap fè pi.
push. : Pouse . v tr. / Fi-a pouse pitit-la tèlman fò li manke tonbe.
push. : Bourad ; Pousad. n. / Machin-lan pa ka estat, fò n ba'l yon bourad.
push (incite, urge). : Pouse. v tr. / Se ou ki pouse'l batay ak lòt-la.
pussycat. : Mimi. n [fam]. / Mimi, mimi, vin isit! mwen rele chat la ; li pa okipe m.
put. : Mete (met). v tr. / Li mete yon bèl wòb pou lal wè marenn-li.
put a stop to. : Mete ola. v phr. / Menyè met ola nan medam-sa-yo ki fin pran chenn la-a.
put face to face. : Kare. v tr. / Yo kare de kòk-yo pou yo ka goumen.
put gas in a car. : Fè gaz. v phr. / mwen ap prese pou'm al fè gaz anvan machin-lan pran pàn gaz.
put inside. : Antre. v tr./ Men lapli ap farinen, di Mari antre rad-yo.
put on an act. : Jwe lakomedi. v phr. / Ki afè kriye-sa-a? Ou tou wè ke msye ap jwe lakomedi.
put out, to turn off. : Tenyen ; etenn. v tr. / Dat m di bon-lan tenyen dife-a, li bezwen gaspiye chabon.
put to sleep, to anesthetize. : Andomi. v tr. / Doktè-a andomi tifi-a anvan li kreve apse-a.

Q

quail. : Pèdri. n. / Pèdri se yon zwazo li renmen manje anpil. --pèdri van blan, pèdri fran
quality. : Kalite. n. / Diri-sa-a pa bon kalite ; lè ou kwit li li sòti pat menm si ou pa met anpil dlo ladan'l.
quarrel. : Kont. n. / Apa de moun-sa-yo pa pale, yo gen lè gen kont.
quarrel, fistfight. : goumen ; bim-banm ; hing-hang. n. / Ti moun ki nan rekreasyon toujou nan bim-banm, ap fè bri, ap pale anpil, ap batay.
quarrelsome **son.** : Lwijanboje ; atoufè. n. / Se lwijanboje, nanpwen kot[illegible] rive li pa fè tapaj.
quart (measure, container). : Ka. n. / Al achte yon ka lwil nan boutik-la pou mwen tanpri.
quarter. : Katye. n. / Lalin-lan gen kat katye.
quarter (fourth). : Ka. n. / M'ba li yon ka nan pen-an, m'pran twa ka.
queen. : Rèn (renn) ; larèn. n. / Ann Angletè, se Elizabèt ki rèn.

question. : Keksyonnen. v tr. / Anketè-yo pral pase nan chak kay pou yo keksyonnen moun-yo sou travay-yo.
question. : Kesyon (kestyon, keksyon). n. / Gen de pwofesè ki pa renmen elèv mande kesyon nan klas.
quick bread, cake. : Pen. n [when occurring with mayi, diri, patat]. / Li pral fè pen diri pou soupe.
quickly : vit ; Plop plop ; rapidman ; trap de. adv. / Ou mèt ban'm lajan-an, m'ap achte manje-a pou ou plop plop.
quiet. : Pe. v tr. :Pè Lebren. euph. phr/ Kou chèf-la parèt, tout moun pe.
Quisqueya (Indian name for Haiti). : Kiskeya. n. / Endyen-yo te rele Ayiti Kiskeya.
quit, to stop. : Sispann ; ase ; bouke. v tr. / Ou a sispann pale moun mal.


EDIKA VIZYON
EDUCA VISION
TEMPLE TERRACE FL.
813 985 3799

R

rabbit. : Lapen. n. / Si ou ap elve lapen pou vann, ou ap kontan, se bèt ki fè pitit vit anpil.
rabid. : Anraje. attrib. / Pa kite chen-an mode ou, li anraje.
rabies. : Laraj ; Raj. n. / Chen-an gen laraj.
race.: ras. n.
race (competition). : Kous. n. / Mwen ta renmen fè yon kous avèk ou.
radiator. : Radyatè. n. / Ouvè kapo motè-a pou wè si radyatè-a pa manke dlo.
radio. : Radyo. n. / Ouvè radyo-a pou'm ka tande nouvèl.
radio. : Aparèy. n./ Msye gen yon manman aparèy lakay-li, se tout lajounen lap pran mizik.
radish. : Radi. n. / Pa bliye met radi nan soup-la.
raffle. : Raf. n. / Lè epòk Nwèl, prèske tout timoun fè raf.
raffle. : Rafle. v tr. / L ap rafle yon radyo.
rafter. : Chevon. n. / Chevon-sa-a twò kout.
rafters. : Fetay. n. / Li leve tèt-li, li wè yon bagay kwoke nan fetay kay-la.
rage, fury. : Kolè. n. / Pa kite moun fè ou fè kolè, li pap bon pou ou.
raid. : Bale-wouze. n. / Lapolis bezwen fè yon bale-wouze nan katye-a, li gen twòp vakabon.
rail (track). : Ray. n. / Pa jwe sou ray-la, talè tren-an ap vin pase.
railing. : Balistrad. n. / Pa apiye sou balistrad-yo, yo pa solid.
rain. : Lapli. n. (vg.): Si lapli tonbe jodi-a, nou pap bezwen wouze flè-yo.
rainbow. : Lakansyèl. n. / Si ou jwen bonèt lakansyèl,ou ap rich.
raincoat. : Padsi (padesi). n. / mwen pral achte yon padsi paske sezon lapli pral rive.
raise : Leve. v tr. / Leve tèt-ou anlè, ou a wè syèl-la tou blanch.
raise (make higher). : Wose. v tr. / Ou fè fon pànye anvan, apre ou wose pànye-a tout-o-tou..
raise (the price) ; elevated (price). : Monte (moute). v tr/attrib. / Yo monte lwaye kay-la ankò.

raise from the dead ; resurrected. : Resisite. v tr/attrib. / Jezi te resisite Laza sou kat jou.
rake. : Rato. n. / Se avèk rato pou wete fèy sèk-sa-yo nan lakou-a.
rancid. : Rans. attrib. / Bè-a gen yon gou rans, pa mete'l nan manje-a.
rank. : Grad. n. / Pòl pa jandam ankò, li monte grad, se kaporal li ye koulye-a.
rape, assault. : Kadejak. n. / Nèg-la fè yon kadejak sou madanm-lan, li pran bous-li epi li kouri.
rapidly. : Rapid ; Rapidman ; vit. adv. / Tout sa lap fè, li fè li rapid.
rapidly, in the wink of an eye. : Towtow. adv. / Msye pa nèg ki mize, msye ap tounen towtow.
rare. : Ra. attrib. / Se jodi nou pa wè ou, sa ou genyen ou ra konsa-a?
rarely. : Raman. adv. / Nou pa wè Dyesifò souvan, se raman li fè yon pase bò isit-la.
rascal (child). : Kannay ; Vèmin ; vakabon. n. / Ti Jan ap bay manti sou pwòp manman-li, pa jwe ak ti kannay-sa-a.
rash (skin). : Lota. n. / Depi lè chalè mwen toujou gen lota nan do-m.
rat. : Rata. n. / Chat-la chase tout rat ki te gen nan kay-la.
rather. : Pito. adv. / Li di lap vin lòt senmenn pito.
rather than, instead of. : Tan pou ; Pase pou. conj. / Tan ou ap jwe-a, pouki ou pa al chache dlo.?
ravage ; ravaged. : Ravaje. v tr/attrib. / Yè swa bourik-la kase kòd, se ravaje'l ravaje jaden vwazen-an.
ravenous, glutton. : Voras ; saf. attrib/nom. / Lè'l fin vale manje pa li san kraze, li pran pa ti frè-l-la, li voras anpil.
ravine. : Ravin. n. / Boul-la woule tonbe nan ravin-lan.
raw. : Kri. attrib. / Si ou manje mango vèt kri, ou ap malad. Tann li mi oswa bouyi li.
raw rum. : Kleren ; tafya. n. / Kleren-an ap fè nèg-yo betize, yo pèdi tèt-yo.
razor. : Razwa ; jilèt. n. / Nèg-la koupe kou-li ak yon razwa.
razor blade. : Jilèt. n. / Maten-an, pannan m'ap fè bab-mwen, jilèt-la blese'm.

razor trim (around the hairline). : Tchas. n. / Koute'm Pòl, mwen konnen ou se yon bon kwafè, alò fè'm plezi-sa-a ban'm yon bèl tchas.
reach. : Ba (ban). v tr. / Kote'l ba ou? --Li ban m nan zepòl.
reach. : rive. v tr. / Cheve fi-a sitèlman long li bat jis sou dèyè-l.
reach one's goal. : Fin bout. v phr. / Ou fin bout! Apa ou achte machin.
reach orgasm. : Jwi ; voye ; vini. v intr. / Lè Ti Pòl ak madanm-li ap fè lanmou, yo jwi an menm tan.
read. : Li v tr. / Li papye-a anvan ou siyen'l.
read cards. : Fè kout kat. v phr. / Madanm Moris ap fè de kout kat la-a, lap di ou ki pwoblèm-ou ak sa pou fè.
reading (act of). : Lekti. n. / Msye tonbe nan fè lekti toutlasentjounen.
ready (done). : Bon. attrib. / Eske manje-a bon? Mwen grangou anpil.
real (intensifier). : Korèk. attrib. / Polèt se negès korèk, li konn fè tout bagay.
real, actual. : Veritab ; Reyèl ; vre. attrib. / Veritab moun ki fè konplo kont ou, se pwop moun ki anba vant-ou, ki konn zafè-ou.
reality. : Reyalite. n. / Ke ou vie ke ou pa vie ; fi ap toujou fi, gason ap toujou gason, sa se yon reyalite.
realize (accomplish). : Reyalize ; akonpli ; fè. v tr. / Se jodi m'ap travay, mwen pa reyalize anyen.
really, definitively. : Vre ; Vreman ; Tout bon. adv. / Fwa-sa-a fi-a ale vre, li pap janm tounen.
reason. : Rezone (rezonnen). v intr. / Madanm-sa-a rezone byen, li di ou pa fèt pou fè kont ak moun pou timoun.
reason, cause. : Lakoz ; Rezon ; koz. n. / Se ou ki lakoz mwen anreta, m'pèdi yon bann tan ap tann ou.
reasoning. : Rezonman. n. / Mwen pa renmen rezonman-ou-lan.
rebel. : Rebèl. n. / Se paske ou tap fè rebèl ak papa-ou ki fè'l bat ou konsa-a.
rebellion. : Rebelyon. n [follow fè]. / Mwen pap lage ou si ou ap fè rebelyon.
rebellious. : Rebèl. attrib. / Nanpwen timoun rebèl konsa, se sa'l vie fè pou'l fè.
rebuff. : Bèk ; Fè malonnèt. n. / Bèk li pran-an fè'l pe bouch-li.

recalcitrant. : Wondonmon ; Wòklò : attrib. / M pap soti avè ou, ou wondonmon twòp, ou a fè m wont devan moun.
receipt. : Resi. n. / Mwen pa kab achte yon bisiklèt de san dola nan men-ou pou ou pa ban'm resi.
receive. : Resevwa (resevra). v tr. / Tout moun ap tann li devlope kado pou yo wè sa li resevwa.
receive (to welcome). : Resevwa. v tr. / Mwen renmen al lakay fi-sa-a, li resevwa moun byen.
receive communion. : Kominyen. v intr. / Lè ou al kominyen nan legliz katolik, pè-a mete losti-a sou lang-ou.
reception (social gathering). : Resepsyon. n. / Ou kwè se yon bèl resepsyon ki te gen nan maryaj-la! Yo bay tout kalite bwason.
recess (school). : Rekreyasyon. n. / Depi yo sonnen rekreyasyon, tout timoun sòti nan lakou al jwe.
recite. : Resite. v tr. / Chak maten manman-m fè m resite leson-m anvan m'al lekòl.
reckless. : Brèf. attrib. / Pran san-ou tigason, ou brèf nan tout sa ou ap fè.
recognize. : Konnen (konn). v tr. / Gen moun ki konn fèy-sa-yo byen.
recognize, to know (be acquainted). : Rekonèt (rekonnèt). v tr. / Li chita tou pre m, mwen pa rekonèt si se li.
recommendation. : Rekòmandasyon. n. / Se minis-la ki ban'm yon rekòmandasyon ki fè'm jwenn dyòb-sa-a.
recompense. : Rekonpanse. v tr. / Si ou fè travay-la byen m'ap rekonpanse ou.
recompense, reward. : Rekonpans ; kado. n. / Si ou fè bèl mwayèn ane-sa-a, m'ap ba ou yon rekonpans.
record (music etc). : Anrejistre. v tr. / mwen pral anrejistre tout bèl mizik-yo.
record (phonograph). : Plak. n. / Li plen plak "Des Jeunes" lakay-li.
recovered. : Refè. attrib. / Li refè nèt, y'ap ba'l egzeyat senmenn-sa-a.
recovery (from illness). : Gerizon. n. / N ap tann gerizon malad-la koulye-a, nou fin fè tout sa nou te kapab pou li.
recurring subject. : Chante. n. / Depi maten se yon sèl chante nan zorèy moun: "Pa gen lajan nan kay-la."

red. : Wouj. attrib/nom. / Tout moun konnen san wouj.. maten, li touye yon gwo kòk wouj li bay Ti Zo..
red beet. : Bètwouj (bètrav). n. / Kounye-a bètwouj deyò, n ap kwit sa chak jou.
red herring. : Aransò. n. / Li pi renmen aransò pase aransèl.
redden ; reddened. : Woze. v tr/attrib. / Ł ap woze bouch-li pou'l al nan maryaj-la.
redo. : Refè. v tr. / Tayè-a refè pantalon-an nèt pase'l te twa gwo pou met-li.
redoubtable person. : Awoyo. n. / Nèg-sa-a se yon awoyo, depi yo wè'l se ba'l pase.
reduce. : Redwi. v tr. / Sòs-la twò dlo, kite'l fè yon ti redwi.
reed. : Wozo. n. / Wozo renmen pouse nan dlo.
reef. : Resif. n. / Kannòt-la frape nan yon resif, li kraze nèt.
refill. : Replen. v tr. / Fòk ou replen kalbas- la, wi, pase dlo ki te ladan l-la tonbe.
reflect (think about). : Reflechi ; Kalkile ; egzaminen. v intr. / Mwen gen twòp travay pou'm fè, m'ap reflechi pou'm wè kilès pou'm ta fè anvan.
reflexion (thought), deliberation. : Kalkil. n. / Gen de moun ki renmen fè gwo kalkil avan yo pran yon desizyon.
refrain (same old story). : Litani. n. / Tout jounen se yonsèl litani: "M grangou, m grangou". M ap fè ou pe bouch-ou nan tèt-mwen!
refresh. : Rafrechi. v tr. / mwen bezwen bwè yon bagay glase pou'm rafrechi anndan-m.
refreshing. : Rafrechisan. attrib. / Fèy-sa-a trè rafrechisan, ou mèt fè te avè'l pou bwè.
refreshment (cool drink). : Rafrechisman. n. / mwen gen yon chalè andedan m, mwen bezwen pran kèk rafrechisman.
refrigerator. : Frijidè. n. / Met dlo nan frijidè-a pou'l ka fè glas.
refusal. : Refiz (refi). n. / Mwen pa bezwen apre refiz.
refuse. : Refize. v tr. / Li refize fè sa manman-l ak papa-l di'l.
regain consciousness. : Revni (revini). v intr. / Se anpil mizè anvan li te kap revni.
region. : Rejyon. n. / Te gen yon wa nan rejyon-an ki te gen yon bèl tifi.
register. : Anrejistre. v tr. / Maten-an mwen tal anrejistre batistè tigason-mwen-an.

register (records). : Rejis. n. / Si ou pèdi batistè-ou, al nan achiv-la. y'ap chache'l pou ou nan rejis ki gen lis batistè-yo.
regret, to be sorry. : Regrèt. v tr. / Sa regrèt mwen anpil, ou pa ka vini.
regular customer : Pratik. n. / Kote pratik-la, li pap achte jodi-a.
rehearsal. : Repetisyon. n. / Depeche pou rive legliz bonè pou fè repetisyon ak kè-a anvan lanmès-la konmanse.
reign (of president, king). : Reny. n. / Sou reny Prezidan Bwaye, Ayiti ak Sendonmeng te fè yon sèl.
reinforced concrete. : Beton ame. n phr. / N ap kouvri basen-an ak yon beton ame pou n fè'l tounen yon rezèvwa.
reins. : Renn. n. / Kenbe renn chwal-la di.
relationship. : Relasyon. n. / Fi-sa-a twò antravan pou mwen, mwen pa nan relasyon avè'l.
relatives. : fanmi ; zansèt, jenerasyon. n. / Tout jenerasyon madanm-mwen sòti nan Sid.
release (from hospital) : Bay egzeyat. v phr. / Yo bay malad-la egzeyat, li pa vle ale.
release, to let out ; released, let out. : Lage. v tr/attrib. / Lannwit yo pa mare chen-yo, yo lage yo nan lakou-a pou yo sa kouri dèyè volè.
relief. : Soulajaman. n. / Renmèd-sa-a bon anpil, li ban'm yon bon soulajman ak tèt fè mal-la.
relieve. : Soulaje. v tr. / Si ou prete n ven pyas-sa-a, se pa ti soulaje ou ap soulaje m.
religion, religious preference. : Relijyon. n. / Ki relijyon madanm-sa-a? Advantis.
remain. : Rete (ret). v intr. / Tout sa ki rete-yo se pou ou.
remainder. : Restan. n. / Li triye tout sa ki bon-yo, epi'l kite restan-an pou nou.
remark. : Remak. n. / Se yon bèl remak fi-a fè la-a, wi.
remark (to notice). : Remake. v tr. / Mwen remake ou pa vin bò isit-la ankò, poukisa?
remarkable. : Notab. attrib. / Msye koupe balon-an depi anlè pou li fè gòl-la, sa se yon aksyon ki notab.
remedy. : Remèd (renmèd) ; medikaman. n. / Remèd-sa-a bon pou vè.
remember. : Sonje (chonje). v tr. / Li sonje yo te konn bat-li lè'l

te pitit.
remind. : Fè sonje. v phr. / Fè mwen sonje pou'm al chache timoun-yo.
remnant (cloth). : Koupon. n. / Li bay achte yon moso koupon pou'l fè chemiz.
remorse. : Remò. n. / Li gen yon remò ki ap touye'l poutèt li pat al wè sè-a anvan'l ale.
remove. : Retire ; wete. v tr. / Retire asyèt sal- yo sou tab-la.
rent. : Lwaye. n. / Mwa-a prèt pou fini, m poko wè lajan pou m peye lwaye kay-la ; m pa konn sa pou m fè.
rent. : Lwe. v tr. / Li lwe kay-la pou di dola pa mwa.
repair. : Repare. v tr. / Chak ane m'peye repare kay-la.
repair. : Reparasyon. n. / Fò'm fè yon bon reparasyon nan kay-la pou fèt-la.
repeat. : Repete. v tr. / Tout sa pitit-sa-a tande se pou'l repete'l.
repel ; repelled by. : Rebite. v tr/attrib. / Manje-sa-a rebite m, mwen manje'l twòp.
repent. : Repanti. v intr. / Li te nan lemond, li repanti, kounye-a li potestan.
repertoire of jokes. : Bwat koze. n phr. / Misye chita epi li ouvè bwat koze-li.
report. : Rapò. n. / Chak senmenn ou fèt pou remèt yon rapò.
report card. : Kanè ; Bilten. . n. / Si se pa bèl nòt ki gen nankanè mwa desanm-ou-a, tann pou wè sa Tonton Nowèl ap pote.
represent. : Reprezante. v tr. / Li pa ka vini, li voye yon moun pou reprezante'l.
representative. : Reprezantan. n. / Plizyè notab sòti Pòtoprens pou yo vini nan fèt chanpèt-la ; te gen reprezantan prezidan- an, prefè lavil-la, ak yon pakèt ankò.
reprimand, reproach. : Obsèvasyon. n. / mwen pa renmen moun fè mwen obsèvasyon.
reprimand, to scold. : Obsève ; Reprimande. v tr. / Lè'm obsève 'l, li fache.
reproach. : Repwòch. n. / Sa'l fè ou-la, ou te fè'l li tou, mwen wè pa gen repwòch nan sa.
repugnance. : Repiyans ; degoutans. n. / Depi'm konnen ou, ou pa janm fè anyen pou'l byen soti, ou ba moun repiyans ou-menm.

reproach. : Repwoche. v tr. / Li renmen repwoche moun twòp, mwen pa pral lakay-li.
repugnant. : Repiyan ; rebitan. attrib. / Labouyi-a repiyan, mwen pa ka bwè'l anpil.
require (to need). : bezwen ; merite. v tr. / Jaden-an bezwen sekle, li gen twòp zèb.
rescue ; rescued. : Chape. v tr/attrib. / Poul la chape tout pitit yo, se yon bon manman.
resell. : Revann. v tr. / Tout se machandiz m achte pou'm revann.
resemble. : Sanble. v tr. / Pitit-la sanble ak papa-l kou de gout dlo.
reserve ; reserved. : Rezève. v tr/attrib. / Gen moun ki chita nan plas rezève.
reservoir. : Basen. n. / Kouvri basen-an pou pay pa tonbe ladan.
reservoir. : Rezèvwa. n. / Si rezèvwa Bòlòs-la eklate, Pòtoprens tap inonde. see: plim a rezèvwa
reshuffle ; reshuffled. : Rebat. v tr/attrib. / Men sa pa vie di kat-la te rebat.
residue (pulp, grounds, etc). : Ma. n. / M'pap bwè kafe-a paske li gen twòp ma.
resign oneself. : Konsole ; Reziyen. v tr. :Konsole. v tr. / Konsole ou so,ou te tou konnen yon lè'l gen pou'l kite ou.
resin. : Gonm (gòm). n. / Lapli-a wete gonm tabak-la.
resist (remain firm). : Reziste. v intr. / Tout maltrete yo maltrete'l, li reziste, li pa janm di ki moun ki te avè'l.
resolve (problems). : Aplani. v tr./ Annou eseye aplani tout difikilte-yo anvan.
resolve (solve). : Rezoud. v tr. / Li mete brenn deyò pou'l wè si'l a rezoud pwoblèm-lan.
resources. : mwayen ; fakilte. n. / Li malere anpil, li pa gen fakilte pou li met pitit-la lekòl.
respect. : Respekte. v tr. / Bondye beni timoun ki respekte manman-yo ak papa-yo.
respect. : Respè. n. / Fè respè-ou tande, pou'm pa gen kont avè ou.
respectable. : Respektab. attrib. / Moun-sa-yo trè respektab, se pa moun ki ap fè lobo.

respiration. : Respirasyon. n. / Msye gen movèz alèn, lè'l ap pale moun pat ka pran respirasyon.
respite. : Kalm. n. / Friksyonnen pye-a avèk longan, la ba ou yon kalm.
respite. : Souf. n. / Yo kite'm san pran souf poutèt lajan-an.
responsibility. : Reskonsablite (responsablite). n. / Tout moun gen reskonsablite pa yo.
responsible. : Reskonsab (responsab). attrib. / Sèlman si yon bagay rive'l, se ou ki ap reskonsab wi.
rest. : Poze (repoze). v intr. / Depi maten m'ap travay, kounye-a m'ap poze.
rest. : Repo ; kanpo. n. / Ou bezwen pran yon bon repo pase ou sanble ou fatige anpil.
rest (what remains). : Rès. n. / Fè sa ou kapab epi kite rès-la, mwen a fè'l.
restaurant. : Restoran. n. / Jodi-a m'pa santi'm ta fè manje, nou pral manje nan restoran.
restless. : Anbranl. attrib. / Depi yo fin bay konminike-a, dènye moun anbranl nan lari-a.
restrain. : Bride. v tr. / Msye soti pou'l fè koutay, bas-la bride li.
result. : Rezilta. n. / Yo bay rezilta ekzamen-an jodi-a, gen anpil elèv ki pase.
retail. : An detay. prep phr. / Lachte sigarèt an gwo pou 'l vann yo an detay.
retailer (female). : Revandèz. n. / Se revandèz li ye, li pa vann an gwo.
retailer (male). : Revandè. n. / Lè ou achte nan men revandè ou fè defisi.
retain. : Retni. v tr / Pitit-la pa gen antannman ditou, li pa ka retni anyen.
retired. : Retrete. attrib. / Msye se yon ansyen chèf seksyon, li retrete koulye-a.
return. : Tounen (retounen). v intr. / M ap rive pi devan-an, lè m retounen n a wè.
return (give back). : Remèt (renmèt). v tr. / Lè ou prete yon bagay nan men yon moun, ou fèt pou remèt li'l.
revenge. : Revanj (revanch). n. / Kounye-a se revanj ou bezwen tire ki fè ou di fò ou pase'm de kalòt-la?

revenue. : Rant. n. / Mwen-menm mwen pap travay, se de rant-mwen m'ap viv.
review. : Repase. v tr. :Repase. v tr. to iron (hair) ; ironed (hair). : / Li tap repase nan tèt-li tou sa ki te pase'l pou jous li rive isit-la.
revolte. : Revolte. v intr. / Li fè twòp abi, moun-yo revolte kont li.
revolver. : Revolvè ; zam. n. / Si ou gen revolvè e ou pa gen bal, se yon demonstrasyon.
rheumatism. : Rimatis. n. / Granmoun-lan pa ka mache, li soufri ak rimatis.
rhythm, cadence. : Kadans. n. / Kadans mizik-la bon, li fè'm anvi danse.
rib. : Kot. n. / Li gen yon kot ki kase nan aksidan-an.
ribbon. : Riban. n. / Ki koulè riban ou ap met nan tèt-ou jodi-a?
rich. : Rich. attrib/nom. / Nèg-sa-a rich, prèske tout kay nan zòn-lan se pou li.
riddle. : Kont. n. / Li konn anpil kont.
right (direction). : Adwat. adv. / Kou ou rive nam Kafou-a, vire adwat..
right away, at once. : Touswit (touswit). adv. / Kouri achte yon boutèy alkòl touswit pou mwen, m anvi endispoze.
right side (clothing, fabric). : Landrèt (landwat). n. / Se bo-sa-a ki landrèt rad-la, ou mete'l lanvè.
rim (wheel). : Jant. n. / Fò yo retire kawotchou-a nan jant-la anvan pou yo repare tout kote li fann-lan.
rim, edge. : Boday ; rebò. n. / Li pase penti blan nan boday kivèt-la.
rind (pork). : Kwenn (kwann). n. / Li met kwenn kochon-an bouyi
ring. : Sonnen. v tr. / Depi klòch-la sonnen douz fwa, konnen'l midi.
ring. : Bag. n. / Fi-a gen lè pat kontan marye paske la nèg-la ap foure bag-la nan dwèt-li, li kite men-l byen rèd.
ringlet. : Bouk. n. / Bay fi-sa-a penyen ou, li konn fè bèl bouk.
rinse ; rinsed. : Rense. v tr/attrib. / Blayi rad blan-yo pase yo poko bon pou rense.
ripe. : Rèk. attrib. / L ap tann zaboka-yo rèk pou'l keyi yo.
ripe. : Mi. attrib. / Gen mango men yo poko mi, se pa sezon-yo.
risk. : Riske. v tr. / Fòk ou pa riske vi-ou konsa non, ou mache twò ta.

ritual bath. : Beny. n. / Mwa desanm pral rive, fòk mwen kòmanse bay timoun-yo kèk beny.
rival (for the love of a man). : Matlòt. n. / Pa vin joure m, se pa mwen ki matlòt-ou-a.
rival, to match (in ability). : Koresponn. v intr. / Bondye ki fè m ka koresponn avè yo tou.
river (generic). : Larivyè ; Rivyè. n/n loc. / Larivyè gen dlo dous,lanmè gen dlo sèl.
riverbank, riverbed. : Galèt. n. / Wete rad-yo nan galèt-la.
road grader. : Gredè. n. / Jodi-a yo pase gredè, demen y'ap pase woulo sou wout-la.
road, way. : Wout ; Teras (lateras) ; Chemen (chimen). n. / Se nan chemen jennen yo kenbe chwal malen.
roast ; roasted. : Boukannen. v tr/attrib. / Soufle dife-apou mayi-yo ka boukannen.
roast ; roasted. : Griye ; Boukannen. v tr/attrib. / Yo met sik nan kafe-a entan lap griye.
roasted corn. : Mayi griye. n phr. / Pou mayi griye gen bon gou fò li genyen bon dife anba li epi fòk ou mete sèl ladann.
roasted ears of corn. : Mayi boukannen. n phr. / Tout Ayisyen renmen mayi boukannen.
robust, healthy. : Gaya. attrib. / Nèg gaya tankou m, mwen pa janm malad gras a Dye.
rock, to sway. : Balanse ; sekwe. v tr. / Depi ou wè tonton ap balanse pye-l konsa, konnen li pral dòmi.
role. : Wòl. n. / Chak moun gen yon wòl li jwe nan lavi-sa-a. see: fè wòl
roll (bread). : Biswit (biskwit). n. / Li achte yon plato biskwit nan boulanje-a.
roll (cylinder). : Woulo (oulo). n. / Pou fèt Andre li resevwa yon revolvè ak yon woulo klorat, kounye-a li ka fè jwèt jandam ak zanmi-l-yo.
roll, to roll up. : Woule. v tr. / Chak maten yo woule nat, yo mete'l dèyè kay.
roller. : Woulo. (oulo). n. / Li met woulo nan cheve-li'l.
roofing, roof. : Twati. n. / Gade sou twati-a ou ap wè chotdeben-an, se la m te mete'l
room. : Sal ; Pyès. n. / Lè'l antre nan sal-la, tout moun vire tèt

gade'l.
room (of a house, etc). : Chanm. n. / Ranje chanm kote grann-ou kouche-a byen wi, paske jodi-a li gen moun k ap vin wè li.
rooster. : Kòk. n. / Depi kòk-sa-a wè yon manman poul, fo'l kouvri'l. see: sèl kòk chante
root. : Rasin. n. / Pa koupe rasin bwa-a pou pa touye'l. see: nan rasin.
rope. : Kòd. n. / Jan bèf-sa-a gen fòs-la, se ak yon kòd pit pou ou mare'l pou'l ka pa kase'l.
rosary.: Chaple (chaplèt). n. / Ti granmoun-sa-a, chak maten ou toujou jwenn li devan katedral ap pase dizèn nan chaple-l.
rose. : Woz. n. / Ala yon bèl flè sa se woz.
rot ; rotten (spoiled). : Pouri ; Gate. v intr/attrib. / Mango-a pa bon pou manje, li gentan twò mi, li gate.
rough draft. : Bouyon. n. / Fè bouyon lèt-la anvan ou ekri lèt-la.
rough up. : Toufounen. v tr. / Si ou di m krik ankò m toufounen ou.
roughcast. : Krepi. v tr/attrib. / Mason-an krepi anvan'l randwi mi kay-la.
roughcasting. : Krepisay. n. / Mòtye-a pa ka fè krepisay-la,li twò di.
roughness (irregularities). : douk ; grenn. n. / Ebenis-la wete grenn bwa ak papye sab.
round (tour), rounds. : Wonn. n. / Fè wonn kay-la, wè si ou pa jwenn li..
routine. : Woutin. n. / Kounye-a li fin konn woutin-lan, li fè travay-la byen. see: pa woutin
row. : Rame. v tr. / Pechè-a rame jis li rive nan zòn ki te gen pwason-an.
row (dispute). : Bank. n. / Si ou manyen m, m a fè yon bank avè ou, lapolis ap vini!.
row (line). : Ranje ; Ran. n. / Chak moun gen de ranje dan.
rowboat. : Kannòt ; bato ; bak. n. / Se sou kannòt yo fè chabon rantre Senmak sòt Lagonav.
rub. : Fwote. v tr. / Fwote kole chemiz-la byen, pou ou ka wete tout vye kras ki ladan'l.

rub, to massage. : Friksyonnen. v tr. / Friksyonnen pye-a avèk longan, la ba ou yon kalm.
rub, to polish. : Foubi. v tr. / Pran pay defè, foubi tout chodyè-yo.
rubber. : Kaoutchou (kawotchou). n. / Ou ap bezwen yon soulye kaoutchou pou ou kab travèse larivyè-a.
rubbing alcohol. : Alkòl. n./ Al chache alkòl pou'm panse blese-a.
rubbish (nonsense). : Tentennad. n. / Tout sa ou ap di la-a, tout se tentennad.
rude person. : Ti bourik. n phr. / M di ou rann mwen yon sèvis, ou di m lanmèd, ou se yon ti bourik monchè.
rudeness, affront, insult. : Malonnèt. n. / Msye se yon nèg ki frekan, monchè, se pa ni de ni twa malonnèt ke'l pa fè m, non.
ruin ; ruined. : Gate. v tr/attrib. / Si ou pa mete'm nan bagay-la, mwen ap gate'l pou ou.
ruined ; penniless in rags. : An releng. prep phr./ Moril pèdi djòb-li, li an releng..
ruined (dingy, musty, etc). : Rabi . v tr/attrib. / Rad-sa-a rabi, mwen pap mete'l ankò.
rule. : Règ. n. / Depi ou antre nan yon relijyon, ou tou konnen fòk ou swiv règ relijyon-an. see: an règ, nan reg
ruler (for making lines, etc). : Règ. n. / Si ou te trase liy-lan ak yon règ, li pa tap kwochi konsa.
rum. : Wonm (wom). n. / M bay achte twa boutèy wonm pou mwen.
run. : Kouri. v intr. / Kou'l tande bri manman-l ap vini, li kouri al kache.
run away : to escape. / Yè swa gen yon pakèt prizonye ki sove, y'ap chache yo, yo pa ka jwenn yo.
run into (to meet). : Bite sou. v phr. / Maten-an pannan Jak ap janbe lari-a, li bite sou yon zanmi li pa wè depi senk an.
rung. : Bawo. n. / Pa mete pye-ou sou bawo chèz-la, ou a kase'l.
running around (errands, etc). : Vire-tounen ; monte-desann ; aledvini. n. / Jodi-a fò m al kay dantis, nan mache, lavil, ak kay yon zanmi-m, ala vire-tounen m gen pou m fè!
runt (person). : Rèkè. n. / Kote ou wè'l parèt tou piti-a, se yon

ti rèkè, li plen laj sou tèt-li.
ruse. : Riz. n. / Ala moun gen riz nan ko-l, li pase krache nan je-l pou moun ka konprann'l ap kriye.
rush down. : Gengole (grengole, degengole). v intr. / Mango ap gengole youn apre lòt.

S

sack (plunder). : Sakaje. v tr. / Kako-yo sòt sakaje Leyogàn, yo tounen ak biten-yo.
sack, bag. : Sak. n. / Mwen gen anpil bagay, prete'm yon gwo sak pou'm mete yo.
sacrament. : Sakreman. n. / Li tèlman malad, y'al chache pè pou ba'l dènye sakreman.
sacrifice. : Sakrifiye. v tr. / Paran-ou ap sakrifye'l pou ou, se pou ou degaje fè yo plezi.
sacrifice. : Sakrifis. n. / Li pa gen kòb, se sakrifis li fè pou'l voye pitit-la lekòl ane-sa-a.
sacrilege. : Sakrilèj. n. / Mezanmi, pou yon moun al volè kouwòn ki nan tèt sen-an, sa se gwo sakrilèj wi.
sacristy. : Sakristi. n. / Pè-a nan sakristi-a, talè lap vin kòmanse mès-la.
sad. : Tris. attrib. / Depi madanm-li mouri-a, msye tris a mo.
sad, ailing. : Kagou ; tris ; fennen. attrib. / Sa ou genyen? Depi maten-an ou kagou tankou yon moun ki nan soufrans.
sad, still (calm), quiet. : Frèt. attrib. / Sa Ti Fifi genyen'l frèt konsa jodi-a?
saddle. : Sèl. n. / Mwen pa konn moute bèt a sèl.
saddle ; saddled. : Sele. v tr/attrib. / Sele chwal- ou, al fè wout-ou.!
sadness, sorrow. : Tristès. n. / Gen tristès nan fanmi-a, papa timoun-yo pèdi djòb-li.
safe. : Sof. attrib. / Aksyon-an se yon bèl aksyon men'l pa sof. see: sen e sof
safe and sound. : Sen e sòf. attrib phr. / Mwen mennen pitit- la vini sen e sòf.
safe, secure. : Ansekirite. attrib. / Tout afè-ou ansekirite, ou mèt vwayaje tèt poze.
safety pin. : Zepeng kwòk (zepeng kouchèt). n phr. / Li bezwen kèk zepeng kwòk pou'l tache kouchèt-la sou pitit-la.
sail. : Vwal.(vrèl). n. / Depi yon batiman pa gen vwal, li pa ka kouri..

sail. : Navige. v intr. / Depi yon batiman pa gen vwal,li pa ka navige.
sailboat. : Vwalye. n. / Yon batiman ki gen vwal rele vwalye.
sailor. : Matlo. n. / Msye antre nan gadkòt ane dènye, li pa pase matlo, li pa al sou bato, men'l gentan oflsye!
saint. : Sen.(sent). n. / Chak midi lal priye nan pye sen-an.
Saint-Marc. : Senmak. n/n loc. / Foutbolè Senmak se bon foutbolè.
saintly : Sen. attrib. / Kote ou wè'l ye-a, li pa janm fè peche, li sen.
salad. : Salad. n. / Moun-sa-yo pa manje san salad.
salary, wages. : Apwentman. n. / Msye te gen yon bèl apwentman, pa serye fè 'l pèdi travay-la.
sales. : Lavant. n. / Jodi-a li fè bon lavant, li prèske vann tout machandiz li te pote nan mache-a.
sales clerk, : Komi. n. / Se li ki komi magazen-an, lap di ou pri tout bagay-yo.
salmon. : Somon. n. / Se somon ki anndan pen-an, ou pa bezwen pè manje'l.
salt. : Sèl. n. / Manje-a manke sèl.
salt excessively.: Sale. v tr/attrib. / Si ou met anpil sèl nan manje-a, ou ap sale'l wi.
salt marsh, salina. : Salin. n. / Gen de fwa konn gen ti pwason piti nan salin-lan.
saltwater crab. : Sirik. n. / Achte sirik, tande, pou met nan bouyon-an.
same. : Menm. attrib. / Msye chaje ak lajan, ke'l travay ke'l pa travay se menm bagay.
sampler (embroidery). : Kànva. n. / Li ka fè tout pwen ki nan kànva-a.
sanatorium. : Sanatoryòm. n. / Sanatoryòm-lan te twò chaje, yo pat ka aksepte msye.
sand. : Sab. n. / Mete plis sab nan mòtye-a.
sand ; sanded. : Sable. v tr/attrib. / Li di li fin sable tab-la, se poli sèlman li rete pou'l poli'l.
sandals. : Sapat. n. / Glasi-a frèt, pran sapat-la pou mwen pou'm met nan pye-m.
sandpaper. : Papye sable. n phr. / Ebennis-la sèvi ak papye

sable pou 'l fè bwa lis.
sandwich. : Sandwich (sandwich). n. / Mwen grangou, mwen pral pran yon sandwich nan ba-a la-a.
sanitary napkin. : Lenj. n. / Tifi-mwen-an fòme, mwen achte douz ti sèvyèt pou li, pou li fè lenj.
sap. : Lèt. n. / Lèt bannann tache, pa kite li pran nan rad-ou.
sapodilla. : Sapoti (sapotiy). n. / Pye sapoti-a plen ak sapoti.
sardine. : Sadin. n. / Lontan ou te konn achte yon ti kòd sadin pou senk kòb, kounye-a yo byen chè.
satan, demon. : Satan. n. / Kouman ou fè tapajè konsa-a, ou gen lè gen kèk satan deyè-ou.
satin. : Saten. n. / Jipon saten pa alamòd ankò.
satisfaction. : Satisfaksyon. n. / Se bèl bagay wi lè pitit-ou ba ou satisfaksyon.
satisfied. : Satisfè. attrib. / Mwen santi'm satisfè jodi-a pase m'fin fè tout sa'm te gen pou'm fè.
Saturday. : Samdi. n. / Chak samdi m'fè pwovizyon an gwo.
sauce. : Sòs. n. / Sos-la twò dlo, kite'l fè yon ti redui.
saucepan. : Kastwòl ; bonm. n. / Mete lèt-la nan kastwòl-la pou li bouyi, apre ou a vide'l nan boutèy.
saucer. : Soukoup (sekoup). n. Mete tas-la nan soukoup- la anvan ou sèvi moun-yo.
sausage. : Sosis. n. / Nanpwen bon bagay konsa, se sosis nan diri!
sauté. : Frikase. v tr. / Frikase pwa-a pou mwen pannan m ap lave mayi-a.
savage. : Sovaj. attrib/nom. :Sòvadò. n. / Yo di plen bèt sovaj nan forè-sa-a.
savage : Bèt. n. / Nèg-sa-a se yon bèt, li pa konn ki jan pou'l pale ak moun.
savagery. : Sovajri. n. / Ase fè sovajri la-a non pitit, ou pa yon ti bèt.
savanna. : Savann. n. / Timoun-lan san mannyè tankou sa ki leve nan savann. see: pè savann
save. : Sere ; kenbe. v tr. / Mwen sere rad-sa-a pou'm mete pou nos- la.
save (money). : Fè epany ; ekonomi. v phr. / Si ou ap travay, fò ou fè epany pou lè ou malad.

save ; rescue) ; saved (rescued). : Sove. V tr/attrib. :Sove. v intr. / Mwen te nan yon pwoblèm lòt jou, se li ki te sove m.
savings and loan bank. : Kès popilè. n. / Kès popilè kreye anpil avantay pou malere-yo, yo kab prete kòb-la lè yo nan ka epi yo kab sere ti kraze-yo tou.
savings bank. : Kès depany. n phr. / Kèlkeswa ti kraze ou genyen-an, ou kab depoze li nan kès depany-lan.
saw. : Siye. v tr. / y'ap siye bwa-a pou y'al fè mèb.
saw (tool). : Si. n. / Pòt si-a ba li pou'l siye bwa-a.
sawyer (one who saws). : Siyè. n. / Yo bezwen yon siyè ki konn travay pou yo bay siye kajou-yo.
saxophone. : Saksofòn. n. / Nèg-sa-a jwe saksofòn byen.
scab. : Kwout. n/ Depi maleng lan fè kwout sa vle di li pral geri.
scabies. : Gal. n. / Tout kò-l plen gal, lap plede grate tout tan epi bouton-yo ap fè pi.
scald. : Chode. v tr. / Ou pa bezwen kwit li, ou met chode'l ase.
scale. : Balans ; Pèz. n. / Vin monte sou pèz-la pou ou ka wè konben ou peze.
scalp. : Kwi tèt (po tèt). n phr. / Manyè al lave tèt-ou,tout kwi tèt-ou se kap.
scarf : Foula. n. / Tout eskout-yo gen menm koulè foula nan kou-yo.
scatter ; scattered. : Gaye. v tr/attrib. / Anvan n al dòmi, fò nou gaye dife-a.
scatter, to disperse. : Simen ; Grennen ; Simaye. . v tr. / Li simen rad-li nan tout kay-la.
scholarly. : Save. attrib. / Se toutan nèg save-sa-yo ap fè diskisyon.
scholarship. : Bous n. / Jan jwenn yon bous pou'l etidye mekanik dizèl.
school. : Lekòl. n/n loc. / Se lekòl moun aprann li ak ekri.
science. : Lasyans ; Syans. n. / Lasyans fè anpil pwogrè, nanpwen pwoblèm ke yo pa rezoud kounye-a.
scientist : Syantis. n.
scissors. : Sizo. n. / Mwen bezwen sizo-a kounye-a pou'm taye twal-yo.
scold. : joure. v tr. / Yo joure manmzèl byen joure, fò'l kite.
scooter. : Twotinet. n. / Gade yo nan lari ak twotinèt-la, yo san lè

machin kraze yo.
scorched (fruit). : Chode. attrib. / Moun-sa-yo gen yon kalite mango chode y'ap manje, mwen ap mande si se grangou yo grangou.
scorecard. : Mak. n. / Ou make sou mak-ou di-pwen paske se sèt datou li ye.
scornful look. : Kout je. n phr. / Apa ou ap tire granmoun kout je, ou a gen madichon wi, pitit!
scotch tape. : Tep. n. / Mwen bezwen ti moso tep pou'm kole fey liv-sa-a ki dechire.
scoundrel. : Atoufè ; Kannay ; Aksyonnè ; Move je ; tapajè. n. / Msye se yon atoufè, li san lè lage ou nan bouyay.
scoundrel, rogue. : Koken. n. / Malis se yon koken.
scrap iron. : Feray. n. / Y'ap met feray nan kay-la anvan yo koule beton.
scraper. : Gratwa ; rabo. n. / Gratwa ebenis-la manke file, planch-la pa lis.
scraps. : Retay. n. / Chen-an vin nan mache pou'l sote sou retay machann vyann-yo jete atè-a.
scratch. : Grafouyen ; grife. v tr. / Pa kite chat-la jwe ak ti bebe-a, la grafouyen'l.
scratch ; scratched. : Grave. v tr/attrib. / Maryela sot tonbe, li grave linèt-li.
scratch, to scrape. : Grate. v tr. / Chalè-a fè kò-m grate m.
scrawl. : Grifonnen. v intr. / Li nan jaden danfan, li konn grifonnen kèk lèt, li poko konn ekri byen.
screen. : Til (twil). n. / Ak mouch-yo, f'ok nou mete til nan fenèt-yo ak pot-yo.
screw. : Vis. n. / Se pa ak mato pou vise vis, se ak tounvis.
screw ; screwed (on, in). : Vise. v tr/attrib. / Li bliye vise boulon nan kawotchou-a, kawotchou-a ka soti pandan lap kondi.
screw (have intercourse). : Plimen. v tr. / Li mache di tout vakabon parèy-li yo jan 'l plimen fi-a.
screwdriver. : Tounvis (tonnvis, tounavis). n. / Prete m tounvis-ou-a pou m vise vis-sa-a.
sea. : Lanmè. / Tigason al benyen nan lanmè, li naje pi byen nan dlo sale-a.
sea turtle. : Karèt. n. / Se avè po karèt yo fè peny ak bwòs

karèt-yo.
sea urchin. : Chadwon. n. / Gen twòp chadwon nan lanmè bò isi-a,mwen pa pral benyen nan plaj-sa-a.
seahorse. : Chwal lanmè. n phr. / Gen yon kalite pwason yo rele chwal lanmè.
seal. : Kachte ; fèmen. v tr. / Kachte bwat-la byen anvan ou voye'l lavil.
seal (mark). : So. n. / Ou tou konnen si yo pa met so sou papye-a li pa bon.
seam, sewing. : Kouti. n. / Kouti-sa-a pati kwochi.
search, to frisk. : Fouye. v tr. / Fouye poch kanson-an byen anvan ou bay lave'l.
search warrant. : Kat-blanch. n. / Yo bay kat-blanch pou misye, li nan kache.
season. : Sezon. n. / Nan yon ane, gen kat sezon. see: flè sezon.
season ; seasoned. : Sezonnen. v tr/attrib. / Lè ou fin sezonnen pwason-an, limen dife-a.
second cousin. : Kouzen jèmen. n. / Si papa-m se kouzen ak papa-ou, ou menm avè m se kouzen jèmen.
second grade. : Preparatwa de. n. / Ou ap fè preparatwa de epi ti soustraksyon-sa-a ou pa ka fè!
second-hand clothes. : Kenedi (kennedi). n. / Sak pa gen kòb achte kenedi bò mache-a pou met sou yo.
secondary school. : lekòl segondè ; kolèj ; lise. n. / Kounye-a lap fè sètifika, ane ki ap vini-an li pral nan segondè.
secondary school graduate. : Filozòf. n. / Li se filozòf, se sa k fè li pa vie fè nenpòt travay.
secret. : Sekrè. n. / Mwen pa ka di ou bagay-sa-a pase se yon sekrè. see: bwat sekrè
secretary, helper. : Sekretè. n. / Kote sekretè-a, vin al achte de sigarèt pou mwen.
secretly. : Ankachèt. adv. / Fi-a ranje papye-li ankachèt sou mari-a epi li pran vol pou Nouyòk.
section (subdivision of a commune). : Seksyon. n. / Li se moun twazyèm seksyon komin Aken.
secure, sheltered. : Alabri. attrib./ Menm si ou anndan lakay-ou, pa konprann ke ou alabri..
seduce. : Sedwi. v tr. / Vakabon-an sedwi pitit moun-yo.

see. : Wè. v tr. / M pat wè si ou te la-a.
seed. : Grenn. n. / Se grenn mango yo plante.
seem. : Sanble ; gen lè. v tr [takes sentential object]. / Ou sanble ou te konn kote-a deja.
seep, to ooze. : Swente. v intr. / Malgre'm byen bouche li, li swente kanmenm.
seize. : Fè dapiyanp sou. v phr. / Tigason-an fè dapiyanp sou mango machann-lan.
seize. : Anpare ; Sezi. v tr. / Li pa vle manje, gaz anpare'l.
seizures. : Kriz nè. prep phr/ Gen plis tifi ki fè kriz nè ke tigason.
selfish. : Rayisab. attrib. / Ou kwè se rayisab li rayisab, li ta renmen pou se li ki posede tout bagay.
sell. : Vann. V tr. / Boutik-sa-a vann anpil, tout jounen moun ap antre soti.
send. : Voye. v tr. / Manman-m voye m lavil pase li pat kapab ale li-menm.
send (someone) for. : Voye chache. v tr. / Li di m al pran soulye-l anwo-a, tout tan lap pede voye m chache bagay pou li.
send away. : Ranvwaye (ranvoye). v tr. / Pwofesè-a ranvwaye elèv-la poutèt li pa fè devwa-l.
senile. : Annanfans. attrib. / Depi ou wè granmoun poupou sou li, konnen li annanfans vre.
senior year, twelfth grade. : Reto (retorik). n. / Ane-sa-a lap fè segond, ane pwochèn li pral fè reto.
senna. : Sene. n. / Timoun pa m-yo pa ka gen vè paske chak maten m'ba yo bwè te sene.
sensibility. : Sansiblite. n. / Se sansiblite'm gen pou ou ki fè m'pa kraze ou anba baton wi.
sensitive. : Sansib. attrib. / Ou kwè se moun sansib sa, li pa fouti wè kot moun ap kriye.
sentence. : Fraz. n. / Nan chak fraz gen yon vèb ki di kisa moun-lan oubyen bagay-la ap fè.
sentence (judgment). : Santans. n. / Se denmen jij-la ap pwononse santans-la.
sentry. : Faksyonnè. n. / Yo mete yon faksyonnè nan chak papòt pou siveye chef-la.
sentry box. : Gerit. n. / Rete machin-lan bò gerit pou'm pale ak gad-la.

separate ; separated. : Separe ; Grennen. v tr/attrib. / Anvan yo separe, youn bò lòt.
separated. :. attrib. / Diri-a bon, li grennen, chak grenn apa.
separately. : Apa. adv. / Yo sèvi tout moun manje-yo apa.
separation. : Separasyon. n. / Ala bagay di se separasyon, se premyè fwa nou separe pou yon senmenn.
September. : Septanm (sektanm). n. / Mwa septanm se mwa tout manman pitit koumanse fè preparasyon pou lekòl pitit-yo.
sergeant. : Sèjan. n. / Yo grade'l, kounye-a se sèjan'l ye.
series. : Seri. n. / Yon seri moun di wi, yon seri di non.
serious, sincere. : Serye attrib. / Se moun serye li ye, li pap ba ou manti.
seriously (earnestly). : Seryèzman. adv. / Si yo pa atake lòt ekip-la seryèzman, yo pap bay gòl ditou.
sermon. : Prèch. n. / Ala yon bèl prèch pastè-a fè jodi-a!
servant (disciple). : Sèvitè. n. / Depi ou se sèvitè Bondye, Satan pa gen pouvwa sou ou.
serve (worship). : Sèvi. v tr. / Moun- sa-yo se bon katolik, yo pa sèvi lwa.
serve refreshments to guests. : Resevwa. v tr./ Mwen rete in èd tan lakay-li, li pa resevwa m.
service (favor). : Sèvis. n. / Eske ou ka rann mwen sèvis al achte remèd-la pou mwen?
sesame. : Wowoli (hoholi). n. / Achte de tablèt pistach pou mwen a twa tablèt wowoli.
session, performance (showing). : Seyans. n. / Seyans jodi-a te twò long.
set an example. : Trase egzanp. v phr. / Tout lajounen se betiz ou ap di, ou ap trase move egzanp pou timoun-yo.
settle (arrange) ; settled (arranged). : Regle. v tr/attrib. / Moun-sa-yo pa ka regle zafè-m.
settle (liquid). : Poze . v Intr. / Dlo-a gen kras, kite 'l poze anvan ou sèvi avè 'l.
settlement (of account). : Regleman. n. / Mwen pral fè regleman ak pratik-la pou'm ka konn konben'm dwe'l.
seven. : Sèt. n/attrib. / Gen sèt jou nan yon semèn.
seventh. : Setyèm. attrib /nom. / Li setyem nan klas-la, toutan se li ki ap premye, resi gen sis elèv ki devan'l mwa-sa-a.

seventieth. : Swasanndizyèm. attrib/nom. / Rive nan swasanndizyèm minit, potko gen yon gòl ki bay.
seventy. : Swasanndis. n/attrib. / Li gen swasanndis pyas, li bezwen di pyas pou met sou li pou fè'l katreven.
several. : Plizyè ; anpil ; kèk. attrib. / Gen plizyè moun ki di sa.
severe (strict). : Sevè. attrib. / Li fè timoun yo pè'l paske'l twò sevè ak yo.
severe rebuff. : Brimad. n. / Pitit-la akaryat tèlman li pran brimad nan men monnonk-li.
severe weather. : Kout tan. n phr. / Mwad oktòb se mwa'l renmen fè kout tan.
severity. : Severite. n. / Lè ou ap pale avè yo, fòk ou pale ak severite, san sa yo p ap pran ou pou anyen.
sew. : Koud. v tr. / M ap taye chemiz-la, ou a koud li.
sewing course. : Leson koup. n. / Li gen de mwa sèlman nan leson koup, li gentan konn fè wob.
sexton, sacristan. : Sakristen. n. / Si ou pa wè pè-a, kite komisyon pou li nan men sakristen-an.
sexy, well-build (woman). : Anfòm. attrib./ Komè-a tèlman anfòm, depi ou wè 'l fòk ou tonbe pou li.
shadow. : Lonbray (lonbraj). n. / Ou pa bezwen pè, se lonbray-ou ou wè, se pa pèsonn.
shady person. : Mafya. n. / Mwen-menm, mwen pa ann afè ak nèg-sa-a, se mafya msye ye.
shake. : Souke. v tr. / Lè misye ap dòmi, si ou pa souke'l fò li pap reveye.
shake hands. : Bay lanmen. v phr. / Apre seremoni-an li mache bay lanmen.
shame. : Wont. n. / Msye san wont ; fi-a mete'l deyo, li tounen ankò.
shameless. : Mal pou wont. prep phr/ Ou mèt fèl malonét, lap tounen ankò, se yon malpouwont.
shameless. : Sanwont. attrib. / Ou pa manke pa sanwont ou-menm, kalite malonnèt moun-sa-yo fè ou-la, ou tounen lakay-yo ankò!
shape (in). : Anfòm. attrib. / Andre refè nèt, misye anfòm kon bas.
share, portion. : Pa. n. / Li pran pa-l, tout rès manje-a se pou ou.

shark. : Reken. n. / Yo di lanmè bò isit-la gen anpil reken ladan.
sharp (exactly). : Won ; egzat. adv. / M ap tann ou a midi won.
sharpen ; sharp. : File. v tr/attrib. /Kouto-a pa koupe, li bezwen file.
sharpshooter. : Vizè. n. / Magiwa se bon vizè, li pran tout sa li tire.
shave. : Fè labab ; raze. v phr. / Etan kwafè-a ap fè labab msye-a ak yon razwa file, li blese'l nan manton.
shave. : fè labab ; raze. v tr. / y'ap raze ou kanmèm lè ou ap akouche.
shave (one's head) : Kale. v tr/attrib. / Pòl te gen anpil cheve, yo kale tèt-li nan prizon-an.
sheath, case. : Fouwo. n. / Pa jwe ak manchèt-la, foure'l nan fouwo-l.
shed (shack). : Kounouk. n. / Mwen-menm m pa gen kay, se nan yon kounouk m rete, lè lapli tout bagay ki anndan'l mouye.
sheep. : Mouton. n. / Mouton ak kabrit, ki sa ou pito? see: mal mouton.
sheet metal, corrugated iron. : Tòl. n. / Nou pito kay tach, kay tòl fè cho twòp..
shell. : Grennen. v tr. / N ap grennen mayi-a pou n al bay nan moulen.
shell (seashel). : Koki (kokiy). n. / Depi yo soufle koki lanbi-a, tout moun konnen kote pou y'al kanpe.
shelled. : Angren. attrib. / mwen gen mayi angren, m pral moulen'l pou'm fè labouyi.
shine. : Klere. v intr. / Ajantri-a klere tank li byen poli.
shine ; shined. : Sire. v tr/attrib. / Soulye-a tèlman byen sire, ou gen dwa wè figi-ou ladan'l.
shine, to polish. : Listre ; klere. v tr. / Li pa gen plakbòl pou li listre soulye-a.
shirt. : Chemiz (chimiz). n. / Mwen di ou fè chemiz-la pou'l ban m sou dèyè, ou-menm ou fè yon ti bout bagay ban mwen'
shirt, vest. : Blouzon. n. / Gen anpil van, tache blouzon-ou pou ou pa pran refwadisman-.
shit (defecate). : Chye. v intr. / Mèt-la fe yon sèl rele sou elèv-la, li chye sou li, li sal kanson-l.

shit!: Myann, mèd. interj [vulg].
shiver, shudder. : Frison. n. / Li gen yon sèl lafyèv frison sou-li, li tranble kou yon fèy bwa.
shock (emotional). : Sezisman ; emosyon. n. / Lè'l tande machin frape pitit li-a, li fè yon sèl sezisman, se remèd yo oblije ba li.
shocked, stunned. : Kè kase (kè sote). n phr. / Lòt jou m wè menaj-mwen ap bo yon lòt fi, kè-m kase nèt.
shocking. : Terib. attrib. / Fim-sa-a terib, papa, mwen pa janm wè yon fim ki efreyan konsa.
shoe.: soulye. n.
shoe polish. : Siray ; plakbòl. n. / Mwen bezwen netwaye soulye-m, mwen pa gen siray.
shoe tree. : Fòm. n. / Soulye-a twò piti pou mwen, mwen ap voye'l ba ou pase nan fòm pou mwen.
shoelace. : Lasèt. n. / Lasèt soulye-a pa lase, li kab fè ou tonbe etan ou ap mache.
shoemaker. : Kòdonnye n. / Kòdonnye-sa-a fè bon soulye.
shoes. : Soulye. n. / L ap pran mezi pye-i pou'l ka fè yon soulye pou li.
shoeshine boy. : Chanyn. n. / Rele chanyn-lan pou ba'l netwaye soulye nwa-a pou mwen paske :n pral soti kounye-a.
shoot. : Tire. v tr. / Maten-an mwen tande tire, sa k te genyen?
shoot. : Fizye (fiziye). v tr. / Li fizye zòtolan-an, li ba li yon bal nan fal.
shoot (a ball). : Choute. v tr. / Si ou te choute boul-la fa ou ta bay gal-la wi.
shoot (plant). : Jèm ; boujon. n. / Si ou plante manyòk-la pou jèm-li sòti deyò, li fè plis.
shop. : Boutik. n. / Boutik nan kafou-a vann tout bagay.
shop : Chop. n. / Pote soulye-a nan chap-la pou bas-la ka ranje'l.
shore. : Rivay. n. / Lanmè-a voye tout dechè-yo sou rivay-la.
short. : Kout. attrib. / Ou twò kout, men-ou pap kapab rive wotè-sa-a.
short (close-cropped). : Ra. adv. / Li taye cheve-i ra. Li kouche ra tè.
short breath. : Souf kout. prep phr/ Ou konnen ou gen souf kout ou pat dwe al fè lago deyò a.

short person. : Choukèt. n. / Se yon ti choukèt, lal sou tablo se jis anba pou'l ekri.
short visit. : Vizit doktè. n phr. / Ala vizit kout papa! Sa se vizit doktè!
shortage, lack. : Rate. n. / Ane pase te gen yon sèl rate dlo nan Pòtoprens, se mouri moun tap mouri.
shortchange. : Bay bouden. v phr. / Machann-lan ban m bouden, ti mamit-la pa bon.
shortcut. : Chemen koupe (chemen dekoupe). n phr. / Lè mwen prese mwen fè chemen koupe.
shorten, to shrink ; shortened, shrunken. : Ratresi. v tr/attrib. / Fè yon ti ratresi kòd bèf-la, ou mare'l twò long.
shorts. : Chòt. n. / mwen bezwen yon bèl ti chòt pou mete pou chalè-a paske m pap met pantalon menm.
shorts. : Bout pantalon. n phr. / Li gen kokoye nan pye,li pa ka met bout pantalon.
shot (injection). : Piki. n. / Li malad, chak maten li gen yon piki pou 'l pran.
shot (soccer). : Chout. n. / mwen bay balon-an yon sèl chout, li pase tèt kan-an lal tonbe byen lwen.
should (obligation). : Fèt pou ; dwe. v phr. / Lè ou ap fè manje ou fèt pou kouvri chodyè-a pou bèt ak pay pa tonbe ladan'l.
shoulder. : Zepòl (epol). n. / M renmen fanm ki gen zepòl kare.
shove. : Bourade ; pouse. v tr. / Si ou pa retire kò-ou la-a, m ap bourade ou.
shovel. : Pèl. n. / Al pran pèl-la pou wete enpe labou devan kay-la.
show (a film). : Pase. v tr. / Operatè-a koumanse pase fim-lan.
show (to point out). : Montre (moutre). v tr. / Msye te sere lajan anba kabann-li ; se Bouki ki montre mwen kote lajan-an te ye.
show off. : Fè banda ; Bay jòf ; Bay payèt ; Fè enteresan. v. phr. / Gade fè banda Ti Mari nan lari-a mezanmi! Pye tifi-a pa touche tè, non.
show up. : Prezante. v intr. / Menm jou-a li prezante lakay-mwen.
shower stall. : Basen. n. / Nan twalèt-la gen yon basen, yon watè ak yon lavabo.
shrimp, prawn. : Chèvrèt. n. / mwen pral achte kèk chèvrèt nan men pechè-yo la-a bò lanmè-a pou m kwit ak diri-m-lan.

shudder. : Fremi ; tranble. v intr. / Li fremi lè yo bare lap ouvè pòt moun-yo.
shuffle cards. : Bat kat. v phr. / Li fin bat kat-la apre l'ap file yo pou nou sa konmanse pati-a.
shun. : Pa gen bonjou avè. v phr. / Depi lè kont- la, madanm-lan pa gen bonjou ak misye-a.
shy, withdrawn. : timid ; pentad ; Fèmen. attrib. / Li toujou pentad lè 'l wè moun.
sick ; ill : Malad. attrib/nom. / Li malad ak lafyèv, li pa ka al nan jaden jodi-a.
sickening. : Rebitan. attrib. / Labouyi-a rebitan, mwen pa ka bwè'l anpil.
sickle. : sèpèt ; kouto digo. n. / Zèb-la twò rèd pou kouto digo-a.
sickly person. : Malswen. n. / Gade msye ki vie goumen ak mwen. Yon ti malswen tankou ou san fizik.
side. : Bò. n. / Lè yon bò fin kwit, ou vire lòt bò-a.
side. : Kote. n. / Vire pou m wè kote gòch wòb-la.
side (house, building). : Fasad. n. / Yon fasad kay-la poko pentire.
side, face (surface). : Fas ; bò. n. / Kòb-la gen de fas, youn se Tonton Nò, lòt-la se palmis.
side of, at the side of. : Arebo. prep./ Pa kanpe arebo lari-a.
sideburns. : Pafouten (fafouten). n. / Li renmen wè moun ki gen pafouten.
sidewalk. : twotwa ; Pewon. n / Mache anwo pewon pou machin pa frape ou.
sieve, colander. : Paswa. n. / Koule ,ji-a nan paswa.
sift, to sieve. : Pase. v tr. / L ap pase sik pou lal fè bonbon.
sigh. : Soupi. n. / Sa ou genyen ou fè gwo soupi-sa-a?
sign (one's name).: siyen.v. / granmoun-lan di fò'l aprann siyen non-l.
sign, gesture. : Siy. (sin). n. / Mwen pa bèbè, mwen pa konn pale an siy.
sign of the cross. : Onondipè ; Siydelakwa (sinakwa). n. / Lè yo rive devan Sent Iv, tout moun fè siydelakwa.
signal. : Siyale. v tr. / m'ap siyale fanm-lan pou'l ka vin jwenn mwen, men'l pa janm wè m.

signal. : Siyal. n. / Machin-lan vire nan kafou-a san fè siyal.
signature. : Siyati. n. / Misye gen yon bèl siyati.
silk. : Swa. n. / Sa se yon twal swa.
silly. : Nyè. attrib. / Ala gason nyè, papa, pou ti krik ti krak li griyen dan-li. nyès. n. : niece. : / Sè-m-lan gen de pitit fi, donk mwen gen de nyès, men mwen poko gen neve.
silver. : Ajan. n. / Tout bijou'i yo se ajan, li pa renmen lo.
silverware. : Ajantri. n. / Volè pase li ale a tout ajantri-mwen.
simple. : Senp. attrib. / Pwoblèm-lan se yon pwoblèm ki senp, se ou ki ap konplike'l.
sin. : Peche. n. / Moun ki ap viv nan peche se patizan Satan.
since. : Kòm. conj. / Kòm ou te di m ou ap vini, m rete tann ou.
since. : Pwiske (pliske, plske). conj. / Pwiske ou pa vle, mwen pa ka fè ou sa.
sincere. : Sensè. attrib. / Moun-sa-yo pa sensè, sa ki sòt nan bouch-yo se pa li ki nan kè-yo.
sincerely. : Sensèman. adv. / Mwen di ou sa sensèman, si ou konnen se bri ou ap vin fè la-a, ou pa bezwen antre.
sing. : Chante. v tr. / Nan koral-la se tifi-sa-a ki chante pi byen.
singer and song writer. : chantè ; chansonnyè ; sanba. n [urb]. / Nèg-sa-a se yon gran chansonnyè, li chante byen epi li gen bèl vwa.
sink. : Koule. v intr. / Bato-a koule nan fon lanmè-a, prèske tout moun mouri.
sink, washbowl. : Lavabo. n. / Nan twalèt-la gen yon basen,yon watè ak yon lavabo.
sinner. : Pechè. n. / Nou dwè rekonnèt ke nou se pechè, nou bezwen gras Bondye.
sip. : Gòje (gòjèt). n. / mwen swaf anpil, tè'm bwè yon gòje dlo.
siphon. : Konbèlann. n. / Konbèlann-lan twò kout, pwoche barik-ou-a.
sisal. : Pit. n. / mwen bezwen anpil pit pou'm fe yon gwo kòd pou bèf-sa-a.
sissy (effeminate male). : Makomè. n. / Gason makomè.
sister. : Sè. n. / Mwen gen de sè, yon frè. : :: Li se sè-m bò papa.
sister (nun). : Sè. n. / Sè-yo fè bon travay nan kominote-a.
sister-in-law. : Bèlsè (bèlsò). n. / Tou de frè-m-yo marye,

kounye-a m gen de bèlse.
sit. : Chita. v intr. / Depi maten li pran yon chèz li chita, li pa janm leve fè anyen.
situation. : Sitiyasyon (sityasyon). n. / Gen de fwa ou konn twouve ou nan yon sitiyasyon ou pa konn sa pou ou fè.
six. : Sis (si, siz). attrib. / Tibebe-a gen sis dan, twa anwo, twa anba.
sixteen. : Sèz. n/attrib. / Li te gen ven mango, li ban'm kat, li rete sèz.
sixteenth. : Sèzyèm. attrib/nom. / Si'l kenzyèm, ou-menm ou se sèzyèm pase ou vin apre'l.
sixth. : Sizyèm. attrib/nom. / Manman-m gen sèt pitit, mwen se sizyèm, se mwen ki anvan dènye.
sixth grade. : Sètifika. n. / Kounye-a lap fè sètifika, ane ki ap vini-an li prai nan segondè.
sixth grade. : Mwayen de. n phr. / Ane-sa-a li an mwayen de, li prai desann nan sètifika.
sixtieth. : Swasantyèm. attrib/nom. / Lè ou nan swasantyèm ane-ou, ou ap gentan genyen pitit-pitit.
sixty. : Swasant (swasann). n/attrib. / Li gen swasant an epi'l ap fè pitit toujou.
size. : Grandè. n. / Ki grandè teren ou ap vann-lan?
size. : Gwosè (gwosè) ; lajè. n. / Gade gwosè yon pwason m'ap ba ou pou kat goud.
skid. : Patinaj (patinay). n. / Li fè yon patinaj li tonbe.
skilled, competent. : Fere ; fò. attrib. / Tigason-an fere nan aritmetik, li fè nenpòt miltiplikasyon.
skin, leather. : Po . n. / Li gen po sèk, se toutan pou'l ap pase krèm sou li.
skin ulcer. : Chank. n. / Moun bò isi-yo gen lè pa viv nan pwopte vre, prèske tout moun ou rankontre gen chank.
skinny. : Mèg. attrib. / Msye pa manje, li mèg kou yon kaw.
skirt. : Jip. n. / Pi fò elèv nan lekòl piblik mete jip ak kòsaj.
skull. : Zo tèt (zo bwatèt, zo kokolo tèt). n phr. / Solèy-la chita nan zo kokolo tèt moun.
skull. : tèt. n. / Gade ki jan ti nonm-lan kite zo tèt-li nan solèy-la.

sky, heaven. : Syèl. n. / Li fè bon tan aswè-a, ou pa wè valè

zetwal ki nan syèl-la?
slack, loose. : Lach. attrib. / Kòd-la two lach ; mare'l pi sere.
slander. : Kout lang. n phr. / Li di tout moun m fè yon bann move bagay men se manti, tout sa se kout lang.
slanted eyes. : Je chire. n phr. / Chinwa-yo gen je chire.
slap. : Panzou. n. / Li ban'm yon panzou li pran lajan-an.
slap. : Kalòt ; souflèt. n. / Mèt! Men yon elèv ban'm yon kalòt.
slap. : Kalote ; Souflete ; Sabote ; Palavire ; Pataswèl. n./ m'ap flank ou yon sèl palavire. Yo pral kalote'l nan prizon-an.
slap in the face. : Pataswèl. n/ M'ta ba ou you sèl pataswèl.
slap, to hit. : Tape. v tr. / Msye se yon bon boksè, li tape di epi li rapid.
slate. : Adwaz. n. / Vye tonton-an rete nan yon vye kay ansyen ki kouvri ak adwaz.
slaughterhouse. : Palan. n. / Si ou achte vyann-lan nan palan-an, lap pi gwo.
slaughterhouse. : Labatwa. n/n loc. / Y ap mennen bèf-la labatwa pou yo sa tiye'l.
slave away. : Trimen, ; Redi. v intr. / Ala trimen malerèz-la trimen pou'l elve pitit li yo.
sleep. : Somèy (sonmey). n. / Mwen pa gen somèy menm senmenn-sa-a, chak swa m pase nwit blanch san dòml.
sleepless night. : Nwit blanch. n phr. / mwen pa gen somèy menm senmenn-sa-a, chak swa mwen pase nwit blanch san dòmi.
sleeve. : Manch. n. / Manch chemiz-ou twò long.
slice. : Tranch. n. / Ba'l yon tranch pen ak yon ti manba sou li.
slide (playground). : Glisad. n. / Timoun-lan monte sou glisad-la, li tonbe anba, li kase tèt-li.
slide, to slip. : Glise. v tr. / Timoun renmen glise desann tout pant.
slide, to slip. : Patinen. v tr. / Pitit-la patinen tout ko-l nan labou.
sliding door. : Pòtakoulis. n. / Sa-a se yon pòtakoulis, li fasil pou ouvè.
slightly. : Lejèman. adv. / Wob-la lejèman two laj pou ou.
slightly sweetened. : Brak. attrib. / Li pa bwè anyen brak, li renmen bagay dous anpil.
slim. : Mens. attrib. / mwen renmen fanm ki mens men m'pa renmen fanm ki mèg.

slim down. : Kase ; megri. v intr. / Pitit-la kase pou li grandi, men se pa malad li malad.
slimy, slippery. : Glise. attrib. / Lanbi se bagay ki glise tankou kalalou.
slingshot. : Fistibal. n. / Li touye ti zwazo-a ak yon fistibal.
slip (foot action). : Glisad. n. / Pye-l chape, li fè yon sèl glisad li rive anba mòn-nan sou dèyè-l.
slip (underwear). : Jipon. n. / Li pral mete yon jipon paske wòb-la twò klè.
slippers. : Pantouf. n. / Pran pantouf-mwen pou mwen pou'm met nan pye-m.
slobber, to drool. : Bave. v intr. / Gade jan chen-an ap bave,li gen lè pran kèk pwazon.
slope. : Pant. n. / Pran prekosyon, tande, lè ou ap desann pant-la.
slovenly. : Salòp. attrib. / Fi-sa-a twò salòp, rad-li toujou sal.
slowly. : Lant. adv. / Tout sa'l fè, li fè'l lant.
slowly but surely. : Piti piti. adv. / N ap boule piti piti.
slut, loose woman. : Vakabòn (vagabon). n [pej]. / Misye pa vle marye ak vakabòn-sa-a, li pral chache yon fi debyen.
sly, cunning. : Mètdam. attrib/nom. / Msye te bezwen renmen ak fi-a, li ba li kont manti. Msye se mètdam, fini li fini bon, li vire do-li.
smack (slap). : kalòt ; Tabòk. n. / L ale pou'l manyen tifi- a, li ba'l yon tabòk bò tèt.
small. : Piti ; ti. attrib. / Li twò piti, mwen pa kite 'l al lekòl pou kont-li.
small bite. : Ti zing. prep phr/ Ou ban'm ou ti zing nan manje-a, ou chich.
small, little. : Ti. attrib [preposed to noun]. / Sa-a se yon ti machin monchè.
smallpox. : Vèrèt. n. / Vèrèt se yon move maladi, lè ou genyen'l figi-ou rete make ak ti twou kote bouton te leve.
smash, to demolish, smashed, : Kraze. v tr/attrib./ Li kraze mouch-la ak men-l sou vit-la. kraze
smear. : Bade. v tr. / Ti pitit-la bade figi-li ak labouyi-a.
smear. : Badijonnen. v tr. / Li badijonnen figi-li ak poud.
smear. : Babouye. v tr. / Pitit-la babouye kò-l ap pede jwe tout lajounen nan labou.

smell. : Santi ; odè. V tr. / Santi sa-a pou wè jan'l gen bon sant.
smile. : Souri. v intr. / L ap souri ban mwen, gen lè manmzèl tonbe.
smock, lab coat. : Blouz. n. / Si li pa te gen blouz sou li,rad-li tap sal ak san.
smoke. : Fimen. v tr. / Tonton-an chita'l ap fimen nan yon kachimbo.
smoke. : Lafimen. n. / Lè ou wè lafimen, sa vle di gen yon bagay k ap boule.
smooth. : Lis. attrib. / Pase men-ou sou bra-li pou wè jan po-li lis, li pa gen yon ti bouton menm.
snack. : Goute. n. / Lè timoun sòt lekòl lèzapremidi, yo renmen jwenn yon ti goute k ap tann yo lakay-yo.
snack bar (restaurant). : Ba. n. / Chak maten anvan Jak al nan travay, li pase nan yon ba, li kore lestonmak-li.
snail. : Kalmason. n. / Nan sezon lapli ou kab jwenn anpil kalmason nan lakou-a.
snake. : Koulèv. n. / Kote ki gen rat pa janm gen koulèv.
snap. : Presyon. n. / Rad-la fin koud, se presyon sèlman'l rete pou'l met ladan'l.
snap at (answer rudely). : Beke. v tr. / Patwon-an konprann pou'l manke m dega, m bal yon sèl beke, se swa li revoke m osinon li respekte m.
snapper. : Sad. n. / Sad se yon pwason ki gen bon gou.
snatch. : Rape. v tr. / Ou pa fèt pou rape bagay nan men granmoun.
sneak away, to disappear. : Fonn ; disparèt. v intr. / Lè'l wè jandam-lan, li fonn ; pèsonn pa wè kote'l fè.
sneakers, tennis shoes. : Tenis. n. / Mwen pral achte yon pè tenis etranje pou met nan pye-m.
snore. : Wonfle. v intr. / Li anpeche lòt moun nan kay-la domi tèlman'l wonfle.
snot (mucus). : Larim. n. / Nen pitit-la plen larim, siye'l ak yon mouchwa.
snowcone. : Fresko. n. / mwen pral achte yon fresko pou'm apeze swaf-mwen.
snuffbox. : Tabatyè. n. / Gad si tabatyè-a gen tabak toujou ladan.

so (so much). : Sitan. adv. / Pòl sitan parese, li dòmi tout abiye.
so much, inasmuch as. : Tank (tan). adv. / Plant-yo mouri, tank lapli pa tonbe.
so much, so. : Tèlman ; si ; si tèlman. adv. / Msye tèlman malad yo oblije entène'l lopital.
so what (what do I care). : Ki mele-m. / Ki mele m sim pèdi dyòb-la, m a cheche yon lòt.
soak. : Tranpe. v tr. / Rad-yo ap tranpe nan dlo.
soak ; soaked. : Mouye tranp. v phr/attrib phr./ Lapli-a mouye'm tranp.
soap. : Savonnen. v tr. / Jan rad-sa-a sal-la, fòk ou savonnen'l anpil pou'l ka pwòp.
soap. : Savon. n. / Se savon ak dlo ki fè moun pwòp.
soccer. : Foutbòl. n. / mwen wè se yon gwo danje pou yo kite timoun jwe foutbòl nan lari.
soccer player. : Foutbolè (foukbolè). n. / Sèmenn-sa-a foutbolè-yo antrene serye.
social. : Sosyal. attrib. / Lontan depi yon tigason te ansent yon tifi, byennèt sosyal marye yo pa fòs.
society (association). : Sosyete. n. / bò lsit-la gen yon sosyete lougawou ki anpeche moun dòmi lannwit.
society (the public). : Sosyete ; lasosyete. n. / Lè ou gen yon moun bosal konsa ou pa mache nan sosyete avè'l.
socks. : Chosèt. n. / Si ou pa met chosèt ou pap met soulye nèf-la non paske m pa vle ou mete'l san chosèt.
sofa. : Kanape. n. / M'bay fè mèb pou met nan lasal-la,yon kanape ak de gwo chèz boure.
soft, tender. : Mou. attrib. / Kann zannanna se yon kann ki mou.
soil ; dirty and wrinkled. : Tòchonnen ; sal. v tr/attrib. / Pa tòchonnen rad ki sou ou-a, non..
soil, ground. : Tè. n. / Yo vle tchwe'l pou yon ti moso tè..
soirée. : Sware. n. / Samedi swa y'ap fè yon sware lakay-li, ou pa prale?
sojourn. : Ladesant (desant). n. / Wout-la long, m ta renmen fè ladesant kay Marya pou m fè yon ti poze.
solder. : Soude v tr. / Fè tiyo-a kase, mwen bezwen soude
soldier. : Solda. n. / Mwen pase bò palè-a, mwen wè solda-yo ap fè egzèsis.

sole (shoe). : Semèl. n. / Semèl soulye-m rache, mwen pral bay kòdonye-a kole'l pou mwen.
sole of foot. : Planpye. n. / Planpye-l bèl pase 'l pa janm met pye-l atè.
solid. : Solid. attrib. / Kay-sa-a solid, li poko prèt pou kraze.
solitary, removed. : Apa. attrib. / Yo rete yon ti kote apa, mwen renmen la.
somber (melancholy). : Sonm. attrib. / Sa Ti Mari genyen li sonm konsa-a, tout timoun ap jwe, li-menm li chita pou kont-li. Gen lè'l malad.
some. : Kèk. attrib. / Chat-la pa konnen si se kèk rat ki tap fè bri nan tou-a.
something for nothing. : Byen san swe. n phr. / Gen moun ki pap fè okenn jèfò, yo renmen byen san swe.
sometimes. : Pafwa. adv. / Pafwa si 'l pa gen kòb li di li pap soti.
son. : Pitit-gason. n. / Lamèsi ak Chal gen de pitit-gason ; youn rele Ti Pyè, lòt-la rele Masèl.
son-in-law. : Bofis (bofi). n. / M ta renmen pitit fi-ou-lamarye ak yon moun serye pou m ka gen bon bofis.
song. : Chante ; chan. n. / mwen pa konn chante-sa-a.
sore throat. : Mal gòj. n phr. / Depi ou wè gen pousyè nan lari-a konsa ou mèt konnen mwen pral gen mal gòj.
sore, wound. : Malad. n. / Malad-mwen-an geri.
sorrow. : Lapenn (lapèn) ; Chagren. n. / Li gen lapenn pase manman-l pati, men lè'l tounen lap kontan.
sorrow. : Chagren. n. / Dèpi lanmò Ti Djo, chagren ap touye Maryela.
sort out, screened. : Triye. v tr/attrib. / Triye tout bèl mango-yo mete sou kote pou mwen.
soul. : Nanm. n. / Kilès ki di ou chen pa gen nanm-lan?
sound. : Son. n. / Motè machin-lan gen yon vye son dwòl, li bezwen lwil.
sound (measure depth). : Sonde. v tr. / L ap sonde yo pou'l wè si yo bon.
sound (probe, pry). : Sonde. v tr. / Ou pa wè se sonde lap sonde ou pou'l ka konn sa ki ap pase lakay-ou?
soup. : Soup. n. / Premye janvye tout moun bwè soup.
sour. : Si. attrib. / Mango-sa-a twò si, mwen pa ka manje'l.

sour (milk) ; sour (milk). : Tounen. v intr/attrib. / Lèt-la tounen, m pap bwè'l.
soursop (fruit). : Kowosòl/ M ta bwè yon jl kowosòl.
south. : Sid. n. / Nan zòn sid-la, lapil pa tonbe menm ane-sa-a.
sovereign. : Souvren ; endepandan. attrib. / Pèp d Ayiti se pèp souvren, pa gen moun ki pou vini di yo anyen.
sow. : Simen. v tr. / Tè-a panko fin pare pou'm simen diri- a.
sow. : Fè semans. v phr. / mwen pral fè yon semans tonmat.
sow (pig). : Twi. n. / Se yon twi m bezwen ki pou ban m anpil ti kochon.
spade (cards). : Pik. n. / Avèk las pik li rete-a, msye gen dwa fè ladènyè.
Spanish. : Panyòl. n. / Li pale panyòl byen.
spare. : Menaje. v tr. / fò ou menaje madanm-sa-a, li te chode anpil nan lavi-a.
spare (spare part). : Rechany (rechanj). n. / Machin- lan pran pann kawotchou nan mòn-lan, se Bondye ki fè nou te gen kawotchou de rechany.
spark plug. : Bouji. n. / M gen pwoblèm,machin-mwen ap mache mal, sanble mwen gen bouji ki fini.
speak affectedly. : Pale pwenti. v phr. / Sa 'l genyen'l pale pwenti konsa, bouch-li gen lè sere.
speak melodiously. : Pale-chante. v intr. / Li pale-chante tankou moun Okap.
speak, to talk. : Pale. v tr. / mwen pale avè 'l, li pa reponn mwen.

speckled (chicken). : Zinga (zenga). attrib. / Msye gen yen pakèt poul zinga nan lakou-a.
speed. : Vitès. n. / Ak ki vitès yo pèmèt machin kouri nan Potoprens?.
speed. : Rapidite. n. / Pitit-sa-a gen anpil rapidite, kou ou voye'l, li tounen.
speed up ; accelerated. : Akselere. v tr/attrib. / Lè msye wè yo prèt pou pran li, li akselere.
speeding, high speed. : Vitès. n. / Ou kondi twò vit, vitès se lakoz anpil aksidan.
speller. : Abese. n. / Bouki sitèlman dezòd li chire abese-a.
spelling error : Fot. n. / Li pran yon dikte ki gen di liy, li fè ven fot

ladan.
spendthrift. : Gaspiyè. n. / Gaspiyè pa janm gen ekonomi, yo toujou razè.
spider. : Ariyen (arenyen, zariyen, zarenyen). n. / mwen renmen wè lè ariyen ap kouri sou fil-li.
spike heels. : Talon kitkit. n phr. / Ti Mari parèt wo ak talon kitkit li gen nan pye'l yo.
spin (cotton). : File. v tr. / mwen vle aprann file koton.
spinach. : Zepina. n. / Tè-sa-a pa ka fè zepina..
spine. : Rèl do. n phr. / Yo koupe'l yon kout fwèt nan rèl do.
spit. : Krache. v intr. / Depi'l ansent-la se toutan'l ap krache.
spit (spittle). : Krache. n. / Poukisa ou pa jete krache ki nan bouch-ou-a?
spite of. : Atout ; malgre. conj. / Yo antre nan bwa-a atout fè nwa-a, y'ap mache.
split. : Fann. v tr. / Li fann kokoye-a ak yon sèl koutmanchèt.
split (leave). : Bat zèl. v phr. / Di misye bat zèl-li pou mwen pran plas-li.
sponger, moocher. : Reskiyè. n. / Reskiyè-a ap vini kanmèn, ou mèt kite rès manje-a pou li.
spool. : Bobin. n. / Li voye bobin-yo jete, yo pa gen fil.
spoon. : Kiyè. n. / Kiyè-a tonbe nan sos pwa-a.
spot. : Tach. n. / Ti pitit-la gen tach wouj sou tout ko-l, doktè-a di li gen lawoujòl.
sprain. : Antòs (antòch). n. / Li fè yon antòs, y'al chache yon moun pou di rezon sou li.
sprain ; sprained. : Foule. v tr/attrib. / Li fè yon fo pa, li foule pye-l.
spray gun (for insecticide). : Flit. n. / Gen twòp marengwen nan kay-la, mwen pral achte yon flit pou menyè flite yo.
spread out ; spread out. : Tann ; blayi. v tr/attrib. / Marya, eske ou tann rad m'te ba ou tann-yo?.
spread out ; spread out,sprawled. : Blayi. v tr/attrib. / Lè ou fin fwote rad blan ou dwe blayi li.
spring (elastic device). : Resò. n. / Kabann-lan gen yon resò ki kase.
spring (of water). : Sous ; tèt dlo. n. / Se nan sous bò anba-a nou pran dlo.

sprinkle (powder, sugar, etc) ; sprinkled (with powder, sugar, etc). : Soupoudre. v tr/attrib. / Soupoudre gato-a ak yon ti sik blan.
sprinkle (rain). : Wouze ; farinen. n. / Lapli-a pa tonbe fo' jodi-a, se yon ti wouze'l fè.
sprinkle, to water. : Awoze ; wouze. v tr. / Ti Mari awoze rad-yo anvan li pase yo.
sprinkling can, hose. : Awozwa. n./ Madanm, awozwa lakou-a koule.
spur (of cock, etc). : Zepon. n. / kòk gagè gen zepon file.
square. : Kare. n/attrib. / Teren-an kare, li gen menm longè toupatou.
square (true), plumb. : Alekè. attrib. / mwen pa bezwen enstriman pou'm wè ke mi-an pa alekè.
square up. : Kare. v tr. / Lè ou fin siye bwa-a, ou kare kwen yo pou'l sa byen aliyen.
squeeze ; squeezed. : Kwense. v tr/attrib. / Yo kwense'l nan yon kwen pou yo ka bat li.
squeeze (fruit). : Prije. v tr. / Al prije chadèk-la pou fè ji-a.
squeeze (to extract juice). : Pire. v tr. / L ap pire sitron pou 'l fè sitwonad.
squid. : Chat-wouj. n. / Lal nan lanmè yè, li kenbe yon gwo chat- wouj.
squint ; squinted. : Pich-pich. v tr/attrib./ Je-l pich-pich, li tankou moun ki gen malozye.
stab. : Ponyade. v tr. / Li gentan ponyade volè-a pou volè-a pa touye 'l.
stage (theater). : Sèn. n. / Atansyon pou ou pa fè tenten lè ou monte sou sèn-lan, pase ou gen twòp moun ki ap vin asiste.
stain. : Tach . n. / Fanm-sa-a anraje, li vin legliz-la ak yon wòb ki plen tach sou li.
stain ; stained. : Tache. v tr/attrib. / Dlo mango tache bèl rad-ou-a.
stake (bet). : Miz. n. / Pokè-a ouvè lontan, konbyen miz-la?
stake (gambling). : Mize ; parye. v tr. / Pa mize tout lajan-sa-a, li gen yon pè las.
stall. : Kale. v intr. / Machin-lan ap kale nan mòn-lan,motè-a pa gen fòs.

stamina, endurance. : Rezistans. n. / Ala madanm gen rezistans papa, malgre tout mizè'l pase li toujou ret fèm.
stamp (authorize) ; stamped (authorized). : Sele. v tr/attrib. / Si yo pa sele lèt-la, yo pap aksepte'l pase san so-a li pa vle di anyen.

stamp (postage). : Tenm (tenb). n. / Si ou ap fè yon rive lapòs-la, men lajan pou achte yon pake tenm pou mwen.
stamped. : Tenbre. attrib./ Jij-la voye yon lèt bay msye sou papye tenbre. see: papye tenbre
stand (something) up. : Kanpe. v tr. / Gen yon poto atè-a, kanpe'l pou mwen.
stand on one's hands. : Plake. v intr. / Tifi-a plake, ou wè tout kilòt-li.
stand still. : Kanpe. v intr. / Lè jandanm soufle,se pou ou kanpe.
stand up on tiptoe. : Wose. v tr. / Li kwoke chapo-a tèlman wo, se wose pou ou wose pou ou ka pran'l.
star. : Zetwal. n. / Syèl-la bèl, li chaje a zetwal.
starch. : Lanmidon (lamidon). n. / Mete lanmidon nan rad-la anvan ou pase'l pou'l ka rèd.
starch ; starched. : Anmidonnen (midonnen). v tr/attrib. / Depi ou wè Lizamèn ap anmidonnen rad-yo, konnen li pral pase.
starchy vegetables. : Viv. n. / Jodi-a nou pap manje viv, pat gen ni patat ni bannann nan mache-a.
stare (at). : Fikse (fiske). v tr. / Lè ou bezwen wè si yon moun ap bay manti, ou fikse'l nan je.
stare disdainfully. : Twaze. v tr. / Gade fanm-lan twaze msye, aha, msye pap bon.
start (jump). : Sote. V intr. / Pa fè bri sou pitit- la, ou a fè kè-l sote.
start a fire. : limen dife. v phr. / Sanble dife- a pandan m'ap netwaye vyann-lan.
start with. : Anpatan. adv./ Anpatan, te gen yon kontra-diksyon ant Rigo, Vilat, Bovè kont Tousen, Desalin, Moyiz.
startled. : Sezi. attrib. / Lè'l tande bri-a, li sezi.
stay, to spend (time). : Fè () ; pase. v tr. / mwen ap vin fè jounen-an avè ou.
steadily. : tengfas. prep phr. / Ti pitit-la plede kriye tengfas tout jounen-an.

steak. : Griyad. n. / Griyad koute chè paske se youn nan pi bon pati nan bèf-la.
steal. : Vòlè. v tr. / Lè ou pran yon bagay san ou pa mande mèt-li se volè ou vòlè'l.
stealthily. : Anchatpent. adv. / Depi mwen wè misye ap vini anchatpent-la mwen konnen se yon bagay li fè.
steel wool. : Paydefè. n. / Jodi-a m'ap achte paydefè ba ou pou foubi tout batri kwizin-yo.
steep. : Apik. attrib. / Mòn-nan tèlman apik, lè ou rive anlè'l ou gade anba, li fè tèt-ou vire.
steer. : Bèf. n. / Pa pase pre bèf-la non, li ka ba ou kou ak kòn li yo.
steering wheel. : Volan. n. / Lè ou vire volan machin-lan adwat, wou machin-lan vire adwat tou.
stem (of fruit). : Bòk. n. / Wete bòk zaboka-yo anvan ou mete yo toufe.
stem (of plantains, of bananas). : Rejim. n. / Chak senmen m'achte yon rejim bannann met nan kay-la.
step. : Pa. n. / Li tèlman fèb, chak pa'l fè'l tonbe.
step (of a stairway). : Mach. n. / M'pa gen dwa monte eskalye-sa-a ; li gen twòp mach monchè.
step on. : Pile ; pilonnen. v tr. / Li pile m, li pa di'm padon.
stepdaughter. : Bèlfi. n. / M gen de gwo bèlfi, mari-m te fè de pitit fi anvan nou te marye.
stepfather. : Bòpè. n. / Bòpè pa papa, bofis pa pitit.
stepmother. : Bèlmè. n. / Se pa fasil pou nou jwenn bèlmè yon timoun byen viv avè'l.
stepson. : Bofis (bofi). n. / Se mari-m ki gen yon gason, mwen, m pa genyen, men m ka di se yon bon bofis.
sternum. : Biskèt. n. / Li pran yon kou nan biskèt.see: kè sou biskèt.
sternum : Zo biskèt. n.
stethoscope. : Sonn (sond). n. / Doktè-a voye chache sonn- li pou'l sonde malad-la.
stevedore. : Bèf chenn. n phr. / Kote bèf chenn-lan? Vin chaje kamyon-an non!.
stew. : Ragou. n. / Jodi samdi m'ap fè yon ragou pye bèf.
stick. : Baton. n. / Tigason, al achte de baton lakre pou mwen.

see: bay baton.
stick (glue) ; stuck (glued). : Kole. v tr/attrib. /Pikan kouzen renmen kole nan pye kanson moun.
stiff neck. : Zekourèl. n. / Jan ou pote kou-ou yon bo-a, ou gen lè gen zekourèl.
still (n). : Alanbik. n. / Kleren-an santi bon, li fèk sòt nan alanbik.
sting. : Bobo. v tr. / Men gwosè figi-l, yon gèp bobo'l yè.
sting, to stab. : Pike. v tr. / Pandan lap koud konsa egwi-a pike 'l nan dwèt.
stingy. : Chich ; Kras ; Peng ; peng ; ava. attrib. / Nanpwen nèg chich konsa se nèg-sa-a, ou mèt grangou kote l-la, lap manje, li pa ba ou ti moso.
stir. : Brase. v. tr. / Li pran kiyè-a enpi li tonbe brase labouyi-a.
stockings. : Ba. n. / Bouki fèk achte yon pè ba, yo gentan dechire. see: ba chosèt.
stomach. : Lestomak (lestonmak). n. / M santi m anvi vomi,lestonmak-mwen chaje.
stomachache. : Vant fè mal. n phr. / Ak metsin-sa-a, vant fè mal-la ap pase..
stone. : Kalonnen (kalonen). v tr. / Yo kalonnen pye mango-a ak wòch pou yo keyi mango.
stone, pebble. : Galèt ; wòch. n. / Plen bèl galèt nan Rivyè Fwad.
stool. : Bankèt. n. / Kite granmoun-lan chita sou chèz-la, ou-menm ou se timoun, pran bankèt-la.
stoop (porch). : Pewon. n. / Annou ale pran van sou pewon-an.
stop. : Rete . v intr. / Li pase la-a tout vole, li pa rete.
stop up, to cork. : Bouche. v tr. / Papa-m al debouche yon tou pou'l bouche yon lat.
store. : Magazen. n. / Nan ki magazen ou achte asyèt-sa-yo?
storm. : Tanpèt. n. / Tanpèt-la fè anpil dega Jakmèl ; kay kraze, inondasyon, anpil dega.
storm (rage, fume). : Tanpete. v intr. / Sispann tanpete nan kay-la konsa, monchè, ou pa fèt pou ou ap babye konsa.
story, tale. : Istwa ; kont ; blag ; odyans. n. / Chak swa, lal bay istwa kay Antwàn.
storyteller. : Tirèdkont (tirè). n. / Bèl tirè bèl mantè.
straight ahead. : Toudwat. adv. / Lè ou rive nan kwen-an, vire

agoch epi kontinye toudwat ale nèt.
straight pin. : Zepeng ti tèt. n phr. / L achte yon chemiz li bliye retire zepeng ti tèt ki ladan l-yo, zepeng-la pike'l.
straight skirt. : Antrav. n./ Fi-a te gen yon antrav sou li, li pat ka kouri.
straightforwardly, openly. : Karebare. adv. / Ou pa bezwen pè, ou mèt pran'l karebare.
straightforwardly, openly. : Kareman. adv. / Ou mèt rantre kareman al cheche zafè-ou, pa gen moun ki pou di ou anyen.
strain (filter, sift). : Koule. v tr. / Lè ou fin moulen pwa-a, koule'l epi pran sos-la, jete ma-a.
strain (variety). : Ras. n. / Fonmi nwè-sa-yo, se move ras bèt.
strangle ; strangled. : Trangle. v tr/attrib. / Manje ou pi renmen-an, se li k ap trangle ou (pwovèb).
strap hinge. : Panti. n. / Panti pòt-la kase.
stratagem. : Mannigèt. n. / mwen prai fè yon mannigèt pou msye ka jwenn dyòb-la.
straw, chaff. : Pay. n. / Van-an voye yon pakèt bann pay anndan kay-la.
straw hat. : Panama. n. / Lontan si ou pat gen chapo panama, ou pat alamòd.
straw house. : Choukoun. n / Li bati you choukoun pou menaj li.
straw house (shelter). : Choukounèt ; tonnèl. n. / Nan gwo lakou sa ou genyen-an, ou mèt konstrui yon choukounèt.
straw mat. : Atèmiyò ; nat. n./ Lè yon moun domi sou atèmiyò li fè tout ko-ou fè ou mal.
straw saddlebags. : Sakpay. n. / Bourik-la fin sele, se sakpay sèiman m poko met sou li.
straw tick. : Payas. n. / Granmoun lontan renmen kouche sou payas lè yo malad.
street (location). : Ri. n. / Se nan ri-sa-a li rete.
street (road). : Lari ; ri. n. / Anvan ou travèse lari, gade byen si machin pap vini.
streetwalking, prostitution. : Vakabonday. n. / Jizèl fin tonbe nan vakabonday, lal jwenn nenpòt ki gason ki rele'l nan lari.
strength. : Manm. n. / Li pa gen manm pou travay-sa-a.
strength. : Fòs ; kouray. n. / Ou pa wè jan'l gen fòs, li pa manje pou granmesi.

strength (moral), courage. : Kouray. n. / Nanpwen madanm gen kouray konsa, malgre tout mizè li pase li toujou rete fèm.
strength (physical). : Fòskouray. n. / Li bay vòlè-a yon souflèt ak tout fòskouray-li.
strength (physical). : Kouray. / Li pa gen kouray pou'l leve chay-sa-a.
strenuously. : Rèd. adv. / Doktè di'l fò'l pa bwè kleren, li bwè'l pi rèd.
stretch ; stretched. : Tire. v tr/attrib. / Msye gen lo fèk leve, gad jan lap tire ko-li.
strike (on strike). : Grèv. n. / Travayè-yo amose yon grèv men sa pa mache.
strike in all directions with a club. : Voye chaplèt. v phr. / Lapolis ap voye chaplèt sou bann moun yo.
string. : Fisèl. n. / Pran yon fisèl mare bwat-la pou'l ka pa ouvè.
strip (the threads of a screw) ; stripped (threads of a screw). : Fware. v tr/attrib. / Vis-la paka mode, li gen lè fware.
stripe (military). : Galon. n. / Jandam-lan fè sèvis- li byen, yo ba'l yon galon.
stroke. : kriz kè.
stroke (brought on by anger). : Kout san. n phr. / Lòt jou madanm-sa-a fè yon kout san, li manke mouri.
stroke (swimming). : Bras (bwas). n. / Li pa ka naje ale lwen,apre de twa bras li fatige.
stroll. : Balade ; flannen ; pwomennen. v intr. / Ase balade non, tigason, pye-ou a fè ou mal.
strong (alcoholic). : Pike . attrib. / Bweson-an twò pike, li pap ka bwè 'l.
strong (powerful).: Fò. attrib. / Lapli-a twò fò, pa sòti anba'l.
struggle. : Bat ; debat ; lite. v intr. / Granmoun-sa-a ap bat ak lavi-a, gade laj-li, l'ap pote yon bak sou tèt-li.
struggle (to make ends meet). : Titile. v intr. / A! a', ou konn n pa gen travay, n ap titile.
stubborn. : Tèt di ; volontè. attrib. / M di'l non dis fwa, li fè'l kanmenm, ala tifi volontè papa!
stubborn. : Rèd . attrib. / Ou tèlman rèd, se sa ki fè toutan y'ap bat ou-a wi.
stubbornness. : Tèt di. n phr. / Ki jan ou fè gen tèt di konsa, ou

refize koute.
stucco. : Masonn. n. / mwen ta renmen konnen ki bòs ki fè travay-sa-a ; masonn ap dekole bout pa bout.
stucco. : Bouziye. v tr. / Yo fin monte blok nan kay-la lontan, yo rete pou bouziye li sèlman.
study. : etidye. v phr. / Si yon nonm bezwen pase retorik, fò ou bat bèt nwit kon jou.
stuff ; stuffed. : Boure. v tr/attrib. / Li boure matla-a ak koton.
stuff (with food) ; stuffed (from eating). : Kore. v tr/attrib. / Li byen kore maten-an, li manje yon pakèt bon bagay. travay, li pase nan yon ba, li kore lestonmak-li.
stumble. : Kase pye. v phr. / M'fèk kase pye-m nan kanivo-a, se move sly, siman'm pap jwenn travay-la.
stumble. : Bite ; kilbite. v intr. / Pannan Tifrè ap kouri li bite senk fwa, li pa tonbe.
stumble, to tumble. : Kilbite. v intr. / Li frape pye-l nan yon rasin, li kilbite.
stump (arm, leg, etc). : Bout. n. / Li gen yon bout bra.
stump (tree, etc). : Chouk. n. / Lè ou ap koupe pyebwa-yo, kite chouk wi pou yo ka repouse.
stun, to daze ; stunned, dazed. : Toudi. v tr/attrib. / Msye pran yon sèl kout pwen dèyè tèt ki toudi'l, epi yo pran tout kòb ki sou li.
stunt (one's growth) ; stunted (growth). : Siprime. v tr/attrib. / Pa manje zoranj-sa-a, li twò si, la siprime ou.
stunted. : Rabi. attrib. / Gade wotè yon timoun diz an, li rabi?
stupefy, to muddle ; stupefied, muddled. : Gaga ; desounen. v tr/attrib. / Kleren fin gaga l ; li pa sonje wout lakay-li.
stupid. : Sòt. attrib/nom. / Si ou pa vle aprann li, ou ap ret sòt.
stupid remark. : Rans. n. / Lè moun serye, se lè-a li wè pou'l di yon rans.
stutter. : Bege. v intr. / Pitit-la sitèlman bege li pran menm senk minit pou'l di yon sèl mo.
style. : Stil. n. / Kounye-a ou pa fè stil ak cheve-ou ankò, se tiyas ki alamòd.
subdue. : Mate. v tr. / Pitit pa pale a papa-yo konsa ;fòk nou mate msye, si se pa sa, msye ap yon ti bandi.
subpoena, summons. : Asiyasyon. n. / Depi yo voye asiyasyon

bay yon moun, konnen li annafè.
subpoena, to summon. : Asiyen. v tr./ Yo asiyen misye poutèt li bat pitit fi moun-yo.
subscribe : Abone. v.
subscription, standing order. : Abònman. n. / M ap sispann abònman-an, lèt-la pa bon.
subtraction. : Soustraksyon. n. / Ou ap fè preparatwa de epi ti soustraksyon-sa-a ou pa ka fè!
success. : Siksè. n. / Fi-sa-a pa manke gen siksè, tout moun dèyè'l.
successful. : Bon. attrib. / Yo bay rezilta egzamen-an, Tifrè bon.
such a (a certain). : Tèl. attrib. / Lè ou di m se tèl moun ki fè'l epi se manti ou ap fè, yon malere pèdi dyòb-li pou granmesi.
suck. : Tòtòt (fè tòtòt). v tr. / Ti bèf-la ap tòtòt manman-l.
suck. : Souse. v tr. / Pa vale grenn-lan, souse'l pito.
sucking. : Sousèt. n. / Granmoun-sa-a pa gen dan, se sousèt li fè ak mango.
suddenly. : Briskeman. adv. / Pal te chita ap manje, briskeman li rete enpi se lanmo.
suffer. : Soufri ; Pase mizè (pase traka, pase mati). v phr ; Pase traka. / Depi 'l fèt lap pase mizè.
suffering. : Soufrans. n. / Se pa nan ti soufrans li ye avèk pye ki kase-a.
suffering, problem. : Tray. n. / Se paske fi-a wè m pap travay ki fè lap fè m pase tout tray-sa-yo..
suffocate ; suffocated. : Toufe. v tr/attrib. / Msye pran poul-la nan kou epi'l toufe'l, kwik!
suffocate, to choke. : Sivoke. v tr. / Li sivoke tank li bwè dlo-a vit.
sugar. : Sik. n. / Ou met twòp sik nan kafe-a, li twò dous. sik blan, sik wouj
sugar cane. : Kann. n. / Chak ane gen Ayisyen k'al koupe kann asko.
sugarcane pulp. : Bagas. n. / Pase bagas-yo nan moulen ankò pou wè si yo pa gen rès ji ladan yo.
suit coat, suit jacket. : Vès ; Kostim ; Rechany ; palto ; levit. n. / Nèg-la abiye fen jodi-a, li mete yon pantalon nèf, yon chemiz nèf ak yon bèl vès.

suitcase. : malet ; valiz. n. / Li gen yon valiz plen.
suitor, sweetheart. : Filè. n. / Kòmè-a tèlman anfòm, li plen filè.

summon (before a court). : Site ; konvoke. v tr [urb]. / Gwosè vol-sa-a pou yo pa ta site'l an jistis!
summons (legal). : Papye tenbre. n phr. / Si ou pa peye mwen nan kenz jou m'ap voye papye tenbre ba ou.
sun. : Solèy (solèy). n. / Solèy-la twò cho, pa sòt ladan'l tèt touni.
superior. : Siperyè. attrib. / Twal-sa-a, se yon twal ki siperyè anpil, ou pa ka fè nenpòt modèl avè'l.
supermarket. : Makèt. n. / mwen vie achte pen nan makèt bò isi-a.
supervisor. : Sipèvizè (sipè). n. / Sipèvizè-sa-a pa ba ou tan pou chita.
supervisor : Sipèvizè. n.
supper (evening meal). : soupe ; Manje aswè. n phr. / Chokola ak pen? Non, mèsi, bagay-sa-yo se manje aswè. Gwo midi-sa-a!

supple. : Soup. attrib. / Mwen renmen pase men-m sou ti pitit-sa-a, li gen po soup.
supple, flexible. : Lyann. attrib. / Ren-l lyann, li vire'l jan'l vie.
supplies. : Founiti. n. / Achte founiti-yo, mwen a koud wòb-la san kòb pou ou.
support. : Sipò. n. / Ou bay mi-an yon sipò pou'l pa tonbe.
support (financially). : Soutni. v tr. / Lè'm pat nan travay se li ki te konn soutni m. Kounye-a li nan pwoblèm, se pou'm fè sa'm kapab pou li.
support (to back). : Apiye. v tr. / Tout moun nan peyi-a te apiye mouvman-an.
support (to hold up), to reinforce. : Soutni. v tr. / Li tèlman fèb, yo bezwen soutni'l pou'l ka mache.
suppose. : Sipoze. v tr. / Depi ou fè devwa-ou byen, mwen sipoze y'ap ba ou bon not.
supposed to. : Sipoze. V aux. / Ou pa sipoze mete rad fen-sa-a ak fredi-a.
supposedly. : Swadizan. adv. / Li swadizan di li lekòl, men se pa anyen lap aprann.

supposition. : Sipozisyon. n. / Mwen pa konn si sa'm di-a se vre non, se yon sipozisyon m'fè.
sure (certain). : Si. attrib. / Ou si sa ou di m-lan se vre?
surely. : Siman. adv. / Siman sa'l di ou-la se sa.
surgeon. : Chirijyen. n. / Doktè-sa-a se yon bon chirijyen se li ki te opere manman-mwen.
surgical ward. : Chiriji. n. / Si y'ap fè'l operasyon se nan chiriji pou ou al avè'l.
surly, cynical. : Tchak ; akaryat. n. / Nèg-sa-a, moun pa ka pale avè'l, li twò tchak.
surname (family name). : Siyati. n. / Yo rele'l Orelis, men siyati-l se Palankè.
surpass. : depase. v tr.
surprise. : Siprann. v tr. / Mwen pat atann si'l tap vini, se siprann li siprann mwen.
surround. : Antoure. v tr. / Li antoure jaden-an avèk pyebwa.
survey. : Apante. v tr. / Apantè-a chache chenn-li pou 'l apante tè-a.
surveying. : Apantay (apantaj). n. / Gouvènman-an mande pou fè yon kadas pou zòn-nan apre apantay-la.
surveyor. : Apantè. n. / Jodi-a gen yon reyinyon pou tout apantè nan peyi-a.
suspect. : Sispèk. v tr. / Mwen sispèk gen lè se li ki pran lajan-an.
suspenders. : Bretèl. n. / Ti Djo gen yon bèl pantalon ak bretèl kwaze nan do.
suspicious, guilty-looking. : Sispèk. attrib. / Volè toujou sispèk.
suspicious relationships. : Akwentans ; frekantasyon. n. / Depi kèk tan Ti Mari gen yon kalite akwentans mwen pa renmen ditou.
swallow. : Vale. v tr. / Mwen pa kapab vale sa-a, la kole nan goj-mwen pase li twò gwo.
swamp. : Marekay. n. / mwen ta plante bon diri nan marekay-sa-a.
swap. : Twoke. v tr. / Annou twoke chapo, non!
swap. : Boukantay. n. / Li di li pap fè boukantay.
swap. : Boukante. v tr. / Li boukante ti bèf-la pou yon milèt.
swear (assert under oath). : Sèmante. v intr. / Ou pa bezwen semante, mwen kwè ou.

swear (vow) ; sworn. : Jire. v intr/attrib. / Se Bwa Kayiman esklav mawon-yo te jire pou yo batay pou endepandans-yo.
sweat, perspiration. : Sue (swe). n. / Poukisa ou pa siye figi-ou ki plen sue-a?
sweat, to perspire. : Sue (swe). v intr. / Ou mache twòp nan solèy-la, se sa ki fè ou sue konsa-a wi.
sweater. : Swètè. n. / Fè frèt, mwen bezwen yon swètè pou'm met sou mwen.
sweep. : Bale. v tr. / Pa bale kay-la sèlman, bale devan pòt-la tou.
sweet potato. : Patat. n. / Kounye-a gen patat, m'ap fè patat a lèt souvan.
sweeten. : sikre, dous / Adousi akasan-an souple pou'm ka bwè li.
sweeten ; sweetened. : Sikre. v tr/attrib. / Sikre labouyi-a anvan ou desann li sou dife-a.
sweeten lightly. : Brake. v tr. / Brake te-a sèlman,pa fè'l twò dous.
sweetheart. : Kòkòt (koukout) ; chou ; cheri. n. / Vini ti kòkòt-mwen, vini m fè yon ti bo pou ou.
sweetheart. : Choupèt ; chou. n. / Vin jwenn papa-ou non choupèt.
swell ; swollen. : Anfle. v intr/attrib. / Gèp-la bobo Ti Jak, figi-l anfle men wotè.
swelling, inflammation.: anflamasyon (enflamasyon). n. : / Jan'm wè anflamasyon-an, pito nou fè chemen doktè.
swim. : Naje. v intr. / M'pral nan lanmè maten-an, m'pral naje.
swimmer. : Najè ; dayiva. n. / Nou pral nan lanmè, se sa! Eske se bon najè nou ye?
swimming. : Alanaj. adv./ Nou pral nan lanmè maten-an e m ap montre ou mwen ka fè yon kilomèt alanaj.
swimming pool. : Pisin. n. / Timoun-yo al benyen nan pisin-lan.
swimsuit, bathing suit. : Kostimdeben ; chotdeben ; mayo de ben. n. / Li pa ka al nan lanmè, li pa gen kostimdeben.
swing (on a swing). : Fè balansin ; balanse. v intr. / Kòd-sa-apa fò, piga ou fè balansin avè'l.
Syrian. : Siryen ; Arab. n. / Tout gwo magazen nan Pòtoprens se pou Siryen.

syringe. : Sereng. n. / L ap bouyi sereng-lan anvan'l ba ou piki avè'l.
syrup. : Siwo. n. / Akasan-m-lan pa dous, ban'm enpe siwo pou'm met ladan.
syrupy. : Siwolin. attrib/nom. / Ji-a se yon siwolin tèlman'l dous.
system. : Sistèm. n. / Msye etabli yon bon sistèm pou travay- la, fò ou siyen non-ou kou ou rive.

T

table. : Tab. n. / Konpè Chat manje tout manje ki sou tab-la.
tablecloth. : Nap. n. / Nap ki sou tab-la merite chanje, li twò sal.
tack (for shoes). : Klou gagit. n. / M bezwen kèk klou gagit pou-m kloure semèl soulyè-a.
tadpole. : Tèta. n. / Pisin-lan gen twò lontan li pa lave, li chaje ak tèta.
tail. : Ke (tche). n. / Ti rat pa janm fèt san ke.
tail (follow closely). : Talonnen. v tr. / Mwen talonnen msye vre, kote'l fè m'fè dèyè'l.
tailor. : Tayè. n. / Tayè-sa-a gen yon bon kout sizo.
take. : Pran . v tr. / Li pran kat-yo pòt ale.
take (photographs). : Tire. v tr. / Se msye ki te tire foto maryaj pou mwen.
take (time). : pran ; mete. v tr. / Konben tan ou mete pou al lakay-ou?
take a nap, to doze. : Kabicha. v intr. / Tout jounen granmoun-lan ap kabicha sou dodin-lan epi lap plenyen li pa kapab dòmi lannwit.
take action. : Pa chita sou sa. v phr. / Li pwomèt li pou 'l touye 'l, li di li pap chita sou sa.
take after (temperament). : Pran bò kote. v phr. / Tigason-an pran bò kote papa-li.
take an exam. : Konpoze. v intr. / Li pral konpoze pou dizyèm.
take care of ; cared for. : Okipe. v tr/attrib. :Okipe. v tr. : / Manman-l ak papa-l mouri, se yon matant-li ki okipe 'l.
take cover. : Pare . v tr. / Yo pare lapli-a sou yon galri.
take in (deceive). : Woule. v tr. / Nèg-la pap ba ou kras dyòb, se woule lap woule ou.
take it easy. : Pran san. v phr. / Tout sa ou ap fè se pou pran san-ou ladan.

take it out on. : Pase raj sou. v phr. / L ap pase raj sou mwen.
take on (accept). : Andose. v tr. / mwen pap andose okenn reskonsablite pou moun mwen pa konnen.
take pity on. : Fè pa. v phr. / Ou mèt fè pa'l, se pa fòt-li.
take sides, to choose sides. : Fè kan. v phr. / Yo fè kan scu do-m pou yo pale'm mal pase y'ap fè jalouzi.
take sides with. : Mete avèk. v phr. / Nan diskisyon-sa-a, mwen ap mete m'ak msye paske sa'l di-a gen sans.
take, to lead. : Mennen. v tr. / Tout moun nèt sezi, yo wè yo mennen pastè-a nan prizon.
tale, story. : Kont n. / Aswè-a m ta renmen tande kèk bèl ti kont chante.
talk back. : Replike. v intr. / m'ap flank ou yon sèl palavire, mwen fè ou sispann replike ak granmoun.
talk nonsense. : Radote ; ranse ; deraye. v intr. / Pa okipe'l, se radote'l ap vin radote la-a.
talker. : Frazè. n. / Ala moun frazè, depi ou wè'l fò'l fè ou ri.
talker. : Kozè. n. / Sentilma se gran kozè, tout tan nou tap mache-a li manyè kenbe nou ak bèl ti koze-l-yo.
tall. : Wo.(ho). attrib. / Manman-l wo, papa-l wo, lap wo tou..
tallow. : Swif (swif). n. / Gen moun ki fè manje ak swif lè yo pa gen kòb pou yo achte lwil.
tamarind. : Tonmaren (tamaren). n. / Aswè-a m ta manje yon bon konfiti tonmaren.
tan (leather). : Tannen. v tr. / Mwen pa renmen pase kote y'ap tannen kwi, sa santi.
tangerine. : Mandarin. n. / Kòm ou pral lavil, si ou jwenn mandarin achte yon douzèn pou mwen.
tangle ; tangled. : Makònen (makonnen). v tr/attrib. / kòd poul-la makonen nan pye chèz-la.
tangled up. : Antotiye. attrib. / Poul-la antotiye nan pikèt-la.
tank (gas tank). : Tank. n. / Msye tapral okap, li fè foul tank machin-nan.
tank truck. : Kamyon sitèn. n phr. / Kam on sitèn-lan vin bay dlo nan zòn-lan.
tanner. : Tannè. n. / Gade po bèf! Msye pral lave yo larivyè, li se tannè e li se kòdonnye.
tannery. : Tannri. n. / Si ou bezwen wò Pol, gad nan tannri- a, li

fèk resevwa yon pakèt kwi.
tape (magnetic band). : Tep. n. / Tep-sa-a se mizik ki gen sou li sèlman.
tape measure. : Santimèt. n. / Tayè pa janm pa gen santimèt lakay-yo.
tape measure. : Mèt a koulis. n phr. / Mèt a koulis-la pa pou mwen, pote'l tounen tanpri.
tapeworm. : Vè solitè. prep phr/ Timoun ki gen vè solitè konn gen gro vant.
tar. : Goudwon. n. / Se avèk goudwon yo asfalte lari-a.
tarantula. : Ariyen akrab. n phr. / Lè ariyen akrab mode ou, toutan bourik pa ranni li pap lage ou, se vre?
tarantula. : Krab banbara (krab arenyen). n phr. / Si nou pa touye krab banbara-sa-a, m pap dòmi nan kay-la aswè-a.
taro. : Malanga. n. / Di Jilya pou'l pa bliye mete malanga nan soup-la.
tassel (corn). : Bab mayi. n. phr. / Li lage bab mayi-yo nan dife.
taste. : Goute. v tr. / Pare men-ou, goute manje-a pou wè si li kwit.
taste, good taste. : Gou. n. / Ou pa gen gou, ou renmen nenpòt bagay.
tasteless. : Fad. attrib. / Labouyi-a san gou, li fad.
tasty. : Gou. attrib. / Diri ak djondjon se yon manje ki gou anpil.
tax. : Taks. n. / Pou pati ak boutèy wonm m'kwè fò ou peye yon de dola taks konsa.
tax collector. : Pèseptè. n. / Pèseptè-a koumanse bay kat depi granmaten nan mache-a.
taxi. : Taksi ; Iiy ; Laliy. n. / Machin-mwen anpàn, m'ap oblije pran yon taksi pou'm al nan travay-mwen.
tea (herbal). : Tizann (tizan) ; te ; dite. n. / M ba ou yon bon tizann ki pou rafrechi ou, kalme ou, epi fè ou domi.
teach. : Anseye. v tr. / Jezikri te anseye disip yo anpil.
teach. : Aprann. v tr. / mwen pral aprann timoun-yo pale franse korèkteman.
teach. : Montre (moutre). v tr. / Pwofesè-sa-a montre matematik-la byen, papa.
teacher, professor. : Pwofesè. n. / Pwofesè- sa-a fè kou byen.
teaching. : Ansèyman. n. / Moun te sòti nan tout peyi pou koute

anseyman Jezikri, pitit Bondye.
tear (rip). : Akwo. n. / Pantalon-an pran yon akwo.
tease. : Takinen ; anbete ; anmède. v tr. / Sispann takinen m, mwen pa sou jwèt kounye-a.
teasing, tease. : Taken ; anbetan ; anmèdan. attrib. / Tout tan lap rale très cheve tifi-a epi'l kouri, msye taken anpil.
technique. : Teknik. n. / Mwen wè anpil agwonom ap travay ak kiltivatè-yo, y'ap ba yo teknik.
telegram. : Telegram. n. / Mwen pral voye yon telegram bay frè-m-la Boston, oke'
telephone. : Telefòn. n. / Mwen pral fè yon kout telefòn, m'ap vini.
telephone. : Telefone (telefonen). v tr. / Yo telefone ayewopò-a pou di avyon-an ap rive anreta.
telescope, binoculars. : Lonnvi. n. / Ak lonnvi-a li wè sa k ap pase byen lwen.
television. : Televizyon. n. / Volè kase kay matant yè swa, yo pran tout bon rad-li ak televizyon-an.
tell. : Rakonte. v tr. / Vini'm rakonte ou yon istwa.
tell (to report). : Pale. v tr. / Si ou antre ta aswè-a, denmen si Dye vie m'ap pale manman-ou.
tell stories : Tire kont. v phr. / Lalin klere, yo chita anba yon pye mango ap tire kont.
temperament (character). : Tanperaman ; karaktè. n. / Pou yon ti krik, ti krak msye move, ala nèg gen move tanperaman, papa!
temple (anatomy). : Tanp. n. / Yo fout msye yon kout wòch bò tèt, nan tanp, li tonbe de pye long.
temple (church). : Otanp ; tanp. n loc. / Se dimanch ki ap vini-an lap pral prezante pitit-la otanp..
temple (church). : Tanp. n. / Se Advantis li ye, fòk lai nan tanp.
temporal : Zo tanp. n.
tendency. : Tandans. n. / Msye poko menm gen kenz an pou lap fimen sigarèt, sa se yon move tandans pou yo korije lakay msye.
tender. : Tann. attrib. / Vyann-sa-a di kou wòch mwen pa fouti manje'l, mwen renmen vyann ki tann. see: pwa tann
tenderness. : Tandrès. n. / Timoun ki ap grandi bezwen manman-yo pou yo ka jwenn anpil tandrès.
tent. : Tant. n. / Tout eskout, louvto, tout dòmi deyò anba tant-yo.

tenth grade, sophomore class. : Twazyèm. n. / Klas twazyèm-lan ap fè yon pwomnad samdi.
termite. : foumi ; (poud bwa). n phr. / Poto pouri-sa-a chaje ak poud bwa.
terrace. : Teras. n. / Pa kite timoun- yo jwe nan lari-a, nou gen yon bèl teras sou do kay-la, di yo monte al Jwe sou teras-la.
testicles. : Grenn. n. / Se pa tout moun ki manje grenn bèf.
testimony. : Temwànyay (temwànyaj). n. / Jij-la bezwen yon bon temwànyay nan men-ou pou'l ka konprann sa ki te pase.
tetanus. : Tetanòs. n. / Bouki pike nan klou, li pran tetanòs.
thanks. : Mèsi. n. / mwen di Bondye mèsi pou lavi li ban mwen-an.
thanks to.: Gras a. v phr./ Ou mèt di se gras a mwen ki fè ou genyen radyo-a.
Thanks to : Gras-a
thanksgiving. : Aksyondegras. n./ Nan tout relijyon gen seremoni aksyondegras pou remèsye Granmèt-la.
that. : Sa. pro. / Mwen pa vie ou fè sa.
that ; who : Ki. pro. / Se li ki di m sa.
that (relative). : Ke. conj. / Pòl fèk resevwa yon mennas nan yon lèt, yo di ke y'ap tiye'l kanmenm.
that is to say. : Sètadi. conj. / Li di li poko ap fè zòn-lan, sètadi li poko ap ban'm lajan-m-lan nonplis.
that is to say, as if to say. : Kòm ki dire ; tankou. conj phr. / Ou di sa kòm ki dire li-menm li pa moun.
that's not it. : se pasa ; ou poko la. / Ou ban-m yon repons pou devinèt-la men ou poko la ; eseye yon lòt repons.
the. : La (lan, a, an). det. / Lè lapli ap tonbe nan kapital-la, dlo desann nan tout lari-a.
theater. : Teyat. n. / Aswè m pral nan teyat, m pral wè Langichat.
theatrical. : Teyatral. attrib. / L ap jwe twa pyès nan fèt teyatral y ap fè pou nwèl-la.
theft, robbery. : Vol. n. / Madanm-lan ba ou ti kras mayi-sa-a pou yon goud? Sa-a se vol!
themselves. : Yo-menm. pro. / Yo-menm, ou pa bezwen okipe yo.
then (next), afterwards. : Answit. adv. / M'ap bati yon kay, answit, m ap achte yon machin.

there, here. : La (la-a). adv. / Nouyòk ou ye? Sa ou ap fè la-a?
there is, there are. : Genyen (gen). v tr. / Te gen anpil moun nan sèvis-la.
thermos. : Tèmòs. n. / Plen tèmòs-la ji pou m pot nan travay - mwen.
these days. : Sèjousi. adv. / Zafè misye ap dekline sèjousi.
they ; them ; their. : Yo.(y). pro. / Yo poko rive lakay-yo.
thick. : Pwès (près). attrib. / Labouyi-a twò' pwès, li pa ka bwè-l.
thick (abundant, dense). : Founi. attrib. / Jaden-an twò founi, si ou kite'l konsa ou pap gen yon bèl rekòlt.
thick stockings. : Ba chosèt (ba koton). n phr. / Granmoun-sa-a toujou gen ba chosèt pou fredi.
thief. : Volè.(vòlò, vòlèz). n. / Volè se moun k ap pran afè ou san yo pa mande ou epi san yo pa janm remèt.. yo tout se yon pakèt volè.
thigh. : Kwis n. / Lè minijip te alamòd, tout kwis te deyò.
thin. : Fen. attrib. / Pye fi-a fen tankou bwa alimèt.
thing. : Bagay (baay). n. / Ala bon bagay se dòmi!.
think. : Panse. v tr. / mwen pat janm panse se li ki ta fè mwen sa.

think about. : Sonje (chonje). v tr. / Mwen tèlman sonje timoun-yo, mwen pa fouti dòmi lannwit.
third. : Twazyèm. attrib/nom. / Si ou fè sa yon twazyèm fwa, m ap ble ou anba baton.
thirst. : Swaf. n. / Mwen gen yon swaf ki ap touye m, mwen bezwen rive lakay-mwen pou'm al bwè enpe dlo.
thirteen. : Trèz. n/attrib. / Nan trèz jou m ap pati.
thirteenth. : Trèzyèm. attrib/nom. / Li trezyèm nan klas-la, li pa manke mal.
thirtieth. : Trantyèm. attrib. / Msye trantyèm, se dènye nan klas-la.
thirty. : Trant. n/attrib. / Se yon sèl trant goud m te rete.
thirtyish. : Trantèn. n. / Msye nan trantèn, li lè pou'l marye.
this..that. : Sesi..sela. pro./ Sa se twòp sesi sela, se twòp pale anpil. Koupe'm tout koulibèt!
this, that. : Sa-a. attrib [demonstrative] / Mango- sa-yo pouri.
thorax. : Kòf lestomak. n. / M pa ka manje manje sèk-sa-a, la

pete kòf lestomak-mwen.
thorn. : Pikan. n. / Depi ou ap mache pye atè, ou tou konnen fò pikan pike ou.
thousand. : Mil. n/attrib. / Msye fè mil goud nan lotri nasyonal.
thrash (to beat). : Bimen ; maspinen. v tr. / Depi maten ou ap bimen pitit-la, sa'l fè ou konsa?
thread. : File. v tr. / Je-m pa bon, vin file zegwi-a pou mwen pou'm ka koud pantalon-an.
threat. : Mennas. n. / Bouki fèk resevwa yon mennas nan yon lèt.
threaten. : Mennase. v tr. / Syèl-la kouvri, lapli ap mennase pou'l tonbe wi.
three. : Twa (twaz). n/attrib. / Ann al jwe twa-sèt.
thriving. : Nan bòl (nan plat). prep phr. / Misye nan bòl-li, kote lap travay ba li kay pou li rete.
throat. : Gòj (gòjèt) ; gagann. n. / Anndan gòj-mwen tou wouj, mwen pa ka vale anyen.
through and through. : Pak an pak. adv phr. / Pantalon- an chire pak an pak.
throw. : Voye. V tr. / Nan foutbòl ou pa gen dwa voye boul-la a men-ou.
throw. : Voltije ; jete. v tr. / Ala nèg fè kolè! Poutèt manje-a pat gen sèl, li voltije plat-la atè.
throw (marbles, jacks, dice, etc). : Piye. v intr. / Ann piye pou n konn sa ki premye.
throw away. : jete. v tr. / Bagay-sa-a pa bon ankò, voye'l jete nan fatra..
throw away, to throw. : Jete. v tr. / Lèt-la pa bon, ou mèt vide'l jete.
throw-in (soccer). : Touch. n. / Dat balon-a sòti, ki sa msye ap tann pou'l fè touch-la? see: an touch
thumb. : Pous. n. / Li foule pous-li nan goumen.
thunder. : Tonnè ; loray. n. / Ou tande tonnè-a k ap gwonde nan syèl la.
Thursday. : Jedi. n. / M'ap vin lakay-ou jedi maten byen bonè.
thyme. : Ten. n. / M di bon-lan pa mete anyen nan manje isit, ni lay, ni jiwòf, ni ten, ni anyen, li refize tande.
tic (involuntary twitching). : Tik. n. / Msye gen yon move tik, papa ; depi lap pale fòk li kenbe pwent nen-l.

tick (arachnid). : Karapat. n. / Karapat-la kòlo kò-li sou chen pou'l bwè san.
tick (parasite). : Tik. n. / Se tik-yo k ap souse bèf-la konsa.
tick-tack-toe. : Titato. n. / Ann al jwe titato non, ou pa vle?
ticket (admission). : Kat. n. / M achte yon kat pou m al nan bal-la, sa koute yon dola.
tickle. : Satouyèt (chatouyèt, zatouyèt). v tr. / Mwen sansib, mwen pa ka kite moun satouyèt mwen.
tie clasp, tie pin. : Arètkòl. n.: Arètkòl. n. tie clasp, tie pin. / Papa--m gen yon bèl arètkòl.
tied (same score). : Annile. attrib./ Si nou pa annile m ap gen pari-a.
tied (score). : Nil. attrib. / Lè ekip-la fin pran twa bi, li remèt tou le twa, match-la nil.
tiger. : Tig. n. / M pè tout bèt sovaj tankou lyon, tig.
tight. : Jis ; sere. attrib. / Pantalon-an twò jis, ou mèt bay refè'l, li sere'm twòp.
tight (clothing). : Plake ; jis ; sere. attrib. / Pantalon-sa-a twò plake, ou pa ka sòti avè 'l.
tighten ; tight. : Sere. v tr/attrib. / Nou sere vis tanbou-a pou po-a ka byen tire.
tightwad. : Ti koulout. n phr. / Pa pale afè lajan devan msye ditou, msye se yon ti koulout, li kras a mo.
tile, tile floor. : Kawo ; Mozayik. n. / M fèk lave kawo-a men timoun vin mache sou li ak pye labou-yo.
time. : Tan. n. / Ak tout travay mwen genyen- an m'pa gen tan pou'm al pran yon ti beny lanmè.
time (hour). : Lè. n. / Gade ki lè li ye nan mont-lan, tanpri.
time (instance). : Fwa. n. / Se premyè fwa m al lakay-li.
time (moment). : Lè. n/n loc. / M vin pase yon ti lè avè ou, mwen pap kab rete lontan, non.
time (on). : Alè ; Atan. adv. / Li toujou rive alè nan travay-li.
time period. : Reny. n. / Timoun ki fèt sou reny-sa-a fèt ak tout lespri-yo.
timid. : Timid. attrib. / Msye twò timid, li pap janm bon nan file fi-a.
tin. : Fèblan. n. / Kaswòl fèblan-sa-a koute'm byen chè
tin can. : mamit ; kanistè (kannistè). n / Gade nan kanistè-a nan

kwizin-nan, ou a jwenn sik pou met nan kafe-a.
tin roofed house. : Kay tòl. n. / Nan sezon chalè, se toufe moun ki ret nan kay tòl ap toufe tank li cho.
tinny. : Zege. n/ Ti zege fanm.
tinsmith. : Fèblantye. n. / Misye se fèblantye, lika ranje bokit-la.
tiny bit. : Kras (ti kras). n. / Ban m ti kras, tanpri souple, talè m a ba ou goute nan manje-m-lan tou.
tip (for service rendered). : Poubwa. n. / Bamann-sa-a, si ou pa ba 'l poubwa lè ou tounen manje ankò lap fè tankou 'l pa wè ou pou 'l ka pa sèvi ou.
tippler, lush (drinker). : Bwèsonyè (bwasonyè). n. / Misye se bwesonyè, tanzantan li pran yon ti kou.
tire (car). : Kaoutchou (kawotchou). n. / Fò ou toujou gen yon kaoutchou de rechany nan kòf machin-ou pou si ou pran pàn.
tire, to worry. : Fatige. v tr. / Li trape yon grip ki fatige'l anpil.
tired. : Fatige ; bouke. attrib. / mwen fatige anpil, mwen prai lonje kò-m sou kabann-lan.
tissue paper. : Papye fen. n phr. / Li dekore lakou-l ak papye fen.

title (name). : Tit. n. / Ki tit liv-sa-a ou ap li-a?
title (ownership). : Tit. n. / Tout tan ou pa gen tit-la nan men-ou, tè-a pa pou ou.
to , on, from, in, at. : Nan (lan). prep./ M'pral nan mache.
tobacco. : Tabak. n. / Odè tabak ki nan pip msye-a anmède m.
today. : Jodi-a (jodi). adv. / Li di ou yon bagay jodi, denmen li di ou yon lòt.
toe. : Zotèy. n. / Zotèy msye anfle, fòk lal kay doktè.
together. : Ansanm. adv. / De moun-sa-yo toujou ansanm, men nan men.
together. : Reyini. v intr/attrib. / N ap reyini nan kafou lat bo-a pou n tann kamyon-an.
toilet. : Konfò. n./ Si kay-la pa gen konfò modèn m pap lwe'l.
toilet, latrine. : Watè. n. / Watè-a prèske plen, m bezwen fè netwaye'l.
tolerate. : Sitire ; admèt ; sipòte ; tolere. v tr. / Eske se ou ki sitire moun-sa-yo la-a ki fè chak jou yo vin jwe pokè nan lakou-a?

tomato. : Tonmat (tomat). n. / Eske ou janm manje yon konfiti

tonmat? see: pat tomat, sos tomat
tomato paste. : Pat tomat. n phr. / Li met pat tomat nan sos-la pou ba 'l koulè.
tomb. : Tonm. n. / Kote yo antere l-la yo monte yon bèl tonm pou li.
tomb, grave. : Kav (kavo) ; tonm. n. / Li bay fè yon kav pou tout fanmi-a, se la yo va antere yo lè yo mouri.
tongs. : Pens . n. / L ap ranje machin-lan, li bezwen yon pens pou 'l demonte kèk pyès.
tongs, tweezers. : Pensèt. n. / Pran de chabon dife ak pensèt-la met nan lòt recho-a.
tongue. : Lang. n. / Doktè-a di li ouvri bouch-li pou li ka wè lang-li.
tonic. : Fòtifyan. n. / Dokte-a di'm fèb, fò mwen pran fòtifyan.
tonight. : Aswè-a. adv. / Aswè-a mwen ta renmen sòti avè ou.
tonsillitis. : Chè nan gòj. n phr. / Li gen chè nan gòj depi'l fè chalè.
tonsured. : Sakre. attrib. / Kounye-a tèt pè-yo pa sakre.
too (excessively). : Twò (twò). adv. / Kase pen_an an de, li twò gwo.
too bad. : Tanpi. interj. / Tanpi pou ou monchè si ou pa vle manje.
too much. : Twòp. attrib/nom. / Bagay-la pran twòp tan.
tool. : Zouti. n. / Ak ki zouti ou pral plante tè-a?.
tooth ache. : Mal dan. prep phr/ Maldan fè-l paka al travay jodi-a.
toothache. : Mal dan. n phr. / Depi de jou, manman-m ap soufri ak yon mal dan ; li pa ka dòmi menm, menm, menm.
toothbrush. : Bwòs dan. n phr. / Chak fwa m fè malèt-mwen,m bliye bwòs dan-m.
toothpaste. : Kòlgat. n. / Se ak kòlgat m bwose dan mwen.
top. : Anwo. n./ Anwo mèb-la pa solid, li bezwen klou.
top authority. : Top. n. / Nan lengwistik, msye se yon top, li fò vre.
top of. : Anwo. prep./ Pa monte anwo tab-la, a kraze.
top, upper part. : Anlè. n. / mwen ap pran anlè-a, m ap ba ou anba-a.
torch. : Bwadife. n. / Madanm-lan voye yon bwadife dèyè volè-a.

torment. : Touman ; maiè. n. / Pitit-li mouri epi aprè mari-l mouri tou ; fanm-sa-a nan touman serye.
torrent. : Lavalas. n. / Kou lapli tonbe nan zòn bò isit-la, lavalas desann.
torturer. : Bouwo. n. / Bouwo-a se yon ansyen volè.
touch. : Touche. v tr. / Pye mango-a tèlman bay tout mango yo touché tè.
touch. : Manyen. v tr. / mwen di ou lè ou ap pale avè'm oupa bezwen manyen m.
touch (affect) ; touched (moved). : Touche. v tr/attrib. / Lo madanm-li mouri msye te trè touche, li fè plizyè jou'l pa manje.
tourist. : Touris. n. / Touris-yo desann lavil kodak an bandoulyè nan kou-yo.
tourist chauffeur. : Chofè-gid. n. / Apre mwa desanm-lan se mòt sezon pou chofè-gid, touris pa antre menm.
towel, hand towel. : Sèvyèt. n. / Li pral benyen, met yon sèvyèt pwòp nan saldeben-an pou li.
town (place, inhabitants). : Vil. n. / Potoprens se kapital Ayiti, se pi gran vil Ayiti tou.
town square. : Plas. n. / Chak apremidi y'al pran van sou plas-la.
toy. : Jwèt. n. / Tout timoun renmen Tonton Nwèl pote jwèt pou yo.
trace (sketch) ; traced (sketched). : Trase. v tr/attrib. / Desen wout-la byen trase.
trace (track ; vestige) : Tras. n./ Machin Ti Pòl te vini isi-a maten-an, apa tras wou-yo tout atè-a.
track (sliding door). : Glisyè. n. / Vit-la kole nan glisyè- a, li pa ka ni monte ni desann.
tract (leaflet). : Trak. n. / Avyon-an pase, li lage yon pakèt trak.
tractor. : Traktè. n. / Traktè demantibile kay pay-yo.
trade (commerce). : Konmès (komès). n. / Madanm-sa-a se moun ki konn komès byen, depi'l piti'l ladan'l.
trade (occupation). : Metye ; pwofesyon ; branch. n. / mwen bezwen yon travay pou tigason-m-lan paske msye gen metye nan men-li k'ap gaspiye
traffic. : Sikilasyon. n. / Pito nou fè machin- yo fè bak paske pa gen wout pou yo vire e sikilasyon-an bloke.
traffic ticket. : Kontravansyon ; amann. n. / Li pase sou limyè

wouj, yo ba'l kontravansyon.
train. : Tren. n. / Tren Asko-a tounen vid.
traitor. : Trèt. n/attrib. / Msye fin di m li dakò epi'l a pale a moun pou lajan ; se yon bon trèt.
trance. : Trans. n. / Depi tanbou frape lwa pran l ; li pase kenz minit an trans.
tranquil. : Trankil. attrib. / Kite m trankil.
tranquillity. : Trankilite. n. / Aprè maladi-sa-a msye bezwen anpil trankilite pou'l ka refè.
transaction. : Tranzaksyon. n. / Pou nèg-sa-a te gen lajan, se tout kalite move tranzaksyon li fè, wi.
transplant (seedlings). : Pike. v tr. / Lè diri- a koumanse pouse, m'ap pike 'l nan lòt jaden.
transport. : Charye (chaye, chawaye) ; bwote. v tr. / Depi maten nèg-sa-a ap charye sab sou ti bourik-la, li do bouke kounye-a.
trap. : Pyèj. n. / Li kite yo pran'l nan pyèj.
trap. : Pèlen. n. / Chak swa 'l kenbe yon pakèt rat nan pèlen.
trash (person). : Salopri. n. / Lè ou wè ou ap fè salopri-ou-yo konsa, ou pa bezwen di'm tande.

basket. n.: panye
trash, rubbish. : Fatra. n. / Leta pa vie moun jete fatra nan lari.
travel. : Vwayaje.(voyaje). n. / Lè lap sot Okap pou'l vin Potoprens, li pito vwayaje nan avyon.
traveler, passenger. : Vwayajè ; pasaje. n. / Lè gwo kamyonèt Leogàn-lan fè aksidan-an, gen de vwayajè ki mouri.
trawl (fishnet). : Sèn (senn). n. / Jan sèn- lan lou-a, nou gen lè pran anpil pwason.
tray. : Kabare (kabarè) ; plato. n. / Si ou pran yon kabare ou ka pote tout vè-yo yon grenn kou.
tread on, to walk on. : Pilonnen ; pile. v tr. / Ou pa fouti di ou pa santi ou ap pilonnen yon bagay anba pye-ou!
tread on, to pack down. : Foule. v tr. / Foule sak-la pou'l ka pran tout bagay-yo.
treasure. : Trezò. n. / Nan tan lontan yo te konn fè bèl ja an tè pou yo sere kòb osinon trezò.
treat (like). : Trete. v tr. / Ou pa tande li trete papa-ou volè.?
treat (to care for). : Trete. v tr. / Doktè-a byen trete maladi-m-la

; m santi m anfòm.
treat roughly. : Chifonnen (chifonen) ; maltrete ; Malmennen . v tr. / Yo chifonnen msye yè swa.
treatment. : Trètman. n. / Msye se volè, men kalite trètman sa-a yo bay msye, li pa bon.
treatment (medical). : Tretman. n. / Msye ap swiv yon tretman ak dokte Pal.
tree. : Pyebwa (pye). n. / Yo di pyebwa-sa-a plen koulèv ladan.
tremble. : Tranble. v intr. / Ala nèg kapon, gade ki jan lap tranble.
trembling. : Tranbleman. n. / Te gen yon tranbleman tè ki fèt yè swa.
trembling (nervous). : Latranblad. n. / Tout ko-l ap tranble tèlman li pè, li gen latranblad.
tremendous. : Sèl. attrib. / Li fè yon sèl fredi ane- sa-a.
tremor of fear. : Batmannkè. n. / Lè volè-a wè mèt jaden-an ap vini, li gen yon sèl batmannkè ki pran li.
trials (troubles), misery. : Flo. n. / Mari fi-sa-a ap fè'l pase yon flo.
tribulation. : Tribilasyon. n. / Fò nou rive konprann tribilasyon pèp-la sibi depi 1804 rive jouk jodi-a.
trick, stratagem. : Plan. n. / Jan 'l gen bon bouch, veye zo-ou pou'l pa pran ou nan plan.
trigger. : Gachèt. n. / Dwèt-li sou gachèt revolvè-a ; li prèt pou'l tire.
trimester. : Trimès. n. / Aprè dezyèm trimès-la lekòl fini pou mwen.
trip. : Vwayaj. n. / Nou antre Potoprens nan batiman, nou fè bon vwayaj pase lanmè-a pat move.
tripe. : Gradoub. n. / Anpil moun pa manje gradoub, se yon moso vyann ki di e ki mande preparasyon.
tripping. : Kwochèt (kochèt). n. :Kwiv n. / Li ba'l yon sèl kochèt, li lage'l atè sou tèt.
trivial : Trivyal. attrib./ Pa fè dlo sot nan je-ou pou yon ti bagay trivyal konsa.
triviality, trifle. : Kaka garyon (kaka rat). n phr. / Pa bay ko-ou traka pou yon kaka garyon konsa, tout bagay ap rantre nan lòd san pwoblèm.
trot. : Twote. v intr. / Apa cheval-la ap twote, monchè.

trouble. : Annwi ; pwoblèm. n. / Nou gen annwi nan katye-a, se poutèt sa n ap kite 'l.
trouble ; troubled, upset. : Chaje c. v tr/attrib [usually with tèt, lestonmak]. / Pa vin chaje tèt-mwen ak pwoblèm-ou-yo.
trouble (dispute): Akwochaj. n.
troubled. : Twouble (touble). attrib. / M ap konte lajan, fò ou pa twouble m.
troublemaker. : Bagarè ; Tapajè. n. / M voye pitit-la lekòl, men pwofesè-a voye di m ke se bagarè li ye.
troublesome. : Annwiyan ; Anmèdan (anmègdan). attrib. / Ala yon timoun annwiyan! Depi maten-an l ap rele nan zorèy-mwen.
trousers, pair of trousers. : Pantalon ; Kanson. n. / Li gen de pantalon kay tayè.
trowel. : Tiwèl ; Flòt. n. / Manch flòt-la kase.
truck. : Kamyon. n. / Y'ap pote materyo-yo nan kamyon pou yo pa bezwen fè plizyè vwayaj.
true. : Vre. attrib. / Ou konprann m ap ba ou manti, men tout sa m di-yo se vre.
true. : Se sa ; vre. attrib. / Sa'm di ou-la se sa.
truly. : vrèman ; reyèlteman. adv. / Reyèlteman, se konsa sa te pase.
trumpet. : Piston. n. / Yo pa jwe piston nan djaz-sa-a.
trumpet. : Twonpèt. n. / Gason jwe twonpèt papa, li mizisyen vre!
trunk (baggage). : Mal. n. / Msye rantre ak yon gwo mal plen rad.
trunk (car). : Kòf. n. / Fò ou toujou gen yon kaoutchou de rechany nan kòf machin-ou pou si ou pran pàn.
trunk (part of body). : Bis. n. / Chita dwat non, bis-ou fin bosi.
trust, to have confidence in. : Fye. v tr. / Ou-menm, mwen pa fye ou, ou se kouto de bò.
truth. : Verite ; laverite. n. / Sa m di se laverite, m pa konn bay manti.
try on. : Mezire. v tr. / Anvan ou achte yon pantalon fòk ou mezire'l monchè.
try, to make an effort. : eseye ; Bat kò. v phr. / Li batkò-l kont-li, li pa fouti jwenn yon djòb.
tube. : Tib. n. / Gaz-la sot nan tank li pase nan yon tib pou rive nan kabiratè-a.

tuberculosis. : Maladi pwatrin ; pwatrinè. n phr. / Jan lap touse-a gen lè'l gen maladi pwatrin.
tuberculosis. : Tebe. n. / Msye gen tebe, fo'l al sanatoryòm.
tuck (sewing). : Pens. n. / Met pens nan devan rad-la sèlman.
Tuesday. : Madi. n. / Jodi-a ki jou? --Madi, monchè.
tuft, clump. : Touf. n. / Vye touf zèb ki devan pot-la, peye yon moun retire'l, non.
tug. : rale ; redi. v tr. / Vin ede'm redi ..òd bèf-la, lap trennen m.
turkey. : Kodenn (kodèn). n. / Pou prenmye janvye se kodenn yo manje.
turn (change of direction). : Vire. n. / Gen twa vire pou fè, yon premyè vire agoch, yon dezyèm adwat, sou twazyèm vire-ou ou ap jwenn kay-la. see: chak vire
turn (short walk). : Chankre ; vire. n. / mwen ap fè yon ti chankre nan jaden-an la-a, m ap vini makonmè.
turn (someone) away. : Repouse. v tr. / Li tèlman renmen blofe moun, tout kote'l rive yo repouse'l.
turn a corner. : Kase koub. v phr. / Machin-lan kase koub sèk.
turn on, on (turned on). : Ouvè ; limen. v tr/attrib. / Ouvè radyo-a pou'm ka tande nouvèl.
turn, to turn around. : Vire v tr. / fò ou vire vyann-lan detanzantan pou li sa pran koulè tout kote.
turnip. : Nave (navè). n. / M'di bon-la pa mete nave nan soup-mwen, m'pa renmen li mwen-menm.
turpentine. : Terebantin. n. / N ap tann terebantin-lan pou nou fe poli-a.
turtle. : Tòti. n. / Msye gen yon kabare lakay-li ki fèt ak karapas tòti.
turtle shell, tortoise shell. : Karapat toti (karapas toti). n. / Yo fè kolye, peny, sandriye avè karapat toti.
turtledove. : Toutrèl (tiitirèl). n. prep phr/ M bezwen yon pè toutrèl pou m gade.. --toutrèl zèl blan, toutrèl wouj, toutrèl ke fen
twentieth. : Ventyèm. attrib/nom. / Apre ventyèm pàn kaoutchou li pran,.li reziyen achte nèf.
twenty. : Ven (vent, venn). n/attrib. / Apre diznèf se ven.
twenty. : Ven. n.
twin. : Marasa. n. / Nèg-sa-yo ou wè lòtbò-a se de frè, de marasa tou wi.

twist ; twisted. : Tòde (todye). v tr/attrib. / fòk ou pa tòde bra pitit-la konsa, ou a kase'l.
twist (into rope). : Kòde ; trese. v tr. / Pou ou fè rigwaz, ou kòde de po bèf ansanm.
two-faced, malicious. : Pès. attrib/nom. / Kouman ou fè pès konsa? Ou pran pòz ou ap met lapè epi se ou kl ap fè moun-yo goumen.
typhoid. : Lafyèv tifoyid (tifoyid). n phr. / Lè ou gen lafyèv tifoyid, ou gen anpil dyare, fò doktè ba ou renmèd pou trip-ou.

U

udder. : Manmèl. n. / Anvan ou tire bèf-la, lave manmèl-li.
ugliness. : Lalèdè (lèdè). n. / M konn wè moun ki lèd, men se fi-sa-a ki pi lèd nan tout, se lalèdè menm.
ugly. : Lèd. attrib. / Rad-sa-a pa bèl, li lèd.
umbilical cord. : Kòd lonbrit (lonbrit). n phr. / Gen lè yo koupe kòd lonbrit-ou avèk yon fi.
umbrella. : Parapli. n. / Tan-an mare anpli, pa bliye sòti ak parapli.
unable to. : Paka. var. pakapab. adv phr/ Ou paka fè travay-sa-a monchè.
unappetizing food. : Tchaw ; Tchanpan. n. / Ki manje-sa-a ou pòt ban mwen la, ou konnen m'pa manje tchaw.
uncertain, hesitant. : Anbalan. attrib. / mwen oblige anbalan nan afè-sa-a, mwen poko wè kote'm gad.
uncle. : Tonton. n. / Al mande tonton-ou dis kòb pou achte biswit..
uncle. : Monnonk (nonk). n. / Si entèl se frè papa-ou, li se monnonk-ou.
uncleanliness. : Malpwòp. n. / Se malpwòp-li ki fè'l malad toujou.
under, below. : Anba. prep./ Li pote liv-la anba bra-l paske de men'l okipe.
undercook ; undercooked. : Rabi . v tr/attrib. / Manje-a poko kwit, ou tiye dife anba'l, lap rabi wi.
underdeveloped (child). : Rasi. attrib/nom. / Li gen onz an, gad wotè-l, se yon ti rasi.
undergo surgery. : Opere. v intr. / Li prai opere jodi-a.
undergo, to experience. : Sibi. v tr. / Fòk ou pa fè moun mechanste pase se pitit-ou ki ap sibi konsekans-la.
undergrowth, brush (underbrush). : Raje. n. / Gen yon koulèv ki fèk file antre nan raje-a.

underhandedly. : An katimini. prep phr. / Ou pa bezwen goumen avè yo, fè afè-ou an katimini, yo pap janm konnen.
underpants. : Kilòt ; Pantalèt. n. / Tifi-a pipi nan kilòt-li, li pat gen tan retire'l anvan li rive nan twalèt-la.
undershirt. : Chemizèt (chimizèt). n. / Fòk mwen mete chemizèt jodi-a wi, paske chemiz-sa-a klè anpil.
understand. : Konprann. v tr. / Ou pale twò vit, m pa konprann sa ou di-a.
understanding. : Konprann. n. / Ou kwè timoun-lan pa gen konprann pou ou ap pale konsa devan'l.
understanding (agreement). : Antant. n. / Pa gen antant menm ant bèlmè-a ak bèlfi-a.
undertaker. : Antreprenè. n./ mwen pral wè yon antreprenè pou'm konn konbyen antèman-an ap koute m.
underwear (shorts, briefs). : Kalson. n. / Pantalon nèg-la sitèlman sere, tras kalson-li parèt.
undulate the hips. : Gouye. v intr. / Nan Kanaval tout moun mèt gouye alèz.
unemployed person. : Chomè ; aryennafè. n. / mwen pa ka vann ou kredi, se chomè ou ye, kote ou pral jwenn lajan-an pou peye'm?
unexpectedly. : Sanzatann. adv. / Moun-yo parèt sou mwen sanzatann.
unhappy. : fache ; mekontan ; move. attrib. / Msye mekontan paske mekanisyen-an frape machin msye-a.
uniform. : Inifòm. n. / Si ou al lekòl san inifòm, y ap voye ou tounen lakay-ou.
union (labor union). : Sendika. n. / Misye se ekonòm nan sendika-a.
United States. : Ozetazini ; Etazini. n/n loc. / Kou 'l rive Ozetazini yo voye li ekri'm yon lèt.
unjust action. : Lenjistis (enjistis). n. / Lè yon moun fè lenjistis, se sa ou rekòlte.
unkind. : Malonnèt. attrib. / Tigason-sa-a malonnèt anpil, li pap fè anyen pou moun.
unless. : Amwenske. conj./ M ap vin nan kay-la amwenske li pa la.
unreliable. : pasèten. attrib/nom./ Nèg-sa-a se asirepasèten, li

di 'l ap vini, li ka pa mete pwent pye-l.
unripe. : Wòwòt ; vèt. attrib. / Sispann voye wòch dèyè mango wòwòt, non.
unruly. : Brigan. attrib. / Ti nomn-lan tèlman brigan yo mete'l deyò lekòl-la.
unscrupulous, shameless. : Je chèche. n phr. / Moun ki gen je chèch ap gade ou nan je, y'ap bay manti.
unsightly (person). : Makwali. attrib/nom. / Gade jan chemiz nèg-la chifonnen. Ala gason makwali papa!
unskilled laborer. : Mannèv. n. / Mannèv-la brase mòtye, bòs-la poze blòk.
untie, to undo, to loosen. : Lage ; defèt ; delage ; demare. v tr. / Ne a mal pou lage, yo te marè'l two sere.
until. : Jis (jous, jouk) ; jistan ; jiskaske. adv. / Yo mete misye nan prizon pou jis li mouri.
up in arms. : An bandisyon. prep phr. / Travayè-yo an bandisyon, yo di yo pap deplase san touche.
up there, upstairs. : Anwo. adv./ Kote papa-ou? Li anwo.
up yours! (retort) : Nan dan-ou. / Vouzan! --Nan dan-ou!
upbeat women, hot. : Toulimen. n/ Ti fi-a toulimen papa pa vini-ou ki pou sove-ou
upbringing. : Levasyon (elevasyon) ; edikasyon. n. / Yon moun fèt pou bay pitit-ou levasyon.
uproar, commotion. : Kabal ; eskandal ; bri ; eskonbrit. n. / Pa vin fè kabal devan pòt-la, gen moun k'ap dòmi.
upset (vex) ; upset (vexed). : Kontrarye. v tr/attrib.:Kontrarye. v tr/attrib. to hinder ; hindered. : / Ou fè m kontrarye, m prèt pou m fout ou yon kalòt.
upset stomach. : Kè plen. n/ Si ou wè kè plen a kontinye se paske ou ansent.
upset, to disturb ; upset, disturbed. : Boulvèse. v tr/attrib. / Timoun-yo boulvèse tout kay-la.
upset, to disturb ; upset, disturbed. : Boulvèse. v tr/attrib. / Timoun-yo boulvèse tout kay-la.
upside down. : Tèt anba. n phr. / Lè ou gade nan dlo-a, ou wè pyebwa-yo tèt anba..
upstart, parvenu. : Patekwè ; arivis. n. / Gade lè patekwè-a non, kou 'l met yon rad nèf sou li fò'l fè tout moun wè 'l.

urethra. : Kanal pipi. prep phr/
urethra : Kanal pipi. n.
urinate. : Pipi ; pise. v intr. / Granmoun-sa-a pa janm bese pou 'l pipi.
urine. : Pise ; pipi. n. / Pa jete pise devan pòt-la.
use. : Sèvi. v intr. / Mwen sere sa-a pou demen, piga nou sèvi avèk li non.
use. : Itilize. v tr. / Li itilize tout kalite detou pou'l esplike sa'l fè-a.
useful. : Itil. attrib. / Ti bway-ou-a itil, li ka al nan dlo.
useless. : Nil ; initil. attrib. / Depi yon moun pa nan travay, ou nil.
useless, unnecessary. : Initil. attrib. / Achte'l koulye-a se yon depans initil pase ou pap ka sèvi avè'l.
usurer. : Ponya. n. / Nèg-sa-a se ponya, pa fè afè avè 'l.
usury. : Kout ponya. n phr. / Misye pran yon move kout ponya, li gen twòp enterè pou'l peye sou lajan-an.
utensils : Veso ; asyet. n. / Gen tout kalite veso: vè, bonm, asyèt, bol, ak anpil lòt bagay.
uterus. : Matris. n. / Se aprè li fin ansent yo wè li gen yon pwoblèm nan matris.
utterly. : Nètalkole. adv. / Depi maten lap koud, li fini tout rad-yo nètalkole.
uvula. : Lalwèt. n. / Li se tèlman ouvri bouch-li laj, mwen wè lalwèt-li jis nan fon goj-li. see: koupe lalwèt.

V

vacation. : Vakans. n. / Lè gran vakans ann Ayiti, timoun fè twa mwa san yo pa al lekòl.
vaccinate. : Vaksinen. v tr. / Yo vaksinen pitit-la kont polyo.
vaccine. : Vaksen ; piki. n. / M ap mennen tibebe-a pran vaksen kont maladi-sa-a.
vagabond. : Vakabon (vagabon) ; drivayè ; sanzave ; epav. n/attrib [pej]. / Tigason-sa-a se yon vakabon, tout lajounen lap drive nan lari.
vagabond. : Avadra. n. / Msye se yon avadra, li pa vle chache yon travay pou 'l fè.
vagabond, idler. : Aladen. n. / Bèl tifi kouwè ou m pa kwè ou ta v'ai renmen ak yon aladen konsa.
vagina. : bouboun ; kanal. n. / Si Anèt pral jwe nan sab-la, fè'l mete pantalèt pou sab-la pa rantre nan kannal-li.
vagrant, tramp. : Grennponmennen (grennpwomennen). n. / Grennponmennen konn toupatou nan vil-la, se sa ase y'ap fè.
vague. : Vag. attrib. / Li di m ki jan pou m jwenn kay-la wi, men esplikasyon-l-lan tèlman vag m pèdi chemen-m.
vain, pretentious. : Chèlbè. attrib/nom. / Nèg-sa-a tèlman chèlbè lè'l ap pale ou pa ka tande sa'l di, lè'l ap mache pwent zotèy-li pa touche tè.
value, worth. : Valè ; enpòtans. n. / Pitit gen anpil valè pou manman ak papa.
van, : Kamyonèt (kamyonnèt) ; Taptap. n. / Kamyonèt-yo kanpe tout kote lavil-la.
variety store. : Baza. n. / Lè nou te bezwen achte nou te konn ale Baza Nasyonal.
varnish. : Vèni. n. / Tab-sa-a pat klere konsa yè, ou gen lè pase vèni sou li.
varnish ; varnished. : Vèni. v tr/attrib. / M fin vèni tab-la pou fè'l klere.

vaseline. : Vazlin ; grès. n. / Pase yon ti vazlin nan po tèt-li pou li non, tèt-li tèlman chèch, li gen anpil kap.
vat (for fermenting sugar cane). : Pyès . n./ Nou fè siwo-a travay nan pyès-sa-yo.
vat, tub. : Ja (dja). n. / Lè kleren-an fin fèt, yo mete'l nan de gwo ja.
vegetable dish. : Legim. n. / Li renmen legim ki gen berejenn, militon, kawòt.
vegetate. : Vejete ; penpennen ; kalewès. v intr. / Jak te travayan, men apre madanm-li fin mouri-a, li annik chita nan kay-la tout lajounen ap vejete.
veil. : Vwal.(vrèl). n. / Lamarye-a pat mete vwal, li te pito mete yon chapo laj.
vein, artery. : Venn. n. / Doktè-a pike'l nan venn pou li te ka pran enpe san.
velvet. : Vlou. n. / Lè ou pase yon twal vlou sou po-ou li dous.
vendor. : Machann. n. / Lapolis fè tout machann bay Granri-a.
verb. : Vèb. n. / Nan chak fraz gen yon vèb ki di ki sa moun lan oubyen bagay-la ap fè.
verse (Bible). : Vèse (vèsè). n. / Jodi-a n ap jwenn mesaj-nou nan levanjil selon Sen Jan chapit twa vèse douz.
verse (song). : Kouplè. n. / Kouplè chante-a long.
Vertières. : Vètyè. n/n loc. / Se pa yon gran kote men se Vètyè pi gwo batay pou lendepandans te fèt.
very. : Trè ; anpil. adv. / Msye trè rich, li ka ba ou yon dyòb.
very, really. : Byen (ben). adv. / Tifi-sa-a byen bèl.
vespers. : Vèp. n. / M pral legliz apremidi-a, gen vèp.
vetiver : Vetivè. n. / Yo fè lwil esansyèl ak vetivè.
Vèvenn (vèvèn). n. : vervain. : :: Vèvenn se yon plant ki santi bon, lè ou bv è te-a, li kalme ou anpil.
vex ; vexed, upset. : Vekse (vekse). v tr/attrib. / Sa vekse'l dèske m bat li devan zanmi-l, jous kounye-a li fache.
vial. : Flakon. n. / Gade sou tab-la, ou ap wè yon ti flakon medikaman, se yon ti boutèy jon.
vial, carafe. : Poban. n. / Pran poban lwil-la sou tab- la pou mwen.
vice. : Vis. n. / Depi yon moun ap plede fè bagay ki pa bon nan yon sosyete, moun-sa-a plen vis..

vicinity. : Alantou. n. / M ap fè yon ti pase nan alantou-a.
victim. : Viktim. n. / Si ou mouri, se manman-ou k ap viktim sa, se li k ap gen lapenn.
victimized, disaster victim. : Sinistre. attrib/nom. / Li se sinistre, sikòn-lan kraze kay-li, li pèdi tout afè-l. see: lèt sinistre
victory. : Viktwa ; laviktwa. n. / Viktwa Vyolèt sou Resin pa fèt souvan.
vigilant, mistrustful. : Veyatif (veyatik). attrib. / Li siveye bèt-li tout tan epi li pa kite pèsonn lòt moun okipe yo, li veyatif.
village. : Bouk. n. / Chak jou timoun-yo desann al lekòl nan bouk.
villain. : Malfèktè. n. / An verite msye se gwo malfèktè li ye.
villainous, scoundrel. : Selera. attrib/nom. / Mwen pa nan sèk-ou, ou twò selera pou mwen.
vinegar. : Vinèg. n. / Lè ou ap mete vinèg nan manje, fò ou fè atansyon osinon lap fè manje-a si.
VIP. : Gran nèg. n phr. / Nèg-sa-a konprann li se gran nèg, li fèk rive e li vle yo sèvi'l touswit.
virgin. : Vyèj.(vyèy) ; tifi. n. / Fi-a di misye li vyèj, li poko fè lanmou ak ankenn gason.
Virgin Mary. : Lavyèy ; vyèy. n. / Li di depi li adrese'l ak Lavyèy Mari, nanpwen pa jwenn delivrans.
visa. : Viza. n. / M fè tout kalite deba pou m jwenn viza-sa-a.
visible. : Vizib. attrib. / Pankat-la pa twò vizib, non, kote ou mete l-la, vanse'l pi devan pou yo wè'l pi byen.
visibly. : Avidèy. adv./ Pitit-la ap grandi avidèy.
vision. : Vizyon ; rèv. n. / Madanm-sa-a gen tèt klè, li kap di yon bagay ki pral fèt anvan li fèt [illegible] konn gen vizyon.
visit. : Vizit ; rann vizit.n. / [illegible]n te pase tout apremidi-m kay Jak, fwa-sa-a vizit-la te byen long.
visit (to call on). : Vizite. V tr. / Zanmi-m-yo tande m malad, yo tout vin vizite m.
visitor, guest. : Vizit.(vizitè). n. / M gen vizit kounye-a, se yon bon zanmi-m ki vin wè m.
vitamin. : Vitamin. n. / Li gen kouraj, li manje nouriti ki gen vitamin.
voice. : Vwa. n. / Ou pale twò fo, manyè bese vwa-ou.
volume. : Volim. n. / Monte volim radyo-a pou mwen pou m sa

tande nouvèl.
volunteer. : Volontè. n. / Msye se volontè.
vomit. : vomi. v phr. / Li manje sitèlman li bay djapòt.
vomit. : Rechte (rejte). v tr. / Li rechte tout manje'l sòt manje-a.
vomiting. : Vomisman (vonmisman). n. / Li gen vomisman chak fwa li bwè yon bagay.
voodoo. : Vodou. n. / Nan vodou, lè gen seremoni lwa, ougan-an rele lwa li dwe rele-yo.
voodoo ceremony. : Sèvis ; seremoni. n. / Mwen tande yon tanbou ; gen yon sèvis nan zòn-lan.
voodoo priest. : Ougan (hougan). n. / Moun-sa-yo, nenpòt ti bagay yo genyen, yo gentan kouri ka ougan.
voodoo priestess. : Manbo. n. / Depi pitit-la gen yon ti tèt fè mal, yo mennen'l kay.manbo.
voodoo temple. : Houfò. n. / Y'ap pare Houfò gen lè pral gen yon sèvis.
vote. : Vote. v intr. / Lè eleksyon depite ane-sa-a, pou ki kandida ou te vote?
vow. : Ve. n. / Li te pwomèt Bondye li pa tap ,janm al nan bal ankò, men ve-sa-a difisil pou kenbe. see: an ve
vow (bound by a vow). : An ve. prep phr. / Tout lavi-li, lap mete rad blan ak rad ble sèlman, pase li an ve pou Lavyèj.
vulgar, coarse. : Odinè. attrib. / Fanm-sa-a òdinè, pou anyen li fè bri.

W

wagon, cart. : Kabwèt (kabrèt). n. / Lavil moun mete chay sou kabwèt paske pa gen bèt pou pote yo.
waist, waistband. : Tay ; senti ; ren. n. / Li mete kiyè bwa-a nan tay-li.
wait (for). : Tann. v tr. / Ou fè'm chita tann ou epi ou pa janm vini.
wait and see. : gade pou wè. / Si ou pa kwè m, gade pou wè si lapli-a pap tonbe.
waiter. : Gason. n. / Gason, pòt yon byè byen glase pou mwen.
wake. : Veye (vèy). n. / M pral nan veye aswè-a, m pral bwè anpil te.
wake up. : Reveye. v tr. / Dòmi fèk pran'l, mwen pap reveye'l.
walk. : Mache. v intr. / Mache sou kote, kite mitan wout-la pou machin.
walk, stroll. : Flann ; pwomnad. n. / Li wè tan-an bèl, li sòti al fè yon flann.
walk, to stroll. : Pwomennen (pwonmennen). v intr. / Medam-sa-yo, se tout jounen y'ap pwomennen.
wall. : Mi ; Miray. n. / mwen di msye pou'l pa kloure ankenn foto nan mi kay-la.
wall (of a house). : Panno ; mi. n. / mwen bezwen kèk bèl foto pou'm met nan panno kay-la.
wander. : Trennen. v intr. / Sispann trennen_nan lari konsa ; ou pa epav.
want. : Vle. v tr. / Manman-l pa vle lal nan bal men li kite'l al nan sinema..
war. : Lagè. n. / Lè gen lagè, se pa de solda ki mouri
wardrobe, closet. : Amwa (lamwa). n. / Yo voye'l al pran-yon rad nan amwa-a ; li kraze glas-la nan fè dezòd.
warehouse. : depo ; ral. n. / Li gen yon gwo ral pou sere kafe.

warm up. : Pran elan. v phr. / Kite machin-nan pran elan anvan nou moute'l.
warm up ; warmed up, warmed over. : Chofe. v tr/attrib. / Manje chofe pèdi gou-l.
warn, to notify. : Avèti. v tr. / Yo avèti'l si li ale yon malè rive 'l, pèsonn pa reskonsab.
warning. : Avètisman. n. / Sa fè de avètisman, pa kite'm ba ou yon twazyèm.
warrant, subpoena. : Manda. n. / Jij-yo voye rele msye, li pa prezante, yo oblije voye manda ba li.
wary. : Sou piga. prep phr. / Si ou pa vle nan kont ak moun, se pou ou ret sou piga-ou.
wash. : Lave. v tr. / Gen dlo, gen savon, se pou ou lave tout rad-yo.
wash and iron. : Lave-pase. v intr. / Bon-sa- a konn lave-pase, li pa konn fè manje.
wash one self, to clean up. : Fè twalèt. v/ Al fè twalèt piti la anvan li al dòmi.
washtub. : Benywa. n. / Yo mete rad-yo nan yon benywa.
waste. : Gaspiyay (gaspiyaj). n. / Ala gaspiyay papa! di liv sik pa fè twa jou nan kay isit-la.
waste ; wasted. : Gaspiye. v tr/attrib. / Li gaspiye tout kòb-li nan banbòch.
watch. : Veye. v tr. / Veye kwen-sa-a byen, kon ou wè rat-la, di mwen.
watch (keep an eye on). : Voye je ; veye. v phr. / Voye je sou kòb-mwen-an pou mwen pou ankenn moun pa pran'l.
watch (timepiece). : Mont. n. / Ki lè ou fè nan mont-ou-a?
watch over, to take care of. : siveye ; gade. v tr. / Gade machandiz-yo pou mwen pandan m'ap fè yon ti vire la-a.
watch pocket. : Bouse. n. / M pito pantalon ak bouse paske m gen kote pou m mete ti monnen.
watchman. : Wachmann (watchmann) ; gadyen. n. / Volè-a pat konn si te gen moun k ap veye magazen-an, kou'l fè sa'l antre, wachmann-lan met men sou li.
water, watered. : Wouze. V tr/attrib. / Lapli gen kèk jou'l pa tonbe, tout moun oblije wouze jaden-yo.. awoze
watercress. : Kreson. n. / Lapli pa tonbe, sous-la fin chèch, nou

pap jwenn kreson pou manje.
waterfront. : Bòdmè (bodlanmè). n/n loc. / Manman-an desann bodmè, l'al achte machandiz.
watermelon. : Melon. n. phr. / mwen pito melon frans pase melon dlo.
wattle. : Klise. v tr. / Nèg-la klise yon kloti ak bwa banbou.
wave. : Voye men. v phr. / Li voye men ba ou, ou pa reponn, li pap janm salye ou ankò.
wave (ocean). : Lanm ; vag. n. / Lè lanmè-a move, lanm-yo monte wo.
wax. : Lasi. n. / Yo fè bouji ak lasi.
wax ; waxed. : Sire. V tr/attrib. / Lè ou sire fisèl-la, li pa kase fasil.
way (means). : Fason ; Mwayen. n. / Fòk mwen jwenn yon fason pou'm voye timoun-yo lekòl ane-sa-a.
we, us, our. : Nou. (n). pro. / Nou derape Pòtoprens pou n abouti Okap sou bisiklèt.
weak. : Fèb. attrib. / Pitit-la fèb, li pa byen manje.
weak (coffee, tea). : Klè. attrib. / M pa ka bwè kafe klè, m bwè kafe fo, nwa.
weaken ; weak, tired. : Febli. v tr/attrib. / Travay di ak bwè tafya febli moun.
weaken (become weak). : Febli. v intr. / Nèg-la koumanse febli, li pa ka kouri ankò.
weakling. : Soufri (ti soufri). n. / Gade yon ti soufri ki konprann li ka batay ak gwo nèg-sa-a!
weakness. : Fèblès (feblès). n. / Malad-la gen feblès,li bezwen fòtifyan.
wealth. : Richès. n. / Kay-sa-yo ou gen la-a, se yon pakèt richès wi.
wealthy. : rich. attrib. / Moun-sa-yo byen, yo gen anpil tè.
wean ; weaned. : Sevre. v tr/attrib. / Li sevre pitit- la sou si mwa.
weapon. : Zam (lezam). n. / Mete zam sou moun-yo.
wear a suit. : Kostime. attrib. / Fò ou byen kostime byen gante pou ou al nan resepsyon nan palè.
wear down, to weaken. : Minen ; kraze. v tr. / Maladi-a fin minen msye, msye pa lwen mouri. lajan, kouri dèyè fanm.
weather. : Tan. n. / Li gen lè'l pral fè yon lapli, jan'm wè tan-an

kouvri-a. see: kout tan
wedding. : Maryaj (maryay) ; nòs. n. / Nan maryaj Antwàn-lan, te gen yon gwo festen.
wedding ring. : Alyans. n./ Bèl alyans pa vle di bon maryaj.
Wednesday. : Mekredi. n. / Mekredi se jou egzamen, mwen pa kapab sòti.
weed. : Move zèb ; raje. n phr. / Mayi-yo komanse pouse, fò mwen fè yon moun sakle move zèb-la pou mwen.
weed ; weeded. : Sekle (sakle). v tr/attrib. / L ap sekle tè-a pou'l ka plante mayi.
week. : Senmenn (semèn). n. / Gen kat senmenn nan yon mwa.
weigh (have weight). : Peze. v intr. / Bebe-a peze sèt liv.
weigh (measure weight, density). : Peze. v tr. / Yo peze lèt pou yo wè si 'l pa gen twòp dlo.
weight. : Pwa. n. / Li gen yon pwa lou sou lestonmak-li, li bezwen konfese anvan li mouri.
welcome. : byenveni. n.
welcome with open arms. : Pran ak de bra. v phr. / Lè li rive nan peyi-a, tout moun pran li ak de bra.
welfare. : Byennèt. n. / M ap pale tifi-a pou byennèt-li, li fache. see: nan byennèt.
well. : Byen (ben). adv. / Tout sa li fè li fè'l byen.
well (water). : Pi. n. / Moun bò isi-yo pran dlo nan pi.
well-bred, well-mannered. : Byennelve. attrib. / Depi jan ou tande msye ap pale, ou wè se yon moun ki byennelve.
well-bred, well-mannered. : Byennelve. attrib. / Depi jan ou tande msye ap pale, ou wè se yon moun ki byennelve.
well-known. : Popilè. attrib. / Fi-sa-a popilè anpil, tout kote'm pase yo pale de li.
well-off. : Alèz. attrib phr. / mwen pa fouti okipe moun ki miyo pase m, ou alèz kou blèz.
well-off (family). : Gwo po. n phr. / Ou se malere, ou pa ka fè tankou jenn jan gwo po-yo.
well then' : Bon ; enben ; alò. interj. / Bon, nou resi konprann ki sa k ekri la-a.
welt, swelling. : Louk. n. / Tèlman moustik mode'l, tout ko-l fè louk.
werewolf. : Lougawou. n. / Li tann pyèj pou lougawou k ap

manje pitit la.
west. : Lwès. n. / Solèy-la kouche a lwès.
wet ; wet. : Mouye. v tr/attrib. / Anvan ou plante,fòk ou mouye tè-a.
wet one's pants. : Swente. v intr. / Li tèlman pè li swente.
whack. : Brimad. n. / Chak brimad yo bay li, li rele anmwè. c f: kalòt.
whale. : Balenn (labalenn). n. / Balenn se pi gwo bèt ki gen nan lanmè.
wharf. : Waf. n. / Batiman-an ap antre jodi-a, m pral sou waf pou m al pran pwovizyon yo pot pou mwen.
what (interrogative). : Ki sa (sa). pro. / Ki sa ou ap di la-a.
what a pity! : Adye. interj. / Adye! Gade kouman pitit-la donmaje, li aveg de je..
what do I care : Kitemelem
what's-his-name. : Kisasa. n. / Mwen rele kisasa pou m di li sispann pase m nan tenten.
what's new? : Ki nyouz (ki nouvèl)/. Ki nyouz papa?
whatever may be. : Kèlkeswa. adv. / Kèlkeswa pwoblèm ou genyen ak machin-ou, pote'l nan garaj Pòl-la.
wheat. : Ble. n. / Li achte yon ti mamit ble pou'l al fè manje.
wheat flour. : Farin frans. n phr. / Farin frans se sèl kalite farin li renmen.
wheedle. : Anmadwe (amadwe). v tr. / Li anmadwe tifi-a pou'l ka fè sa li vle ak chèk la.
wheel, tire. : Wou ; kaoutchou. n. / Se sou twa wou wi machin-ou-an ap kouri, lòt wou-a plat.
wheeler-dealer. : Bwasèdafè. n. / Ti Anri se gran bwasèdafè.
when. : Kou (kon). conj. / Kou ou fini ou a rele m,
when. : Kan. conj. / Kan ou pare, fè m konnen pase m ta renmen ale avè ou.
when. : Lè (lo). conj. / Lè ou kite lekòl, ki metye ou ap aprann?
when, what time. : Ki lè. adv phr. / Ki lè ou a retounen?
where. : Ki bò ; Ki kote (kote). aov phr. / Mwen konnen ki bo'l ap pase, fò'm kenbe'l.
whereas. : Alò ke. conj. / Ou fè espre ou pran kont tan-ou alò ke'm di ou pa mize.
whether...or. : Kit...kit. conj./ Kit ou vle,kit ou pa vle, fò ou peye

taks.
whether or not. : Ke...ke. conj./ Antouka, ke wout-la bonke'l pa bon, fò'm vwayaje aswè-a.
whetstone. : Lim. n. / Li bezwen yon lim pou file kouto-a.
whetstone, grindstone. : Mèl. n. / Ou plati fè-a,lè ou fini ou file'l sou yon mèl.
which. : Kilès. attrib. / M pa konnen kilès moun ki tap fètravay-sa-a.
which one. : Kilès. pro. / Kilès nan nou ki ta vle fè vwayaj- la avè m?
which, what. : Ki. pro. / Yo pa mande ki lwil li bezwen.
while. : Pandan (pannan). conj. / Pandan m'ap fè sa-a, ou-menm fè yon lòt bagay.
while ago. : Talè-a (titalè-a, toutalè-a). adv. / Talè-a m'fèk wè yon kokenn aksidan.
whim, caprice. : Fantezi ; kapris. n. / Tifi-sa-a toujou nan fantezi,li pa janm konn sa li vle.
whine (complain). : plenyen ; yenyen. (nyennyen). v intr. / Se pa paske ou prete m di goud pou ou ap yenyen nan tèt-mwen konsa.
whip. : Fwèt. n. / Pitit-la twò piti pou bat li ak gwosè fwèt-sa-a.
whipping, spanking. : Kal. n. / Poutèt li pa pase lekòl,papa-l ba'l yon sèl kal epi li voye'l al etidye.
whirlwind. : Toubouyon (toubiyon). n. / Yo te di msye tan-an pa bon, li fè frekan ; toubouyon-an pran'l, li fese'l atè.
whisper. : Pale nan zorèy. v phr. / Y'ap pale nan zorèy pou moun ka pa tande sa y'ap di.
whistle. : Soufle (sifle). v intr. / Depi maten ou ap soufle, bouch-ou pa fè ou mal?
whistle. : Souflèt (siflèt). n. / Depi se epòk Nwèl, tout tigason gen yon souflèt pou soufle.
white. : Blan (blanch). attrib/nom. / Lekòl-la bay inifòm lanmès, pantalon blan, chemiz blan.
whiz, champ. : Kanno. n. / Nèg-sa-a se kanno, ou pa kajwe bezik ak li, li toujou genyen tout moun.
who (interrogative). : Ki moun. pro. / Ki moun ki la-a.
whoa! : La. interj. / La, bourik, la! La! La, fout! Konben fwa pou m di ou rete?
whole (entire). : Tout. attrib. / M vle tout bwat-la.

wholesale. : An gwo. prep phr. / Lachte sigarèt an gwo pou 'l vann an detay.
whooping cough. : Koklich. n. / Lè timoun gen koklich, yo ba yo sourit nan lèt.
whopper (tall tale). : Bouden ; blòf ; boulòk. n. / Misye di koulèv-la pale, m pap pran bouden-sa-a.
whopper (tall tale). : Boulòk. n. / Se yon boulòk, m pap pran ladan.
whore, slut. : Piten ; awona ; bouzen ; jennès. n. / Nanpwen fanm piten konsa, li pase tout gason nan katye-a.
why. : Poukisa (pouki, sa). adv. / Poukisa ou ba'l kou-a?
wick. : Mèch. n. / Lanp ki sèvi ak mèch, se lontan m'pa wè sa.
wide. : Laj. adv. / Li ouvri bouch-li byen laj.
wide (adv). : Gran. adv. / mwen ap ouvri pòt-la gran pou'l sa rantre.
wide, roomy. : Laj ; gwo. attrib. / Chemiz pitit-la two laj, se dwe pa papa-l li mete.
widow. : Vèv. attrib/nom. / Li ta mèt marye ankò pase li vèv, mari-l mouri ane pase.
width. : Lajè. n. / Wob-la two long, men lajè-a bon.
wig. : Perik. n. / Lè fi-sa-a met perik se li ki pou di ou se pa cheve-l.
wild (excited). : Awoyo. attrib / Bann-lan fin awoyo deyò-a, granmoun kou timoun tonbe danse.
wild (reckless). : Andjable (andyable). attrib. / Depi tigason-an piti li andjable, pa chache kont avè 'l.
will (desire). : Volonte. n. / Papa-nou ki nan syèl-la, se pou volonte-ou fèt jodi-a e pou tout tan.
will (future). : Ava (va, a). v marker. / M ava vini wè ou yon jou.
will (testament). : Testaman. n. / Nan testaman granpè Pòl kite-a anvan'l mouri, chak eritye jwenn yon moso tè.
win. : Genyen. v intr. / Tout tan'l ap pèdi, jodi-a li resi genyen.
wind (watch, clock). : Bay chenn. v phr. :trustworthiness). : / Met mont-mwen-an sou lè, lè ou fini ba'l chenn pou'l ka pa rete ankò.
wind, breeze. : Van. n. / Lè gen siklon, van-an tèlman fò li kapab bwote ou.
wind on a spool. : Bobinen. v tr. / M te wè yon bann fil atè-a, li

bobinen tout.
winding (a coil), induction coil. : Bobinay. n. / Gen yon fil nan bobinay-la ki gen lè kase.
windowpane. : Vit. n./ Tigason-an voye yon wòch, li kase yon vit nan fenèt-la.
wing. : Zèl. n. / Pion-an pran pentad-la nan zèl.. see: bat zèl
wink. : Tenyen. V tr. / Fanm-lan fache dèske nèg-la tenyen je-l ba li.
winnow. : Laye. v tr. / Rete la pou ou ka laye pitimi-an lè yo fin pile'l.
winnow. : Vannen. V tr. / Vannen pitimi-an byen, wi, pinga yon pay ret ladann.!
winnowing tray. : Laye. n. / Laye-a piti, pa met twòp diri ladan'l.
winter. : Livè (ivè). n. / Gras a Dye, pa gen livè nan peyi Ayiti, pòv mal:e ta mouri tankou bèt.
wire, thr ad, string. : Fil. n. / Al chache fil ak zegwi pou koud rad-la.
wish. : Swete. v tr. / Mwen swete ou pou ou rete.
with. : Avèk (avè, ak, a). prep. / Tifi-sa-a rete avèk matant-mwen.
without. : San. prep. / L al kouche san'l pa wete rad sou li.
witness. : Temwen. n. / Mwen pral nan tribinal maten-an ; m'te temwen lo bagay-la fèt, mwen pral di sa'm te wè.
woman. : Nègès. n. / Komanman gade yon Ayisyèn, fanm-sa-a se vreman yon bèl nègès!
woman. : Fi (fiy) ; fanm ; madanm ;. n. / Li wè yon bèl fi ansent avèk yon rad aflè sou li.
woman, wife. : Madanm. n. / Clod gen yon bèl ti madanm.
women, ladies. : Medam. n. / Di medam-yo li lè pou yo ba-nou manje-a pase nou grangou.
wonder. : Mèvèy. n. / Yo di Sitadèl Kristòf se uityèm mèvèy-di-mond.
wonderful. : Michan. attrib. / Li bati yon michan kay sou wout Petyonvil-la.
wood. : Bwa. n. / Kiyè fè vann pi chè pase kiyè bwa.
wooden floor. : Planche. n. / Li sire planche-a chak dimanch.
woodpecker. : Sèpantye. n. / Tout :ou ou wè-k nan pye kokoye-a, se sèpantye ki fouye'l pou yo ka fè nich.

woods. : Bwa ; forè.. n. / Antre nan bwa-a pran enpe fèy pou mwen.
woods, thicket. : Rakbwa. n. / mwen pa vie ou mache nan rakbwa-a pou kont-ou, li plen ak vye bèt.
woodshaving. : Rip. n. / Mwen pral limen dife-a avè rip.
word, remark. : Pawòl ; mo. n. / Vini'm di ou yon pawòl.
work (to function). : Mache. v intr. / M'gen pwoblèm, machin-mwen ap mache mal, sanble mwen gen bouji ki fini.
work hard. : Feraye. v intr. / Ki nouvèl? --Ou konnen,nèg ap feraye.
work in vain. : Betize. v intr. / M gen dez an depi m ap travay, lè m gade m wè se betize m ap betize.
work, job. : Travay. n. / Depi lontan msye pa nan travay.
worker, employee. : Travayè. n. / Yo te konn peye travayè senk goud e demi pa jou..
workman. : Ouvriye. n. / Si mannèv-la aprann metye-a byen, li vin ouvriye.
world. : Monn (mond) ; latè. n. / Yo di Sitadèl Kristòf se ultyèm mèvèy di monn.
world (worldliness). : Lemond ; monn. n. / Li te nan lemond, li repanti, kounye-a li potestan.
worm. : Vè. n. / Pitit-sa-a gen vè, se pou yo ba li remèd pou'l rann yo.
worn-out. : Ize. attrib. / Mèch-la ize twòp, li pa fouti pèse bwa-a.
worries, problems. : Kalkil ; pwoblèm ; tèt chaje. n. / Ou ap pale poukont-ou, ou gen lè ou gen kalkil, sa k'ap boulvese ou konsa?
worry. : Chajman tèt ; tèt chaje. n phr. / Maladi pitit-la bay moun-yo anpil chajman tèt.
worry, trouble. : Traka. n. / Pitit-sa-a ban m twòp traka, li lè pou lal lekòl.
worsen (get worse). : Anvlimen ; anpire. v intr./ Si ou mouye maling-lan, lap anvlimen.
worthless object, worthless person. : Tenten. n. / Maria renmen Pòl, yo di m. --Non monchè, li di Pòl se yon tenten.
would (conditional marker). : Ta. v marker. / Mwen ta manje yon bon mango.
wow. : Kèt (gèt). interj. / kèt! al yon bèl flè!
wrap ; wrapped. : Vlope. v tr/attrib. / Vlope'l nan yon papye pou

yo pa wè'l.
wrap, to wind. : Plotonnen. v intr. / Depi yè gen yon koulèv ki plotonnen nan lyann-sa-a.
wrath. : Grap. n. / Fèmen pòt-la osnon m'ap pran ou ak grap.
wrench (tool). : Kle. n. / Kle-a twò piti pou boulon-an.
wretched, pitiful. : Minab ; mal. attrib. / Msye se te yon gran powèt, men li bwè twòp alkòl ; gade jan li parèt minab.
wriggle, to squirm. : Jigote. v tr. / Timoun lan ap jigote kò-l, li bouke chita.
wring : Tòde. v/ Tòde rad tanpri li mouye.
wrinkle. : Pli. n. / Wòb-la ak tout pli dlo-a ladan, epi ou di ou te pase l!
wrinkle ; wrinkled. : Chifonnen (chifonen). v tr/attrib. / mwen fèk pase wòb-la, gad jan tifi-a pran li, li chifonnen'l.
wrinkle ; wrinkled. : Griji. v tr/attrib. / Figi granmè-'m griji tank li vye.
wrist. : Ponyet. n. / Tout sa'm genyen, se ak fòs ponyèt-mwen m travay fè yo.
writhe (in pain). : Kòde. v intr. / Se kòde lap kòde ak yon vant fè mal.
wrong, guilty. : Antò. attrib./ Msye antò, se sa k fè yo kondane'l.
wrong side (clothing, fabric). : Lanvè. n. / Sa-a se lanvè twal-la, landwat-la pi fonse.
wrought-iron. : Fèfoje. n. / Baryè lakay la fèt an fèfoje, kou ou rive ou ap rekonèt kay-la.

y

yam. : Yanm. n. / fò ou mete moso yanm nan bouyon-an.
yard. : Lakou. n/attrib. / M kontan gen gran lakou dèyèkay-la, timoun-yo va gen kote pou yo jwe.
yard boy. : Gason lakou (gason). n. / Gason-an bale lakou-a pwòp.
yawn. : Baye. n. / Depi li fè de baye, konnen li pral dòmi.
yaws. : Krab. n. / Ki jan ou mache dousman konsa-a? Ou gen krab nan pye?
year. : Lane (lanne) ; ane. n. / Ane-sa-a nou gen plis lapli pase lane dènye.
year. : An./ Jodi-a fè dezan jou pou jou depi nou marye.
year's end. : Fendane. n. / Chak fendane bòs-la bay tout anplwaye yon kado Nwèl.
yellow. : Jon (jonn). attrib/nom. / Tout Chinwa kout epi yo gen koulè jon.
yellow fever. : Lajonis (lajonnis). n. / nan tan lontan,te gen yon kalite moustik ki te bay lajonis, malad-la vin tou jòn epi li pa ka leve.
yes. : Wi. adv. / Ou kwè se yon bon timoun sa, tout sa ou di'l li reponn ou wi.
yes? (answer to a call). : Plètil. interj. / Lè yon moun rele ou, se pou ou reponn plètil, tande.
yesterday. : Ayè (yè). adv. / Ayè mwen te vin wè ou.
yet, still (adv). : Toujou. adv. / Li poko tounen toujou.?
yield. : Rannman (randman). n. / Ane-sa-a, pitimi bay anpil rannman.
yield, to give. : Sede. v tr. / Mwen pa gen anyen nan kay-la la-a, sede'm de ti mamit mayi non vwazin pou'm kwit pou timoun- yo.
yo-yo (toy). : Yoyo. n. / Ni granmoun ni timoun, tout renmen jwe yoyo.

yoke. : Jouk. n. / Si ou te gen yon jouk ou ta mete tou de bèf-yo ansanm pou yo rale kabwèt-la. **you ; your.** : Ou. pro. / Lè ou fini ou a di m.
you (pl), your (pl). : Nou. (n). pro. / Nou fè kò pou nou goumen avèk mwen.
young. : Jenn (jèn). attrib. / Jenn timoun douz an pa dwe ap fimen.
young ladies, girls. : Ti medam. n phr [always plural]. / Ti medam-sa-yo tout lekòl menm kote-a.
young man. : Jennjan. n. / Kaliks pa timoun ankò, se jennjan li ye.
yourself. : Ou-menm. pro. :Ou pap sis. prep phr/ Ou-menm, ou se yon bèl ti dam. mwen fe ou konpliman.
youth. : Jennès (jenès). n. / Ou nan jennès-ou toujou, ou fèk gen trant an.

Z

zero. : Zewo. n. / De zewo ap fè premye lo dimanch.
zip. : Zipe. v tr. / Zipe pantalon ou monchè, magazen-ou ouvè.
zipper. : Zip. n. / Zip pantalon-an gate, li retire'l li met bouton.
zombie. : Zonbi. n. / Msye di li bezwen de twa zonbi ki pou travay nan jaden-l-la.



ESKE KRISTOF KOLON TE GEN ALYENNKAT